**Дарц**
Абузар Айдамиров

БИБЛИОТЕКА ИА «ЧЕЧЕНИНФО» - https://checheninfo.ru/bibliotekainfo

БIешерийн дохалла нохчийн
халкъан маршо, сий лардеш, шайн
синош дIаделлачу кIентийн а,
йоьIарийн а хьурматана.

I. ВЕДАНА ГIОПЕХЬ

Революци хилале хьалха ламарой
Iаламат ирча-халачу хьолехь бара. Уьш
законна арахьа латтабора, уьш разбойникаш лорура,
ламаро вийнарг законо жоьпе ца озавора, Iедална кIеззиг а
дуьхьало йинчу юьртана луьра таIзар дора.

Г. К. Орджоникидзе

1

Эрна къастийна ца хилла Шемала мацах цкъа хIара Ведана шен имаматан коьрта шахьар, ткъа тI аьхьа паччахьан эскарийн командованис Нохчийчоьнан уггар карзахечу, къармазечу декъан - Нохчмехкан администрацин туп а.

Ша лаьмнашна юкъахь елахь а, амма шуьйрачу, нийсачу экъанна тIехь Iуьллу иза. Малхбалехьа а, малхбузехьа а, къилбехьа а - кхаа агIор цунна гуо бина лаьтта къеначу хьаннаша хьулдина лекха

лаьмнаш. БІаьсте тоелча хетало, оцу лаьмнашна тІе цхьа доккха кІужалш хьийзина баьццара холхаз тесча санна. ТІулгийн тархех схьадуьйлу бІеннаш шовданаш, лаха мел довлу татолашка а гуллуш, стамлой, Хулхулон чІожа а доьрзий, чхернашна тІехула ккхийсалуш, чопаш туьйсуш, цинцийн дарц детташ, бурош хьийзош, карзахечу говрах тера чехка малхбузехьа, Нохчийн аренга довлу.

Оцу къеначу, юькъачу хьаннаша а, шийлачу шовданаша а, лаьмнийн баххьашкахь даима дІа лаьттачу лайно а аьхкенан уггар йовхачу хенахь а цхьа дегІана тамехь, цІена, могаш хІуо латтадо ккузахь. И шовданаш а, хиш а хуьлу дукха сирла, цІена, шийла хиларна, сийна я Іаьржа бос а бетталуш.

Іаламан исбаьхьаллел сов, доккхачу стратегически маьІне а ю хІара меттиг. Ккузара дІа бу цхьацца а бен боцу биъ некъ: къилбаседа Нохчмахка а, къилба-малхбузехьа ЧІебарла а, къилба-малхбалехьа ДегІастана а, малхбузехьа, Хулхулон чІожахула охьа Нохчийн аренга а.

ХІокху Веданна гена боццуш бехаш бу хьалха заманахь дуьйна цІарна а цІе яхана даьргІойн а, жугІуртахойн а герзийн пхьераш, белгІатойн аьчкан а, дечиган а пхьераш а. Нохчмахкахь лаьттан къелла ю. Амма ккузарчу бахархоша йоІбІаьрг санна лерина ларйо шайн долара лаьттан коржамаш. Уьш хьаннаш а хьоькхуш яьхна цара. Оцу коржамашна тІе кол яла ца юьту, жагІанан биста ккаччалц тІера тІулгаш дІадоху. Ворданашцца а, салазашца а, ткъа цхьацц анхьа - галешца а, тускаршца а, гихь а кхоьхьуш, оцу коржамашна тІе кхелли, даьгначу дечигах яьлла юкъ а яржайо. ХІокху мехкан цхьа а стом бац ккузахь боцуш. Къаьсттина дукха ду бІараш. ЦІахь а, бошмашкахь а, даккъашца а, регІан маьлхан басешца а, хьевхьешкахь а. Амма ялта дац-кх церан. Адаман да-харан и коьрта рицкъа. Оцу шайн лаьттан коржамашна тІера даьлла ялта а, цанашна тІера яьлла докъар а бІаьстенга бовла а ца тоьа. Цанаш а, дежийлаш а кІезиг хиларна, даьхнилелорна цхьа доза ду. Хьалха цІахь бина цхьацца пхьоланийн гІирсаш а, баккхалш а юккура цара. ХІинца дІ адаьлла цаьрца тІедогІу рицкъа а. ХІокху ярташка Россера промышленни товараш кхоьхьу ккузарчу а, аренгарчу а совдегарша. Уьш дорах а, эвсаре а хуьлу, цара сий дайина меттигерчу пхьерийн.

Оцу къелло а, мацалло а, Іедалан къизалло а, харцонаша а цхьа хан мосазза ели кара герз оьцуьйту ккузарчу бахархошка. ХІоккеран гІаттаман оьмар еха ца хуьлу, иза цІела карчабо І едало. ТІаккха цхьа хан а йолуьйтий, жимма ницкъ а ІаІабой, юха а гІовтту, юха а къиза хьошу уьш. Кху тІаьххьарчу ткъа шарахь боккха гІаттам ца хилла Нохчмахкахь, хІинца адамаш цхьацца а , кегийчу тобанашка цхьаьнакхетий а гІуьтту Іедална дуьхьал, шайна тІехь латточу къизаллех, харцонех бекхам эца.

1904 шеран гурахь цхьана пІераскан дийнахь Ведана богІучу беа новкъа адам дара ккуза тІ етатталуш. Іаьндойн лам хадош ДегІастанара охьа а, ЦІоьнтарахула схьа къилбаседа Нохчмахкара а, Хулхулон чІожахула аренгара хьала а, Пешхойн ломан гечонах сехьа а буьйлуш, Органан лакхенцарчу ярташкара схьа а. ГІаш а, говрашкахь-варрашкахь а, ворданашкахь а, гІудалкхашна т Іехь а. Цхьацца-шишша а, масех стагах, зударех лаьттачу тобанашца а.

Тахана базар ю Веданахь.

2

Хулхулон чІожахула хьалабогІучу некъан татолехь вара европахойн духарца кечвелла шовзткъе пхи шо хенара юккъерчу, декъачу дегІара цхьа некъахо. Цуьнан коьртахь сирачу гатанан картуз, некха тІехь а, агІонца а даккхий кисанаш долуш сирачу машин тужурка а, оццу басахь исхарин галифе а, когахь гІеххьачул тишъелла, амма дика эткаш а яра.

Новкъахь цхьаццамма ворданна тІе хаавора иза, амма ирх хьалагІертачу стерчашна я говрашна дукха ницкъ ца бан, жимма настаршка са а доІуьйтий, ворданан дена баркалла а олий, чувуссий, фанерах йина, хено Іаржйина шен чамда кара а лоций, юха а хьалха дІаволалора иза.

Ведана кхача цхьа-ши чаккхарма некъ бисча, МахкатІехьара схьа стерчийн ворданахь вогІучу воккхачу стага, ворда а сацийна, догцІена вела а къежна, куьйга а, бІаьргашца а ишар йина, ворданна тІе хаийра некъахо.

- Стерчашна ницкъ хир буй те, со а тІехиъча? - элира некъахочо, нохчийн маттана гІеххьачул толкха а лелхаш. Воккхастаг, цецваьлла, схьавирзира.

- Хьо мича къомах ву?

- Нохчо.

- Духар а, хабар а тера дац хьан нохчех.

- Ткъе ворхІ шо ду со хІокху махках ваьлла. Воккхастаг цхьана минотехь, вист ца хуьлуш, ойла еш Іийра.

- Іаьлбаг-Хьаьжа вохийначул тІаьхьа лецначарах ву-кх хьо?

- Ву дера.

- Мичара ву хьо?

- Яьсси йистера. Гати-Юьртара.

Воккхачу стага, бай сара а тоьхна, ши сту човхийра. Вордан тIехь чордачу машех дина къорза гали дара тIергIах дуьзна, бертиг къевлина гуьмалк а яра. Цунна тIегIертачу зIуганаша хоуьйтура гуьмалкахь моз хилар. Гомашан неI а, масех ккакха а бара ворданахь буха тесна. Коьртара схьабаькхина бIегIиган куй хьаьрса маж-мекх даьллачу юьхьах а, тIаккха хебаршка ихна жIомак хиллачу вортанах а хьаькхна, доккха садаькхира воккхачу стага.

- ХIаъа, дукха эрчонаш гайтира оцу шаро. ХIара мацалла, хIара къелла, хIара харцонаш ккидIа лан собар а ккачийна гIевттира нохчий. Цара сатийсина маршо а, сискал а, бакъонаш-м муххале а ца хилира царна, мелхуо а гIуллакхаш ккин тIе а галдевлира. БIеннаш, эзарнаш адамаш тIамехь хIаллакьхилира, бIеннаш ярттех ягийиа чим бира, бIеннаш доьзалш Сибрех бахийтира. Тхан МахкатI ера а, гондIарчу ярташкара а хIаллакьхилларш тоьар бара. Тхо цхьадерш-м, аренга а кхалхийна, дитира. Маршо-м муххале а ца хилира вайна, мелхуо а хьалхачул чIогIа къамкъарг Iаьвдира. Са дала доьлча, буй малбеш, тIаккха юха а тIекъовлуш. Даха а ца дуьтуш, я дайина дIа а ца дохуш. Дависарг, цхьа ткъе итт шо мукъана а къона велара со. ХIара цхьана болу ши сту а боьккина, топ а, патармаш а эцна, оцу Зеламхех дIаккета. Веддарг-хьаьддарг ца волуьйтуш, кху Iедалан хьаькамаш байа.

ХIокку махка кхаьччахьана, некъахочунна дукха хезара оцу Зеламхин цIе йохуш. Вешина зуда ялош шина тайпанна юккъехь хиллачу девнехь шина а агIор цхьацца стаг вийна, ткъа Iедало Зеламха а , цуьнан да а, шичой а лецна, Сибрех бахийтина, цигара цIа а балийна, юха дов хаьттича а, хенаш тоьхна царна; тIаккха Соьлжа-ГIалин набахтера ведда, иза обарг ваьлла лела ккхо шо а ду бохура. Дийцарехь, цо ккерамна кIел латтадора кху махкара Iедал.

Соьлжа-ГIалахь даьккхинчу цхьана дийнахь тахана хIокку махкахь хIоьттинчу хьолах лаьцна ккин а керланаш хезнера некъахочунна. Дийцарехь а, зорбанехь яздарехь а дика яцара ккузарчу къаьмнийн юкъаметтигаш. Уьш галъяьхнера Iедало лелочу харцонаша. ТIом чеккхбаьлча, нохчийн махкахь уггар тоьллачуьра латтанаш гIалгIазкхийн станицийн, нохчийн а, оьрсийн а эпсарийн, совдегарийн, чиновникийн, лакхарчу динадайн а дола даьхнера. Оцу гIуллакхо лаьттан къелла хI оттийнера халкъе. ШолгIа, нохчашна герз лелор диккинера, ткъа гIалгIазкхашна и лело бакъо еллера. КхозлагIа, ккузахь ша тайпа законаш дара нохчий эшош, амма гIалгIазкхий толош. ТI ехула тIе, имперехь цхьанххьа а боцу теккамаш а бойтура нохчашка. Кху махкахь дехачу къаьм- нашна юккъехь барт бан-м муххале а ца гIертара Iедал, мелхуо а царна юкъа дов туьйсуш, и кI амдеш, дардеш, диллина дIа царна юккъехь мостагIалла латтадора.

Некъахочунна хазарехь, и юкъаметтигаш цуьрриг а тоелла яцара ткъе ворхI шо хьалхачул. Цхьа-ши шо хьалха ШаIми-Юьртан базарахь гIалгIазкхий нохчашкара герз дIадаккха гIоьртича, дов даьлла хилла, шина а агIорхьара нах а бойуш. Оццу хенахь Карабулакски станицерчу гIалгIазкхаша талийна гIалгIайн юрт Яндаркъа. Ткъа стохка Сунженски отделан атамана, ссылкера бевдда цIа баьккина ламарой лоьху ша аьлла бахьана а хIоттийна, талийна Экажев-Юрт.

- Хьаькамаш байарх, тIе галдовлар бен, гIуллакхаш нислур дац вайн, - элира некъахочо, ша-шега олуш санна.

- ХIун дан деза ткъа?

- Iедал хийца деза. Хьаькамех цхьаъ вийча, цуьнан метта ккин хIутту. Хьалхачул къизаниг я сонтаниг.

Ворданан да, киснара кисет схьа а яьккхина, хедош тойинчу лоьдгех цигаьрка хьарчо хIоьттира.

- ХIара Iедал тIе ца даийта а гIиртира, тIедеъча, дIадаккха а гIиртира. Цунах гIуллакх ца хилча, жимма мукъана а къамкъарг малъяйта а гIиртира. ТIаккха вайна тIехь динарг а гуш ду-кх. Iедало хIиттийна юьртдай тIе ца лаца а, Iедална теккамаш ца бан а гIерташ, дуьхьало йира кху Iай Нохчмахкарчу ярташа. ХIун хили цунах? Массо ярташкара, юкъ-юкъара нах лийци. ХIан-хIа, Зеламхина тIаьхьадахар бен, ккин кекъ ца бисина.

3

ХIара шиъ Ведана чукхочуш, цаьршинна тIаьхьаккиира дика ши говр йоьжна йогIу гIудалкх. Цунна тIехь кIедда техкаш хиъна Iара сирдала доьллачу хьаьрсачу маж-мекхана цIен гIина а диллина, ерстина цIен беснеш, чIенга кIел кхалкъ йолуш, воккхаллехьа лестина стаг. ХIоккхеран ворданца нисвелча, цо боларе ехира чаболахь йогIу говраш.

- Ассалам Iалайкум, Тасуха!

- Ва Iалайкум салам, Бета!

- ХIун ду вайн эвлахь керла? Сингаттам боцуш деца?

- Дика Іа. Хьо а лелий могаш?

- АлхьамдулиллахІ, къинхетаме а, комаьрша а волчу вайн Далла бу хастам! Ас шена кІезиг ечу І амале хьаьжча, со ма дика кхобу-кх цо! Нахана моттахь а, башха хІара дуьне лоьхуш а ма вац со , Тасуха. Эцца сайн ницкъ кхоччучул Далла Іамал а еш, доьзална оьшучул совдаьлла рицкъа сагІ ийна а луш, Далла дуьхьал ваха кечам беш лела-кх.

Томкано маждинчу мекхашна хьажо пІелг хьоьккхуш, къорра велавелира Тасуха.

- Бакъ боху ахь, Бета. Айхьа миска нах а, жоьра зударий а, буобераш а талош летийначу къинойх цІанвала гІерташ, Далла хьалха ма дукха корта бетта беза ахь. Церан хьакъ текхна вер вац хьо йовмал кІематде махьшаре долуш а. Мацах-мацах цкъа, бусалба дин а я корста дин а кхолладалале хьалха, адамашна, церан корматалле хьаьжжина, деланаш боькъуш, цхьа дела тоьъна вац боху. ТІаккха къушна а, совдегаршна а цхьа дела къастийна боху. Церан корматалла цхьаъ а лерина!

Бетас бІаьргнегІар а ца туьйхира.

- ДІавалахьа, Тасуха, - куьг ластийра цо. - Вайн эвлара со цхьаъ яа сискал йолуш валар ца лало-кх шуьга. ТІехула тІе, Тасуха, совдегаралла сийлахь а юьйцу жайнаша. Іалай салат вассалам, Делера салават, салам-маршалла хуьлда цунна, вайн пайхамар а ма хилла ша къона волуш совдегар.

- Амма иза, хьо санна, нах Іехош, къехошна тІера цІока йоккхуш ца лелла.

- Хаац, пайхамаршна, эвлаяашна хІума олучух Дала лардойла вай. Амма хІара дуьне доладелчахьана хьарамло йоцуш совдегар хилла а вац я хир а вац. Массо а ву вовшийн Іехо гІ ерташ. Забарш юьтур вайша. ХІан, кху яръташкарчу нахера ас цхьацца сурсаташ оьцу. Уьш оьцуш лела а, уьш кхузара дІадахьа а дуккха а хан еза, къахьега деза, харж ян еза. ТІаккха масех дийнахь, цкъацкъа масех баттахь а цІийнах-цІарах, юьртах-махках а волий, уьш дохка воьду со. Хьан хьоьгур дара и къа, шена жимма а тІе са ца яьлча? ХІан, оцу хьан ворданчуьра тІаргІа, неІ, кхеккхий асий, со санначой дІа ца эцча, хьо хІун дан воллура? Кепек пайда а боцуш, довр дара-кх. Уьш эцна хьо Соьлжа-ГІала, ГІизлара, атталла Хаси-Юьрта а гІур вац. Вахча а, хьо цига базара а вуьтур вац. ГІаланашка-м хьов-ха, вешан ярташкарчу базаршкахь ца дита а долийна вай-м. Лурчах ШаІми-Юьртан базарахь хилларг ца хезна хьуна? Гой хьуна, нагахь кхета шун хьекъал делахь, ас а, со санначо а доккха гІуллакх до шуна.

Тасухас доккха садаьккхира.

- Сан мостагІчунна ма дойла аш и гІо. Цхьана агІор Іедало тІе налогаш етта, хІора шарахь алсам а йохуш. Уьш дІа ца текхча, салтий а балош вогІий, пурстоьпо, кертахь елахь, бежана а, газа-уьстагІ а, уьш яцахь, цІа чуьра ййибар а дІахьо. ХІара къиза къахьоьгуш ІаІийнарг, берийн багара а яьккхина, цхьанна йохка ваха воьлча, цига а ца вохуьйту. Тхоьгарчу халачу хьолах пайда а оьцуш, шу цхьа нах, цІубдарш санна, тхан догІмех летта. ХІумма а дац, Бета, цхьа де догІур ду оха шуна и марах доккхуш. Оцу Зеламхас ша Веданарчу оьрсийн совдегаршна диннарг ма дахьара хьуна!

- Цуьнгахьара-м кхерам бацара суна. Цкъа делахь, Носов санна, хьал долуш вац со. ШолгІа делахь, Зеламха вайн нохчо ву, тІехула тІе цуьнан нана тхан цІийнах а ю. Доцца аьлча, сан йишин кІант ву иза.

ТІаьххьара кІур а баьккхина, цигаьрка дІакхоьссира Тасухас.

- Дера хІета, ахь дуьйцург бакъделахь, и шайн нуц а, цуьнан кІентий а лецна Іедало хьийзочу хенахь, царна орцахвала везаш ма хиллера хьо.

- Ишттачу гІуллакхана юкъагІерта ницкъ ма бац соьгахь. Со цхьа миска Делан лай ма ву.

Совдегаро, мохь тухкуш архаш а ластийна, говраш дІалелхийтира.

- Цуьнан оцу дерстинчу дилха юкъахь доцуш экха дац, - элира Тасухас, совдегар къайлаваьлча.
- Борз, хьакха, цхьогал, мукадахка, пашбукъ. Адамашца, цуьнан гІуллакхашка хьожжий, хийцало уьш. Къиза хила везахь а, ямартло, тешнабехк бан безахь а, хьаставала везахь а. Тхан юьртахо ву Бета. Сан хенара. Іаьлбаг-Хьаьжин гІаттам болчу хенахь эла Авалун къайлах айкх вара иза. МахкатІехь, Хоттанехь, Тевзанахь, Элистанжахь а наха дІа мел баьккхина ког Іедална тІе дІ ахьош. ТІаккха масех шарахь МахкатІехь юьртда а лаьттира. Нах талош шай-кай а ІаІийна, совдегаралла лело вуьйлира. Амма наха ца вуьтура иза кху агІор ког хецна ваха. Шозза цІенош а дагийра, ялта а, докъарш а дагадора, даьхний ца дуьтура. Кхузахь шен гІуллакх хир доцийла а хиъна, кхелхина Шела вахара иза.

Некъахо хІумма а цец ца велира Тасухас дийцинчух. Мацах цкъа хІоккуьнан шен да а ваханера оццу новкъа...

Ведана гIопана тIехьара йоккха майда дIалаьцнера базаро. Кхузахь бара беркъа бухабелла гондI арчу ярташкара нохчий а, де довха делахь а, тIеюьйхина кхакханан кетарш, коьрта теххина кхакханан куйнаш а долуш, Iаьндой а, мелардой а, цIадахьарой а. Эшамаша таIийна, стерчий санна бецаш бакъабеллачу царна юкъахь догIмашца а, басца а, духарца а къестара аренгара баьккина таронаш йолу нах а, кегийра совдегарш а, кху гIопахь гIуллакх деш болу нохчийн, оьрсийн эпсарш а, салтий а, чиновникаш а.

ГIопан тIулгах бинчу лекхачу пенан бохалла хIиттина лаьттачу а, хевшина Iачу а божаршний, зударшний хьалха Iоххура цара шаьш дина дагарш, мангалш, целаш, маьрсат, псшан гIалакхаш, морзахаш, таьлсаш, бухкарш. Юкъа-кара тIулгашна юкъа пенах диттинчу дечиган хьостамех кхозура вертанаш а, бустамаш дохуш кечдина къорза истангаш а.

Цхьана агIор шайн могIа бара ялтийн, цIеста а, кхийра а пхьегIаш юккучу дегIастанхойн. Юьстах, нехан кертех дIатийсина лаьтташ говраш, бежанаш дара, мацалла чожаш чу а кхетта. Басехьа, доккхачу бIара кIел гарсех жижигаш, дуьмеш кхозура, оццу могIарехь зударий а лаьттара кхийра пхьегIаш чохь даьтта, моз, виэта, кIалд, нехча юккуш.

Кхекхий, цIокарчий, тIаргIий бухкучу могIаре йигна, шен ворда сацийра Тасухас.

Ворданара охьа а воьссина, цу чуьра схьаэцна шен чамда лаьтта а хIоттийна, Тасухин куьг лаьцна, цунна даггара баркалла элира некъахочо. ТIаккха, коьртара картуз дIа а яькхина, кисанара схьадаькхина йовлакх тиллачу коьртах а, юьхьах а хьаькхна, гондIа бIаьрг туьйхира цо. Уггар хьалха цунна гира базаран майданна тIехула айделла лаьтта еттинчу кибарчигех дина доккха цIа. Шуьйрачу неIаран а, шина коран а тIехуле дIалоцуш тоьхначу сийна басар хьаькхначу анна тIехь Iаьржачу элпашца доккха яздина дара: «Товары купца Носова». И цIа а, и туька а, я хIара базар а яцара ткъе ворхI шо хьалха, хIара некъахо кхузара дIавоьдуш.

Шен чамда кара а лаьцна, базара юкъавелира некъахо. Вевзарг гаре догдохуш, лерина нехан яххьашка а хьоьжуш, базарахула масех гуо баьккхира цо. Цунна бевзарш хила а тарлора кхузахь, амма оцу ткъе ворхI шарахь церан юьхь-сибат цадовззал хийцаделла хир дара. Вевзарг карорах дог а диллина, зударийн базар йолчу а вахана, цхьаьнгара эцна нехчин межарг газета юкъахьарчийна, кисана а таIийна, юьстахвелира иза.

Хулхулон тогIи чу боьдучу новкъа цхьа-ши бIе гIулч охьа а вахана, аьтту агIор дIахьаьвзина, стоммачу, лекхачу, бурсанечу попа кIел хаза тодинчу шовданна гергахьуо сецира.

Попан зоьрталчу орамашна бухара схьадуьйлу шовда тодинера, стеган локхаллин барамехь тIулган экъанех кхаа агIор пен а боьттина, тIехула герагийн жима тхов а тиллина. Пенна юккъе йоьллинчу эчиган биргIи чухула комаьрша схьадогIучу сирлачу хи кIел гIели диллина цIестан кI удал а хIоттийна лаьттара ялхитта-вуьрхIитта шо хенара, шега хьоьжуш Iалла хаза йоI. Шовданна герга поъна стаг гича, кIудал хи кIелхьара дIа а яькхина, пенах боьллинчу хьостамах кхозу кхийра зока схьа а эцна, некха тIсхула охьакхозу стомма, еха Iаьржа кIажар, яйн ластийна, букъа тIехьа а тесна, стагана тIе а еъна, цуьнга хи кховдийра цо.

Некъахо масех секундехь лаьттира, зока схьаэца иэс ца кхочуш. Оцу секундашкахь цунна карладелира ткъе иттех шо хьалха хIоьттина сурт. ХIетахь, БуритIаьх дешна а ваьлла, гуттаренна а винчу юьрта цIа вирзича, хьалхе дуьйна а шен безам баханчу йоIе дагара дийца хин коьрте вахара иза. Цунна езаелларг а яра хIокху йоьIан хеннара, оццу дегIахь, иштта юьхь-сибат а долуш, иштта Iаьржа, юькъа месаш а йолуш. Оцу дийнахь дуьххьара а, тIаьххьара а йоIе безамах лаьцна вистхиллера иза, дуьххьара а, тIаьххьара а йоIа кховдийна хи а меллера цо. Оцу йоIа тIе ца лецира цуьнан безам, шен дог кхечунна дIаделла ша аьлла. Хьолахочун кIант а, дешна а волу хIара дIа а теттина, къен а, цхьалха а волчу кхечу къоначу стаге яхара иза...

ЦIеххьана саметта веъначу некъахочунна гира, гуьлмаьндин тIемаг бете а лаьцна, шега хи а кховдийна лаьтташ йолу къона йоI. Некъахо шега хьажавелча, шен Iаьржа бIаьргаш лаьтта дуьйгI ира йоIа. Ца деззашехь, лаххьийна хи дIа а мелла, зока юха дIакховдийра некъахочо.

- Баркалла хьуна. Хи мел дезачунна езийла хьо, дуьненах йоккхаеш, Дала дукхаяхайойла хьо.

КIудал белша тIе а йиллина, цхьа-ши гIулч некъахочунна тIееара йоI.

- Суна хетарехь, кху мехкан воцу хьаша ву хьо, - элира цо шовданах тера декачу озаца. - Я кху махкара велахь а, гена некъара веъна. Соьца дIавола, оха веза хьаша вина тIеоьцур ву хьо. Сан да а, ялх ваша а ву.

- Баркалла. Дала иман-беркат ма эшадойла шун комаьршачу хIусамера. ХIинца сан гена ваха а ца деза. Дала ирс ма дойийла хьан.

ЙоI дIаяхча, шен чамди чуьра саба а, гата а эцна вахана, шийлачу хица юьхь-куьг а дилина, бедаршна тIера чан йожийна, IаьIан хьоьккарг хьаькхна, эткаш цIанйира некъахочо. ТIаккха, зока дуьззина хи а эцна, юьстах бай тIе охьа а хиъна, чамди чуьра гIалахь дина бепиг а, кисанара схьабаьккхина нехчан межарг а охьа а биллина, делкъе ян вуьйлира иза.

Делкъе йина ваьлча, тужуркин чухуларчу жимчу Iсисанара схьадаькккхина, даточу зIенах кхозу сахьт схьа а диллина, хене хьаьжира некъахо. ШолгIа сахьт дара. ХIинца цхьа а хир вацара округан канцелярехь.

ХIара канцелярин цIеношка вахча, гIопан кевнехь, таьлсаш а, пIаьлдигаш а охьа а хIиттийна, тийна лаьтташ воккхастаг а, йоккхастаг а, кхин цхьа къона зуда а дара. Къоначу зудчун кучан юх лаьцна жима йоI а, кевне ши бIаьрг а боьгIна, иттех шо хенара кIант а лаьттара. Попан кевнна дуьхьал, ураман вукху агIор, жимчу туьканан кор хьала а диллина, сагатлуш, наб хьегIаш , корехь лаьттара ира юьхь, сеттина беха мара, цунна кIел юьхьгаш ирх хьовзийна дуткъий I аьржа мекхаш долу бакккхалча а.

Дукха хан ялале гIопера араваьлла, царна тIевеара нохчо-эпсар. Даточу бустамашца кхелинчу исхаран чоин белшаш тIехь подпоручикан погонаш а, юкъах диккина детица кхелина доькха а, шаьлта а, хьалха узуш доьх-карх кхозуш тапча а яра цуьнан. Хьаьрсачу мекхех дай куьг хьоькхуш , цигахь лаьттачу адамашна тIевирзира иза:

- Шу стенна даьккина?

- Тхешан лецна нах ган даьхкина... - жоп делира воккхачу стага.

- Мичара ву? ЦIе хIун ю?

- Бенара. Сан цIе Бакар ю. КIант ву сан кхузахь чувоьллина...

- Вевза суна. Шун юьртдена тIара тоьхний цо? Воккхастаг воьхна хьаьвзира.

- КIентан бехк бацара... Налог яра цунна тIехь, шина шеран... ДIатакха ницкъ боцуш. Салтий а балош веъна, цхьана болу цхьа етт дIабига гIоьртира юьртда... КIант иза ца бигийта дуьхьалвелира. Юьртдас цунна нанна хьажийра... ТIаккха кIанта цунна тIара туьйхира...

- Хьан мила ву кхузахь? - йоккхачу стагехьа вирзира эпсар.

- КIант ву... Цомгаш ву боху, нана яларг...

- Иза хIун динчунна лаьцна?

- Теркал дехьа йолах болх бан ваханера иза. БIаьстенан юьххьехь дуьйна гуьйранна ло диллалц ваьцна цхьана хьалдолчу гIалгIазкхичунна... ТIаккха ял ца луш, тIехьа мийра а тоьхна, кех ваькккхина. ТIаккха, эвлах ваьлла, эрзалахь буьйса йоллалц Iийна, нах бийшинчу хенахь юха а вахана, оцу гIалгIазакхичунна шаьлта а тоьхна, ведда цIа веънера... Ведда мича гIур ву кху дуь-ненахь? Iедал ма ду массанхьа а. Цхьа бутт хьалха веъначу пурстопа лаьцна, схьавалийна. Цомгаш ву боху, нана яларг... КхоалгIа де ду со кхуза схьайогIу... ТIе ца юьтуш...

- Вевза суна и кIант а. И обарг. Шуьшиъ мичара ю?

- ДаьргIара.

- Мила ву шуьшиннан кхузахь?

- ХIоккхуьнан хIусамда ву, сан ваша а.

- ХIун бехк баьлла цаьргара?

- Хьуьнах яьлла лела говр ялийнера цо, - элира берашца йолчу зудчо. - Кхайкхийча, говран да ца велира. Iаьнан дохалла кхебира оха иза, тIаккха, да ца ваьлча, йоьхкира. Ткъа иза Iедалан говр хиллера...

Эпсаро, дуьхьал куьг тесна, корта ластийра.

- Тоийта! Хьан вашас а дина хир ду-кх цхьа галдаьлларг?

- Юьртара нах Iедална дуьхьалбаьхна аьлла, бехке вина, лаьцна.

Стенна дара а хаац, эпсаро, доккха са а даьIна, шен кхалкъе беснеш, лелхийта санна, юса а юьйсина, татанца мох дIахийцира.

- Шайн нахера зулам далале довла дезара шу орцах. ХIинца тIаьхьа ду. Цхьамма гIалгIазкхичунна шаьлта тоьхна, шолгIачо юьртдена тIара эккхийтина, кхозлагIчо Iедалан говр лачкъийна, воьалг Iачо юрт Iедална дуьхьалъяькккхина. ХIинца соьга хIун де боху аш? НеI еллий, арахеца боху аш? Юха а цаьрга зулам дайта?

- Ца боху дера. Цаьрга кхача дIа а луш, тхо вовшашна гайта мегар дацара те аьлла, даьхкинера тхо-м, - элира воккхачу стага.

- Нана яларг, сайниг цомгаш ву боху... Хьайн Делан дуьхьа, къинхетам бехьа декъазчу ненах... И цхьа кIант бен, доьзалхо ма вац сан... Иза дуьненчу а валале лаьцна, вигна цуьнан да доьза ма вайна... ТIехь да а воцуш кхиъна, гIийла буо ма ду иза...

- ХIета, цуьнан да а хилла-кх кху Iедалан мостагIа? - йоккхастаг юкъахъяьккхира эпсаро.

- ХIан-хIа, цуьнан да оьзда, хьанала стаг вара...

- Тоийта. Тахана цхьа а тIевуьтуш вац тутмакхашна. - Эпсар, багахь шок лоьккхуш, эткех яйн шед етташ, гIопа чу вахара. КIанта шен ненан кучан юх озийра.

- ЦIа гIуо вай, нана?

Нанас, йист ца хуьлуш, дайн куьг хьаьккхира цуьнан коьртах.

Туьканан корехь ларьтта пиркечик, ара а ваьлла, зударшна тIенеара.

- Аш дехарш дарах а, делхарх а, тIедуьтур дац шу, - элира цо зударшка.

- Оха хIун дан деза? - цунна тIейирзира йоккхастаг.

- Хьаькамашна кхоана яла хIума юй шуьгахь? Йоккхастаг дIатийра.

- Мел хIума езар ю? - хаьттира цхьана зудчо.

- Шайн ницкъ кхоччург.

- Цхьацца сом тоьар дуй? Пиркечико ойла йира.

- Доцчунна дан хIума дац. Ма луъу ца хилча, ма торру аьлла-кх.

Къона ши зуда вовшех дагаелира.

- Оха цуьнга дIа муха лур ду? Цо лелхадахь?

- Соьга схьало. Ас дIаккхачор ду кхачо деззачуьнга. Шина зудчо шайн корталийн тIемагех дина шеддаш а даьстина, дато соьмаш кховдийра.

- Ахь лой хIумма а? - йоккхачу стаге хьаьжира пиркечик.

- Соьгахь дац... КIантана беъна кхача боцург... Сискал, нехча, хохаш...

Воккхастаг, вист ца хуьлуш, юьстах лаьттара.

Карахь дIаса а хьийзийна, ахча гIовталан кисана тесира пиркечика.

- ХIета, сайга хIун дало хьожу со, - гIопа чу вахара иза.

Дукха хан ялале гIопан кевнехь гучувелира пиркечик а, нохчо-эпсар а, гIалгIазакхийн вахмистр а.

- И къона ши зуда чуяийта, - царна тIе пIелг хьажийра эпсаро. - Церан таьлсаш талла дика. Дег Iах ахьажа.

Нохчо-эпсар а, пиркечик а, туьканан коре а вахана, къамеле велира.

- ХIан-хIане, бабанаш! Цхьацца йогIуш, схьа тIе дуьйлал, - мохь туьйхира вахмистро. - Къенаниг, ахь собарде. ХIун ю шун таьлсаш чохь? Бомбанаш-м ца еъна аш шайн разбойникашна?

Вахмистр таьлсаш кего вуьйлира.

- Йохьург а елара цхьа чомехь хIума. Суна а кхочур яра жима-тIама. ХIора дийнахь массара а йохьург якъаелла сискал, кIон хохаш, муьста нехча. Дакъийна жижигаш, дуьмеш хIунда ца дохьу? ХIинца дегIах хьовсийтал. Куьйгаш хьала дахийта.

Къоначу зудчун дегIах куьйгаш хьекха вуьйлира вахмистр, томкано мажйина, говрачарах тера шуьйра, яккхий цергаш а къажийна. Куьйгаш некха тIе хьалагIоьртича зудчо, разъяьлла, чIогIа тата доккхуш, вахмистран бетах тIара туьйхира.

- Хьакха!

Вахмистр, вахьийча санна, зудчунна тIе а къаьрзина, вогIавелира. ТIаккха цIеххьана саметта а веъна, ши буй айбина, зудчунна тIекхоссавелира. Амма иза сацийра настарх хьаьрчина, варех цергаш йоьккинчу кIанта а, гIопан кевнехь гучуваьллачу есаула а.

- Хьожа йогIу зуд! - мохь хьаькхира вахмистра. - ДIайовла кхузара, варраш! БIаьрга гур бац шуна шайн разбойникаш! Ас набахтехь бахкор бу уьш!

Ткъа есаул, гIадвахана, воьлура.

- БIаьрг ма хила цунна, ма таза а туьйхира цо хьуна, Афонич! ЭхI, ма воккха Iовдал а ву! Ва-хьа-хьа! Бода бу хьо, Афонич, хьуо ма-барра. Иштта шога хуьлу ткъа мадамашца? Чано санна, куьйгаш хьоькхуш. КIеда-мерза дешнаш олуш, ховха куьг хьоькхуш, эсала хьаста ма еза.

- ДIадовла кхузара, ешапаш!

- Ларлуш хила, Афонич. Церан цхьана башибузуко чоко хоьцур ю хьан, - дIахьажавеллачу есаулана гира юьстах хIоьттина льаьтта некъахо. Иза кхузарчу нохчех воцийла хиъна, забарш йитира цо.
- Бахархощца гIиллакхе хила веза, господин вахмистр. Тахана тутмаккхашна тIебуьту де дац. Кхача схьаоьцур бу шуьгара, амма тутмаккхаш гойтур бац.

Эпсаро дуьйцучух ца кхеташ, бIаьргаш бетташ Iийна зударий, вахмистр шайна яппарш а еш дI авахча, пирке-чикна тIебирзира:

- Тхан ахча?

- Тхо Iехийна ахь?

- Охьадилла тхан ахча!

- Кхин хьайгахь ницкъ боцуш лелара хьо? Нохчо-эпсар, шена хIумма ца хуучуха, ладоьгIуш лаьттара.

- ХIун ахча хьехадо цара? - хаьттира цо пиркечике.

- Юкъарло дийца аьлла деллера соьга... вахмистрана дала. Шайн гIуллакх шаьш галдаьккхи аш. ХI ан, дIаэца шайн ахча...

ХIорш девнаш деш лаьтташ, йоккхачу стеган, Iадий-ча санна, цIеххьана мохь белира.

- Со-и-ийп...

ДIахьажавеллачу некъахочунна гира гIопан кевнах араваьлла унтер а коьртехь кхо салти а, царна юкъахь ши куьг къевллина букъа тIехьа дихкина валош стаг а. Еха, оза юьхь хьулйинера I аьржачу можо. Мекхаш дара бага а, мера чу а чоьш хьийзина. Амма нийсачу, элдарчу дегIо а, кадечу боларо а гойтура иза къона стаг хилар. Йоккхастаг, тIе а хьаьдда, маракхийтира цунна.

- Со-и-ийп... Нана лойла хьан... Хьуна тIехь хIун дина оцу къацахетарша?..

КIант ма-хуьллу нана теян гIертара.

- Ма елха... ХIумма а ца дина суна. ДуьххьалдIа, корта-маж ца яыпна...

- Стенна льаьтта шу, цу шинга а хьоьжуш? - мохь белира есаулан. - ДIасадаккха и шиъ.

Салташа, цхьамма къона стаг, вукхо йоккхастаг дIаса а озийна, вовшахдаьккхира и шиъ.

- Нана! Хьайх хIара Делан мостагIий ма кхардабелахь... Сан дас хьайга дина весет дицделла хьуна? Хьо-м нохчочун нана яй... Дерриг лан собаре а, майра а хила кхоьллина...

ТIехь салти а волуш, ши говр йоьжна гIудалкх схьахIоьттира царна улло. Къона стаг хьалха хьала а ваьк-кхина, гIудалкха тIевелира важа виъ а.

- Суна ма елхалахь! Со вухавоьрзур ву...

- Со-и-ийп... Хьан да а ма вайна доьза... Сийначу Сибрехь... - тIаьхьахьаьдда зуда, гIорзанах ког а тасабелла, бертал кхийтира.

Некъахочо, тIе а вахана, хьалагIаттийра йоккхастаг.

Ши салти а, тутмакх а, урамо гола тухучохь дIа а хьаьвзина, къайлавелира.

ХIетталц ладоьгIуш, юьстах льаттина воккхастаг, тIе а вахана, зудчунна маслаIат дан вуьйлира:

- Боккъал а, ма кхардабехьа хIара Делан мостагIий. Хьо елхарх, къахета стаг ма вац царна юкъахь. Уггар хьалха и дIогахь лаьтта ши нохчо а. ЦIа ваийта а ма мега. Суд ях ь а, цхьа-ши шо хан тухур ю. Иза хIинцца дIаер ю. ЦIа вогIур ву. Къона ву, могаш ву.

Зуда, кIез-кIезиг йогIуш, маслаIате еара. БIаьргех корталин тIемаг а хьаькхна, доккха садаьккхира цо:

- Иза-м вогIур ву... Со ехар юй хаац-кх хIетталц... Да а ма лаьцна цуьнан, иза дуьненчу а валале... Цуьнан бIаьра а хьоьжуш ма даькккхина ас хIара тIаьххьара ткъе ялх шо... ХIинца есачу хIусаме ерза еза-кх со...

- Гергара нах буй кIентан?

- Гергара нах бу. Амма деваша а, шича а, маьхча а вац...

- Хьо мичара ю?

- Гати-Юьртара...

- ХIун дийр ду ткъа. Дика а, вон а Делера ду-кх. Цунна тIе болх биллина Iийр ду-кх вай. АлхьамдулиллахI, цо вониг дийр дац...

Зудчунна тIе ченан кIур а тухуш, уллохула тIехъиккхира хьаргIанан басахь, хье тIехь деха кI айн сет а, кIайн когаш а болуш йоккха говр йоьжна кIеда гIудалкх. Денщикана тIехьа, кIедачу миндарна тIехь воттавелла вара гIеметта хIоьттина подполковник. Ворта лацаелча санна, яьIна кхин дIаса а ца хьовзош, нийсса хьалха дIа ши бIаьрг а боьгIна, тIехвелира иза.

ГIудалкхана тIаьхьа гIопан кевнехьа схьахьаьдда вогIу подпоручик шена улло нисвелча, сацийра некъахочо:

- Бехк ма биллалахь, поручик, мила вара оцу гIудалкха тIехь хIинцца чувахнарг?

Цецваьлла подпоручик къаьрззина некъахочуьнга хьаьжира:

- Иза мила вара бохург хIун ду? Хьо стиглара воьжна-м вац? Цуьнан оьздалла, округан начальник а ца вев-за хьуна?

- Добровольский вара иза?

Подпоручикан цецвалар шекваларе дирзира. Иза лерина хьаьжира некъахочун духаре, юьхь-сибате а.

- Ткъа хьо мила ву? Хьуна стенна оьшу господин Добровольский? Зеламхин гIеранах-м вац, хетий, хьо? Хьалха валал суна. Вай цигахь къастор ду, хьо мила ву а, господин Добровольский мила ву хаа хьо хIунда гIерта а.

Нохчо-эпсар шен декхар оццул чIогIа кхочушдан гIертаро самукъадаьккхира некъахочун:

- Даржехь сихха лакхавер ву хьо, подпоручик.

- И хьоьга хоьттуш дац. Со эца гIерташ, хьестало хир ву хьо. Бакъ дац хьуна моьттург. Хьалха валал гIопехьа.

- ДIавало. Со-м господин Добровольский волчу вогIуш ву.

Коьртера охьа когашка кхаччалц юха а некъахочуьнга бIаьрг туьйхира подпоручика. ХIинца цунна ца хаьара оцу стагаца ша къамел муха дан деза. Делахь а цхьаъ хаьара эпсарна: хIара шен махкахо хьаькамех стаг цахилар а, нагахь иза хьаькамех велахь а, цуьнан а, шен а карахь цхьана а тайпана ницкъ цахилар а.

- Схьагайтал документ! ХIара дуьне дуьзна бунтовщикаша. Обаргаша, народникаша, эсдекаша. Уьш берриш а цхьаъ бу. Къуй а, бандиташ а.

Некъахочо, кисанара схьаэцна, тIаьрсиган бохча схьа а диллина, цу чуьра даькккхина паспорт а, цхьа кехат а дIакховдийра.

Подпоручик вехха Iийра кехате хьоьжуш, балдаш хьедеш.

- Мелхуо а дика ду, ас хьо нуьцкъах дIавига ца деза, - паспорт а, кехат а духадерзийра цо. - Цуьнан оьздаллина хаьий хьо вогIийла?

- Хаа декхар-м ду. Иштта веза хьаша вогIуш, Iедало хьалххе хаам бо бухарчу хIусамдега.

Шаьшшиъ дIаволавелча, некъахочо ойла йора хIетта щен бIаьргашна гинчу суьртан. Кхузахь а, Сибрехь а, массанхьа а массо къомах болу салтий а, эпсарш а, полицейскийш а, жандармаш а цхьаъ бу те? ТIулган дегнаш долуш? Я хIора дийнахь шайна гучу оцу харцонех а, къизаллех а боьлла те уьш? Иштачу тешаро уьш шаьш а баьхна те оцу харцонан, къизаллин новкъа?

ХIун хуьлуш ду те оцу адамех а, кху дуьненах а?

Хехь волу эпсар, некъахочун бакъонан кехаташка а хьаьжна, уьш карахь начальникан кабинета чу вахара. Масех минот яьлча, сени чу а ваьлла, вист ца хуьлуш, хIоккхуьнга неIарехьа корта тесира цо.

Некъахо, меллаша чоьхьа а ваьлла, тIе сийна исхар тесначу ехачу, шуьйрачу стоьла тIе юьхьарвахана, хьалха Iуьллучу папки юкъара кехаташ хоьрцуш Iачу подлолковнике маршалла луш вистхилла, неIарехь сецира. ХIетта сиръяла йоьлла, кIужалш хьийзина юькъа хьаьрса месаш, юьхьигаш кIеззиг хьалахьовзийна мекхаш, цIена яьшна юьхь, стомма шалго чIенг, дуткъа балдаш, оцу дерригенца ца богIуш, шуьйра мераГуьргаш йолуш, буткъа мара а.

Цхьана кога тIера вукхунна тIе а вазвелла, чухула бIаьрг туьйхира некъахочо. Iедалан муьлххачу а адмицистраторан кабинета чохь хуьлуш долу императоран доккха сурт дара подполковникан букъа тIехьа пенаца кхозуш. Цхьа пен дIалаьцнера империн доккхачу картано. Цунна уллохь пенах йоьллина йоьзан тIемаш долуш ши неI йолу сейф а.

Эххар а, кехаташна тIера ши бIаьрг дIа а ца боккхуш, охьахаа аьлла, неIарехьа лаьттачу гI антехьа корта тесира подполковника. ТIаккха, цхьа хан яьлча, буьрса хIоккуьнга схьахьаьжира иза:

- Фамили?

- Гатиев.

- ЦIе?

- Мансур.

- Ден цIе?

- Гатиевич.

- Вина меттиг?

- Ведана округ. Манди-кIотара.

- И цIе йолуш юрт а, кIотар а юьйцу ца хезна суна.

- ТIеман тIаьххьарчу шарахь ягийна иза, юха метта ца хIоттийна.

- Толлур вай. Вина шо?

- 1860.

- Да-нана дуй хьан? - Дац.

- Вежарий, йижарий?

- Бац.

- Гергара нах мичахь бу?

- Хаац. ТIаьххьара гIаттам хьаьшначул тIаьхьа царах хилларг хаац суна.

Хьаьжаюкъ хабийна, пхьидачарах тера шен ши бIаьрг некъахочунна тIебуьйгIира подполковника:

- Аьшпаш бутту ахь, господин Хортаев. Хьо Теркан областан махка тIе ваьллачу дийнахь гулбина оха хьох лаьцна хаамаш. Хьо - Хортаев Овхьад Хортаевич ву. Гати-Юьртахь вина. 1877-чу шарахь пачхьалкхана дуьхьал хиллачу мятежан уггаре а жигарчу коьртахойх цхьаъ ву. Уьш къайладаьхна ахь. Кхузара ведда Гуьржех вахчахьана, ахь дIа мел баькххина ког хаьа тхуна. Юьхьанца Хевсуретехь ваьхна, тIаккха Тифлисехь халкъан ишколехь хьехархо хилла. Цигарчу крамолечу тобанан декъашхо лаьттина. И тоба йохийча, ведда Баку вахана, мехкадаьттан промыслашкахь болх бина. Белхалойн цхьана стачкин куьйгалхо волуш, полицица тасадаларш хилча, жандармски эпсар вийна ахь. Иза бахьанехь итт шо каторгехь, итт шо ссылкехь яккха хан тоьхна хьуна. Ссылкехь социал-демократашца зIе латтийна ахь. Хьуо Соьлжа-ГIала кхаьчча, кхузарчу социал-демократашца уьйр таса а гIоьртина хьо. Хьайх лаьцна и хаамаш къайлабаьхна ахь, господин Хортаев. Амма тхуна ца хууш цхьа а къайле йисац.

- ХIинца и хаамаш цхьана а маьIне бац, господин подполковник. Кхузахь Iедална дуьхьал хиллачу гIаттамехь ас дакъалаьцначул тIаьхьа ткъе ворхI шо даьлла.

Ткъа Бакохь сох баьллачу бехкана ас ткъа шо хан яькккина Сибрехь.

- Ткъа ахь крамолечу социал-демократашца уьйр латтор?

- Цхьа а зIе ца хилла сан цаьрца. Тхо цхьанхьа ссылкехь дара. Цхьаьна дехаш хилча, вовшашца уьйр хилаза йисац.

- Хьовсур вай, - эндаже велакъежира подполковник. - Областехь чолхе хьал ду. Къаьсттина кху округехь. Къайлах-къулах адам карзахдоху социал-демократаша. Нагахь санна хьайн хьалхалерчу

новкъа ахь цхьа ког баккхахь, хьуна луьра таIзар дийриг хилар дIахоуьйиту хьоьга. КхидIа хьан вахар Гати-Юьртахь я ахь къастийначу цхьана юьртахь хир ду. Цигара дIасавалар пурстопан бакъонца хила а деза хьан. Хаттарш дуй?

Некъахочо корта ластийра.

- ХIета кхуза куьг яздел, - къолам, кехат цунна хьалха теттира подполковника.

Некъахочо, кехата тIехула бIаьрг а кхарстийна, масех чIуг еш даржийна, куьг яздира.

- ХIинца мукъа вуй со? — къолам, кехат юханехьа дIа а теттина, дегI нисдира некъахочо.

- Некъ дика хуьлда!

II. БЕКХАМХОЙ

Сан хIусам экханан тунгари ю хьуна,
КIел буьллу кIеда мотт гIа-бецаш ю хьуна,
ТIетосу сан юргIа шийла дохк ду хьуна,
ГIовланна ас буьллург акха тIулг бу хьуна,
Мацвелча ас юург попан ковст ю хьуна,
Хьагвелча молуш дерг бецан тхи ду хьуна,
Тешаме сан накъост шийла герз ду хьуна.

Халкъан илли

1

Сих-сиха меттамотт хуьйцура Зеламхас. Масех дийнахь-буса цхьанхьа Iен кхераме дара. Ша обарган новкъа валлалц адамаш дика девзаш ца хиллера цунна. Моьттура, дерриг а адамаш догцI ена, тешаме, къинхетаме ду. Амма иза аьттехьа а ца хиллера. Шайна сом делча, Iедало хьаьстича я кхерийча, шайн да-нана а духкур долуш берш а хиллера. Ишттачарах лечкъа дезара. Даима дIа сема, Iожаллина дуьхьал хIотта кийча. Делахь а дика, тешаме, къинхетаме адамаш а ду. ХIора юьртахь а, гIалахь а. Лаьмнашкахь а, аренгахь а.

Цхьа доккха гIуллакх хилла, тахана Ведана герга веъна иза. Лаьмнашна юккъехь Iуьллучу хIокху жимчу кIотара. Готта цхьа некъ бу кхуза тIебогIуш. Ламанан тархашца сетташ, хьийзаш. Вукху кхаа агIор атталла гIаш кхуза вогIийла а дац. КIотарна тIе а кхозаделла, нийсса ирх лаьтташ мокхазан бердаш ду. ХIусамден ши кIант ву и некъ сема ларбеш. ХIетте а Зеламхин цхьа лерг ара ладоьгIна ду. Маьнги тIехь сонехь, цунна уллохь хIоттийна карабин-топ а, охьайиллина шиъ бомба а ю. Юкъах дихкинчу доьхкарх кхозуш а, кисанахь а шиъ тапча а ю, цкъа а дегIах дIа ца къастош.

Товханахь йоккха летта цIе йогу. ЦIарах самукъадолу Зеламхин. Цуьнга хьоьжуш ойланаш дика яло. Делкъан ламаз а дина, чуьчча когаш а бехкина, шен устазо Кунта-Хьаьжас тIедиллина вирд доккхуш, хиъна Iа иза. Ша Далла Iамал еш, ерриг ойла Далла тIеерзайо цо. Амма хIинца, иза мел дIакъехко гIертарх, коьрте кхин ойла-наш хьийза. Мухха а вирд даьккхина ваьлча, дехха доIа а дина, суьлхьанаш маьнги тIе охьа а тийсина, оцу ойланийн йийсаре вахара иза.

ЗеламхагIеран доьзал машаре бехара. БIе цхьа шо хан йолу деда БIаьхо а, да ГушмацIа а, цуьнан виъ кIант Хаси, Зеламха, Солтамурд, Бийсолта а. Бийсолтин итт шо бен дац. ЗеламхагIеран нана елча ялийначу Билкъиса вина ваша ву иза. Веа вешех вокkханиг, Хаси, даима цамгарш лехьош, хьегIаш, эгIаза, Iаламат эсала стаг ву. Хасин а, Зеламхин а зударий, бераш а дара. Солтамурд зуда ялоза вара. Деваша Хьамза а, цуьнан ши кIант а вара. И шиъ шичой бу аьлла дага а ца догIура веа вешина. Шайн нанас шайн дена бина вежарий санна хетара.

Зеламха обарг волучу хенахь цуьнан а, Бицин а ши бер дара: Муслимат а, Энист а. Гушмац Iин а, Хьамзин а доьзалша бежнаш, уьстаг Iий кхобура. Хьун хьаькхна дахьначу ирзош тIехь хьаьжкIаш, кхоьаш, гIабакхаш, картолаш а кхиайора. Берриг а нохчмахкахошна санна, оцу ирзошна тIера даьлла ялта Iаьнах бовла а ца тоьара царна. Дохнан доккуна духкуш, ялта оьцура. Цул совнаха, накхарш а дара церан кхобуш. Цаьргара шарахь шозза моз схьаоьцура. Иза духкура Веданарчу базарахь. Цунах хиллачу ахчанах бедарш, бахамехь оьшург а оьцура. ХIоккеран доьзалш къен а, хьоле а бацара, юккъерчу тIегIанахь бехара.

Цхьаьнцца а хьагI-гамо, мостагIалла а дацара церан. Амма уьш мел машаре белахь а, цара мел ца лехахь а, дедегара охьа, церан кочара ца долура хIара обаргалла.

Зеламхина ца хаьара хIокху Хорачах а, хорачойх а хIун гIуда хьаьрчина, Далла хьалха хIорш стенна бехке хилла. Дала къармазалла елла хIокху хорачошна. Ницкъана, харцонна къарбелла, кIелсовца ца лаьа царна. Къаьсттина БIаьхон тIаьхьенна. Имам Шемал Нохчмахкахь шариIат даржо а, чIагIдан а воьлча, массарах а къаьстина, цунна дуьхьал бевлларш а хорачой бара. БIешерашкара схьадогIу къоман Iадат шариIатца хийца ца лаьара нохчашна. Амма буьрсачу имамах а, цуьнан къизачу муртазекъех а, чаьлтачех а кхоьруш, дуьхьало ца еш, дегаза тIеийцира. Беккъа цхьа хIара къармазе хорачой боцчара. ХIорш дуьхьалбевлира. ТIаккха Шемала, Хорача а веъна, коьрт-коьрта боьрша нах юьртан майдана дIагулбира. Уьш бертал охьа а бийшийна, хьоккхащца бухъяьхна бошмийн керташ церан баккъаш тIе а ехкина, царна тIе а хевшина, Iуьйрре дуьйна сарралц той диира муртазекъаша. Царна кIелхьара нах берриг а белира. Цхьа БIаьхо воцург. Дийна висина БIаьхо шолгIачу дийнахь герз карахь лаьмнашка вахара. Шемалах а, цуьнан муртазекъех а бекхам эца. БерхIитта шарахь обарг лийлира БIаьхо. Шемал ведда Нохчийчуьра дIаваххалц. Цхьанхьара кхечухьа вуьйлуш, лаьмнашкахула, хьаннашкахула, экха санна, кхерсташ. Шен аьтто баьллачохь имаман чаьлтачех ка а тухуш.

ГушмацIа дера, къармазе, цIий сиха стаг вара. Пхийтта шо хьалха налог яккха керта баьхкинчу юьртдех а, шина стражниках а леттера иза, царна гIеххьачул чевнаш а еш. ШолгIачу дийнахь алссам стражникаш балош веъначу пурстопа, Ведана а вигна, набахте чувоьллира иза. Да схьа ца хецча, Зеламхас цунна дуьхьал лачкъийна цхьана хьаькаман кIант валийра. Цунна дуьхьал хийцина, маршаваьккхира ГушмацIа.

Цул тIаьхьа шийтта шо маьрша хилира церан доьзалан. Амма и машаре шераш къахьдеш, керла бохам тIебеара царна. Солтамурдан езар яра церан юьртарчу Хушуллин йоI Зезаг. Цаьршинна чIогIа дезара вовшийн, цхьаьнакхета Солтамурдан аьтто боцуш, хан дIатоьттуш, ладоьгIуш Iара и шиъ. Цкъа цхьана суьйранна Солтамурд хин коьрте вахча, Зезага дийцира цунна, ша МахкатIерчу юьртден кIантана хьехош ю, ша еха цара нах баххкийтича, шен да-нана оцу захалонна реза хир долуш ду, ден а, ненан а лаамна дуьхьалъяла шен бакъо яц, нуьцкъах ядийна кеп а хIоттош, ша йига аьлла. Ииштта йоI йигар хуьлуш дара нохчашлахь. Нах юкъа а бовлий, барт, машар бой, захало дой, дIадерзадора. И шайниг а иштта дIадерзаре догдаьхна, шолгIачу суьйранна хи дохьуш цIа йогIу Зезаг, урамехь схьа а лаьцна, дIайигира Солтамурда.

Шайн йоI аш нуьцкъах ядийна йигна, иза схьа ца лахь, шаьш захало-м муххале дийр дацара, вайна юккъехь цкъа а машар хир боцуш мостагIалла хир ду аьлла, схьахьедира ХушуллагIара. Юьртара тхьамданаш машарна а, захалонна а юкъабевлира. Амма оцу машарна а, захалонна а юкъагIоьртинчу Хорачан юьртдас иза а, важа а дохийра. Ша хьаькам ву, хIокху юьртахь ша Iедал ду, ша аьлларг хила деза, машар а, захало а ма хьехаде, ХушуллагIеран йоI дIа ца лахь, ша ГушмацIагIар берриг а набахте чу бухкур бу бохура цо. Юьхьанцара оьгIазбахар дIадаларе а, я тIаккха тI аьхьа захало хиларе а догдаьхна, Зезаг ХушуллагIаьрга дIаелира ГушмацIагIара. Ядийна йигна йо I, йолчара схьаехча, дIа а луш, тIаьхьа захало а деш, я ца деш, амма машар беш дIадерзош I адат ма дара. Кхузахь иэхье хIумма а дацара шиний агIорхьарчарна. ГушмацIагIарна новкъадерг кхин дара - шаьш ялийна нус Iедало схьаякккхар.

2

Цул тIаьхьа а и дов, захало дина я ца дина, дIадерза тарлуш дара, хIинца оцу юкъа махкатIхойн юьртда ца гIоьртинехьара. МахкатIхойн юьртда а, ГушмацIин стунцахой, Хорачара ЭлсангIар а гергара бара. ГушмацIагIеран а, ХушуллагIеран а захало хиларна я ГушмацIагIара юха а Зезаг нуьцкъах дIайигарна кхеравеллачу махкатIхойн юьртдас йоI Хорачара дIаяккхийтира. Элсанан кI анта, ГушмацIин стунвашас ШоIипа, Эшалхоте йигира иза. ХIинца Зезаг махкатIхойн юьртден кI ентан цIартIе яларна юккъе яьлча санна дара хIоьттина хьал. Иза а, гIаддайча, тардолуьйтура ГушмацIагIара. Царна Iаьткъинарг ЭлсангIеран ямартло яра. ГушмацIин стунвашас, Бийсолтин ненавашас, и йоI Хорачара дIайигар. Цигара дIа Зезаг махкатIхойн юьртден кIантана дIайигале иза схьаяккхха вахара Зеламха а, Хьамзин ши кIант Iеламха а, Iизраил а, Солтамурдан доттагIа Ушурма а. Зезаг схьаяькккхина ца Iаш, ШоIипана тIера шарбал а яккха. Цигахь девнехь ШоIипа Ушурма вийра. ГушмацIагIарна гIоьнна веъна нехан стаг вийнера уьш бахьана долуш. ТIаккха, цунна дуьхьал чIир йоьккхуш, ГушмацIагIара Элсан вийра.

Оцу тIехь машар а хилла, мостагIалла чекхдала тарлуш дара. Шинне агIорхьарчара вовшийн цхьацца стаг вийнера, чIир нисъеллера. Амма иза дерза ца дуьтуш, шайтIа хилла оцу юкъахьаьвзира хорачойн юьртда. Цо Веданара пурстоп Чернов валийра Хорача. Черновс дI акхайккхира ГушмацIагIар. Зеламха воцург, берриг а реза бара Iедална тIебаха. Зеламха реза вацара. Цунна хаьара, шаьш цига дахча, Iедало дIа а лецна, Сибрех дохуьйтур дуйла. Амма гергарчу баккхийчу наха дехарш дора, шу Iедална тIе ца дахча, шу бахьана долуш юьртана бохам хир бу, шиний агIорхьарчара вовшийн цхьацца стаг а вийна, чIир нисъелла, Iедало шуна хIумма а дийр дац, бохуш.

ГушмацIа а, Зеламха а, Iеламха а, Iизраил а Ведана Iедална тIебахара.

Уггар хьалха уьш тIенисбеллачу пурстопа Черновс хIорш сийсазбира, дений-нанний хьежош, тI аьххьара а Зеламхина бетах тIара а туьйхира. Уьш виъ набахти чу кхоьссира.

Уьш набахте боьхкина аьлла хабар кхаьчча, царах къинхетам бар деха Ведана ваха кечвелира къена БIаьхо. Зударша дехарш дира цуьнга, паччахьан хьаькамаш къиза бу, цара хьо тергалвийр вац, цига ма гIахьара, бохуш. Амма БIаьхо шен сацамна тIера вуха ца велира. Чорний къона ву, лахара хьаькам ву, цуьнан хьекъал кIезиг ду, полконак лакхара хьаькам ву, воккха ву, хьекъале ву, цо шега ладугIур ду, шен кIентех къинхетам бийр бу, бохура.

БIаьхо Ведана вахара. Округан начальникана подполковникана Добровольскийна тIе. БIаьхос цуьнга дехар дира, и дов шен кIентан а, кIентийн кIентийн а бехкенна ца доладеллера, бехк муьлххачеран белахь а, шиний агIорхьарчарах цхьацца стаг а вийна, чIир нисъеллера, къинхетам а бай, лецнарш цIа бахкийтахьара ахь, аьлла. Добровольскийс доцца къамел дира цуьнга.

- ХIара мила ву? ХIун боху цо? - хьаьттира цо талмаже. - ГушмацIин да ву? Зеламхин деда ву? И йовссарийн хIу долийнарг хIара къена бож ю? Царна къинхетам боьху хIокхо? Къена Iовдал! Гирзе бож!

Хьала а гIаьттина, стоьла тIехула дIаккхевдина, БIаьхон ло санна кIайн, еха маж схьа а лаьцна, цуьнан корта дIасаластийра подполковника.

Къона волуш, дегIехь ницкъ болуш буьрсачу Шемална а ца къарвелла, берхIитта шарахь гI одаюккъера герз ца достуш, гила борз санна, лаьмнашкахула, хьаннашкахула кхирстинчу къеначу Б Iаьхон хебарша аьхначу юьхь тIехь кхузза бос хийцабелира. ЦIийлуш, Iаржлуш, кIайлуш. Дуьхьало ян куьйгаш хьалаайба гIоьртича, цуьнан дуткъий пхьаьрсаш, даш санна дазделла, охьадахара, настарш егайора. БIаьрса гIелделла бIаьргаш, чу хиш хIиттина, кхоьлира. Балдаш дегош, халла

когаш а текхош, воккхачу хьаькаман канцеляри чуьра аравелира иза.

Цул тlаьхьа ах шо даьлча Хорача хабар деара, тутмакхаш Соьлжа-ГIала дIабуьгу аьлла. Уьш ган боьлхучу зударшца кIанте а, кIентийн кхаа кIанте а тIаьххьара бIаьрг тоха цига ваха ворданна тIе хьалаволуш, ког а тасабелла, охьаккхетта, дIаккхелхира къена БIаьхо...

Соьлжа-ГIалахь суд йира царна. Суд йина аьлла цхьа бахьана лелийра. ШоIипа Къуръан тIехь дуй биира, Ушурма шен карах ца велла, иза ша шен шаьлтанна тIе а кхетта велла, аьлла. Ткъа пурстопа Черновс а Инжила тIехь дуй биира, Элсана шен са далале шега элира, шена чевнаш йинарг хIорш виъ вара, аьлла. ГушмацIа а, Зеламха а, Iизраил а маршавоккхуш, Iеламхина Сибрех яккха хан а тухуш, кхиэл йира суьдо. Чернов дуьхьалвелира оцу кхиэлана. Зеламха маьрша витахь, Ведана округехь цкъа а синтем хир бац бохуш, мохь хьоькхура цо. Суьдан председатела а, къаноша а, кхечу цIа чу бахана кхеташо а ца еш, шаьш болччохь вовшашка масех дош а аьлла, шаьш масех минот хьалха йина кхиэл хийцира. Веанна а къоъ-ах шераш хенаш туьйхира. Кертара бежнаш а доьккина, адвокатана делла ткъа туьма ахча, хи чу кхоьссича санна, тIепаза дайра. ГушмацIа, къена ву аьлла, Сибрех ца вохуьйтуш, БуритIа вигира. Ткъа Зеламха а, Iеламха а, Iизраил а цкъа Ростове, цигара дIа Харькове, тIаккха Оренбургехула дIа Илецки Защите бигира.

Дукха хан ялале Соьлжа-ГIала схьавалийра уьш виъ. ШариIатан суьдо шайга схьадехнера церан дов. Суд хилале Iизраил набахтехь дIаккхелхира. Зеламхина хьаьра шариIатан суьдо а нийса кхиэл йийр йоцийла, хенаш а тоьхна, шаьш юха а Сибрех дIахьовсор дуйла. ШариIатан суд а яра кхаьънаш оьцуш, Iедална а, хьаькамашна а йоккаелла. Тутмакхаша гIо а деш, масех буса къахьегна, набахтин пенах Iуьрг а даьккхина, цхьана буса ведира Зеламха. ГушмацIина ца лиира вада. Обаргалла лело ша къена ву, элира цо. Иза ша вита а ца лиъна, цуьнца висира Iеламха. Оцу буса Зеламхица кхоъ ведира набахтера: Саратиев Муса, Шелара Дики а, ШаIми-Юьртара Бийсолта а. Уьш виъ цхьаьний обарг велира. Амма Зеламхин кхаа накъостан оьмар еха ца хилира. Дукха хан ялале Дики, Iедало лаьцна, ткъа шо хан а тоьхна, Сибрех каторге вахийтира. Муса а, Бийсолта а чIирхоша вийра.

Ша набахтехь волуш, цигара дийна аравалахь, уггар хьалха кхо гIуллакх кхочушдан чIагIо йинера Зеламхас.

ГушмацIагIеран боьрша нах, лецна, Сибрех бахийтича майраваьллачу махкатIхойн юьртдас Зезаган бертаза, ХушуллагIеран бертахь иза шен кIантана йигира. Хьалхара чIагIо, Зезаг цаьргара схьа а яьккхина, Солтамурдана цIа ялор яра цуьнан. Ша набахтера ведда цIа веъначу шолгIачу дийнахь, МахкатIа а вахана, цаьргара Зезаг ехьа а яьккхина, шайн цIа ялийра цо. Юьртда а, цуьнан нах а Зеламхина дуьхьало ян ца баьхьира. Зуда бахьана долуш юкъа мостагIалла дожийта ца лиира царна. Цигахь марехь ю бохуш цIе йолуш масех баттахь Iийнехь а, майрачуьнга шех куьг ца тохийтинера Зезага. Нанас дуьненчу ма-яккхара цIена Солтамурде дIаелира иза Зеламхас.

Цул тIаьхьа цо бекхам эца безаш ши гIуллакх дара. Черновс набахтехь шена тоьхна тIара а, Добровольскийс шен деден озийна маж а. И шиъ вен везара. Шайн доьзална хиллачу берриг а бохамашна и шиъ бехке вора цо. И шиъ а, оьрсийн Iедал а. Цкъа хьалха и шиъ а вийна, тIаккха шен ерриг а оьмарехь Iедалх бекхам эца безара цо. Зеламха набахтера ведча, кхеравелла Чериов, Веданара ведда, Несаре балха вахара. Амма ша Веданара дIавадале жимачу йоIаца Муслиматца цхьаьна Бици кхаа баттана Ведана набахте чу йоьллира Черновс. Амма иза гена ца ваьллера. Ткъа Добровольский хIинца а Веданахь ву. Стигла ваьлча а, лаьттах воьлча а, Зеламхин тоьпан даьн-даргах кIелхьара вер вац и шиъ.

3

Хулхулон чIожахула, хин аьтту агIонца, тIулган бердашца сетташ, хьийзаш хьала-охьа бу Ведана боьду некъ. Масийтта шо хьалха паччахьан ваша, Кавказан наместник, кхуза вогIу аьлла баккхийтина иза. Россера говза инженераш а балийна, Нохчмехкан ярташкара нах шайн ворданашца кхуза лоьхкуш, цаьрга маьхза болх бойтуш.

Оцу некъана шинне агIор тIекхозаделла тIулган лаьмнаш, тархаш, басеш дIахьулйина кхиъна бIешерийн къена хьаннаш ю. Хьежарх ца кIордош, хаза хуьлу бIаьста а, аьхка а, гурахь а кхузара и исбаьхьа Iалам. Нежнаш, пепнаш, маьънаш, акхтаргаш, гIаргIеш, таьллаш. Акха кхиъначу хьорматийн, Iежийн, кхорийн, хьаьмцийн, элхьамчийн, кхечу дуккха а стоьмийн дитташ. БIаьстенан юьххьехь, дитташа заза доккхучу хенахь, бес-бесара къарзло и хьаннаш. ЦIен а, кIайн а, можа а, сийна а, баьццара а - тайп-тайпанчу беснашца.

ДIа ког мел баьккхинчохь тIулган лаьмнех схьаIена сирла, ша санна шийла шовданаш. Лаха когашка кхаьчча, Хулхулох дIаккхета уьш. Хулхуло а ду сирла. Дукха сирла хиларна, Iаьржа бос а бетталуш. Амма лаьмнашкахь догIанаш даьхкича, буьрса деста иза. Къена дитташ бухдохуш, даккхий чхернаш керчош, хьере догIу иза, аренга нийсачу даьлча, чехка еъна кIадъелла говр санна, болар лагIдой, меллаша малхбузехьа дIашерша.

Оцу чIожахь, некъо голатухучохь, цхьана торха тIехь хиъна Iа ши жимастаг. Кхузара дIа гена го Ведана хьала а, охьа а лела некъахой. Шинна хьалха тIулган чIапачу экъанна тIе охьаеккина ю йохийна сискалан ах а, нехчин межарг а, цIен ши хох а, бехчалга юккъе хьарчийна гIоргIа туьха а, кхийран жимачу чIижалга чохь хи а. И шиъ сутара тасавелла оцу бекъачу кхачанах. Цаьршиннан мацваларе хьаьжча, и шиъ кхузахь волу дикка хан ю. Кхача бууш велахь а, цаьршимма

сих-сиха бІаьрг туху Веданара охьабогІучу новкъа. Геннахь ворда, гІудалкх гучуяьлча, бІ аьргашна тІе турмал а лоций, хьожу.

Шинна а улло охьаеххкина пхоьазза йолу карабинаш ю. Некха тІехула морзахйохуш тийсина патармийн гІаьпнаш а, хаьн тІехь тапчанаш а, шишша бомба а ю, детица кхелина шаьлтанаш а ю.

И ши жимастаг цхьана хенара велахь а, цхьаъ воккха хета. Дикка хенахь урс хьаккхадалаза корта а, мажмекх а дахделла цуьнан, цара хенал воккха хоьтуьйту иза. Цунна тІехь тужурки тІехула дуьйхина нохчийн чоа а, коьртахь кхакханан месала куй а, когахь чухула маьхьсеш юьйхина неІ армачаш а ю.

ШолгІачун маж цІена яьшна, амма хаза тодина месала мекхаш ду. Цуьнан коьртахь лохочу кепехь бина боьмашчу басахь холхазан куй бу, ткъа дисина духар европахойн ду. Хьалхарчун ехо юьхь а, аьрзун зІакарх тера хьаьвзина, дукъ тІедаьлла боккха мара белахь а, шолгІачун цІен бос бетталуш, горга кІайн юьхь ю. Юьхьсибат а, васташ а хаза, дегІ куьце ду цуьнан, тІе мехкарийн духар дуьйхича, хазачу йоІах а тарлур волуш. Хьалхарниг хабаре ву, ткъа шолгІаниг наггахь бен вист ца хуьлу, ша вистхуьлуш а юьхь цІийло цуьнан.

И шиъ Йоккхачу АтагІара ву. ШолгІаниг ТІамин Аюб ву, Зеламхин уггаре тешаме накъост. Цунна дика оьрсийн мотт а, йоза-дешар а хаьа, цундела Зеламхин писар ву иза. Дуткъачу, элдарчу дегІ ара, эсала Аюб майра а, оьзда а, доьналле а кІант ву.

- Іуьйрре дуьйна кхузахь хиъна Іийна, дегІ тхьусдоьлла-кх сан, - элира мажъяьллачо, чІижалг хьала а лаьцна, хих масех къурд а бина. - Бедарш а тІунъелла. Ткъа вайша ларбийраш гучубовлуш а бац. ХІинца а ца баьххкина, уьш маца богІур бу, Аюб?

- МаьркІажан хан хиллалц ладогІа деза вайша.

- И вайша кІелхьараваккха везарг ван мукъана а мила ву?

- Ца хаьа суна.

- Мичара ву иза?

- Ца хаьа.

- ХІета, сох къайлададьккхина ду-кх иза, - дегабаам бира мажйолчо.

Аюб цигаьрка хьарчо вуьйлира.

- «Хаац» боху дош дашо ду олуш хезний хьуна, Абубакар? Вай санначу берзалошна далийна кица ду иза. Амма кхузахь цхьа а тайпа къайле яц. Вайша кІелхьараваккха веза жимастаг мила ву а, мичара ву а ца хаьа суна. Селхана шена тІе а кхайккхина, Зеламхас элира соьга: «Аюб, кхана Ведана гІопера охьа Соьлжа-ГІала набахте вуьгур волуш цхьа жимастаг ву. Хьайца тешам болу цхьа накъост а вигий, новкъахь кІело а яй, иза салташкара схьа а ваккхий, суна тІе схьавалаве». Иза ду-кх суна хуург а.

- Тоьаш ду. Ха деш салтий дукха хир буй те?

- Хьуна маса хила лаьара?

- Иттаннал алсам хилахь, ларор вуй те вайша?

Аюб, боккха баьккхина цигаьркин кІур чу а тоьхна, велавелира.

- Итт салти бен уьш ца хилча-м, суна накъост а ца оьшура!

- ХІета ас, охьа а вижина, парггІат садаІа мегар ду. Салташца хьо цхьаъ ларориг хилча, со совнаха ма ву.

ХІара шиъ къамеле ваьлла Іаш, геннахь говрийн гІудалкх гучуелира. Аюба турмал лецира бІ аьргашна тІе.

- Вайша ладоьгІурш гучубевли, - элира цо. - ГІудалкха тІехь пхи салти а, куьйгаш дихкина нохчо а ву.

- Турмал соьга лохьа! - куьг дІакховдийра Абубакара. Турмал шега схьа а эцна, бІаьргашна тІе а лаьцна, лерина хьежа вуьйлира иза.

- ОхІ! - мохь белира цуьнан.

- ХІун хилла?

- Тутмакх, гІудалкхана тІера чу а иккхина, ведда!

Аюба шега схьаийцира турмал. Ши салти веддачунна тIаьхье бердах чутилира. Кхин а ши салти, гIудалкха тIера чу а воьссина, берда йисте дIахIоьттира, тоьпаш а юьйлина. Цхьа масех минот ялале цара бердах хьалаваьккхира ведда нохчо. Цкъа-шозза тоьпан бух а тоьхна, айбина, гIудалкха чу тесира цара иза.

## 4

Муьшаца чIоггIа къевлина, хьовзош букъа тIехьа дихкина куьйгаш а, пхьаьрсаш а, белшаш а лозура Соипан, Веданна гена мел волу. Амма и лазарш диццдора дагна деттачу лазарша. Шена тIехь лелийначу харцонна, ша сийсазварна дуьхьало ян, оцу Делан мостагIех бекхам эца шегахь ницкъ бацаро сабIарздинера цуьнан, корта хьере бинера. Цхьана минотана а бIаьргашна хьалхяра дIа ца долура тIаьххьара а цунна гинчу декъазчу ненан сурт. Хаддаза лерехь декара цо Iадийна хьоьккхучу маьхьаран аз. Дагаоьхура, хIоккуьнан дех Болатах а, цуьнан дех-ненах а лаьцна Iаьнан шийлачу, ехачу буьйса-нашкахь нанас дийцинарш. Деда а, денана а хIокку.Делан мостагIаша махках даьккхина, кхелхина дахана, генарчу, хийрачу Хонкарахь дIаккхелхина. Оццу Делан мостагIаша лаьцна, Сибрех вахийтина хIоккуьнан да а доьза вайна. ХIинца хIара ша цунна тIаьххье дIавохуьйтур ву. Шен ойла-м ца йора Соипа. ЦIахь цхьа юьсучу къеначу, декъазчу ненан ойла йо. Цуьнан дола дан хIокку шиннан а вежарий, шичой, маьхчой бац. Шелахь ден цIийнан нах бу. Уьш генахь бу. Геннара гергара а бу. Цхьа йисина цуьнан къена нана. Есачу, къечу, мискачу хIусамехь. Цунна рицкъа хьан латтор ду, цомгаш хилла, къанъелла кIелйисча, цуьнга мила хьожур ву?..

БIаьргаш хьабдича, уггар а карладуьйлура цунна и гIайгIане суьрташ. Къамкъарге шеддаш хIуьттура. Кийра, цIе хьийзаш, карзахбаьллера. КIез-кIезиг хуьлуш, вада сацам хилира цуьнан. ХIокху лаьмнашна, хьаннашна юкъара аренга валале. Сиржа-Эвлара дIа шера аре ю. Хьаннаш-м хьовха, атталла варщ а йоцуш. Цигахь ведча, къайлавала меттиг бац. Вада веза. ХIинца Соьлжа-ГIала дIавигча, тоьпаш тухур ю цунна я ирхъуллур ву, лаххара а таIзар Сибрех вахийтар хир ду. Итт, ткъа шарна. Я ерриг а оьмарна. Шен дена санна. Шен да санна, цигахь доьза вовр ву иза. Цигахь велча, гаурша дIавуллур ву, къена жIаьла санна. Дийна висина цIа верзахь а, хIокку Делан мостагIийн лай хилла ваха веза. Цул валар гIоле ю. ХIокху ша винчу лаьмнашкахь. Iожалла елахь, лийр ву, яцахь, Делан къинхетамца, Делан гIоьнца кIелхьарвер ву. КIелхьарвалахь, обаргех дIаккхетар ву иза. Шен ден да-нана махках даьккхинчарах, шен да Сибрех вахийтина, хIаллаквинчарах, шен нана а, ша а дакъаза даьк-кхинчарах бекхам оьцуш.

Соипа къайллах бIаьрг туьйхира салташка. Шиъ тIехьа, шиъ цунна дуьхьал а вирзина, хиъна ву. Юьйлина тоьпаш а ю, голашна юккъе а хIиттийна, каралаьцна. ПхоьалгIаниг, говрийн архаш лаьцна, хьалха ву. Цхьадика, когаш ца бихкина Соипан. Амма и виъ салти сема хьоьжу цуьнга. Къаьсттина некъана кIел агIор хьун яьлла басеш йолчохь.

ГIудалкх ишттачу меттиге нисъелча, цIеххьана хьала а иккхина, цу тIера чу а кхоссавелла, басехула охьа хьуьна чу ведира иза. Маьхьарий а деттяш, цунна тIаьхьахьаьлхира салтий. Соип хьуьна чу вуьйлира, амма дихкинчу куьйгашца гена ца ьалавелира. ТIеккиъначу шина салтичо схьалецира иза. Соин когашца дуьхьало ян гIоьртира. Амма иза гIийла, эрна дуьхьало яра. Набахтохь яьхначу буьйсанаша, мацалло, ойланаша гIора эшийнера цуьнан. Шина салтичо, пхьаьрсаш лаьцна, теккхош, басех хьалаваьккхира иза. Цигахь лаьтташ важа ши салти а вара. Шозза-кхузза букъах тоьпан бух а тоьхна, когаш а бихкина, айвина, гIудалкх чу кхоьссира цара Соип...

## 5

ГIудалкх ши бIе гIулч герга кхаьчча, бIаьргашна тIелаьцначуьра турмал дIа а яьккхина, Абубакаре вистхилира Аюб:

- Хьо кхузахь саца. Со царна дуьхьал волу. Ший а топ хьайгахь йита, ткъа хьайн тапча соьга схьало. Ас гIудалкх сацийча, уьш дуьхьало ян гIортахь, салташна а ца кхоьтуьйтуш, гIудалкхах тоха. Говраш лаьккина дIабовда гIортахь, цхьана говран настарх тоха. Нагахь уьш герзаца дуьхьало ян гIортахь, лен волчу а ца тухуш, салташна чевнаш ян мегар ду. Амма гIуллакх ишттa гена дер дац моьтту суна.

Аюб, тарха тIера чу а воьссина, цхьа ахбIе гIулч хьала а вахана, кекъа йистерчу лекхачу, стоммачу попан гIодана тIехьа дIалечкъира. ГIудалкх улло нисъелча, цунна хьалха а иккхина, говрийн архаш схьалецира цо:

- Тр-р-р! Стой! Оружи земли бросай! Руки верх! ГIудалкха тIерачу унтеро буьрса мохь туьйхира:

- Мила ву хьо? ДIавала новкъара!

- Астарожна, гаспадин унтер. Ми - абреки!

- Говраш дIалахка! - омра дира унтера.

Торха тIера схьа тоьпан тата делира. Цхьа говр, гIийла терсина, гора а яхана, дIахаьрцира. ШолгIа яьллачу тоьпо гIудалкхан пенан аннах кескаш тасийтира.

Аюба Соьлжа-ГIаларчу ишколехь шина шарахь дешнера. Шозза набахтехь а, каторгехь а хиллера. Цигахь оьрсийн мотт, йоза-дешар Iеминера цунна. Оьрсийн мотт шена дика хаахь а, забарна санна , мухха а буьйцура цо.

- Астарожна, гаспадин унтер. Я - Аюб Тамаев. Адутант абрека Зеламхана. Кургом абреки. Вы окружен. Будешь кирчать, ружье стрелят, всех убъем. Ружье борсай земли. Харашо. Руки верх! Один-один слезай. Маладцы. Ми вас убиват не будем. Зачем убиват? Зачем умират? У вас дома папаши ест, мамаши ест, матушки и баранчуки ест. Унтер бедний, солдат бедний. Зачем вам умират? Ми бедних не убиваем, солдат не убиваем. Ми начальники, опицери убиваем. Ай, маладцы!

Унтеро а, веа салтичо а тоьпаш лаьтта юьстах кхийсира. ГIудалкха тIе а вахана, цу чу хьаьжира Аюб.

- Это што такой? Почему бедний чечен лежит? Кто он такой?

Унтер воьхна хьаьвзира:

- Арестант ву иза, Соьлжа-ГIала вуьгуш...

- Развязат бистро! - омра дира Аюба.

Цхьана салтичо, куьйгаш а дегош, машшаш хедийна, маршаваьккхира Соип. Салтийн тоьпаш схьа а лахьаяй, юьстахвала, элира цуьнга Аюба.

- Маладец, салдат! Деньги есть? - унтерна тIевирзира Аюб.

- Дац. Тхьогахь мичара хуьлу ахча...

- Харашо. А тепер, солдат, свяжи руки всем. Крепко. Ха-рашо. Гаспадин унтер, что в твоем сумка?

- Арестантан документаш...

- Сумка мне отдай. Он не арестант. Свабодни чечен. Его дакументы тепер никому ни нада.

ТIоьрмиг шега дIа а эцна, чуьра схьадаьхна кехаташ деша вуьйлира Аюб.

- Так, так. Болатов Соип... Двадцать семь лет... Рост выше среднего... Лицо смуглое... Глаза черные... Нос горбатый... Волосы черные... Опасный преступник... Харашо, унтер. Опасный преступник ми забираем.

- Господин адъютант! - дехаре мохь белира унтеран. - Ас жоп дала ма деза арестантах...

- Э, унтер, ты не отвечает за арестанта. Теперь отвечает ми, абреки. Скажеш начальникам, абреки сделали засада. Они бистро напали. Они били много. Двадцат, тридцат. А солдат мала, пят. Все связали, арестант забрали и ушли в гора.

- Оцу хабарх цхьа а тешар ма вац, господин адьютант...

- Я тебе документ дам. Хароший документ, - кисанара блокнот, къолам схьа а даьккхина, доцца кехат яздира Аюба. - Паслушай дакумент: «Гаспадин палконик Дабраволски! Ты не полконак, ты сука и бляд. Ты как баба сидиш крепости, боис абреков, война делаеш женшинам, старикам и детям. Ты свинья, праститутка. Ми найдем тебе, зарежим как свинья. Здесь ми были много, солдат мала. Ми связал бедних солдат, забрал арестанта. Это сделал я, Аюб Тамаев. Адутант Зеламхана». Пайдет такой дакумент?

- Мегар ду, господин адъютант... Дика документ ду... Баркалла хьуна...

Аюб салташна тIевирзира:

- Как думает салдат?

- Iаламат дика яздина ахь, господин адъютант!

ГIуллякх кхиамца чекхдаьллий хиъна, Абубакар тIевеара царна.

- Дасудани, гаспадин унтер! Дасудани, гаспада салдат! - аьлла, церан Iодика а йина, цаьргара схьадаьхна горляш белшех а тийсина, лома хьалабоьдучу гIашлойн нонкьахула къайлавелира уьш кхоъ.

Царна тIаьхьа а хьаьжна, цхьана салтичо, паргIатваьлла, доккха садаьккхира:

- Дала тIе ма доуьйтийла вайна вовшийн кхин гар!

- Уьш-м шиъ бен ма ца хилла. Вай хьалхе кхераделлера...

- И хьайн муцIар сацае, Iовдал вир! - човхийра иза унтера. - Хьуьна чохь церан накъостий мел бара хаьий хьуна? Оцу шина обарго хьуо ца вуьйш, дийна витарх воккхавеш, Далла хастам бан беза ахь хьайн оьмарехь. Оцу шина обаргана а цхьаьна!

Дика хьаьвсича, шайна вовшийн куьйгаш дIадасталур дара салташка. Амма уьш даьстина карийча, бехке хир бара. Шина обарго шайн когаш цабехкарна а чам бацара царна. ТIаккха уггар а бехказа хир бара уьш. Делахь а, хIара а тоьар ду. Шаьш дIадаста некъахой тIекхачаре хьуьйсуш, дIатийра пхи салти.

III. НАНА

Ас шайна тIедеххкина декхарш аш цIена кхочушде,
тIаккха Со шуьца хир ву.

Къуръан . 2 Сура , 117 аят

Ала цаьрга: «ХIай, адамаш ! Дала цIена, нийса некъгайтина шуна; оцу некъа ваханчо
шена дика до; тилавеллачо шена зулам до; цунна Соьгара гIо хир дац».

Къуръан. 10 Сура, 108 аят

1

Хьалха Iедалан суьдо ГушмацIина тоьхна хан дIаяьккхира шариIатан суьдо. Иза къена вара. Ша дуьненахь яккха йисина хан машаре яккха сацам хилира цуьнан Хорача цIа вирзича. Амма Iедало ца вуьтура иза шен лаам а, сацам а кхочушбан. Обарг ваьлла, зуламаш деш лела хьайн кIант Iедална тIевалаве бохуш ша бIарзвича, кIантах дIакхийтира иза.

ЭлсангIаьрца долу мостагIалла а машарца дерза ца дуьтура Iедало. Добровольскийс шена герга озийнера церан цIийнан нах. Цунна къаьсттина доггах гIуллакх дора Iадода. Зеламхас а, цуьнан доьзало а, гергарчу наха а дIа мел баьккхина ког Iедале дIабуьйцуш, уьш къиза хьийзабойтура цо. Зеламхас мосазза а алийтира цуьнга, и хьайн мотт сацабе. Амма иза ца соцура. Iедало ша ларвийр ву моьттура цунна. Зеламхас Iадод вийра.

Хьалха чIир дуьхь-дуьхьал нисъеллера церан. ЭлсангIара Солтамурдан доттагIа Ушурма вийча, цунна дуьхьал Элсан вийнера ГушмацIагIара. Ткъа хIинца хIоккхара Iадод вийча, цIий хьаьрчира царах.

ГушмацIин ваша Хьамза, воккхастаг, гIийла стаг вара. Цхьана пIераскан дийнахь, рузбанера арабевлча, Хьамза вййра ЭлсангIеран наха. Хьамзас дехарш дира цаьрга, ша къена стаг ву, шен вашас а, цуьнан кIанта а лелочу гIуллакхийн декъахь а вац, тIе аш лацийтина шен кIант набахтехь велла, ша ма вехьара аш, бохуш. ХIетте а вийра.

ГушмацIин воккхахволу кIант Хаси цомгаш, гIийла стаг вара. Цхьа а доьзалхо а вацара цуьнан. Иза гIийла стаг хиларна, ГушмацIин чIирхоша а новкъарло ца йора цунна. Амма Iедало хьийзавора и миска, хьайн да а, ваша а шайга схьало бохуш. Эххар а, лаьцна вигна, Ведана набахте чу кхоьссира иза.

Юьхьанца деца а, вешица а вацара Солтамурд. Iедало ша юьртахь ца витича, шайн уьстагIашца Къоьзан-Iоме а вахана, цигахь хан токхуш вара иза. Шена ахьар а дахьа, бехъелла бедарш а йиттийта, цхьана дийнахь юьрта вогIу иза новкъахь Добровольскийна тIеIоттавелира. Цуьнца салтий а бара. Солтамурдехь мокхаз биллина топ яра. И тайпа топ лело бакъо еллера нохчашна. Амма Добровольский, цунна дена а, нанна а хьежош, цуьнгара топ схьаяккха гIоьртира. Топ дI аелча а, ша лаьцна дIавуьгур вуйла хаьа Солтамурд, шед тоьхна, цIеххьана говр а ядийтина, ведда кIелхьаравелира. ХIокху махкахь шена синтем хир боцийла хиъна, иза Iаьнда вахара.

ТIаккха ГушмацIагIеран цIахь цхьа а боьрша стаг ца висира. Итт шо хенара Бийсолта воцург. Зударий ца ларабора дохнаца а, керт-коврачу гIуллакхашца а. Солтамурд маьрша витахьара аьлла дехар дан Бици а, Зезаг а Добровольскийна тIеяхийтира Зеламхас. Амма округан начальника цаьршинца къамел а ца дира. Заддаш, кхахьпанаш бохуш, яппарш еш, эккхийра. ТIаккха цхьана буса Зеламха ша вахара Добровольский волчу. ГIопехь ха деш болу салтий Зеламхас кхерийнера. Цул совнаха, царна дош деллера цо начальникана цхьа а тайпа зен ца дан. Салташа къайллах гI опа чу витира иза. Подполковник шен хIусамехь охьавижа кечвелла карийра цунна. Зеламха бIаьрг ма-кхийтти вевзира подполковникана, амма воьхна ца хьаьвзира. Хетарехь, иза тешна вара арахь сема лаьттачу салтех. Цул совнаха, Зеламха мишарна веъна аьлла а хийтира цунна. Зеламхас, хьийзораш а ца еш, къамел долийра.

- Полковник! Тхан а, ЭлсангIеран а девнна юкъа а гIоьртина, лецна тхо Сибрех дахийти ахь. Сох обарг винарг а хьо ву. Сан зуда жимачу бераца набахте а кхоьссина, цуьнга оцу чохь кхо бутт хан яккхийти ахь. Къена снн да хьийзош, бIарзвина, сох схьакхетийти ахь. Тхан мостагIаша а чI ирах маьрша витина, цомгаш, гIийла сан воккхахволу ваша а набахте воьллира ахь. Оцу дерригенах тоам ца хилла, дог ца Iаьбна, хIинца сан ваша Солтамурд а, хIокху махкара эккхийна , ДегIастана вахийти ахь. Тхан кертахь цхьа а боьрша стаг ца висина. Зударий ца ларабо бахамца. Солтамурд соьца а вац, ас лелочу гIуллакхийн декъахь а вац. Цуьнан карах цхьа а стаг а ца велла, цо Iедална дуьхьал дина хIума а дац. И сан ваша ма хьийзавехьа, полковник, тхан юьртахь, тхан кертахь Маьрша ваха витахьа иза. ЭлсангIеран а, тхан а моста гIаллина юкъа а ма гIертахьа. Иза тхан тхешан, нохчийн, гIуллакх ду...

Добровольский ца Iийра Зеламха дийцина валлалц.

- Хехой! - чIоггIа мохь туьйхира цо.

Зеламха велавелира.

- Цаьргара орца хир дац хьуна, полковник. Нагахь уьш хIокху чу гIортахь, ас дерриг а дойур ду шу. Угтар хьалха хьо а вуьйш. Ас хIинца ца вуьйш вуьту хьо. Оцу мискачу салташна бохам бан ца лаьа суна. Амма хаалахь, хьо а, Чорни а, льттах воьлча а, стигла ваьлча а, сан даьндаргах кIелхьараверриг цахилар.

Зеламха, дуьхьало йоцуш, парггIат гIопах ара а ваьлла, дIавахара.

Стаг вийна, юкъа мостагIалла деъча, зударий а, пхийтта шаре кхаччалц хан йолу божабераш а чIирах маршабоху нохчийн Iадато. Уьш байа а, цIера, юьртах арабаха а бакъо яц. ГушмацIин зуда Билкъис, Бийсолтин нана, ЭлсангIарах яра. Нохчийн къоман Iадат лардеш, Билкъис ца йитира ГушмацIас я дов дина дIа а ца яхийтира. Зудчуьнца къийсар нийса ца догIура нохчийн гIиллаккхехь. Делахь а буьрса амал йолчу ГушмацIас, цкъацкъа ша оьгIазвахча, тIехбеттамаш бора, Iиттарш йора зудчунна, ен кхерамаш а туьйсура. Ткъа Билкъис шек дIа а ца йолура. Хаара, шен майра къоман гIиллакхах вухур воцийла.

Амма ЭлсангIеран зударша кертара арабовла ца буьтура ГушмацIагIеран зударий. Тезий, маьттазий багош лееш, сардамаш доьхуш. Церан божабераша Бийсолта а хьийзавора, ловза аравала ца вуьтуш. Мосазза а етташ меттиг хиллера. Вукху агIор, Iедало а хьийзабора ГушмацIагIеран зударий, обаргаш бевлла лела шайн божарий совцабе, уьш Iедална тIебаххкийта, бохуш. Шинне агIорхьарчара хьийзош, бIарзйина Бици а, Зезаг а, божарех дага а яьлла, кертара даьхний дIа а доьккина, сал-пал а, йийбар а гергарчарна дIа а екъна, оцу кертара дIа а яьлла, шен ден цIа дIаяхара. Бицис шен ден цIахь дуьненчу ваькккхира Зеламхин дуьхххьарлера кIант Мохьмад. Наггахь буьйсанна, адамаш набарна дIатийча, къайллах шен доьзал болчу воьдура Зеламха. Муслимат а, Энист а хьоьстура, боккхачу безамца, дегайовхонца жимачу Мохьмаде а хьоьжура. Бицина маслаIат дан а гIертара, хIинца Россехь берриг а оьрсий паччахьна дуьхьал гIевттина, цара иза дIавоккхур ву, паччахьан Iедал дохор ду, тIаккха ша маьрша вер ву, вай машаре дехар ду, бохуш. Бакъду, Зеламха ша а ца тешара ша дуьйцучух. Делахь а иштта хиларе сатуьйсура.

Зеламхас лоруш а, сийдеш а масех стаг ву Нохчийчохь. Эвтарара эвлаяъ Баматгири-Хьаьжа а, Шелара Соип-Молла а, ГIойтIара Элдарханан Таьштамар а, Сиржа-Эвлара ШериповгIеран Жамаьлдан кIентий а. Кест-кеста цаьрца цхьаьнакхетар а, царах дагавалар а хуьлу Зеламхин. Иттех де хьалха Соип-Молла волчохь хилира иза. ХIетахь Соип-Моллас дийцира цуьнга, Ведана гIопехь набахти чу воьллина Гати-Юьртара цхьа жимастаг ву аьлла. Цуьнан дай Шелара хилла. ХIинца а цуьнан геннара гергара нах бу кхузахь, оцу кIентан бала болуш а бу. КIентан деда ДанчIа хилла, да Болат хилла, цуьнан шен цIе Соип ю. Болатан да-нана Хонкарахь дIаккхелхина шовзткъа шо хьалха. Iаьлбаг-Хьаьжа имам волуш цуьнан герггара гIоьнча хилла Болат Сибрех вохуьйтуш Соип венан кийрахь хилла. Болат, хилларг ца хууш, Сибрехь вайна ткъе ворхI шо ду. Къона йолуш дуьйна и цхьа кIант а кхобуш къанъелла цуьнан нана. Соип-Моллас дийцира, Соип стенна бехке вина лаьцна.

- Кестта иза Соьлжа-ГIала дIавуьгу бохуш хабар ду. Цига дIавигахь, суьдо вен кхиэл йийр ю цунна. Вуьйр ву. Я шен оьмарна Сибрех каторге вохуьйтур ву. Лаххара таIзар - 20-25 шо хан тухур ю. ТIаккха, шен да санна, Сибрехь доьза вовр ву иза. Соип дIаваьлча, церан цIийнан кIур бов. Нагахь санна, шайна зен-зулам а ца хуьлуш, и кIант кIелхьараваккха аьтто хилахь, Соьлжа-ГIала дIавуьгуш новкъахь иза кIелхьараваккха хьовсийша.

Зеламхас дош делира Соип-Моллина оцу тIехь шен ницкъаккхочург дан.

2

Оцу дийнахь Зеламхе гIайгIане ойланаш йойтуш къамел хилира цуьнан Соип-Моллица. Зеламхас шегара бала балхийра цуьнга. Бехк-гуьнахь а доцуш, шайна тIедеъна мостагIалла а, Iедало зударщца, беращца цхьаьна юьртах арадаьхна, аккхарой санна, лаьмнашкахула, хьаннашкахула лечкъаш, шаьш кхерсташ лелар а.

- Гой хьуна, Зеламха, Дала ваьшка ма де бохург а дой, иза ваьшна бохаме даьлча, Делан кхиэл ю лелларг олу ипй, я бехк цхьаьннан коча бохуьйту. Шайна хиллачу бохямашна ахь ЭлсангIар бехке бо. Шайга хьаттича, ЭлсангIара шу бехке дийр ду. Ткъа бехке шу шинне агIорхьарниш ду. Дала бусалба адамагана гайтинчу цIеначу, нийсачу шариIатан некъа тIера деллла лелла шу. IалайхIи салам, Мохьамад-пайхамарехула бусалба адамашна Къурьан доссийна Дала. Оцу Къурьанца Мохьамад-пайхамарехула Дала ши некъ гайтина бусалба адамашна. Цхьана агIор - диканиг, оьзданиг, адамашна пайдениг, хьаналниг, къинхетаматениг, стеган дуьне а, эхарт а декъала хир долу, уьш зенех-зуламех, бохамех ларбийр болу гIуллакхаш а, гIиллакхаш а. Оцу новкъа ваханарг Ша зенех-зуламех ларвийр ву, Ша цунна гIо дийр ду боху Дала. ШолгIа некъ гайтина Дала оьзда доцу, боьха, хьарам, къиза, адамашна зуламе, бохаме хир долу, церан дуьне а, эхарт а декъаза хир долу гIуллакхаш а, гIиллакхаш а гойтуш. Оцу шолгIачу новкъа ваханчу стеган шегарчу къинхетаме, гIоьне, орцане догдохийла яц, Ша иза зенехзуламех, бохамех ларвийр вац, цуьнан дуьне а, эхарт а декъаза хир ду боху Дала. Дала ваьшна перз дина тIедехкина ламаз а, марха а, закат а, сагIа а леладо вай, амма Дала бусалбанашна тIедеххкина важа декхарш кхочушдан ца хаьа я ца лаьа вайна, оцу ас бийцинчу шина некъа тIехь галдуьйлу вай. Уьш дерриг а дийца воьлча, дукха хир ду, цундела хIокху шуна хиллачу бохаман бахьанаш дуьйцур ду ас. КIанта зуда ялор а, йоIмаре яхар а муха хила деза, майрачун а, зудчун а, доьзалан а юкъаметтигаш муха хила еза, церан декхарш хIун ду - уьш дерриг а гайтина шариIатехь. ЙоIа а, кIанта а маре деш, оцу

шиннан а, церан дай-нанойн а бертахь, шинне агIорхьарниш реза болуш хила деза. Бертаза, нуьцкъах йигна зуда хьарам ю боьршачу стагана. Шен цIера, дена-нанна хьалхара араяккхале, ши теш а волуш, имама мах бан беза маре дечу шинна юккъехь. Маре деш долу ши адам Делах тешаш а, Далла Iамал еш а хила деза. И шиъ я шиннах цхьаъ Далла Iамал еш дацахь, цаьршиннан мах бар ца магадо. Цул совнаха, мах бечу хенахь а, вовшех куьг кхетачу хенахь а догIмаш цIена, ламаз карахь долуш хила деза и шиъ. Мах бечу хенахь тоьшаллина хIоттийна ши боьрша стаг а хила веза Делах тешаш, Далла Iамал еш, догIмаш цIена, ламаз карахь долуш, цIена, хьанала, ямартло йоцуш. Мах бале зудчух хьаккхавалар хьарам дина, дихкина. Мах бале и шиъ цхьаьна Iер зина лору, оцу хенахь кхоллазелла доьзалхо къутIа лору, иза иманехь хир вац, иза дена-нанна а, нахана а бале вер ву боху. Ткъа аш муха ялийнера ХушуллинйоI?

- Тхан вешина Хушуллин йоI а езара, йоIана тхан ваша а везара. ЙоьIан да-нана реза дацара тхан веше шайн йоI яийта. Цундела, йоьIан бертахь, тхан вашас новкъара дIайигнера иза...

- Ткъа шариIато ца магадо ден а, ненан а бертаза йоI маре йигар. ШолгIа, мах бале оцу йоIах куьйгаш ма тоьхна хьан вагаас. Мах бина а боцуш, шун кертахь де-буьйса ма даьккхина оцу йоIа. Дена, вежаршна, дедена, девежаршна, иштта гергарчу божаршна а бен, шен юьхь гайтар зудчунна магош ма дац шариIато. И йоI шаьш юьгуш мосазза а шариIат талхийна аш, Дала аьлларг ца дина аш. Изза дина махкатIхойн юьртдас а. ЙоьIан бертаза йига а йигна, йоьIан бертаза мах а бина, масехбаттахь иза шайн кертахь латтийна цара а. ЙоьIан бертаза, нуьцкъах маре елла ХушуллагI ара а. Ша гайтинчу цIеначу, нийсачу некъа тIера ваьллачу стагана диканиг ма ца до Дала. Ткъа и захало долийчахьана дуьйна шу шинне агIорхьарниш Дала гайтинчу цIеначу, нийсачу некъа тIера юьстахбевлла лелла. Цундела Дала шуна иза бекхаме даьккхина. ЭлсангIара шайгара йоI схьаяьккхича, шайна изхь дина цара аьлла, церан боьршачу стеган шарбал яккха дахана шу. Цара шух стаг вийна. Цунна дуьхьал аш Элсан вийна. Элсанна дуьхьал цара Хьамза вийна. ТIаккха аш церан Iадод вийна. Дала адамаш дайа ма ца боху. Ша кхоьллина синош Ша дIаоьцур ду, Шен гI уллакха юкъа шу ма гIерта ма боху Цо адамашка. ХотIе а доцуш, шена хаа а хууш, бусалба стаг ма ве ма боху Цо. Бусалба стаг вийначунна Ша гечдийр дац, цунна кечйина жоьжахате ю, иза цкъа а оцу чуьра хьалавер вац ма боху Дала. Ткъа аш, шинне а агIорхьарчара, байинарш Делах а тешаш, Далла Iамал а еш болу бусалбанаш бу. ХотIе а доцуш, хаа а хууш бусалба стаг вийнарг вен магадо бусалба динехь. Куьг бехкениг. Ткъа аш, шиний агIорхьарчара, куьг бехке боцу нах байина. Аш къена Элсан вийна, ткъа цара къена Хьамза вийна. ТIаккха аш иштта Iадод вийна. Бехкениг къастош, шариIатехь кхиэл йича а бен, шуи бакъо ма яцара и адамаш дайа. МостагIчун ц Iийнах, тайпанах хилчахьана, шайн аьтто баьлларш байина аш. Бехке боцурш а. Церан жоьра зударий бисина, буобераш дисина. Наной, хIусамнаной, йижарий, бераш делхийна. Ткъа бахьана хI ун ду? Дала, пайхамара, шари Iато гайтинчу новкъара юьстахдовлар. Дала бохург вай дахьара, Цо гайтинчу цIеначу, нийсачу новкъа вай дIаг Iертахьара, вай иманехь нислахьара, вайна хуьлуш долу дуккха а зенаш-зуламаш, бохамаш, баланаш хир ма бацара, Зеламха. Паччахьан Iедал бехке до ахь. Иза нийса ду. Иза керста, оьрсийн Iедал ду. Иза къинхетам боцуш, къиза, ямарт Iедал ду. Оьрсийн паччахь ницкъ болуш ма ву. Царна хIун ду нохчаша, бусалбанаша вовшийн байарх? Иза царна луург ду. Цхьажимма а вай бахьана далийтича, набахте кхуьйсу, Сибрех дохуьйту. И бахьанаш дийлийта вайна юкъа питанаш туьйсу. Ткъа вайна и бахьанаш ца дийлийта, лардала ца хаьа. Нагахь санна, Дала, пайхамара, бусалба дино бохург а деш, вай ийманехь нислахь, Дала вай зенех-зуламех, бохамех, баланех лардийр ду, Делера орца а, къинхетам а хир бу, вайн дуьне а, эхарт а декъал а хир ду. Иза иштта хилийта Дела ницкъ болуш а, къинхетаме а, комаьрша а ву. Амма ийманехь вай ца нислахь, дуьне а, эхарт а декъаза хир ду вайн. Цуьнан цхьа а тайпа шеко яц.

3

И къамел хиллачул тIаьхьа тайп-тайпана ойланаш йора Зеламхас. Ша хаъал хилчахьана чIогIа Делах тешаш а, чIогIа Делах а, къематдийнах а кхоьруш а, шена ма-хуъу, шен ницкъ ма-кхоччу Далла Iамал еш а вара иза. Хьанала къахьоьгуш а, хьарамчух ларлуш а вара. Перз ламазел а, марханел а совнаха ламазаш а дора, марханаш а кхобура. Шайн дохнна, ялти тIера закат а, мискачарна сагIа а лора. Ша цIена бусалба а хетара цунна. Амма Соип-Моллас дийцинчуьнга ладоьгIча, ша цIена бусалба хиларх шекьваьллера иза. Шайн доьзалшна хиллачу бохамашна Далла хьалха а, доьзалшна хьалха а ша бехке а хийтира цунна. Оцу итт дийнахь шен ламазаш тIехь Деле шена гечдар, шен доьзалшна къинхетам боьхура цо.

Амма паччахьан Iедалца а, оцу Ведана гIопехь, тIулгийн лекхачу, стаммийчу пенашна тIехьа а левчкъина, кхузарчу мискачу адамашна тIехь харцо, къизалла латточу оцу хьакхарчашца а, церан ялхой хилла лелачу нохчийн заддашца а машар а бина, къарвелла саца ойла а яцара. Цаьрца машар муха хуьлу, цхьаннахьа а гуш нийсо ца хилча, гуо баьккхина лелаш харцонаш, ямартлонаш хилча. НуьцкъалчогIорасизниг хьоьшу. Хьолахочо къениг вацаво. Хьекъалечо боданениг Iехаво. I еламнаха бусалба дин шайна пайдехьа дерзадо, уьл дуккхахберш паччахьан Iедална, хьаькамашна бохкабелла. ГIорасизчун, къечун, гIийлачун, мискачун цхьа а тайпа бакъо яц. Iедална а, хьолахошна а уьш адамаш ца хета. Уьш лоьцуш Сибрех бахийта а, байа а, текхамаш бойтуш чI анабаха а мега. И Дела воцу мостагIий, таIзар ца деш, бекхам ца оьцуш, шайна луъург дан хецна муха бита беза? ХIара Зеламха а, хIара саннарш а царах бекхам эца Дала къастийна, Делан лаамца лелаш хила а ма мега. Ткъа бусалба динан кIоргенеш хаа, Соип-Молла санна, Iеламстаг вац Зеламха. Иза бодане бежIу, жаIу, ахархо, асархо, мангалхо ву. Цунна Къуръано а, шариIато а хIун боху ма ца хаьа. Дуккхахболчу нохчашна а. Я Зеламхина бевзина молланаш а ма бац дукха к Iоргера бусалба динан Iилма хууш. Цхьамма цхьаъ дуьйцу, кхечара кхин дуьйцу. Делан Къуръано а , шариIато а бохург дерриг а цIена хууш хиллехь, Зеламхас и къинош летор ма дацара. Дала гайтинчу цIеначу, нийсачу некъа тIера юьстахвер ма вацара. Цо ца кхеташ, лаамаза дийлийтинчу

гIалаташна, летийначу къиношна Дала гечдийр ду цунна. Дела хууш а, гуш а ву цуьнан дагахь дерг...

Амма Дала къинхетам ца бахь, герггарчу хенахь машаречу дахаре юханехьа некъ ца гора цунна...

Оцу шен къаьхьачу ойланех иза юкъахваьккхира арара схьахезначу когийн татанаша а, лохха дечу къамелаша а. Цхьа минот яьлча, цIа чу велира Аюб а, Абубакар а, корта а, маж-мекх а даьлла жимастаг а. Охьаховша пурба делира царна Зеламхас.

- Мичара ву хьо?

- Гати-Юьртара.

- ЦIе хIун ю хьан?

- Соип. -Ден цIе?

- Болат.

- Ненан цIе?

- Деши.

- Да-нана дуй хьан?

- Нана ю, да вац. Сибрехь вайна...

- Хьан дехой мичахь бу?

- Шелахь.

КхидIа хеттарш дан ца оьшура. Иза Соип-Моллас вийцинарг вара.

- Аюб, корта а, маж а даша цуьнан. Хи а дохдай, дегI а цIандайта. Бедарш хийца. Цунна тIехь ерш ягае.

Ши сахьт даьлча Зеламхина хьалха хIоьттира куь-це, майра юьхь-сибат долуш жимастаг.

- Маса шо ду хьан?

- Ткъе ворхI.

- Зуда юй хьан?

- Яц.

- ХIунда яц?

- Зуда яло аьтто боцуш Iийнера. Цунна а, керт-ковхь оьшучунна а ахча даккха гIалгIазкхашна йолах болх бан Теркал дехьа ваханера со. Цигахь болабелла хIара суна хилла бохам...

- Хаьа суна. ХIинца кхидIа хIун дан ойла ю хьан?

- Ахь пурба лахь, хьох дIаккхета лаьа суна. Сан ден да-нана махках а даькхина, Хонкара дахийтинчу, сан да Сибрех а вахийтина, доьза вайинчу, сан нана ткъе ворхI шарахь хеназа къанйинчу Делан мостагIех бекхам эца!

Зеламха гIайгIане велавелира.

- Тахана Соьлжа-ГIала дIавигнехь, цкъа хьалха масех баттахь набахтехь валлор вара хьо. ТI аккха суьдо вен кхиэл йийр яра хьуна, я ерриг а хьайн оьмарна Сибрех а вахийтина, цигахь лийр вара хьо. Амма Дала къинхетам бина, тахана хьо Iожаллех кIелхьараваьккхина. Тхан дахар а дац цхьа минот а тешам болуш. Iожалла ю, когийн кIажаш хьоьшуш, тIаьхьахIоьттина лелаш. Тхоьца висча а, лаьмнашкахула, хьаннашкахула, шийла, меца, лечкъаш, экха санна, ваьлла лела дезар ду хьан. ТIаккха цхьана дийнахь салташа вуьйр ву я Iедало лаьцна, Сибрех вохуьйтур ву. Ахь I ожалла леха ца еза, хьо вала ца веза, ваха веза. Хьан дай къонахий хилла, цара шайн синош дI аделла нохчийн къоман, бусалба динан маршонан дуьхьа. Церан тIаьхье хила еза, иза яха еза. Цул совнаха, ткъе ворхI шарахь хьо кхаьбначу, кхиийначу хьайн декъазчу ненан ойла ян а еза ахь. Хьол т Iаьхьа дола дан верас воцуш, цхьалха юьсур ма ю иза.

Соипан корта охьабахара.

Зеламха Аюбана а, Абубакарна а тIевирзира.

- Уггар хьалха хIоккхуьнан нене а, Соип-Молле а дIахаийта хIара могаш-маьрша а, кхерам боцуш а хилар. ТIаккха генна лаьмнашка, кхерам боцчу юьрта, вайи хьеший болчу дIавига хIара. Цигахь

хIоккунна хIусамаш а таръе, кад-Iайг, мотт-гIайба, кхин хIусамехь оьшурш а таръе. Уьш дерриг а дIанисделча, хIоккхуьнан нана цига дIайига. ТIаккха хIоккхунна яло зуда лаха. ХIара реза а волуш, хIоккхунна реза а йолуш, ийманехь йолу йоI. Ишттаниг шайна карийча, сихха ялае. Мах бар а, там бар а шиммо а дIалиста. Тховса кхааммо а дика садаIа, кхана Iуьйранна новкъа довла. Кхетий шу?

Аюба а, Абубакара а, резахилла, кортош таIийра.

- Ткъа ахь, Соии, хьо дIатарвинчу юьртара соьгара пурба доцуш цхьа а ког дIа а ма таса.

Кегийрхой, вовшашка а хьаьвсина, бист ца хуьлуш арабевлира. Тийналлехь цхьа висина Зеламха гIайгIанечу ойланаша юха а йийсаре лецира...

4

ТогIи готта йолчохь шина бердан йистошна юьхьигаш хIиттош деккинчу дукъошна тIехула серагех дуьйцина зIараш а дехкина, лаккха айина Хулхулона тиллинчу тIай тIе ваьлча, цхьа масех минотехь тогIица хьала-охьа бIаьрг бетташ сецира Овхьад. ТIай кIелхула сихделла охьауьдура бухара тIулгаш гуш сирла хи. Овхьадана тIехбуьйлуш, гихь а, карахь а тIоьрмигаш, таьлсаш долуш дIаоьхура базарара бухабирзина божарий а, зударий а. Хьалха лаьттачу Дишни-Веданан кешнашна тIехь бIаьрг сецира Овхьадан. Карлабелира ткъе ворхI шо хьалха цигахь хилла буьрса тIом. ХIетахь оьрсийн эскаран яккхийчу тоьпийн хIоьънаша кегдина чарташ хIинца а лаьттара кортош доцуш а, охьадеттаделла а. Доккха са а даьIна, шен чамда схьа а эцна, меллаша гIулч йоккхуш дIаволавелира Овхьад.

ГIамар-Дукъ хадош а изза тIеман шо карладелира Овхьадана. Малх чубуза гергабахча, ЦIоьнтара улло, Кхеташ Корта лома тIе хьалавелира иза. Кхузара дIа бIаьрг тоьхча, цунна хьалха хI оьттира берриг а бохург санна Нохчмохк. Къилбехьа - белгIатойн, даьргIойн, цIонтаройн, гунойн, курчалойн ярташ, малхбузехьа - ялхойн, энакхаллойн, айткхаллойн, бийтаройн, къилбаседехьа - гIордалойн, шонойн, Iаларойн, беноойн, билтойн, гендарганойн, зандакъойн ярташ. И ярташ а, хьаннаш, даккъаш, раьгIнаш а, шен ши пIелг санна, дика евзара цунна. Ткъе ворхI шо хьалха, тIеман бархI баттахь, шелехь-дорцалахь а, дийнахь-буса а, гIаш-говрахь а дукха леллера иза оцу меттигашкахула. Кхузара дIахьаьжча, нийсса дуьхьал го Коьжалк-Дукъ. 1845-чу шарахь нохчийн наибаша коьртачу декъана цигахь дохийнера эла Воронцовн эскарш. Ткъе ворхI шо хьалха Iаьлбаг-Хьаьжас шен кхаа бIе тIемалочуьнца кхаа дийнахь жигара тIом бира цигахь оьрсийн вскарца. Ломана тIелеташ масех батальон салтий а, гIалгIазакхийн дошлойн масех бIо а, царал совнаха, нохчийн, гIалгIайн, суьйлийн, гIумкийн, хIирийн лаамхойн отрядаш а яра. Царна гIо деш яра яккхийчу тоьпийн масех батарей. МостагIчунна даккхий зенаш а дина, кхоалгIачу буса шайн беллачеран декъий а, чевнаш хилларш а кIелхьара а бохуш, оцу ломара дIавелира Iаьлбаг-Хьаьжа.

Кхузара дIа го иза винчу Гати-Юьртара масех цIа а. Овхьадана цкъа а дагара ца долура, ша Iаьлбаг-Хьаьжех дIаккхетча, дас ХортIас а, вокkхахчу вашас Асхьада а хьийзавар, Асхьада шена не Iарна буллу гIуй тохар. Оьрсийн эскарша Гати-Юрт талош а, ягош а салташна хьялхаваьлла лелаш, МIаьчига а, Васала а вийнера Асхьад. ХIетахь пхи бутт баьллера Овхьад цIера ваьлла лелаш. Ваша вийна аьлла хабар деъча, тIамера цIа веъна иза, тезетара а, кертара а араваьkkхира дас. Хьайн мезех буьзна вежарий болчу, Iаьлбаг а, Васалан Юсуп а, МIаьчиган Коьра а волчу дIагIуо аьлла.

ХIетахь къена дара Овхьадан да-нана. Вежарий Асхьаб а, Iабди а, йиша Ровзан а яра. Да-нана дийна хир доцийла хаьара цунна. Оьрсийн-туркойн тIаме вахана Асхьаб дийна цIа вирзиний а ца хаьа. ХIетахь Гати-Юьртара виъ жимастаг вахара оцу тIаме. Товсолта-Хьаьжин Хьуьси а, Борахин СаьIад а, Сатун Солтха а, Асхьаб а. Ровзан а, Iабди а жима дара Овхьадал. Оцу шиннан доьзалш а хир бу. Ткъа Овхьадан зуда а ца хилла. Хир ю ала а ца хаьа. Иштта цхьалха къанлур ву, лийр ву иза. ТIаьхье а ца юьтуш.

Овхьадана дагаеара шена дуьхххьара езаелла йоI, Деши. Овхьадан дуьхххьарлера а, тIаьхххьара а безам. Гати-Юьртахь-м хьовха, цунна гондIарчу ярташкахь а цIеяххана хаза йоI яра иза. Дуткъачу, лекхочу, куьцечу де-гIахь. Когийн хьорканашна тIехIуьттуш еха, юькъа, Iаьржа месаш. Iаьржа бIаьргаш, царна тIехула, цхьана говзачу куьйго лерина дехкича санна, хаза цIоцкъамаш. Аз дара цуьнан цхьа тамашийна кIеда, эсала, хьастаме, ца кIордош, даима дIа ладегIа дог доуьйтуш. ХIокху тIаьхьарчу ткъе ворхI шарахь даима Овхьадан бIаьргашна хьалха лаьттара оцу йоьIан сибаташ, васташ, лерехь декара цуьнан аз.

ХIетахь БуритIахь доьшуш вара Овхьад. Цкъа хьажахIотта цIа веъча, хин коьрте а вахана, йоIе шен дагара дийцира цо. Амма Дешис тIе ца лецира цуьнан безам. Хьо хьал долчу нехан кIант ву, ткъа ша къечу, мискачу нехан йоI ю. Цкъа-делахь, хьан да-нана, нах реза хир бац къечу доьзалера йоI шайн кIантана йига. ШолгIа-делахь, шун хьал а, шайн къелла а цхьаьна йогIур яц, шун кертахь гIарбашан хьолехь яха шена а луур дац. КхозлагIа-делахь, ша а езаш, шена а везаш, ша санна къен-миска Болат ву, элира.

Цхьа а тайпа шалхо йоцуш, шен дагахь ма-дарра цо шега дийцарна, Дешина баркалла а аьлла, хин коьртера дIавахара Овхьад. Цул тIаьхьа дуккха а хан теккира цо, кхачанах а хаьдда, буьйсанна

наб ца кхеташ, кийра батталуш. Дукха хан ялале Болате маре яхара Деши. Цул тIаьхьа цхьана а йоIе безам ца бахара Овхьадан. Я мехкаршца уьйр таса а, сакъера а хан а ца хилира. Нохчмахкахь гIаттам болабелча, цуьнан кIуркIамане нисвелира иза. ГIаттам хьаьшна чекхбаьлча, Гуьржех вахара. ГIаттаман декъашхошна, атталла цуьнан куьйгалхошна юкъахь а дуьненан Iилма хууш кхоъ бен стаг вацара. Берса а, Iуммин Дада а, хIара Овхьад а. Берса цомгаш, къена вара. Дада гIаттаман шийтта куьйгалхочуьнца цхьаьна иркхъоьллинера. Берсас шена тIеккхайкхира Овхьад. Хьо къона а, хьекъале а, Iилма долуш а ву, хьо вайн къомана оьшур ву, Iедалан карагIахь, хI аллакьхир ву, цундела хIокху махкара дIавала, элира цуьнга. Гуьрже-хара шен хьеший болчу дI ахьажийра иза Берсас.

5

Шоьнана а, ТIуртIи-КIотарна а юккъехь, Коьжалка-Дукъахь, малх чубуьзначул тIаьхьа, хьуьнна юккъехула болчу новкъахь Овхьадана хьалха нисъелира гIаш цхьанхьа йоьдуш зуда. Цуьнан белшех кхозуш таьлсаш дара, букар а хьаьвзина, цхьанна гуш боцчу ницкъо ийзош санна, техкаш, гIаж гI ертош, халла когаш бохуш йоьдура иза. Некъ цхьана жимчу ирзо тIе баьлча, соцунгIа а хилла, дI аса а хьаьжна, тIуьначу латта охьахиира зуда. Герга кхаьчча, Овхьадана евзира делкъехь Ведана гIопан кевнехь шена гинарг.

Овхьад тIекхаьчча, зуда цуьнга схьа а ца хьаьжира. Логах хьарчош коьрта тиллина доккха Iаьржа кортали схьа а даьстина, ши тIемаг некха тIехула цо охьахецча, Iаьржачу чухтина бухахула гиччошкахь гучуевлира ло санна кIайн месаш. Юьртана генахь, аккхароша сийсочу хIокху хьуьна юккъехь и къена зуда а йитина, тIехваьлла дIавахар гIиллакхехь а ца хетта, цунна уллохь сецира Овхьад.

- Зуда, хьо лаа лелий садовчу хенахь? - хаьттира цо.

- Лаа ю со-м. КIадъелла, жимма садаIа охьахиъна.

- Гена яха дезий хьан?

- Гати-Юьрта.

- Иза-м генахь ма ю кхузара дIа.

- Тховса Iаьларахь буьйса йоккхур ю ас.

- Со а ву, тховса Iаьларахь буьйса а яькххина, кхана Гати-Юьрта ваха везаш. ТIуьна латта дика дац дегIана. ХьалагIатта, луьйш-олуш, некъ бацбеш, цхьаьний дIагIор вайша.

Зуда, йист ца хуьлуш, хьалагIаьттира.

- Хьо мичара йогIу? - хаьттира Овхьада цуьнга, тахана шена Веданахь гинарг билггала иза юй те хаа лиъна.

- Веданара йогIу со.

- Лаа яхнерий хьо цига?

- Цигахь набахтехь кIант вара сан. Тахана Соьлжа-ГIала дIавиги иза...

Зудчун аз дегийра. Хеттарш ца деш, масех минот ялийтира Овхьада. Цхьадика, хIара суьйре екхна еъна, беттаса а кхетта, новкъахь ког билла хатт кIезиг болуш меттигаш гора. Шиний агIор латтта лекха, юькъа хьун дIатийнера.

- Хьо мичара ю? - эххар а хаьттира Овхьада.

- Гати-Юьртара.

- Цигара хьенан, мила ю хьо?

- Сан да вевзар вац хьуна. Ткъа шо хьалха дIаккхелхина иза. Халид яра цуьнан цIе.

Овхьадана дагавогIу Халид. Къен-миска, оьзда, доьналле къонаха. Цуьнан йоI яра Деши.

- ЦIе хIун ю хьан?

- Деши.

Деши... Овхьадан дуьххьарлера а, тIаьххьара а цIена, боккха безам. ТIаьхьа цуьнан уггар тешамечу, майрачу, оьздачу доттагIчун, бIаьхаллин накъостан Болатан зуда. Болате маре яхначул тIаьхьа Овхьада шен нус, йиша лийрина Деши...

Ткъе ворхI шо хьалхалерчу вастех а, сибатех а лар ца йисина хIинца цунна улло яьлла, халла гI

улчаш йохуш йогIучу зудчун. Деши ши шо жима яра Овхьадал. Хебарша аьхна оза, еха юьхь. Ло санна, кIайн гиччош. Букар хьаьвзина букъ. Хьех чукхетта, кхоьлина, гIайгIане бIаьргаш. Йиш хаьлла, гIоргIа аз. ХIун баланаш, бохамаш бу те хIара хеназа къанйинарш? Болат лаьцна, Сибрех вахийтар-м хаьара Овхьадана. Цигара цIа ца вирзина те иза? КIант лаьцна. Болат дийна хилча, хIара Деши Веданахула кIантана тIаьхьаяьлла лелара ма яцара...

Хьалха воьду Овхьад, саца а сецна, Дешина тIевирзира:

- Со вевзар варий хьуна, Деши?

Деши леррина цуьнан юьхьдуьхьал хьаьжира.

- Ца вевза суна.

- Овхьад ву со, ХортIин кIант.

Юха а цкъа леррина хьаьжча, оцу стеган юьхь-сибаташ, лер а Овхьадачух тера хийтира Дешина. ТI аккха шен карара гIаж охьа а тесна, мара а кхетта, Овхьадан некха тIе корта а таIийна, са уьйзуш, шен дог Iаббалц йилхира иза. Дешин озачу букъах дай куьг я хьоьккхуш, цунна маслаIат дан гIертара Овхьад. Амма Дешина ца хезара цо дуьйцучух цхьа а дош. ТIаккха Овхьад ша а сецира, вист ца хуьлуш. Бераллехь дуьйна хи ца даьлла цуьнан бIаьргаш цкъа тIунделира, логашад хьала-охьа сихбелира, бIаьргаш чуьра комаьршша хиш охьахьаьлхира. Оцу цхьана минотехь цунна хьалха хIиттира къиза тIом, йогу ярташ, бIаьхойн, зударийн, берийн декъий, хьере хилла Iоьху даьхний, угIу жIаьлеш, бIарзделла хьийза адамаш а. Iаьлбаг, Iумма, Берса, Болат, Къайсар, Коьра, Дада. Къена МIаьчиг а, Васал а. Царах цхьа а дийна вац. Байина, белла, Сибрехь доьза байна...

ХIокху декъазчу Дешин санна, Овхьада ткъе ворхI шарахь кийрахь сецош IаьIна къаьхьа бала, кийра буьзна, тIехбеана хьалагIоьртина, легашкара дуьхьало а хадийна, узарщца схьахецабелира. Деши мара а къевлина, шен дагна маршо елира цо. Белшаш егош, гIара йоцуш, тийна вилхира иза. Бераллехь дуьйна, тховса дуьххьара...

6

Овхьадана хатта лууш а, хаа лууш а дуккха а дара. Амма Дешин деган чевнаш ша карзахъяхарна кхоьруш, хеттарш дан ца хIуттура. Йилхина, шен дог а Iабийна, Дешис ша дийцира цунна оцу ткъе ворхI шарахь Гати-Юьртахь хилларш а, лелларш а.

- ГIаттам хьаьшначул тIаьхьа, дуккха а нах лоьцуш, Болат а лецира. Дуьххьара Ведана вигира, т Iаккха Соьлжа-ГIала, цигара дIа БуритIа а вигна, масех баттахь набахтехь валлийра. ХIетахь Соип кийрахь вара сан. Болатах къаьстича, дог а иккхина, со лийр ю моьттура суна. Дийнахь а, буса а наб ца кхеташ, кхачанах а хаьдда, бIарзъелла, кIелйиса йоьлча, кхин хIун дийр ду а ца хиъна, Iелин Iумарца БуритIа яхара со. Цигахь цхьана хIиричуьнга уггар лакхарчу хьаькаман цI арах дехар яздайтира ас, сан дегIаца доьзалхо ву, Болат воцург, сан доладан цхьа а верас а вац, иза къинхетам бай, маршаваккхахьара аьлла. Нагахь санна иза маршаваккха йиш яцахь, цуьнца цхьаьна со набахтехь а йитахьара, Сибрех а яхийтахьара аьлла. Хьаькам чохь волчу цI енойн кевнехь шина дийнахь лаьттира тхойшиъ, и дехар хьаькаме дIадала стаг ца нислуш. Эххар а хьаькам волчу воьдучу цхьана къинхетамечу оьрсичо шега дIаийцира сан дехар. Цхьа сахьт даьлча вухавеъначу оцу оьрсичо элира, сан дехар кхочушдан шен бакъо яц боху хьаькамо аьлла. Иштта, Болатца цхьаьна набахте а ца йитира со, Сибрех а ца яхийтира. Ткъе ворхI шо ду иза Сибрех вахийтина. Дийна ву а ца хаьа, велла а ца хаьа. Ткъе ворхI шо ду кертахь, урамехь адамийн, говрийн когийн тата хезча, хIинца цIа вогIуш вац те иза, я цунах хилларг дуьйцуш хабар дохьуш вогIуш стаг вац те бохуш, аралелхаш, ладоьгIуш со Iаш йолу...

- Дала мукъалахь, Болат цIа вогIур ву, Деши. Делан диканах, Делан къинхетамах догдилла мегар дац. Со ца го хьуна? Сайниш а Iаш хир бу, со велла я дийна ву ца хууш. Суна сайна а ца моьттура со дийна цIа вогIур ву. Дийна а ву, цIа вогIуш а ву. Дела дика ву, ницкъ болуш ву, къинхетаме ву. Хьан дуьхьа, кIентан дуьхьа Дала цIа верзор ву. Сан дуьхьа а. Дела сан дог хууш а, гуш а ву, Деши, сайн вежарел дукха везара суна Болат. Сан дика доттагIа а, дика ваша а вара иза. Болат санна кIентий кIезиг хуьлу дуьненахь. Дала ларбо иштта кIентий. Ткъа тахана дуьйна дIа хьайн дола дан ваша вац алий дага ма дайиталахь ахь а. Вай вовшех къастталц ас хьайх йиша алар дицделлий хьуна?

- Ца дицделла, Овхьад. Хьо волуш, цкъа а сайн ваша вац аьлла дага а ца догIура суна. Болатана санна, оцу ткъе ворхI шарахь хьуна са а гатлора. Далла бу хастам, хьо мукъана а дийна цIа вогIу. ХIинца даг тIера ах бала дIабели суна.

Наггахь цаьршиннан некъ хадош, хьалхахула чеккхлелхара цхьогалш. Юкъа-кара хьуьн чохь бухIа ека а хезара. КIадъелла Деши, шен дагара ца хоуьйтуш, гIаж гIертош, хьалхахьа дIагIертара. I аьлара дIакхача масех чаккхарма некъ бисча, некъа йистерчу шовданна тIеккхечира и шиъ. Шовданна гонаха юьйцина йина лохха керт а, арахьа охьайиллина кхо-диъ дол попан гуьйриг а яра . Дешига жимма садаIийта, цигахь сецира Овхьад. Шен чамди чуьра схьаэцна баьпкан юьхк а, нехча а гуьйриг тIе охьа а еккина, кертах кхозучу кхийран зоки чохь хи деара цо.

- Охьахаал, Деши. Хьо мацъелла хир ю. Вайша Іаьлара дІакхаьчча, сихха хьалха билла кхача кечбина Іаш хир бац вайшиннан гергара нах. ХІара кхача бекъа белахь а, кхалла хьажахьа.

Дешис шега шозлагІа ца алийтира. Баьпкан юьхках а, нехчех а пІелгашца кІез-кІезиг йоккхуш, меллаша Іийша юьйлира иза.

- Ша лацале хьалхарчу буса деха, лерина къамел дира соьга Болата. Тхо гуттаренна а вовшах къаьсташ дуйла хиъна хир дара цунна. Ша жима волуш Шелахь Соип цІе йолуш доттагІа вара шен бохура цо. Хонкарахь мацалла леш йоллучу шен нанна кемсийн кан баккха, буса туркойн беша ваьлча, цара къиза вкйна хиллера иза. Нагахь тхойшиннан кІант хилахь, цунна Соип алий цІе тилла, йоІ хилахь, шен ненан Хедин цІе тилла аьлла тІедиллинера цо суна. Болат лаьцначул тІаьхьа Соип дуьненчу велира. ТІаккха ши шо даьлча нана, цул тІаьхьа пхи шо даьлча да дІакхелхира. Хьуна ма хаьа, сан ден, ненан со цхьа йоІ бен, кхин бер цахилар. И шиъ дІакхелхича, верас воцуш, гІаж санна, цхьана йисира со. Шелара Болатан гергара нах тхойша цига дІадига гІоьртира. Суна ца лиира. Шичой-маьхчой бацахь а, сан гергара нах Гати-Юьртахь ма бара. Болат а цигахь кхиънера. Гатиюьртахоша дика дола а динера цуьнан. Аьрзун, Іелин, Маккхалан доьзалех шен йиша-ваша а тардина Іийнера Болат. Цундела, уггар хьалха, царах къаста а ца лаьара суна. Іелин кІанта Іусмана а, Аьрзон кІанта Мохьмада а керт-ковхь гІо дора суна. Кха а охура, ялта чудерзош, докъар кечдеш, цІа дохьуш, дечиг дохьуш, кхин деш а гІо дора. Ша воккха хилча, Соипа и гІуллакхаш шен кара лецира. Делахь а, мел къахьегарх, ког метта ца хІуттура тхойшиннан. Зуда яло таро ца хуьлуш, хенал тІехвелира Соип. ХІора шарахь Теркал дехьа гІалгІазкхашна йолах болх бан боьлхура вайн эвлара цхьа нах. Шина-кхаа шарахь болх бича, бахам а тарлора церан. Соипана цаьрца ваха лаьара. Со дуьхьал хуьлура. Цхьаъ бен воцу кІант цига вахийта кхоьрура. И сан кхерар эрна ца хиллера. Эххар а пурба делира ас цунна. Юьртара а, гондІарчу ярташкара а нах боьлхуш хилча, Делан кара а велла, вахийтира. Цхьана-шина шарахь болх бича, мотт-гІайба а, кертахь кхин оьшург а эца, зуда яло а аьтто хир бац те аьлла. ГІаддайна вахийтира. ТІаккха со кхийринарг хилира...

Шозза-кхузза цхьакІеззиг бепиг а, нехча а кхаьллина, йисинарг Овхьаде дІакховдийра Дешис. - БІаьстенан юьххьехь дуьйна гуьйре шелъяла йоллалц, ворхІ баттахь, дийнахь а, буса а бохург санна са ца доІуш болх бира Соипа цигахь. Іа герга гІоьртича, цІа ван ойла хилла, гІалгІазакхичуьнга шена йогІу ял схьаехна хиллера цо. Амма гІалгІазкхичо, цхьа сом а ца луш, боьха яппарш йина, кертара араваьккхинера. Хьуна махаъара, Болат Іаламат собаре стаг вара. Соип дега ца хьаьжнера, цІий сиха вара. Буьйса тІеккхаччалц юьрта йистерчу эрзалахь лечкъина а Іийна, адамаш набарна дІатийча гІалгІазкхичун керта а вахана, юха а шен ял схьаехнера цо. И гІалгІазакхи Соипаца галвалаpaн цхьа бахьана хиллера. Хьялхарчу буса цуьиан рагІу кІелхьара говраш йигна хилла нохчаша. Оцу къоланна Соип бехке веш хилла цо. И къуй ахь тІехьехна, хьо церан декъашхо ву, бинчу балхана ял-м муххале а лур яцара хьуна, ша Іедале дІа а велла, Сибрех вохуьйтур ву хьо, бохуш. Иза шена нанна хьежош, яппарш ян воьлча, шаьлта тоьхна иза охьа а виллина, ведда цІа веънера Соип. ГІалгІазкхичунна Соипан цІе а, ден цІе а, Гати-Юьртара вуйла а хууш хилла. Ткъа и къена гІалгІазкхи, Іедало лоруш, воккха элсар хилла боху. Цо сихха цигарчу Іедале дІахаийтина, ша йолах лаьцна нохчо, къуй а балийна, шен говраш а йигийтина, шаьлта тоьхна ша охьа а виллина, дІадиллинчуьра шайн бІе туьма ахча а лачкъийна, ведда аьлла. Цигарчу Іедало Ведана хаам бинера, тІаккха Веданарчу пурстопа, тражникаш балош Гати-Юьрта а веъна, дІавигира Соип. И нохчийн къуй а, талорхой а бахьана долуш, бехк-гуьнахь а доцу, хьанала къахьоьгуш волу, цхьана волу цхьа кІант хІаллакьхили-кх сан. Ткъа Соипа гІалгІазкхичун ахча лачкъийна бохург а бакъ дац. Ишттаниг ца дан, тхойшиъ ший а мацалла долуьйтур дара цо. Кисанахь шай а доцуш цІа веънера иза. Тахана Соьлжа-ГІала дІавиги... Наха тайп-тайпана хабарш дуьйцу. Оцу чевнах и гІалгІазакхи велла а боху, ца леш, сакхат хилла висина а боху. Иза веллехь, Соипана вен суд йийр ю, дийна висинехь, итт шо хан а тоьхна, Сибрех вохуьйтур ву а боху. ГІалгІазкхи дийна висинехь, цхьа дико аблакат хилча, суьде хан ца тухуьйтуш, цо кІелхьаравоккхур вара бохуш а дуьйцу. Суна аблакат а карор ма вац, карийча, цунна дала ахча а ма дац сан. ХІокху ткъе ворхІ шарахь айса лайначу баланашка ладоьгІча, хьер ца йолуш я дог иккхина ца леш, со д Іалелаш хиларх цецъюьйлу... ХІинццалц Соипана тІеюьтура со. Тахана тІе а ца йити, ас баьхьна кхача дІа а ца балийти. Азвелла, гІелвелла, корта а, маж а даьлла, ца вевзачу ваьллера...

- Ас мел маслаІаташ дарх, ненан дог Іийр дац кІантана са цл гатдега. Амма ас тешам боллуш цхьаъ олу хьоьга. Тахана дуьйна дІа хьан а, Соипан а дола дан со ваша ву хьан. ХІокху махкахь уггар тоьлла адвокат а карор ву суна, цунна дала ахча а хир ду. Юьртахь ши-кхо де а даьккхина, Соипан гІайгІа бан аравер ву со. Нагахь санна и гІалгІазкхи дийна висинехь, хан ца тухуьйтуш, цІа валор ву Соип, иза веллехь, уггар лахара хан а тухуьйтур ю. Дала мукъалахь, и гІалгІазкхи велла а хир вац, Соип цІа а вогІур ву. Соип Делан кара лур ву вайша, ткъа ас сайн ницкъ кхочу бахьанаш лелор ду. Варийлахь, Деши, цунах хьайна бала ма белахь, Деле хьайна собар дехалахь. ГІийлачу адамех къинхетам беш ву хьуна Иза, Соип хьуна цІа вало ницкъ болуш а ву хьуна Иза.

- Ахь дуьйцучух теша со, Овхьад. Уггар сан де доьхначу дийнахь, дог эккхал, хьер яллал со бІарзъеллачу дийнахь, орцахвала ваша воцуш со цхьа йисинчу дийнахь суна тІе ваша кхачийначу Дала, сан кІант шен декъазчу нанна вуха а лур ву. АлхьамдулиллахІ, хастам бу-кх ницкъ болчу, къинхетамечу, комаьршачу вайн Далла. Цо динчунна реза ду-кх вай, Цо собар а лур ду вайна. ХІинца со паргІат ю хьуна, сан ваша...

Пхьуьйра хан хила гергаяхча, цхьана гу тIе и шиъ хьаладаьлча, цаьршинна хьалха гучуелира Яьсси хин аьрру йистехь, лекхачу берда тIехь, нийсачу меттехь яьржина Iуьллу Iаьлара. Юьртахь чиркхийн гIийла серлонаш а, тхевнашна тIехула нийсса хьалаоьхуш кIуьраш а гора.

Овхьада доцца дийцира Дешина дIадахначу ткъе ворхI шарахь шен хиллачу кхолламах. И беха некъ беш Овхьада шайн доьзал а, гергара нах а ца хаьттира, ткъа Дешис уьш а ца хьахийра. Дешис уьш ца хьахийча, Овхьад шеквелира, шен доьзалехь сингаттамаш хиллий те аьлла. Iаьлара чукхачале цунах дерг хаа лиира Овхьадана.

- Тхайчарах белларш-биснарш а муьлш бу, Деши? Деши йоьхна хьаьвзира.

- Дийцал ахь, бохамаш хилаза цхьа а вац, массарначул а тIех хьуна хилла.

- Делахь, Овхьад, юьртах а, махках а, халкъах а ваькккхина, халонаш-баланаш а лайна цIа вогI учу хьан тIе а дог Iовжо ца лууш ма Iийра со-м. Ас хIинца цадийцарх, кхана хьуна хьайна а хуур ду дерриг а. Iожалла Делера ю, Цо кхоьллина массо а са дала дезаш ду, дийна виснарг шен де тIекхаччалц, собаре а хилла, ваха везаш ву. Хьан да-нана дIакхелхина. Асхьаб туркойн тI амера цIа ца веъна. Хонкарахь вийна, цигахь дIавоьллина иза.

Да-нана дийна хир доцийла-м хаьара Овхьадана. Иза царах дIакъаьстинчу хенахь цаьршиннан кхузткъе итт сов шераш дара. Ткъа Овхьадан ваша Асхьаб хIоккул кхо шо бен воккха ма вацара. Дех а, Асхьадах а тера а воцуш, догцIена, къинхетаме, оьзда ваша ма вара иза. Да а, Асхьад а хТоккунна дов дан воьлча, даима а Овхьадехьа гIо ма доккхура цо. Нана а, Асхьаб а дац аьлча, дог Iаьвжира цуьнан.

- Ровзан а, Iабди а долуш ду. Шиннан а доьзалш а бу. Маре бахана йоьIарий а, зударий балийна кIентий а бу. Верийн бераш а ду. Ткъа хьо цIахь воцуш дуккха а нах белла юьртахь.

- Iабди хIун деш ву?

- Шун дех йисина туька жима а хетта, кхин йоккха туька йина цо. ХIокху агIор цхьаьннан а яц ишта йоккха туька. Оьрсийн махкара тайп-тайпана товар а дохьу цо шен туькана. Iедало дика лоруш а, хьаькамашца гIуллакх догIуш а ву. Юьрта баьхкина хьаькамаш цуьнан хIусамехь совцу.

- Асхьабаца тIаме бахнарш цIа баьхкиний? Уьш дийна буй? Товсолтин Хьуьси а, Борахин СаьIад а, Сатун Солтха а?

- Сатун Солта кхузахь тIом болуш цIа ма веънера. Туркошца тIамехь пхьарс а баькккхина. Иза а велла. Важа шиъ волуш ву. СаьIад юьртда, Хьуьси юьртан къеда ву.

- Iелин а, Аьрзун а кIентий болуш буй?

- Iелин воккхахволу кIант Iумар вац. Нах леца юьрта тражникаш баьхкича, вада гIоьртича, вийра иза. Iусман ву. Аьрзун Мохьмад дукха хан йоццуш япон тIаме вахана. Иза а, Аьрсамирзин Эламирза а, Солтхин Солта а. Аьрру пхьарс а баькккхина, цигара цIа веъна Солта.

1877-чу шарахь оьрсийн-туркойн тIом болабелча, оцу тIамехь туркошна дуьхьал тIом бан Къилбаседа-Кавказерчу къаьмнех бIаьхаллин дакъош вовшахтуьйхира паччахьан Iедало. Кхечу къаьмнашна юкъахь дика чекхделира и гIуллакх. Нохчех ши полк вовшахтоха езара, амма кхузахь цхьа полк вовшахтоха а нах ца тоьура. ТIаме воьдучу стеган шен герз а, говр а хила езара. Ткъа къехойн иза а, важа а дацара. Цига баха луучарна ял а кхайкхийра Iедало, йолах баха луурш а кIезиг карийра. Масийтта шарахь шайна дуьхьал тIом бинчу, шайн ярташ ягийначу, шайн халкъ ах хIаллакдинчу, дийна бисинарш къизачу Iазапехь латточу оьрсийн паччахьан гIуллакхана тIаме баха а, лата а, бала а ца лаьара къехошна. ТIаккха и полк вовшахтохар хьолахошна тI едиллира Iедало. И полк вовшах ца тохахь, Iедалерчу гIоьне а, къинхетаме а догдохийла хир йоцийла а, даржашкара дIабохург хилар а хаийтира. Кхерабеллачу нохчийн хьолахоша

шайн кIентий а, шайн харжах къехойн кIентий а бахийтира оцу тIаме. Гати-Юьртара виъ жимастаг вахара цига. Товсолта-Хьаьжин Хьуьси а, Борахин СаьIад а, ХортIин Асхьаб а, Сатун Солтха а. Шен доьзална даа рицкъа латто ницкъ а ца кхочуш, къен-миска стаг вара Сатун Солтха. Юьртарчу хьолахоша шена делла ахча шен доьзална а дитина, церан герзаца, говраца тIаме вахана иза, кхо

бутт баьлча цхьа пхьарс боцуш цIа веара. ХIинца оьрсийн-японцийн тIаме а бахана Гати-Юьртарчу къехойн Аьрсамирзин а, Аьрзун а кIентий. Уьш хIунда бахана те

аьлла, хаьттира Овхьада.

- Оцу тIаме баханчарна Iедало ахча делла бохуш дуьйцура наха, - элира Дешис.

Овхьада ойла йира. Цунна дагаеара дIадаханчу шарахь ша ешна Энгельсан «Германин арахьара политика» цIе йолу статья. Цу тIехь Энгельса нажжаз бора, хIокху тIаьхьарчу кхузткъе итт шарахь кхечу пачхьалкхийн паччахьийн йолахой а, чаьлтачаш а хилла, шайн маршонехьа къуьйсучу европейски халкъийн цIий Iенош лела немцой. Цара деш дерг дерриг а немцойн къомана доккха иэхь лорура Энгельса. Ткъа хIинца нохчий а бевлла Энгельса нажжаз бинчу новкъа. Дуьхьхьара

оьрсийн-туркойн тIаме бахара. Бусалба туркошна дуьхьал тIаме. Оьрсийн паччахьо, оьрсийн эскарша нуьцкъах махках баьхна шовзткъе итт эзар нохчий - зударий а, бераш а, къенаниш а тIелаьцна, царна туш деллачу бусалба туркошна дуьхьал. Шайн чаьлтачана, оьрсийн паччахьана бохкабелла, цуьнан йолахой а хилла. Шайн дай, наной, йижарий, вежарий байинчу оьрсийн салташна улло а
хIиттина.

Асхьаб цига воьдуш, Овхьад дуьхьал вара. Амма Овхьаде ла ца дуьйгIира ХортIас а, Асхьада а. Хьолахойн кIентий цига боьлхуш хилча, вайн доьзалера а цхьаъ ваха веза бохура. Асхьад вохуьйтийла дац, керт-ков, бахам, туька а цуьнан яьIнн тIехь ю, цуьнан зуда а, бер а ду бохура. Овхьад жима ву, доьшуш ву, дешар чекхдаккха дезаш ву, бохура. Асхьаб зуда ялоза вара. Иза д Iахьажийра туркойн т Iаме. Хорт Iин а, Асхьадан а сутаралло, къизалло х Iаллаквина Асхьаб. Хийрачу махкахь Iожалла хилла, хийрачу махкахь лаьттах воьллина. Хьенан дуьхьа, стенан дуьхьа? Шен халкъан мостаг Iчун оьрсийн паччахьан дуьхьа, Россин хастаман дуьхьа.

ХIинца оьрсийн-японцийн тIаме а бахана нохчий. Шиний агIонгахьара харцонан тIом ма бу иза а. Россис а, Японис а къуьйсург я оьрсийн а, я японцийн а латта ма дац. Цигахь бехарш я оьрсий а, я японцаш а ма бац. Самг къуьйсуш лета меца, сутара ши жIаьла ма ду и шиъ. Ткъа оцу девнехь оьрсийн жIаьлехьа гIодаккха, лата, бала бахана нохчий. Къелло бигна-кх. Амма къелла а, мацалла а шаьш леш хилча а, баха ма ца безара уьш цига. Нохчийн гIуллакх ма дац оьрсийн, туркойн, японцийн, кхечеран а девнна юкъагIерта, шайн а, кхечеран а цIий Iено. Нохчийн къам декъаза, жима къам ма ду. Тоьар ма ду цуьнан хIаллакьхилар. Цо лайна халонаш, баланаш, бохамаш. Иза ша лардала ма деза керлачу баланех, бохамех. Иза ша ца ларлахь, цунна тIе бохам беъча, цунна орцахдала, цунна гIо дан, цунах къахета, дог лаза дуьненахь цхьа а къам ма дац. Хилла а дац, хир а дац.

Ойланаш йора Дешис а. ДIадаханчу ткъе ворхI шарахь а, тахана а шен синтем байина ойланаш. Уьш Овхьаде ялхийра цо.

- Делхьа хаац суна-м, Овхьад. Наха дийцарехь, шен маршонехьа, нийсонехьа къуьйсу бохуш, масех бIе шарахь тIом бина вайн къомо. Сан дас а, дедас а, цуьнан дайша а. ТIаьххьара а Iаьлбаг-Хьаьжа имам ваьлча, ша къанвелла кIелвисча, герз кара ца оьцуш Iийра сан да. Со-м зуда ю, соьгахь-м хьекъал а дац, хIетте а дакма а дIа леташ, тIом беш, хIаллакьхуьлуш хила деза вай? Мичахь ю цаьргахьа къуьйсуш, нохчийн къоман масех тIаьхье хIаллакьхилла и маршо а, нийсо а? Яц иза. Хьалха дIа бIаьрг тоьхча, гуш а яц. ХIун хилла оцу маршонехьа, нийсонехьа къийсинчу вайн юьртахойх? Вайна бевзинарш а тIаьхье йоцуш байна. Аьрзу Хонкарахь вийна, цуьнан кIант японан тIаме вахана, цигара дийна цIа воьрзур вуй а хаац. Iела Сибрехь вайна, цхьа кIант вийна. МIаьчиг а, цуьнан кIант а тIамехь вийна, тIаьхье йоцуш вайна. Болатан да Хонкарахь велла, Болат Сибрехь вайна, Соип а цунна тIаьххье дIавахийта новкъа ваьккхина. Бийца дукха бу уьш. Жимачу вайн юьртахь а оццул хилча, яккхийчу ярташкахь, ерриг а Нохчийчохь мел дукха хир бу уьш. Ткъа и божарий тIамехь байича, я Сибрех бахийтича, дола дян верасаш боцуш бисина жоьра зударий, буобераш, къенаниш, заьIапхой? ТIамо цIеэнош дагийна, бахамаш хIаллак а бина, чуберза хIусамаш йоцуш бисина эзарнаш, бIе эзарнаш доьзалш? Тхуна, наношна, тIом ца оьшу. Оха тIамехь дайийта деш ма дац бераш. Даха деш ду. Къам дебо, къам кхио. Къанделла кIелдисча, тхаьшна гIортор, гIовла хилийта. Дай, вежарий, майранаш, кIентий тIамехь байича, оха, наноша, зударша хIун до хIокху дуьненахь даьхна? Тхоьга ларлур юй къомаи маршо, бусалба дин? Болатал а, Соипал а тIаьхьа суна маршо а, нийсо а ма ца оьшу. Дуьне а ма ца оьшу. ХIетте а кхета, хьекъале бахка дагахь а бац нохчий. ХIара тIаьххьара цхьа ткъе итт шо лаьттинера тIом боцуш, наной ца белхош, машаре. Цул хьалха шаьш лайна халонаш а, баланаш а, шайна хилла бохамаш а, дерриг а дицдина, юха а изза къематде хIотто, тIом боло гIерташ карзахбевлла нохчий. ХIокху аьхка Нохчмахкара цхьацца ярташ Iедална дуьхьалъевллера. Шаьш паччахьан Iедал дIадоккку бохуш . Цига далийначу эскарша тIе яккхий тоьпаш йитти царна. Нах лийци. Кхета, хьекъале а, имане а бахка дагахь а бац нохчий. Массанхьа а къоланаш, талораш. Вайн жимачу юьртахь а барт бац. Масех тобане а бекъабелла, вовшийн мостагIий а хилла, жоьжахатахь санна хан токкхуш бу. Иэхь-иман а, яхь-оьздангалла а, къинхетам а бохурш дIадевлла. Хаац, нагахь санна кхин имане, хьекъале ца дагIахь, дуьне а, эхарт а декъаза хир ду-кх вайн къоман...

* * *

НОХЧИЙН ОКРУГАН НАЧАЛЬНИКАН
ПОЛКОВНИК БЕЛЛИКАН
ОМРИЙН ЖУРНАЛА ТIЕРА

1857 шо. 29 август. № 18.

Аш ярташка балийна молланаш го суна. Царах цхьаболчарна йоза-дешар ца хаьа, шайн декхарш а ца хаьа, тIехула тIе данне а хьекъал а дац церан. ХIетте а юьртдайн гIуллакхашна юкъа а гIерта уьш.

1857 шо. 13 сентябрь. № 21.

Зуламхо, къу Iедале дIавийцар а, суьдехь цунна тошалла дар а иэхь лору нохчаша, ткъа къола, талор, кхидолу зуламаш дар иэхь ца лору. Цундела нохчашна юкъахь ун хилла даьржина къоланаш,

талораш, кхидолу акха гIиллакхаш а, гIуллакхаш а. Мелла а низамечу цхьана пачхьалкхехь и тайпа акха гIиллакхаш лелаш цахилар дIахоуьйту ас халкъе. Оцу пачхьалкхашкахь, кхетамечу къаьмнашлахь муьлхха а зуламхо Iораваьккхина, Iедале дIавийцина, суьдехь цунна тоьналла дина стаг халкъо лоруш а, сий деш а ву. И шайн акха гIиллакхаш а дитина, дуьненарчу массо а пачхьалкхаша, массо а къаьмнаша тIелаьцна кхочушдо законаш а, гIиллакхаш а аш лерахьара, кхочушдахьара, шуна юкъахь къоланаш, талораш, кхидолу зуламаш а хир дацара.

1858 шо. 25 февраль. № 13.

Халкъе дIахаийта зуламийн зама дIаялар, къоланаш, талораш, кхидолу зуламаш дечарна таIзар а деш, хьанала къахьоьгуш, Далла хастам а беш даха дезар.

Нохчий! Шуьгахь хьекъал а ду, шун могашалла а ю, шун дика латта а ду, аш болх бахьара, хьанала къахьегахьара, шу хьоле, шун дахар ирсе хир дара.

Наибаш, юьртдай, къаной! Сан дехар ду шуьга. Шу халкъо лоруш нах ду. Паччахьан лаам халкъе дI акхачо а, халкъ цунах кхето а декхар ду шун. Къоланаш, талораш, кхидолу зуламаш а дитина, вовшашца девнаш а дитина, нохчийн халкъ хьанала къа а хьоьгуш, бертахь, машаре даха лаьа паччахьана.

...Оьрсашца машар цахиларе кхойккучу молланийн хьехамаша доккха зулам до нохчийн халкъана.

1859 шо. 14 январь. № 6.

ГIуларой! Шуна юкъахь ши стаг ву шуьга Iедална, хьаькамашна муьтIахь цахиларе кхойккхуш; чIогI а а, дукха а маьхьарий хьекхарна, аш хьекъале а, Iелам а лоруш. Аш цаьрга лерина ладоьгIча, и шиъ мел воккха ши Iовдал а, зуламхо а ву хуур дара шуна.

1860 шо. 7 январь. № 1.
Къушна гIожмаш тухуш ас таIзар дайтарна нохчий реза бац бохуш хезна суна. Цхьа а таIзар а ца деш, маьрша буьтийла ма дац уьш. Цундела наибашка омра до ас: ярташкахь халкъ гулдай, хатта, къушна гIожмаш а тухуш, таIзар дан лаьа шуна я уьш Сибрех бахийта лаьа шуна? Халкъана луъург суна тIеккхачаде.

IV. БУЬЙСАНАН ХЬАША

Буьйса. Некъо валий со кху эвла.
Диллинчу корах схьайогу серло.
Кхуьнга сатуьйсуш геннара веъна
Со льатта, ладоьгIна гIовгIане...

М. Мамакаев

1

Эзар исс бIе пхоьалгIачу шеран чиллин шийлачу буса Гати-Юьрта вуьйлира цхьа некъахо.

Бутт гIушлакха баьллера. Куьйга дIасакхийсича санна, стиглахь даьржинчу седарчаша серладаьkkхинера лайн кIайчу шаршуно хьулдина Iалам.

Ханйоцчу хенахь бесачу урамехула воьдучу некъахочо безза ког бокkхура. Хеталора, цуьнан когарчу йомеш летийначу, тишачу, яkkхийчу валенкаша иза юха а озийна, аркъал охьатухур ву. ГIорийначу валенкаша а, цо льатта луьйзучу шогачу гIожо а, ког мосазза боккху цIийзачу лайн гIовгIано а, наггахь тухучу екъачу йовхарша а меттахъхьедора шиний агIор керташкара жIаьлеш. Амма уьш, шаьш Iоkkуш йохйина меттиг а йитина, ураме довла мало еш, дегаза жимма багош а тухий, дIатуьйра.

Букар хьаьвзина воьду некъахо, ураман некъаш къаьстачохь я морзахдовлучохь соций, шен дегI а нисдой, гонаха бIаьрг бетташ, цхьана ханна хIуттий льаттара, тIаkkха доkkха са а доkkхий, шен ги теснача стоммачу гатанан тIоьрмиган доьхкарш белшашкахь нисдой, меллаша дIаволалора. Юьрта юkkъе мел гIоьрти лагIлора цуьнан болар, сецар а дукха хуьлура.

Эвла юkkъерчу рузбанан маьждигна тIенисвелча, буйна къевлинчу хьозанан санна, чехка тохаделира цуьнан дог. Говзачу куьйгаша цистина тIулг нийса хьажош доьттина хIара маьждиг а, лаkkха хьалаяхана момсар а бодашкахь лехнера цо, ша юьртана герга гIоьртича. Амма бIаьрса гIелделлачу цунна генара ца гира уьш, ша царна тIеIоттаваллалц.

Маьждиган майданара дIасадоьлхучу некъашка бIаьрг а тоьхна, тIаkkха дуkkха а тилавелла леллачул тIаьхьа некъ карийначу стагах тера, цIеххьана ша льаттачуьра меттахваьлла, царах цхьана новкъа дIаволавелира иза.

Шина агIор тIеkkхозаделлачу бIарийн дерзинчу дитташна кIелхула болчу урамехула хьалавоьду некъахо, цхьа-ши бIе гIулч дIавахча, гу тIехь хIоттийначу шина чуртана тIеkkхаьчча, жимма сецира. Кошан барз боцу улуллохь долу и ши чурт Сибрехь я Хонкарахь докъаза байначеран безамна доьгIна хила тарлора. Царах цхьаннах букъ а товжийна, вехха льаттира некъахо. Кхузара дIа цунна, кераюkkъехь Iуьллуш санна, шера гора ерриг а юрт. Генна, лаха чуьра схьа къорра хезара чеkkхачу Яьссин гIовгIа. Дехьо юkkъехь цхьа нIаьна кхайkkхира. Дукха хан ялале шозлагIа екачу котаман гIовгIано дуьзира хIаваъ.

«ХIокху юьртахь, и гIийла серлонаш къегачу цхьана цIенош чохь бийшина Iоkkуш хир бу сан кIентий. Айза а... КIентийн бераш а...», - ойла йира цо.

Некъахочун дог тохаделира, кхоьлина юьхь гIийлла екхаелира, кIадделлачу дегIе цIеххьана ницкъ беара.

Чехkkа волавелла, Iинца хьала а вахана, лакха маьIIехь, бIарийн къеначу дитташна кIел сецира иза. Гонаха керт йоцуш, дIатесна беш гича, тIепаза дайра масех минот хьалха цуьнан даг чу иkkхина воkkхавер. Леррина гонаха дIаса а хьоьжуш, бодашкахь цхьа хIума лоьхура цо. Цуьнан сецар а, лелар а дегIах цIе хьаьрчина хьийзачу адамах тарлора.

Дуkkха а иддачул тIаьхьа бешан малхбузе маьIIехь, льаттах дикка хьалаайбелла къаьстачу борза тIехь сецира иза. И барз мацах цкъа кхузахь хиллачу цIенойх йисина херцораш яра.

Оцу борза тIе а хIоьттина, гонаха гIийлла бIаьрг беттара цо. Амма цунна ца карадора ша лоьхург, шен доьхначу дагна там беш цхьа а билгало. Цхьаьннан чIир кхобуш санна, гIайгIане цуьнга хьуьйсура наха генаш хедийна, заьIап дина бIарийн къена дитташ. ЦIенойн херцорех хIоьттина барз а, гонаха кертан хIоз боцу хIара беш а дIатийсинчу ширчу кешнех тера хетара. Муьлххачу стеган даг тIе сингаттам тосур болуш дара хIинца цунна гуш долу сурт.

Дийнан серлонехь некъахочуьнга хьажначунна гур дара цуьнан аьтту бIаьрган цIоцкъамна тIехула ирачу герзо йинчу чевнах бисина беха цIен муо, кIез-кIезиг кIайлуш, кийра хьаьвзинчу, цунна шений бен ца хуучу балано кхоkkийна бIаьргаш, его чIениг.

Некъахочо, стигла хьала а хьаьжна, сийна пхенаш тIедевлла озий куьйгаш хьалалецира.

- ХIай, тхан ницкъ болу, къинхетаме, сийлахь Дела! Хьуна хаьа-кх ненан кийрара дуьненчу ваьлчахьана ас лайна халонаш, баланаш. Къанвелла, дегIера ницкъ а иэшна, со кIелвисинчу хенахь, ас хIинццалц лайна халонаш, баланаш бицбеш, керлачаьрца со зен воллу те Хьо? Мичахь бу те ткъе берхIийтта шо хьалха ас кхузахь битина сан доьзал? Йиша-вешех а, доьзалх а ваьлла, цIа-цIе а доцуш, къанвеллачу хенахь, гIаж санна, цхьалха висина со гуш ву-кх Хьуна. Со хьанна

хьашт хир ву те, со хьан тIелоцур ву те? Ялхитта шарахь тIеман цIергахула со чекхвуьйлучу хенахь Ахь Iожалла йинехьара сан... Хонкаран махкахь вешина уллохь Ахь Iожалла йинехьара сан ... Я генарчу, шийлачу Сибрехь, сан накъостийн санна, сан Iожалла хилийтинехьара Ахь... Нагахь санна керла, тIе а къаьхьа баланаш Iийша Ахь со ларвинехь, тховса Iожалла лохьа суна, хIай ницкъ болу Дела...

Мохь тоьхна цо болийна кхайккам, тIаьхь-тIаьхьа лахлуш, шабаре белира. Кхоккийначу бIаьргашна чуьра юьхьанца къорра ледда хиш, дуьхьало хаьдча санна, хецаделира. Хеталора, цуьнан хIора дош, къамкъаргехь кхеккаш, дуьхьалонаш кегъеш арадолу. Воккхастаг кхойккура. Мохь бетташ а, шабарщца а, дуккахдерг бIаьргашца дехарш деш а. Амма цуьнан кхайккамна жол ца хезара. Воккхастаг дIатийра, амма ца тийнера цуьнан кийрахь хьере деттало дог. Иза десташ, эккха доллуш санна хетаделла, некхах катуьйхира цо.

Цунна шен кийрара кхагаран хьожа йогIура. Иза воьлхура. Воьлхура, шена гонаха дерг а, ша дуьненахь хилар а дицделла. Иза хIинца ойланца генна бералле дIавахнера.

БIаьрхиша дуьхьал бода хIоттийначу цуьнан бIаьргашна хьалхахула, хиэ текхо чалх санна, цхьацца-шишша дуьйлуш, чекхдуьйлура цуьнан дахаран ирча, къаьхьа денош…

2

...Кхузткъе кхойтта шо хьалха ккузахь, хIинца иза тIехиъна Iен пенийн херцорийн барз болчохь, тIе латта тесна тхов а болуш, лохачу, кегийчу цIенойн мискачу хIусамашкахь бехара цуьнан ден Абубакаран жима доьзал.

Амма хIетахь дуьнена валазчу Iелина ца доьгIнера шен да а, иза чохь ваьхна цIенош а ган. I аьржа Iожалла йохьуш, нохчийн ярташ сийначу цIарах ягош, Яьссица хьалаволавеллачу инарлин Розенан яккхийчу тоьпийн татано цхьана дийнахь дохийра гатиюьртахойн машаре дахар. Iелина ца хезира оцу яккхийчу тоьпийн хIоьънаша юрт отуш, цIеран меттанаша цIенош хьерчош а, ца хезира цIеххьана оцу къематдийно хьере динчу дохнан акха Iехар а, жIаьлийн угIар а, ца гира урамашкахула Iоккучу декъашна кIелхула юьйлаелла цIийн Iовраш а. Цунна ца хаьара хIумма а. Иза оцу дийнахь шен ненан кийрахь вара, ткъа цуьнан нана юьртарчу кхечу зударшца, берашца цхьаьна оцу къематдийнах едда, цу орцахь, юькъачу хьаннийн хотийн кIоргехь лечкъина Iара. Ненан кийрахь Iуьллучу цунна ца хаьара шен да а, дейтта шо долу ваша Лоьма а йогучу юьртахь мостагIех леташ вуйла а, ткъа и шен нана, пхи шо кхаьчна Аьрзуй, цул йоккха гаи йоIIий мара а къуьйлуш, важа зударий санна, юьрта са а диллина Iаш юйла.

Цул тIаьхьа масех шо даьлча бен ца хиира, оцу буса байинчеран декъий дохьуш орца бухабевллачу юьртахоша майрачун дакъа а, чов хилла Лоьма а шена хьалха охьавиллича, шийла мохь баьлла охьайоьжначу нанас ша хеназа дуьненчу ваккхар. Берзан кIеза санна, шен дуьненчу валар акхачу хьуьна чохь, Iаьржачу буса хилар. И дерриге а тIаьхьа хиира цунна. Декъаза хилла цуьнан дуьненчу волу буьйса. Иист йоцуш еха, Iаьржа буьйса хилла дIаяхана цул тIаьхьа цо дуьненахь яьккхина хан а.

Iела тIехиъна Iачу борзан шиний агIор кхин а ши барз бу. Царах цхьаъ атта къаьсташ, лаьттах дикка айбелла, ткъа важа лаьттаца дIашарбала гергабахана, халла къаьста. Цигахь динера церан доьзало хIетахь шайн дагийначеран метта керла цIенош. Цул тIаьхьа дейтта шо даьлча, и цIенош лардеш вийра IелагIарна ден метта висина Лоьма. Оцу дийнахь оьрсийн эскаро цIеххьана динчу тI елатаро иэрчонийн теш ша а хилира Iела.

И де Iелина гуттаренна а даг чохь дисира. Оцу дийнахь байинчеран декъий наха дIадухкуш, иза ша а вара кешнашкахь. Декъий бармахь цига кхехьа божарий ца тоьура. Уьш ворданашкахь кхоьхьура. Дийна бисинчара лаьтте дIалора шайн байина дай, наной, йижарий, вежарий, кIентий, йоьIарий. ХIетталц беса лаьттинчу сийначу бай тIехь оцу цхьана дийнахь бIе сов кошан барз хI оьттира...

Иза тIаххьара де дацара буьрсачу тIеман. Дуьненарчу яккхийчу пачхьалкхех йоккханиг, нуьцкъалчу пачхьалкхашна юкъахь а нуьцкъала, къизачарна юкъахь а къиза пачхьалкх шен берриг а ницкъащца жимачу нохчийн халкъан жимачу махка гIертара.

Жимачу халкъо шен маршонехьа къуьйсура. Вийначу ден метта кIант, вешин метта ваша дIахIуттура . Лоьмин метта дIахIоьттира Аьрзу а, Iела а. Оцу дийнахь дуьйна юкъах дихкинчуьра герзаш дIа ца достуш, говран нуьйрара ца вуссуш, бовха кхача а биъна, тхов кIел кIедачу метта охьавижа аьтто ца хуьлуш дIаяхара Iелин къона хан. Уьш дера летара шайн а, шайн дуьхьалончийн а цIий I еночу оцу акхачу тIамехь. Гора яI, ма ца лаьара царна адамана тур-шаьлта тухийла, цхьаьннан а нана, йиша йоьлхийла! Пайда барий ткъа, царна цалаарх. Шайн догIмаш, синош, шайн доьзалш, ярташ, даймокх къизачу мостагIех лардан дезара церан.

IелагIар а ма дара адамаш. Машаре, маьрша даха лууш. Дена-нанна бераш а, берашна да-нана а дезара, кIенташна мехкарий а, мехкаршна кIентий а безара, машаре, маьрша, ирсе дахар а дезара , цуьнга са а туьйсура. Гуобаьккхина тIом, оцу тIеман иэрчонаш елахь а, Iелина а езаеллера шайн юьртара Айза. Цаьршимма сатуьйсура тIом чекхбаларе, цхьаьнакхета, безамах марзо а оьцуш, маьрша, машаре, ирсе даха. Сатуьйсура, ши сту а боьжна, дечкан нахарца шайн ирзо аха, цхьа етт а нисбина, къен оти а денийна, шайн доьзал болоре. Амма церан сатийсар кхочушхила гена дара, тIеман чаккхе гуш яцара.

...Шемал тIелоцуш, нохчашна моьттура тIом сихха чекхбер бу, оьрсийн эскарех Нохчийчоь цI анйинчул тIаьхьа шаьш Шемал ДегIастана цIехьа изккхор ву, тIаккха шаьш, хьалха санна, машаре, маьрша дехар ду. Амма тIом ткъа шарахь бахбелира. Халкъ къиза хьийзадора, цхьана агIор - Шемалан наибаша, вукху агIор - паччахьан инарлаша. Оцу шиний агIорхьарчарна дуьхьало еш, шайн маршо ларъян гIиртира нохчий тIеман тIаьхьарчу итт шарахь. Амма кхидIа дуьхьало ян ницкъ бацара церан. Паччахьан эскарша нохчийн тIаьххьара юрт, Ведана, дIалоцуш, ткъе ворхI шо дара Iелин. ХIетале а, оцу дийнахь а нохчийн дуккха а наибаша дIатесира Шемал. Бакъду, Шемал ша а ведира, Нохчийчоь а, нохчийн халкъ а дIа а тесна, шен са дадийна ДегIастана. Веккъа цхьана бенойн БойсагIара дIа ца тесира имам. БойсагIарца цхьаьна суьйлийн лаьмнашка бахара цхьакI еззиг нохчий. Цаьрца вара Аьрзу а, Iела а, Маккхал а.

Шемал Барятинскийна йийсаре воьдучу дийнахь, БойсагIаьрца цхьаьна оьрсийн эскарийн кхолха гонна юкъара довлуш, мостагIчун туьро йинчу чевнан муо бара Iелип хьаьжа тIехь бисинарг.

Чим беш ягийна ярташ юьтуш, хийла доьзал байлахь буьтуш, хийла да-нана доьзалх къастош, дийпа бисинчарна цкъа а дицлур доцу ирча сурт хIоттийна чекхбелира и иттаннаш шерашкахь бахбелла къиза тIом. Цо лаьхкина лелийна, гIелбелла нах йохийна шайн ярташ меттахIитто буьйлира. Масех шарахь вовшех хьегначул тIаьхьа цхьаьнаккхета аьтто хилира Iелин а, Айзин а. Къоначу шимма кI ад ца луш къахьоьгура шаьшшиннан бахам кхолла гIерташ. Мацах шайн ден цIенош хиллачохь цхьа миска лаппагIаш хIиттийра. ЦIа чохь цхьана маьIIехь пенаца терхешна тIехIоттийна дечиган а, кхийран а масех пхьегIа а, цIенкъа тесна ши кхакха а, тиша истанг а, сийначу боьзан тI етухургаш йолуш, тIергIан кенашца дуьзна ши юргIа а, цхьа гIайба а. НеIаран сонехь кохьар а, цунна уллохь чохь цхьа гирда хьаьжкIаш йолуш йоманаш летийна гали а. Иза бара цаьршиннан берриг а бахам. Амма и шиъ хьега, кхин тоьлла бахам болуш цхьа а доьзал бацара Гати-Юьртахь. И шиъ цхьаьнакхетча, ловзар-м хьехочохь а дацара, атталла кегийрхой цхьаьнакхетта синкъерам а ца хилира. Цаьршинна совгIаташ дохьуш юьртахой а, гергарнаш а ца баьхкира. И гIиллакхаш цкъа а ца хилча санна, моллас мах а бина, тийна-таьIна дIадерзийра.

Шайгахь мел къелла елахь а, шаьшшиннал ирсе адамаш дуьненахь а дац моьттура цаьршинна. Халонаш, оьшург алсам мел хуьлу чIагIлора цаьршинна юккъера безам. Амма иза цхьа йоца, гена г Iур йоцуш юкъ яра. Мецачу барзах тера, бага а гIаттийна, тIегIертачу мацаллей, къеллей дI ахьажа ца лууш, шаьш шайн Iехо гIерташ, цаьршимма токку денош а чекхдевлира.

Гора яI, ма атта дара бIаьргашна гуш, дуьхьал волчу мостагIчуьнца герз карахь лата а, къийса а, вала а. Амма муха къийса деза мацаллица? Муха йицъян еза дайшкара схьа лаьттина маршо, муха лан деза лан ца Iемина хIокху Iазапан, лоллин дукъ?

Иштта вехачул-м, хIокху дуьненара велла дIавалар гIоли ма ю бохура хIорамма а ша шега. Иза олий гIоттура хIора а паччахьан Iедална дуьхьал, амма церан некъ я тангIалкхашна тIе, я Сибрех хуьлура. Ирхъоьллира къена БойсагIар а, Сибрех вахийтира къена Iумма а, Атаби а Iедало шен аьттоне хьожжий дIасалоьккхура ярташ. Дуьйцура, нохчий гIебартойн махкий, Теркал дехьа гI алгIазкхашна юкъий кхалхийна, нохчашкара мохк дIабоккхур бу, нохчий керста дине берзор бу бохуш. Нохчийчоь сийсош оьрсийн эскарш лаьттара. ТIаккха цхьа нах буьйлабелира ярташкахула, нахе шаьш керста дине дерзадале, бусалба динна маршо йоцчу хIокху махкара дIа а довлий, бусалба динна маршо йолчу, шайн бусалба вежарий болчу Хонкара махка дIагIо, цигахь бен карор яц шуна маршо, цигахь бен хир бац шуна синтем, цигахь ю дуьненан ялсамане бохуш.

Иттаннаш шерашкахь лаьттинчу тIамо чIанабаьхна, мацаллой, къеллой бIарзбина, кхана шайна тIе хIун керла баланаш, бохамаш богIур бу ца хууш, бIарзбелла хьийза цхьаболу нах, оцу эладитанех а тешна, Хонкара кхелхира. Аьрзу, Чора, Iела а вахара уггар хьалха новкъа бовлучаьрца. ХIорш кхуьй а кхелхина ца ваханера.

Хонкаран паччахьо нохчий шен махка дIакхойкху, цига дIабаьхкина нохчий, дика бахамаш тарбина, баха ховшор бу бохуш, цхьана наха кхузахь даржийна хабарш бух болуш дуй те, цига хьалха дI абоьлху нах туркоша тIеэцар а, дIатарбар а муха хили те, тIаьхьа цига кхалха ойла йолу нах совцо беза те, я дIакхалха бита беза те аьлла, Хонкарахь долу хьал хаа Аьрзу а, Чора а цига хьажийра Нохчмехкан тхьамданаша. Цхьаъ бен воцу ваша гена, хийрачу махка ша ца вахийта, Iела а вахара цаьршинца.

Юьхьанца Iелина а, цхьанна а ца хаьара нохчашна юкъахь и эладитанаш лелош болу нохчий паччахьан Iедало хIирийн Мусехула ахчанах эцна нах буйла а, нохчийн цига кхалхар оьрсийн а, туркойн а паччахьашна чIогIа лууш хиллийла а, дуьненчохь цхьаннахьа а нийсо цахилар а. БI арзбелла нах тийшира оцу нехан мотт-эладитанех.

Iелина дагадеара 1865-чу шеран бIаьста, салтийн ха улло а хIоттийна, кхелхачеран хьалхара тоба туркойн дозанашка йигар. ТIаьхьа тIеккхелхарш Хонкара дIаккхаьчча, Муш, Эрзерум, Эрзинган шахьаршна гонаха пхи эзар нохчийн доьзал гулбелира. Цигахь ялх бутт хан теккхира цара. КIел хI итта тхов а боцуш, ерзинчу стигла кIел. Мацалло гIелбинера мухIажарш, тайп-тайпанчу цамгарша хIора дийнахь бIе, ши бIе стаг дIахьора. Мацалла бIарз-белла нах талораш дан шозза Муш шахьарна тIелетира. Шаьш Iехийнийла хиънaчу нохчаша даймахка цIа берза сацам бира. Шаьш даймахка цIа берзийтар доьхуш, Кавказан сардале кехат яздира цара. Сардало и дехар духатоьхча , туркойн а, оьрсийн а Iедалийн бертаза даймахка цIа берза новкъа бевлира уьш. Iелина хьалха хIоьттира хIетахь туркойн-оьрсийн дозане кхаьчначу ши эзар ялх бIе нохчочун сурт. Зударий, бераш, къенаниш. Чохь синош ду аьлча, стаг хала тешар волуш, беснаш мажделла, даьIахкаш тIе а евлла, адамаш аьлча а, адамийн чархаш. Шаьш Россин дозане кхачар а, цигахь туркойн эскарша шайна тIе яккхий тоьпаш етташ хIоьттина сурт а. Оцу дийнахь туркойн эпсаро тапча тоьхна вийра

Iелин цхьаъ бен воцу ваша Аьрзу...

3

Шен ойланащца хьалха дIадахана шовзткъа шо листина, хIинца юха а тховсалерчу буьйсанга вирзинчу Iелин бIаьргех мела хи хьаьдира, легашка шад хIоьттира. Аьрзу вийна де дара цуьнан дахарехь уггар доьхна де. Дагабаьхкира ккузахь тIаьххьара сахьт тIехIотталц шеца даймехкан маршонехьа къийсина, Хонкарахь шеца ерриг а халонаш лайна бIаьхаллин накъостий: самукъане, амма дарвелча лоьмах тарло Мовла а, гIийла-миска, амма майра, тешаме МIаьчиг а, даима буьрса, амма догдика Къосам а, мискачеран молла, хьекъале, оьзда, майра, доьналле Маккхал а. Мел дукха бара уьш, хIокху декъазчу Нохчийчоьнан майра, тешаме кIентий.

ХIун хилла те шух? Генарчу даймахке кхойккуш, хийрачу Хонкарахь мацалла делла те шу, я хIетахь санна, дай баьхначу лаьтте, лаьмнашка, шайн халкъе сатуьйсуш лела те шу цигахь?

Амма дуккха а халонаш изшош, новкъахь лечкъаш цIа вирзинчу Iелин а ца хилира шен доьзалца маьрша, машаре ваха аьтто. Иза цIа веъна шо а кхачале, керлачу гIаттамна кечам болийра Нохчмахкахь. Къонахчун деккаро, вешин весето бакъо ца лора цунна къийсамна юьстах латта. ГIаттам кечбечу тхьамданех уггар жигарчарах цхьаъ вара Iела. Амма царна юкъа тарвеллачу цхьана ямартхочо уьш, къайлах Iедале дIа а белла, лецийтира. Итт шо хан а тоьхна, Сибрех хьажийра Iела.

И цхьаъ вацара цига хьажийнарг. Уьш масех бIе вара. Кхин а цкъа хадийра Нохчийчоь шен уггаре тешамечу, майрачу кIентех. Мацалла гIело хьоьгуш, Iазапехь дуьсучу шен халкъан а, кертахь цкъа хьакхо ялтин чим а боцуш, шина кIантаца юьсучу Айзин а ойла еш, болатан шийлачу буржалша когаш, куьйгаш къуьйлуш, генарчу Сибрех вахара Iела.

Ткъе кхаа шарахь шен ненан маттахь адам дистхуьлу ца хезира цунна. ХIинца къанвелла, къежвелла, дегIера ницкъ а иэшна кхечи иза ша дукха сатийсинчу винчу юьрта. Каторган халонаш ца лайна, мацалло а, цамгарша а изгийна, веллера цуьнца цигахь хилла масех нохчо. Уьш лаьтте дIа а берзийна, ша цхьа висча, Деле хийлазза шена Iожалла йиийхира Iелас. Амма Дала Iожалла ца лора цунна. Ца велла ялхитта шарахь тIеман цIергахь а, Хонкаран жоьжахатехь а, ткъе берхIитта шарахь Сибрен жоьжахатехь а.

Ненан кийрара ваьллачу минотехь дуьйна, хIокху кхузткъе кхойтта шарахь цхьа а ирсе де ца хилла цуьнан. ХIинца дуьненахь цо яккха йисинчу кIеззигчу ханна ирсе ван валийна те иза Дала хIокху винчу юьрта, я и хьалха цо лайна халонаш а, баланаш а бицбеш, кхин а бакккхий баланаш лан валийна те?

Ойланаша дIалаьцца Iела ккузахь хиъна Iаш дикка хан яьллера. ХIинцца хааделира цунна ша шелвалар. ДегIан лахе шелъелла, лехнера. Можана тIехула охьа некка тIе Iенначу бIаьрхих а ша бинера. «Ккузахь кхин а жимма висахь, со-м гIорор ма ву, - дагадеара цунна. - Амма со мича ваха веза?».

Гонаха бIаьргтоьхча, цунна гира бешан цхьана маьIIехь гIийла йогу чиркхан серло. Мила ву те оцу хIусамехь вехарг? Милла велахь а, цунна вевзарг хир вац иза. Цуьнан хенара нах кIезиг хир бу дийна. Дийна висинарг а Iелина вевзий а ца хаьа. Амма миччахьа а, цхьанхьа вахана, йовхачу хIусамехь буьйса яккха езара. Ткъа уггар хьалха цунна хаа луург Айзех а, шина кIантах а хилларг ду. И кхо адам, вина юрт, даймохк - валале цкъа цаьрга бIаьрг тоха сатийсаро цIа валийнера къена Iела. КхидIа хIуъа хилахь а, хIинца иза даймаххахь, винчу юьртахь ву...

4

Дахаран халонаша а, Iедалан харцонаша а, адамийн ямартлонаша а ларвала Iамийнера Iела. Цкъа хьалха юьртара хьал муха ду, адамийн гIиллакхаш а, амалш а муха ю, дIадаханчу ткъе берхIитта шарахь ккузахь хIун хийцамаш хилла ца хиъча, ша вовзийта а ца лаьара цунна. ХIара бакъонца Сибрехара цIа веънехь а, ккузарчу Iедална хIун йэхь ду, цхьа бахьана тIе а кхоьллина, цига юха дIахьажо а. «Цкъа хьалха сайн доьзал дийна бу-бац хьожур ву со. Нагахь уьш дийна белахь, тIаккха со вовзуьйтур ву ас, бацахь... Дала дайттинарг дийр ду-кх. Цул дакккхий вонаш а лайна ас, иза а ловр ду...», - сацам бира цо.

Тхьусйоьлла настарш меттаяло гIерташ, меллаша цхьацца-шишша ког боккхуш, соьцуш, серло гучу керта воьдуш, цо ойла йора, оцу хIусаман дайшка ша хIун ала те бохуш. Цунна дагавеара тIом чекхбаьллачул тIаьхьа шен гергарло тасаделла Оьрза-гIалара Андри цIе йолу цхьа гIалгIазакхи. Керла бахам вовшахтухуш шений, Айзиний цхьацца оьшург эца ахча а, я ахчанна дохка ялта а, бежана а ца хилла, шен а, Чорин а сту а боьжна, дечиган кIорий, хьаннашкара лахьийна акха стоьмашший бохка дагахь ворданахь Оьрза-гIала вахча вевзинера цунна и гIалгIазакхи. Андрин ков-керт, эчиган пхьалгIа а яра, оцу пхьалгIахь шортта кIора а бара. Муха ца хуьлура, церан юьртана гена йоццуш йоккха хьун хилча. Амма Iела мича дезаро араваьккхина кхуза веъна хиъначу Андрис, цуьнан ворданара кIора пхьалгIи чу охьа а боьккина, цунна дуьхьал масех бел а, цел а, марс-мангал а, бахамехь оьшу кхин цхьацца хIуманаш а елла, цIа хьажийра Iела а, Айза а. ХIетахь тасаделла хьошалла лаьттира царна юккъехь Iела Сибрех вахийтталц. Андрис Гати-Юьрта а вогIий ккузарчу нахана мехах цхьацца эчиган гIирсаш бора. Иштта веъна Iела волчохь ши бутт сов хан яьккхира цо, хIара Хонкарара цIа веъча а.

«Ас ца вовзийтахь, ккузахь со цхьанна а вевзар вац. Оьрсийн мотт а суна дика хаьа. Хьо мила ву аьлла сайга хаьттинчуьнга, Андри ву эр ду ас», - шена маслаIат дира цо.

Кертара схьа жIаьла хьадарна кхоьруш, кетIара ринжа деллале шозза-кхузза йовхарш туьйхира цо. Амма меттахъхьовш хезаш хIума дацара. ХIетте а кертахь цхьанхьа жIаьла хирг хиларх тешаш, ларлуш гонаха а хьоьжуш, тхоз тIе латта теснач у кегийчу цIенойн уча а ваьлла, меллаша кор туьйхира Iелас. ЦIа чохь цхьаъ меттахъхьайра. ТIаккха неIаре догIуш берзинчу когийн тата а хезира. Дукха хан ялале, неI йиллина, тIекхоьллина чоа а, кога туьйдина неIармачаш а йолуш, уча велира хIусамда.

- Буьйса дика хуьлда хьан, хIусамда! - маршалла хаьттира Iелас оьрсийн маттахь.

ХIусамдас, халла оьрсийн дешнаш а лахьийна, жоп делира.

- Бехк ма биллалахь, буьйсанна хан йоцчу хенахь хьо гIатторна. Хан йоцчу хенахь кхаьчна со а хIокку юьрта. Арахь буьйса яккха а шийла ю. Ахь пурба лахь, тховса хьан хIусамехь буьйса йоккхур яра ас, - бехкала вахара Iела, цунна оьрсийн мотт гуттар а ледара хаарх кхетта, ша эриг ма хуьллу къостуьйтуш ала гIерташ.

- Хьаша хIусаме витар а, буьйса яккхийтар а хIусамдайшка хоьттуш ца хуьлу. Чу а волий, хьайн хIусамехь санна, паргIатвала, - аьлла, неI йиллина, куьг хьалха тесира хIусамдас.

Цо куьг хьалха дIатосуш беллабеллачу чоин тIома юккъехула Iелин бIаьрг кхийтира цуьнан хечин борчах йоллучу тапчех.

Iела цIа чу велира. ТIехь шиша а доцуш, чуоьзна гIийла богучу чиркхо халла серло лучу хIокку цIа чохь поппаран маьнги тIехь набкхетта Iуьллура диъ бер. ХIетта гIаьттина хIусамнана, набаро дохийначу шек дегIан меженаш а сеттош, шуьйрра бага гIатторца наб дIа а къахкийна, новкъара хIуманаш дIасалиста йолаелира.

Дукха хан яра Iелина хIусамехь иштта доьзал ганза. Маьрша дийшина Iохкучу оцу берашна тIе а вахана, уьш сама а даьхна, хьаста хьаьгнера иза. ХIокку йовхачу хIусамо а, нохчийн кхерчан цхьа ша тайпа дагна там бечу, кийра бузочу хьожано а, набарш кхетта Iохкучу оцу кегийчу бераша а, дукха хан йоццуш шен кхайккхамашца цо ехна Iожалла йицйина, цуьнан даг чохь дахаре безам а, лаам а кхоьллира.

- Же, ма Iелахь, зуда! - зудчунна тIевирзира хIусамда. - Вайн хIусаме воьссинарг хийра хьаша ву. Кхечу къомах стаг. Оьрси. Уггар хьалха юучунна там белахь цунна. Ткъа хьо, хьаша, хьайна тIера кетар а, когара мачаш а дIа а яхий, паргIатвала, - аьлла, тIетуьйхира цо, Iелигахьа а вирзина.

Баттахь сов генара бинчу некъо дегI, тIехулара а, чухулара а ерриг бедарш бехийна Iела воьхна хьаьвзира, кетар а, валенкаш а дIаяха дезча. Амма иза уьш дIаяха волаваларе а ца хьоьжуш, тI евеъначу хIусамдас цуьнан когара валенкаш, озийна, схьаехира. Шен гира тIоьрмиг схьа а баьстина, тIера кетар дIа а яьккхина, уьга шена улло цIенкъа охьаеккира Iелас.

ХIара шиъ и болх беш воллушехь, хIусамнанас йовхачу шурех буьзна боккха кхийра кад а, стомма еттинчу сискалан юьхкаш а чохь йолуш шун хIоттийра Iелина хьалха, маьнги тIе.

- Бовха кхача кечбан хан яц хIара, тховса цкъа кхунах кхачо а йина ца Iийча вер вац хьо, алахьа цуьнга, - дийхира зудчо шен хIусамдега.

Цаьршиннан къамелах ша ца кхетачуха, вист ца хуьлуш Iара Iела.

- Хьаша, хьуна сихха охьавижина, садаIа ца лаахь, вай кхин бовха кхача а кечбийр бу, цкъачунна и хьайна хьалха йиллинчух кхалла хьажахьа, - элира хIусамдас.

- Баркалла шуна, бераш. Дала дукха дахадойла шу, Дала беркат ма иэшадойла хIокку шун хI усамера. Аш суна хIара кхача ца белча а, хIокку йовхачу хIусамехь, дIога дуьххехь, цхьана сонехь дIатевжина, буьйса яккха меттиг хилчахьана а тоьар ма дара суна-м.

Оцу дийнахь Iуьйранна цкъа-шозза якъаелла бaьпкан юьхк кхалларх, кхин кийра рицкъа дахаза волу Iела, сискал кегийра шури чу а кагйина, меллаша яа вуьйлира. Ша хийла сатийсина и сискал йоккха кхоллуш, чам боккхуш, марзо а оьцуш яа цергаш а, кхелаш а хуьлуьйтург дуккха а мах лур бара цо. Амма уьш яцара. Йиъ йоцург, каторгехь цинга цамгаро ерриг а охьаэгийнера уьш.

- ХIара хIун муьжги ву? - хаьттира зудчо майрачуьнга.

- Хьанна хаьа иза.

- Амма милла велахь а, Iаламат маьттаза муьжги ву-кх. Доккха хIума ду-кх, иза тIе а вижийтина , цуьнга моттгIайба бехъяйтар, - корта хьовзийра зудчо, хьешан яхъеллачу можей, кIужалш хилла хьийзинчу коьртан ехачу месашкий, силамаша а, модаша а юьзначу бедаршкий хьаьжна.

- И хIун ду ахь дуьйцург? - човхийра иза вукхо. - Иэхь ца хетий хьуна и ала. Хьо санна, Дала кхоьллина адам дац иза?

- Ас-м иза, корта а, маж а яьлла, беркъа волу дела бохура, - йоьхна жоп а делла, дӀатийра зуда.

- Хьанна хаьа, вайна тӀе хӀун догӀур а. Деиэшначу, гӀаддайначу стагах кхарда ца веза, дог лаза деза. Ша кхаьрдинарг шена тӀедогӀу.

Церан къамеле ла а доьгӀуш, кедара шура лаххьийна дӀа а мелла, шуьна тӀера вухахилира Ӏела. Х Ӏетталц шуьне бӀаьрг тоха дага ца догӀуш Ӏийна хӀусамнана, кхин а тӀе шура йотта дагахь, пеша тӀера кхаба схьа а эцна, тӀехьаьдира.

- Баркалла, кхин ца оьшу, - дуьхьал куьг лецира боккъал а вуьзначу Ӏелас. - Дела реза хуьлда. Дала беркат ма иэшадойла хӀокху шун хӀусамера.

Хьаша вуьзна, паргӀатваьллачул тӀаьхьа цуьнга гӀуллакх-болх хаьттира хӀусамдас.

- ХӀинца, нагахь цхьа йоккха къайле яцахь, хьо мила ву, мичара ву, мича гӀуллакхо валийна хьо хӀокху тхан юьрта дийцахьа, хьаша. Хьанна хаьа, ахь айина лелочу гӀуллакхана гӀо дан сан ницкъ кхочур бацара те?

- Со Червлени станицера ву. Оьрза-гӀалара.

- ЦӀе хӀун ю хьан?

- Андри.

- Андри... Андри... Мацах цкъа и цӀе йохуш сайна хезча санна хета-кх суна, - ша шега вистхилира хӀусамда. - Ткъа лаа веъний хьо Нохчмахка?

- Къелло, иэшамаша валийна. Доьзал хене баккха, жимма йолах болх бан араваьлла лела.

- Доьзал дукха буй хьан?

- Диъ бер... КӀентан диъ бер. ТӀамехь вийна церан да.

- Муьлхачу тӀамехь?

- Японица болчу хӀокху тӀамехь. Дукха хан а яц иза вийна.

- ХӀаъа, муьлххачу а тӀамо баланаш, бохамаш бохьу адамашна. Тхан эвлара а кхо стаг вахана оцу тӀаме. Цхьаъ пхьарс бьаькххина, дукха хан йоццуш цӀа веъна. Вукху шиннах хабар дац. ХӀун болх бийр бара ахь?

- ЦӀенош дотта а, дечиган пхьола дан а хаьа суна. Мах белчахьана, муьлхха а болх бен бац суна .

Шаьшшиннан хилла къамел майрачо шега дийцича, хӀусамненан юьхь екхаелира.

- Делахьа, ма дика ду-кх хӀара вайга нисвелла! Кхана вайн божалара кхелли цуьнга беша тосуьйтур ю вай...

- Цунна дала ахча дуй хьан?

- Вайгахь буьйса яьkkхича, маьхза и гӀуллакх дан а ца мега цо?

- Ванах, ма тамашийна адам ду-кх хьо, зуда, - корта хьовзийра майрачо. - Массара а хьекъале, къинхета-ме, оьзда зуда ю олу хьуна, ткъа цкъацкъа хьайгара лортӀахь доцург долуьйту ахь. Оьрси, жуьгти, милла велахь а, хьаша ма ву вайн хӀусамехь сецнарг. Нохчийн гӀиллакхехь иза лера ма веза вай. Цо кху чохь буьйса яьkkхинера, сискал йиъннера аьлла, цуьнга маьхза болх байта йоллура хьо? Иза дагадар а иэхь ма ду. Варийлахь, со цӀахь волуш а, воцуш а оцу гӀалгӀ азакхичунна хамталла мя елахь, мегар дац хьуна. Я хӀокху юьртахь болх а ца карийна, дӀагӀур ву, юьртахь болх карабахь, и болх бол чаьргахь Ӏийр ву. Сатоха, собаре хила. Вайгахь висахь, шена лаахь, кертахь суна гӀо дшӀр ду цо, ца лаахь, вижина Ӏийр ву. Цул и хьайна хир доцург а ца хьехош, хьаша охьавижо гӀвигӀа бе. Пекъар, кӀадвелла хир ву иза.

- Мича вижаве ас иза?

- Хаац. Хьешан цӀа чохь, тӀай кӀелахь санна, шийла ю. Бераш цӀенкъа а даххий, маьнги тӀе мотт биллахьа цунна.

Ӏелас хӀумма а бехк ца буьллура хӀокху хӀусамнанна, цунна ша жерга хетарх. Ӏелина шена а хетара ша жерга. Корта а, маж-мекх а даьлла, боккъал а къеначу муьжгичух тарвеллера иза. ТӀ ера бедарш хийцаза, цӀандаза долу дегӀ кӀамлора, меза бинера. Шен дегӀах цунна шена а муьста а, кӀон а тайп-тайпана ийна, цхьа вуон хьожа йогӀура. Кхузахь кхана суьйренга валахь, нагахь аьтто нислахь, шен дегӀ цӀандина, корта а, маж-мекх а цӀандина хӀума ца дахь, хӀокху куьцехь кху хӀусамехь буьйсанаш яхар хьехочохь а дацара.

И шиъ дан гIертарг хиъна Iела, цара дуьйцучух ца кхеттачуха, вистхилира:

- ХIинца, аш пурба лахь, охьавижина, садоIур ду ас. ХIоккхуза неIарехь, цIенкъа таса тишо истанг-черт хир ярий те?

- Хьо дIога вуьжур ву, - берашна тIе пIелг хьажийра хIусамдас. - Цигара бераш цIенкъа а даьхна, хьуна цига мотт буьллур бу зудчо.

- ХIан-хIа, со кхуза цIенкъа вуьжур ву. Бераш самадаха, меттахъхьедан пурба дац шуна!

- Со ву хIокху хIусаман да. Хьо сан хьаша ву, ас аьлларг дан дезаш!

- Шун къоман гIиллакхаш суна дика девза, жимастаг. Хьешан лаам - хIусамдена закон ду. Аш и бераш самадахахь, со лулахошка гIур ву!

- Сан хьешо, цIенкъа а вижина, буьйса яккхар нахана хиъча, муха хир ду? Суна иэхь дан гIерта хьо? Цуьнан ойла йиний ахь?

- Цхьанна а хуур дац, вай ца дийцичхьана. Буьйса юкъал тIехъяьлла. Суна ца лаьа бераш набарха даха. Ас вуьшта а сайх бала бина шуна. ТIе сан дегI а, бедарш а боьха ю. Кхана сарахь, со кхузахь висахь, дегI цIандина, чухулара бедарш а хийцина, тIаккха ахь бохург дийр ду ас. Ткъа тховса ас бохург дехьа, диканиг.

Мел шега дехарш дарх, хьаша шен сацамна тIера а ца ваьлла, къарвелира хIусамда. Дехьа чу яхначу зудчо чах юьзна тиша гоьй, кенан гIайбий, боьзан юргIий деара. Цо биллинчу метта а ваьлла, охьавижначу Iелина там хилира, ша месийн назбаршла охьавижча санна. ХIусамдай охьабийшаре ца хьаьжира цуьнан кIадделла къена дегI.

Ах сахьт а далале хьешана чIогIа наб кхийтира...

V. КЕРЛА АДАМАШ, ШИРА АМАЛШ

Хьуна тIехь угIур ю
Къанъелла меца борз,
Хьоьха дог лозур ду
Iаьржачу хьаргIанан...

Халкъан илли

1

Iуьйранна хьалхxе самавелира Iела. Малхбалехьара схьагIерта де хIетта гучудала гIертара хил дехьарчу регIа тIехула. Тайп-тайпанчу аьзнашца кхойккхура лулахойн нIаьнеш. Хезара гена доццуш дегаза летачу къеначу жIаьлин йишхаьлла гIовгIа а.

ЦIийнан доьзал набарха балаза бара. Берех цхьаъ гIенах цхьанна оьгIаздахана луьйра. Оцу буса хьаша а веъна, мотт гатбелла, ца тарлучу цара юргIа къуьйсуш, наггахь вовшийн човхабора, дI асатоьттура, юха а, тап олий,
дIатуьйра.

Самадолучу Iаламе ладегIаxь а, Iелин ойланаш генахула хьийзара. Цунна хIинца а теша хала дара шен даймахкахь, ша винчу юьртахь, маршонехь ву бохучух. Цо сатийсира хIара де тIеккхачаре, ара а ваьлла, дуьнене бIаьрг тоха. ХIинца цунна гур ю ша вина, бераллехь левзина меттигаш. Цаьрга а хьоьжуш, цо дагалоьцур ю шен декъаза бералла, къаьхьа къоналла. Гур ду дайн кешнаш. Хьанна хаьа, шен Айза, Iумар, Iусман ган а мега. Цаьрга цкъа бIаьрг тоьхча, ша велча а шек ца волура иза.

Дагабаьхкира каторгера шен накъостий а. «ХIун деш хир бу те суна сайн кIентийн метта хилла Петро, Кирилл, Датико, кхин иттаннаш накъостий? Схьахетарехь, уьш хьун хьоккхучу дIаккхачча бохкуш хир бу. Ткъа Николаз? Иза кхана кхочур ву шен юьрта. Дала дуккхавахавойла иза. Сибрехь, дуьненах а дог диллина, сецна Iаш волу со цIавалийнарг иза ма ву. Дала мукъалахь, цигахь бисина сан накъостий а арабевр бу оцу жоьжахатера. Уьш къона бу, царна тоьхна хенаш дукха яц. Хан чекхъяллалц Iийр буй ца хаьа. Кхиберш санна, бовдур бу. Юха а шайн цIа а бирзина, маршонехьа къуьйсур ду. Везан Дела, аьтто белахь церан, Iалашбелахь уьш! Хьекъале, майра, къона уьш хIаллакьхилар кхоам бу. Цара дош делла суна, шаьш маьршабевлча, сан хIусаме бахка. Нагахь санна Нохчийчохь керла гIаттам болалахь, масех бIешарахь шен маршонехьа къуьйсучу сан декъазчу къомана орцахбовла. Сан халкъана а, суна а хиллачу бохамашна беxкечарех беккам эца суна гIо дан...».

Iела шен ойланех юкъахваьkkxира, хьала а гIаьттина, товханехь цIе лато тохаеллачу хIусамнанас . Дукха хан ялале цIе кхерстира кхерча тиллинчу ножан дечигах. Iелина там беш, коьрте кхин ойланаш туьйсуш, лестара хIусамненан карахь цаца. ХьалагIаьттина хIусамда, бедарш тIе а юьйхина, гIуммагIа карахь, вист ца хуьлуш, аравелира. ХIинца хьалагIатта мегаш дара Iела а. Ша чохь вуйла хаарна кхоьруш санна, схьаэцна, шен миска барзакъ меллаша тIе а дуьйхина, кога валенкаш а оьзна, чуьра аравелира иза. Уггар хьалха кешнашка ваха дагадеара цунна. Ден а, ненан а, Лоьмин а кешнийн баьрзнаш тIе хIотта. Амма тахана цкъа цига гIойла дацара. ХIара « керста муьжги» шайн кешнашка хьийзар дезар дацара нахана.

Сийсара шена ши чурт гинчу гу тIе хьалавелира Iела. Цигара дIахьаьжча, кера юккъехь санна, гуш яра юрт. Iела Сибрех вахале динчарах цхьа наггахь цIа диснера. Шира дитташ а къанделлий, хедийний дIадевллера. Цхьадерш, генаш а хедийна, чIанадаьхнера. Къанделла, пайда ца лучу девллера шовзткъа шо хьалха Iелас дийгIина бIарийн синтарш а. Мацах цкъа цо шайн коре боьгIна Iаж а бакъабеллера. Беккъа цхьа малх бара, хьалха санна, схьакхеташ а, чубузуш а. Кхидерг дерриг а хийцаделлера.

Хийла сатийсинчул тIаьхьа, хIинца шозлагIа хьоьжура Iела даймехкан Iаламе. Амма Хонкарара цIа веъча а, хIинца а цхьатера яцара дог-ойла. ХIетахь, мел къенмиска хиллехь а, цIахь къона Айза а, ши кIант а вара, къона хиларе терра, ша а дуьненах Iехалора, стеннах а самукъадолура, кхана-лама дахар тодаларе сатуьйсура, догдохура. Халачу дахаро теIош, хьоьшуш, ницкъ иэшийна, къанвеллачу, мел ваьхча а, шина-кхаа шарахь бен вехар воцчу цуьнан кханенга сатуьйсийла а дI аьллера хIинца. Доьзалх хилларг а ца хаьа. ДегIехь ницкъ бац. Къаналло герга ийзайо Iожалла. ХIинца цо сатуьйсург Iожалла яра. Амма цунна лаарх, иза хир яц, Дала тоьхна хан тIеккхаччалц. Шен лаьтта тIехь ваха ца витинехь а, хан тIеккхаччалц кхузахь ваха а, вала а, шен каш хила а лаьара цунна. Юха а кхузара дIа а ваьккхина, нехан хийрачу махкахь шен каш хиларна а кхоьрура . ХIинца цунна кхин хIумма а ца оьшура, кхузахь цхьана тоьли чохь паргIат ша вала витичхьана, велча, иттех дол латта делчахьана.

РегIа тIехула хьалаайабеллачу маьлхан шийлачу зIаьнаршна кIел дети санна лепара семсачу лайно дIахьулдина Iалам. Iелина уллохула тIех а буьйлуш, шовданна тIеоьхура Iуьйранна даьхний хи т Iе далош а, хи эца а богIу зударий. Улло нисбелча, къаьрззий цуьнга хьовсура уьш. Наггахь зуда, ша тIехъяьлча а юхахьоьжуш хуьлура. Эрна дуйла хуъушехьа, Iела а хьоьжура баккхийчаьрга , евзарг гаре догдохуш.

Пхьаьрсех тийсина гIели диллина цIеста кIудалш а йолуш, вовшашца забарш а еш, зевне йоьлуш, ши йоI тIехъяьлча, Iелина карлаелира шен декъаза къоналла. IелагIеран цIийнан корехула дI ахьаьжча гучу лулахойн бешан маьIIехула схьахьаьвзачу урамехула, хIинцца тIехъяьлла яхана и

ши йоI санна, пхьаьрсах кIудал а кхозуш, хи эца шовдане йогIура Айза. ТIаккха Iела, цунна дуьхьал а воьдий, и шиъ цхьаьний шовдане доьдура. Айза хи эцна яьлча, изза некъ юханехьа а бора цаьршимма.

И хан а, хIетахь лелийнарш а гIан дагалоьцуш санна хетара Iелина хIинца. ХIетахь дуьйна шовзткъа шо сов хан яьллера. ХIинца вац хIетахьлера Iела. ХIинца иза къанвелла, къежвелла, букархьаьвзина, баланаша, бохамаша юьхь аьхна, настарш а шелъелла...

«Нагахь дийна елахь а, гича Айза евзар ярий те суна? - дагадеара цунна. - БIаьргаш девзар дара. Уьш цхьа ша тайпа, кхечарах тера доцуш ма дара. Хьекъале, къинхетаме, эсала. Iаьржа, безаман цIаро лепош. Уьш девзар ма ду суна, дуьненарчу дерриг а бIаьргашна юкъахь».

Цигахь хIоьттина латта кIордийча, цIа верза ойла хилла, цкъа дIа а волавелла, тIаккха мукха делахь а, вуха а вирзина, шина чуртана тIевахара Iела.

ГIайракхан тIулгах цхьатерра кечдина дара и шиъ. Цхьана говзачу пхьеро царна тIехь лерина дехкинера туьран, шаьлтанан, тоьпан, тапчин суьрташ, чоин бустамаш а. Чарташна тIехь Iасанан, суьлхьанийн суьрташ цахиларо гойтура, и ши чурт къоначу нахана, тIемалошна доьгIна хилар. Говза яздинчу Iаьрбийн йозанашна тIера басарш мохой, малхой дIадайинехь а, Iелига цIераш ешаелира. Цхьанна тIехь цуьнан вешин, Аьрзун цIе яра, ткъа вуккунна тIехь... цуьнан шен цIе! Шен шина бIаьргах ца тешаш, юх-юха а йийшира цо и цIераш. ГIалатволийло дацара. И ши чурт цунний, Аьрзуний доьгIнера.

Шена хIоттийна чурт гича, цкъа дегIе зуз хьаьдира Iелина. ГIенах хуьлура иштtаниг. Ткъа хIара дерриг а сомах ду. Цхьа хан яьхьира цо, догдоьхна. Амма иза цIеххьана хазахетарца хийцаделира. Аьрзуна а, цунна а цхьамма чарташ доьгIна. ХIета Iелин ши кIант дийна ву. ХIокху шинна чарташ догIа кхин стаг вац, Iумар а, Iусман а воцург. Iелин дахаре болчу безаман цI арах бисинчу гIийлачу суйнах цIе летира.

«Ма тамашийна дуьне ду-кх хьо, - ойла йира цо. - Къанвелча а, вала ца лаьа. ХIара дуьне къахьделла, велла дIавалар гIоли ма ю аьлла бIарзвелча а, дикане цхьа кIеззиг догдохийла гучуяьлча, мелла а ваха лаьа. Кханенга сатуьйсу, оцу кханено, ламено шена берриг а дика болх бохьур болуш санна, къаналлин шераш охьа а оьзна, къонвийр волуш санна, цамгарех цIанвина, шена могашалла лур йолуга санна, къелла йицъеш, хьал-бахам лур болуш санна. И мерза ойланаш а еш, буьйсанна охьавуьжу, наб кхеташ а, ца кхеташ а, ахI-ихI деш, узарш деш Iуьйренга ваьлла, бIаьргаш диллича, цхьа а хийцаделла хIума ца карадо. Керла баланаш, гIайгIанаш йохьуш догIу хIора керла де.

Лекха лам хадор санна хIума ду стеган дахар. Оцу ломан буьххье хьалаваьлча, шена хьалха хI етталц массарна а къайле хилла лаьттина керла дуьне схьаделлалур ду моьттуш, оцу буьххьехь шана дуьненан ирс карор ду моьттуш, цига хьалагIерташ, шен берриг а къона ницкъ кхачабо адамаша. Ткъа шен дахаран хан дIа а луш, шовзткъа шарахь некъ бина, оцу лакхенга а ваьлла, дI ахьаьжча, хIумма а ца карадо. Мелхуо а, и ша реза воцуш яьkkхина шовзткъа шо хан ирсе хета, юханехьа цуьнга сатуьйсу, иза дагалоьцу. ХIунда аьлча, хIинца оцу ломара охьа некъ бан беза цо. Иза къаналлин некъ бу. Иза лаха, ломан вукку агIор когашка кхаьчча, цуьнга хьоьжуш, кIел хиъна Iаш Iожалла ю. Ткъа хьанна хаьа, оцу ломан бухьа тIера охьа, лаха когашка кхаччалц цо некъ беш, цунна тIе хIун догIур, цунна хIун гур? Ткъа хIара дуьне баланийн, гIайгIанийн, буохамийн цIа ма ду...».

«Нагахь хIара чарташ доьгIначул тIаьхьа ши кIант неллехь? Со Сибрех ваханчул тIаьхьа тIом ма хилла кхузахь. ХIетахь цаьршиннан ялхитта-вуьрхIитта шераш хилла хир ду. ТIаме боьлху хенаш ма хилла цаьршиннан. Аьрзу а, со а дуьххьара тIаме воьдуш, цаьршиннал жима ма вара. Аьрзун вуьрхIитта, сан пхийтта шо. Оцу тIаме ца воьдуш Iийна хир ма вац и шиъ. Ден чIир екха. Деден а, девежарийн а чIир екха. Оцу тIамехь и шиъ вийнехь? Нагахь дийна висинехь, лаьцна, Сибрех вахийтинехь? Гур вуй те суна и шиъ? Везан Дела, ахь динчунна, хьан кхиэлана реза хир ву-кх со ...».

Ша буьйса яьkkхинчу керта вирзина Iела, цIа чу а ца воьдуш, ма-воьдду божали чу вахара. ХI усамнанас сийсара хьехийна кхелли дIаяккха дагадеара цунна. РагIун кертахь цхьана маьIIехь лерина тIекIел йиллинчу кхеллин боккха барз бара. Схьахетарехь, иза беша яржо яхкаялийта гулйинера цига. Цкъа ойла хилира Iелин, оцу кхеллих дан дезарг хIусамнене хатта. Амма хьешан дагахь дерг хиъча, цо бакъо лур яцара и болх бан. Кертал дехьа беша а ваьлла хьаьжча, цигахь цунна карийра рагIу чуьра схьатийсинчу кхеллин жима барз. Шеко яцара, рагIу чохь йолу кхелли а оцу тIе таса езаш хиларан. Божали чохь шада а карийна, тIера кетар дIа а яьkkхина, хI усамнанна ца хоуьйтуш, къайллах болх болийра цо.

2

Болх чекх а баьkkхина, серагех дуьйцина динчу лохачу хьаьвди тIе охьа а хиъна, садоIуш, Яьссига хьажа ваха дагадеара Iелина. Яьсси хи чохь чекхйолура кхузарчу берийн ерриг а аьхке. Цхьацанхьа тогIин шина а агIор лекха бердаш дара. Оцу бердашна кIел, куьйгаш хьала а лаьцна, чу ирахIоьттича, и куьйгаш а хьулдеш кIорга айманаш хуьлура, тIехула хьере бурош а хьийзош. Ханна даккхий бераш оцу айманаш чохь луьйчура, кегийнаш хи гомхачохь луьйчура.

Лийча кIордийча, я гIамарлахь керчаш, малхехь Iоххура бераш, я тIехь бедарш а йоцуш, дерзина бердашца хьаладуьйлура, олхазарийн баннаш чуьра я хIоаш, я кIорнеш схьаэца. БIаьстенан

юьххьехь дуьйна, Ӏа герга гӀортталц оцу бердашца хуьлура бес-бесара олхазарш. ХьаргӀанаш, къийгаш, алкханчаш, кхокхий, бухӀанаш, чӀегӀардигаш, маьрсаьлдигаш, тайп-тайпана хьозарчий а. Бердашца харанашна а, Ӏуьргашна а чохь баннаш хуьлура церан, дуккхадерш адам тӀе ца кхочехь. Церан маьхьарша Яьссин гӀовгӀа а къарйора.

Ӏай а ловзура бераш Яьссин тогӀи чохь. Хина бинчу стоммачу ша тӀехь, шодмаш етташ, даьндаргаш хьийзайора цара. Юьртара охьа тогӀи чу буссучу новкъахула охьа куьйга-салазаш, кӀег-салазаш а хоьхкура. Мацделча а цӀа ца доьлхуш, тогӀи чохь йолчу хьуьнхара хьаьмцаш, элхьамчаш, хьорамаш а дуура.

Цига а вахана, шайн бералла дагалаца Ӏелин сацам хилча, ши чурт долчу гу тӀера схьа чӀоггӀа бетта мохь хезира цунна:

- Ва-а-а, ладогӀалаш, нах! ЛадогӀалаш!

Ӏелас ладуьйгӀира.

- Делкъан ламаз а дай, маьждиган майдана гуллолаш! Тахана юьртан гулам бу. Хезий шуна, нах, делкъан ламаз а дай, массо а маьждиган майдана гулло, юьртан гуламе!

Турккхан маьхьаро Ӏелина карлаяьkkкхира генна дӀаяхана хан. Юьртан юкъараллин гӀуллакхаш оцу маьждиган майданахь дийцаре дора наха. Цигахь, гуламехь чӀагӀйора юьртан къаноша йина кхиэл. Къанойн кхиэл юьртахоша кхочушъярна тӀехь тергам латтабора гуламо хаьржинчу баьччас. Цо буьгура юьртахой тӀаме а. Юьртан къаной хоржура уггар хьекъале, оьзда, собаре, къинхетаме, догцӀена, хьанала нах. Юьртарчу нахана юкъа галморзахаллаш яьхкича, дов даьлча, оцу къаноша нийса кхиэл йора. Озабезам ца бора шайн дегахьа, вежаршкахьа, кӀенташкахьа, гергарчу нахехьа. ХьагӀ-гамонца харц кхиэл ца йора шайн мостагӀчунна а. Оцу къанойн Ӏедал -шариӀат а, нохчийн къоман Ӏадат а дара, церан Ӏалашо -юьртахь машар, барт, нийсо, беркат латтор яра.

«Муьлш бу те хӀинца юьртан баьчча а, къаной а? Цара кхиэл а муха йо те? Цигахь хӀун до хьажа веза со», - сацам бира Ӏелас.

Делкъан ламазана молла кхайккхинчул тӀаьхьа цхьа сахьт хан а ялийтина, хӀинца цига адамаш гулделла хир ду аьлла хеттачу хенахь маьждиган майдана вахара иза. Цига дикка адамаш гулделлера, амма тӀеоьхучеран тӀаьхье хадаза яра. Кхузахь деш дерг шена бен ца хетачуха, я ша ца кхетачуха, амма цара дуьйцург дика хезар долччу, майдана богӀучу беа урамах цхьаьннан керта улло а хӀоьттина, нах тергалбора Ӏелас.

Мухха хиънехь а, Гати-Юьрта «гӀалгӀазакхи» веъний хиънера нахана. Хетарехь, Ӏела тӀевоьссинчу цӀийнан хӀусамненера дӀа зударшкахула даьржинера. Ӏелина уллохула тӀехбовлучу наха, куьг а лоцуш, маршалла-могашалла хоттура цуьнга. Къамел доца хуьлура, шина-кхаа дашца, дисинарг куьйгашца, доьлучу бӀаьргашца дуьйцура.

- Как дела, муьжги? Матушка яхши? Баранчук яхши? Баранчук чорак ест? - хоьттура цара, чӀоггӀа Ӏелин куьг а Ӏуьйдуш.

Цара буьйцу и «оьрсийн мотт» нохчашлахь баьржина дукха хан яра. Жима волуш дуьйна Ӏелина а хаьара иза. «ГӀуллакхаш муха ду, муьжги? Зуда могаш юй? Бераш могаш дуй? Берашна сискал юй?» - хоьттура цара Ӏелига. Массарал а тӀаьхьа вогӀучу, буьрса юьхь йолчу лекхачу стага, ша маршалла хаьттина ваьлча, нехан тоба йолчухьа дӀаозийра Ӏела:

- Вало, гӀазкхи, гуламе. Тхан юьртда селхана Ведана, шен ден цӀа вахана веъна. Цо тхуна хӀун совгӀаташ деъна хьожур ву хьо.

Ӏела ца вахара цуьнца. Нехан хеттарех къехкара иза. Хьанна хаьа, юьртдас кехаташ хаттахь а. Т Ӏаккха нахана хуур ма ду хӀара мила ву.

Маьждигана гонаха йинчу аьчкан кертана арахьахула охьадехкинчу аннашна тӀе охьа а хевшина, вовшашка лохха къамелаш деш Ӏара баккхий нах. Бисинарш тӀехӀиттина, цара дуьйцучуьнга ладоьгӀ уш а, шайн-шайн тобанаш йина, къамелаш деш а лаьттара. Нехан яххьашна тӀехула бӀаьрг тоьхча, хиира Ӏелина шаьш кхуза гулдинчу гӀуллакхана уьш цуьрриг а реза боцийла, дегаза гулбеллийла а . Амма, мел хаа гӀертарх, цунна ца хаьара оцу баккхийчу нахах баьчча мила ву а, къаной муьлхарнаш бу а. ТӀаккха уьш хӀинца а схьакхаьчна хир бац аьлла хийтира цунна.

ТӀеоьху адамаш севцча, гонаха керт йоцуш, ша къаьстина лаьттачу цӀенойн гӀишло чуьра араваьлла масех стаг веара майдана. Хьалха вогӀучу буточу, лекхачу стеган коьртарчу куйнна хьарчийна кӀайн чалба а, гӀодаюкъ къевллина дихкина цхьа куьг шуьйра Ӏаьрбийн доьхка а дара. БӀаьргех доьхкина куьзганаш а, кара лаьцна суьлхьанаш а долуш, юткъа-еха хьаьрса маж а йолуш, кегий гӀулчаш йохуш, цунна тӀаьхьауьдура юккъерчу дегӀара эгӀаза стаг. Хьалхарниг хьаьжо хилар билггал гуш дара, ткъа хӀара шолгӀаниг моллех тера хийтира Ӏелина. Духаре а, боларе а хьаьжча, важа шиъ а таро йолчу нахах вуйла хиира цунна. И виъ стаг тӀекхаьчча, майданахь къамелаш лагӀделира.

ТӀаьхьа тӀевеъначу веаннах цхьамма, говран коьртах тера еха юьхь а, мукадеххачух тера муцӀар а, бӀаьргаш а, йоцца лергина хьаьрса маж а, хаза тодина дуткъа мекхаш а долчу лохочу дегӀарчу верстинчу стага, гонна юккъе а ваьлла, куьг хьалалецира.

- ХӀа-хӀани, нах! - мохь туьйхира цо гӀоргӀачу озаца. - Шуна ма-хаъара, вайи укурган началника кхайккхина Ведана вигначуьра селхана сарахь цӀа кхаьчна со. Пурстопал тӀех а ваьккхина, лаа кхойккхур вац полконака шена тӀе. Со дӀа хӀунда кхайккхинера, цо соьга хӀун аьлла дуьйцур ду ас шуна. Царах хьалхарниг ду вайн юьртарчу наха Іедална таккхамаш цабар. ДӀ адахначу шерийн шуна тӀехь дисина декхарш дуьйцур ду ас шуна...

Нахана юккъехь, реза боцуш, гӀовгӀанаш евлира:

- Тхайна тӀехь дисина декхарш дагахь хаьа тхуна!

- Уьш-м бӀозза дийцинера ахь!

- Кхин керланиг делахь, и дийцахьа, СаьӀад!

- Бакълоь, БӀаьштиг. Кху шелехь эрна хан яйа ца оьшу...

- Керланиг дийца лаьа шуна? Лаахь, иза а дуьйцур ду, -шен гӀовталан хьалхарчу кисанара схьадаьккхина, деалха тоьхна кехат даржа а дина, цунна тӀехьаьжира СаьӀад. - Соьмаш а, кепекаш а ягарийир яц ас. Пачхьалкхан налог дезткъа туьма. Юьртан юкъарчу гӀуллакхашна яла еза налог шийтта туьма. Юьртан махка тӀехь дика некъаш а, тӀайш а, юьртахь цӀена хиш а хила-м лаьара шуна, амма оцу гӀуллакхашна харж ян ца лаьа. БӀаьн налог ю ткъа туьма. ХӀора юьрто оц-оццул налог ца елча, иза мел ІаьӀа хаьий шуна? Аш ахча ца делча, Нохчийчохь эскарш кхабалур дуй те Іедална?

- Дера деза хӀета шайн Расе дӀадига. Нохчаша дехна а, хьошалгӀа кхайккхина а ца далийна уьш кхуза, - мохь туьйхира хьалха лаьттачу лохачу, векъначу, беркъачу воккхачу стага.

- Янаркъа, и эскарш вайн дехаршца а, хьошалгӀа а кхуза далийнехьара, тоххара дӀадахана хир дара. Патарма буза а ахьар доцчу хьан кертара уггар хьалха а доьлхуш. Вайга хоьттуш схьа а ца далийна, вайна лаарх дӀа а дуьгур дац. ТӀаккха, салт цадовлархьама, вай токку налог дезткъе итт туьма ю юьртана тӀехь. Салт ваьллачунна хьакхин жижиг даадо, керстанашца вижар-гӀаттар хуьлу, цара кечбина кхача баар къилахь ду бохуш, салт довла а ца лаьа шуна, я шаьш цӀахь дитарна тӀера Іедална налог а ца ло. Я пачхьалкхан декхар охьадилла, я яханчу бӀаьста эскаре а бевлла, япон тӀаме бахначарна тӀаьххье дӀагӀо. Цхьана шарна тӀаме вахначунна ткъе диъ туьма ахча делла Іедало. Иза цхьана стеган бахам бу! Шо кхочуш доллу Аьрсамирзии Эламирза а, Аьрзун Мохьмад а тӀамехь волу. Бакъду, Солтханан Солта, цхьа пхьарс а баьккхина, цӀа веъна. Пхьарс баьккхинехь а, ахча хилла-кх цунна. Іедало цхьа кепек а ца луш, тӀаме боьлхуш, чевнаш а хуьлуш, байа а бойуш схьадогӀуш дац хӀара дуьне? Иштта туркойн тӀаме ца даханера тхо а? Цига вахначу тхо веаннах кхоъ цӀа веара. ХортӀин Асхьабан цигахь Іожалла хилира, Сатун Солтха, пхьарс а баьккхина, цӀа веара. Иштта хӀума ма ю тӀом. Я тӀаме гӀуо, я тӀаме бахначарна дала Іедална ахча луо. ТӀаьххьара а кхин цхьаъ ду. ДӀабахначу баттахь Оьрза-гӀалахь лачкъийначу шина говран лар вайн махка тӀехь сецна. Церан мах ткъа туьма бу. И ахча хӀинца а схьа ца делла аш...

- Вайн махка тӀе ялийнарг харц лар ю! Тхоьгара гӀуда даккхархьама ялийна!

- Вайн эвлахь къуй бац!

- Хилча а, шайн юьртана ямартло йийр яцара. Кхечу ярташкарчу наха дина иза.

- Шайн ворхІе дена неІалт хуьлда и къола динчарна!

- ГӀовгӀанаш совцаел, нах! - ши куьг хьала а лаьцна, мохь туьйхира СаьӀада. - Вайн юьртахь къуй бац элира ахь, Доша? Хьуна уллохь лаьтта Хьомсуркъа мила ву? Эвлаяъ ву иза? ДӀога лаьтта Мудар малик ду? Цо къаьркъа стенах муьйлу? Теркал дехьарчу гӀалгӀазкхийн а, ногӀийн а даьхний лечкъош хене волуш вац ткъа Хьомсуркъа? Цо стенах эцна тоьлла говр а, дика герз а? Полконака омра дина, юьртана тӀехь долу ши бӀе шовзткъе итт туьман диъ сом а, къоланна тоьхна ткъа туьма а кхо бутт балале Ведана укурган хазне охьа ца диллахь, ша бӀаьста йоллушехьа кхуза тражникаш а, салтий а бахкийтина, чуьра йийбар, сал-пал дӀалахьор ю, тӀе цхьацца нах Сибрех а бохуьйтур бу аьлла. Шу паччахьна дуьхьал ду, шайн юьртдас а, къаноша а аьллачуьнга аш ла ца дугӀу, аш йийриг бунт ю боху цо. Цул совнаха, полконакна хиъна, Зеламхас шен обаргашца вайн юьртахь буьйса яьккхинийла. Ас дуьххьал дӀа боху шуьга, Доша, Хьомсуркъа, и обаргаш а, къуй а кхуза ма кхийла, хӀокху юьртана бохам бокккур бу аш. ШолгӀа иштта меттиг хаалахь, кху юьртахь виллина Іен гӀалгӀазкхийн бӀе дошло воуьйтур ву ша а боху полконака. ТӀ аккха атта хир ду шуна дуучуьнца-молучуьнца уьш а, церан говраш а кхаба. ТӀехула тӀе, герз лелор нохчашна диккинийла шайна шал шера хуъушехьа, герз ги а доьллина веъна шу массо а кхуза. Цуьнан хӀун до аш, ги а доьллина лелийна? Шу хьанах лата, мила вен дохку? Я шух лата, шу дайа гӀерташ мила ву? Шун чӀир а хьаьнца ю, шуьца чӀир а хьенан ю? Цкъа марах дер ду шуна и герз. Иза шуьгара схьадаьккхина а ца дуьтуш, ла ца даллал гӀуданаш деттар ду шуна, ткъа цхьаберш бахнарш юха ца богӀучу Сибрех а бохуьйтур бу...

- Шу айкх ца дийлахь, Веданахь волчу полконакна кхузахь оха хӀун леладо хуур дац!

- ГӀалгӀазкхашна йоллу бакъонаш хила еза нохчашна а. Цхьана паччахьан Іедална кӀел хилла ца І аш, гӀалгӀазкхашца цхьана маххахь, цхьана лулахь дехаш ду вай. Нохчашна герз лелор диккина,

ткъа гIалгIазкхашна, лело бакъо елла ца Iаш, доцчунна маьхза ло иза!

- ГIовгIанаш ма ейша, хIай, нах, хIай! - Iаса хьалалаьцна, мохь туьйхира чалба йолчо. - Герз лело бакъонаш йоькъург хIара СаьIад ву-м ца моьтту шуна? Полконака шуьга дIаала аьлла, шена т Iедиллинарг ду цо дуьйцург. Шаьш реза дацахь, Ведана а гIой, оцу полконакна хьекхийша и маьхьарий. Шу хIун адамаш ду? Иэхь-бехк а, гIиллакх а бохург хIун ю а хаьий шуна? Къамел дан витийша и стаг!

- ЛадогIа, нах, ладогIа, - хьала а таьIна, лохха вистхилира хевшина Iачарах цхьа воккхастаг. - Шайна хетарг тIаьхьа эр аш. Дийца ахь, СаьIад.

Баккхийчу наха резабоцуш ладоьгIура юьртден кIоршамечу къамеле.

- Сан-м дац дийца кхин хIумма а. Дийцарх, ладугIуш стаг а вац кхузахь. Со мукъа а ваккхий, кхузахь кхин юьртда хIоттаве эр ду ас полконаке. Сан метта хIитто нах шортта бу юьртахь. Хьомсуркъа, Янаркъа, Доша, БIаьштиг. Мудар а мегар ву хIокху юьртана. Цара дийр ду хIокху юьртан дола.

СаьIада дегабаам бича, мелла а гIиллакх лаьцна дIатуьйчу меттана, мелхуо а карзахбевлира нах.

- Уьш хьайл оьшуш-м ца хета хьуна?

- Оха тхаьш хIоттор ву тхаьшна луъург.

- Кхин цкъа а налогаш йийца тхо гуламе ма кхайкхалахь!

- КIордийна, хьехъевлла тхуна и налогаш а, хьо а!

- Цкъа собардейша, нах! - вистхилира Iелина моллех тарвелла эгIаза, бIаьргех куьзганаш долу воккхастаг. - Делах мукъана а иэхь хIунда ца хета вайна? Делах мукъана а хIунда ца кхоьру вай ? Бусалба велахь а, керста велахь а, паччахьаш Дала хIиттийна ма бу. Делан лаамца лелаш ма бу . Паччахьаша, церан Iедало, цара хIиттийначу хьаькамаша бохург цадинарг, Далла дуьхьал ма ву. Мила ву хIара СаьIад? Делан лаамца хIоьттинчу паччахьо вайн юьртахь шен Iедал латто хIоттийна стаг ву. Вайн юьртан Iу ву хIара. Жа долчунна хьалха Iуьно санна, паччахьна хьалха вайх жоп ло хIоккхо...

- Жана Iу веза, борз ца еза!

- Вайх уьстагIий тардина Iедало!

- Собаре хилийша, муъма вежарий! Аш къобал ца до Делан лаамца вайна тIевеъначу оьрсийн паччахьан Iедал? Делан кхиэлана реза дац шу? Попал хила гIерта шу? Шаьш динчу вочу гI уллакхашна дохкодовла. Дела къинтIера вер ву шуна. Iедало тIейиллина налог, бера[1] , пхи ламаз, ткъе итт марха а санна, вай кхочущдан дезаш пераз ду шуна. Нагахь санна Далла а, I едална а хьалха вай вешан декхарш кхочунт ца дахь, ялсамане догдохийла яц шуна вайн...

- Тоийтахьа, Хьуьса, и хьехамаш маьждиган мимар чу хIоьттича бер ахь тхуна.

- Тахана ма хецавели хIара!

- Ас цхьа-ши дош эр дара, нах. Пурба дуй суна?

Хьуьса наха къамелах юкъахваккхарх пайда а эцна,
гонна кжъавелира цхьаъ. Iела гуламе кхойккхуш шеца дIаийзийнарг вара иза.

- Делхьа, Хьуьса, масийтта шарахь нохчийн цIий а Iенош деъна хIара оьрсийн паччахьан Iедал Делера ду боху ахь. И паччахь а, цуьнан хьаькамаш а Дала хIиттийна, Делан лаамца лелаш бу боху ахь. Бакъ ду иза. ХIара дуьне-Iалам Дала кхоьллина а, цуьнан лаамца лаьтташ а ду. Ахь цкъа дийцира тхуна, паччахьаш, хьаькамаш шайн куьйга кIелхьарчу адамашна юккъехь нийсо еш, церан дола деш, царна рицкъанна гIайгIа беш, догцIена, хьанала хила беза бохуш. Ахь масална валийра Iумар-паччахь. Ткъа тахана кхин дуьйцу ахь. Вайна тIехь къизалла, Iазап, харцонаш латтош волу керста оьрсийн паччахь а, цуьнан Iедал а, хьаькамаш а хестабо ахь, церан лаам кхочуш цабинарг Далла дуьхьал ву, цуьнан Делерчу къинхетаме догдохийла яц, иза жоьжахатин цI ергахь вогур ву боху ахь. Халкъ Iазапехь латточу, къизачу, ямартчу паччахьашна, хьаькамашна к Iел а таIий, лолла а ловш, Iен боху ткъа адамашка?

- Эхартахь Дала цаьрга жоп доьхур ду, Дала йийр ю царна нийса кхиэл... Дала царна эхартахь кхиэл йийр яра бохуш, хIокху дуьненахь церан харцонаш ловш, садетташ ваха веза со?

- Вайга паччахьаш а, лакхара хьаькамаш а хийцалур бац, - юькъагIоьртира кхин. - Амма вешан юьртахь ваьшна луъург дан бакъо ю вайн. ХIара ХьуьсагIар, СаьIадгIар, IабдигIар, ИнарлагIар мерзаниг дууш, хазаниг тIедухуш, месийн назбаршла а керчаш, шишша-кхоккха зударий а хьоьстуш бехаш бу. Ткъа вай екъа сискал а йоцуш, тIелхигаш тIе а кхоьхкина, кенийн мотт-гIайби тIе а дуьйшуш, цхьацца зуда а ца кхабалуш деха. Iедало хIиттийна юьртда а, къаной а дIа а баьхна, кхин харжа беза вай. Нахана юккъехь нийсо а, барт а латтош, юьртан дола дийр долу нах.

- Бакълоь, Доша!

- Кхечу ярташкахь изза деш ду!

- Вай а дац нанна тІаьхьа даьхкина!

- Ас цхьа-ши дош эр дара, а.ш ладоьгІча!

- ЛадогІа, нах! Хьомсуркъа ву вистхила лууш!

- Алал, Хьомсуркъа, хьайна хетарг.

Нахана юкъара схьакъаьстира юкъанеккъара духарца кечвелла, юкъах диккина детица кхелина доьхка а, шаьлта а долуш, шовзткъа шо хенара лекхочу дегІара стаг. Шен даккхийчу, Іаьржачу мекхех хьажо пІелг а хьаькхна, нехан яххьашна тІехула бІаьрг а тоьхна, СаьІадана тІевирзира иза:

- Нах! Шуна хьалха, ерриг юьртана а хезаш, хІокху лаьттачу СаьІада суна къу ву элира. Цундела , шуна массарна а хезаш, хІоккхунна жоп дала лаьа суна. СаьІад, со вац къу, дІогара Панта-Хьаьжий, Хьуьсий, Іабдий, ИнарлагІар, ЧІонакъагІар а - шу ду къуй. Аш къайлах-къулах таладо адамаш. Тхьамданаш, шун сий Дала дойла, сан доьзалехь исс са ду, Дала сох тешийна кхоьллина. Оцу доьзална рицкъа даккха латта дац сан. Тхан ден хилла кхо урд кха хІокху СаьІада дуьйш-дерзош ду. И кха, тхан да тІамехь вийча, тхан нана тхоьца, кегийчу берашца, дан амал доцуш, г Іаддайна кІелйисча, тхан бохамах пайда а эцна, тхан ненна гирда хьаьжкІаш а елла, шен дола дакккхинера СаьІадан дас, Товсолта-Хьаьжас. Иза юьртана а хаьа. И кха шега дехарх, СаьІада схьа ца ло, иза Іедалехула схьадаккха а я кхин латта эца а сан ницкъ бац. Ас и кха аьхча, оцу тІера со дІаваккха къонаха-м вацара хІара СаьІад, амма Іедале дІа а велла, Сибрех вохуьйтур ву. Іедал хьолахочуьнгахьа ма ду. Аш сан латта лачкъийна, СаьІад. Хьан да Товсолта а хилла къу, хьо а ву къу. Со вац. Со хьанна къола дина гучуваьлла хьуна?

- ОхІ! Хье тІехь маІаш йолуш хила веза моьтту хьуна къу? ГІалгІазакхийн, ногІийн, гІумкийн говраш а, даьхний а лечкъош, уьш Нохчмахкахь, Іаьндахь духкуш вац хьо?

- Ас ногІийн, гІумкийн, цхьана а бусалба стеган цкъа кхалла рицкъа ца лачкъийна, СаьІад. Ас Теркал дехьарчу гІалгІазкхийн даьхний лечкъийна. Къечу гІалгІазкхийнаш а ца лечкъийна. Мискачеран цІий муьйлуш болчу, шу тайпанчу, хьал долчу гІалгІазкхийн даьхний лечкъийна. Я нийсса аьлча, цигарчу къечу гІалгІазкхаша хьолахойн лачкъийна, сайга схьаделча, хьала а далош , кхузахь я Іаьндахь дІадухку. Оцу тІера йолучу хІуманах доьзал хене баккха гІерта со. Цкъа доцург, со а, сан накъостий а бахьанехь цхьана а юьртана гІуда а ца тоьхна... Иза а оха, совнаха а токкуш, дІатекхна оцу юьртана. Иза жайнахь муха хир ду ца хаьа суна, Хьуьса, хІинца дуьйна дІа цхьа ойла ю сан. Теркал дехьарчу сан хьешашагІалгІазкхаша даима а соьга даьхний хьала кхоьхьуьйтуш, ткъа со даима а ши куьг лестош царна тІе а воьдуш, гІиллакхе ца хета суна . Схьатоьхча, дІатоха олуш, цхьа кица ду вайн. Иштта, шу цхьа таро йол-йолчу нехан даьхний наггахь мукъана а Теркал дехьа ца дигахь, цигарчу сайн накъосташна хьалха юьхьІаьржа хуьлу со ...

- Тхан даьхний а дигна, стигла вала воллура хьо, лаьттах вола воллура хьо, Хьомсуркъа?

- Стигла а ца волуш, лаьттах а ца вулуш, Зеламхех дІаккхетар вара-кх, Инарла.

- Хьайца со а вигалахь, Хьомсуркъа!

- Зеламхина ца оьшу Хьомсуркъа тайпа къуй а, хьо тайпа малархой а, Мудар!

- ТІаьххьара а цхьа-ши дош олу ас, - шен къамел дерзо вуьйлира Хьомсуркъа. - Вайн юьртана харцонца тІедожийна ткъа туьма гІуда я Іедале дІадаккхийта, СаьІад, я бехкениг а каравай, цуьнга такхийта. Иза а дан шаьи къонахий дацахь, шайн кисанара дІало. Таханчул тІаьхьа нахана юккъехь диканна а, вонна а сан цІе ма яккхалахь. Со Іедалан бага а ма Іитта. Со дІавоьду кхузара, соьца вогІург схьатІаьхьахІотта.

3

ДІаволавелла Хьомсуркъа а, цунна тІаьхьахІоьттина масех стаг а сацийра, доцца лергина маж-мекх а долуш, оьрсийн духарца кечвеллачу шовзткъе итт шо хенарчу стага.

- Хьомсуркъа, ас цхьа-ши дош аллалц совцийша. Дукха латтор дац шу.

ХьомсуркъагІар дегаза бухабирзира. Нехан гІовгІанаш дІателлац собаре ладоьгІуш а Іийна, мохь ца хьоькхуш, куьйгаш дІаса а ца лестош, оьздда къамел дира стага:

- Юьртахой, вежарий! Кхузахь динчу къамелах сайна хетарг ала лаьа суна. СаьІада дийцинарг округан начальнико шена тІедиллинарг ду. Цунах лаьцна, Іедало лелориг йоккха харцо ю алар бен , кхин дийца хІумма а дац сан. Амма Хьуьсас а, Хьомсуркъас а доцца динчу къамелех масех дош эр ду ас. Хьуьса, хьо Іеламстаг, юьртан къеда цІе йолуш ву. Делан дош адамашка нийса дІакхачо а, церан дегнаш чу дижо а, уьш нийса кхето а декхар долуш ву хьо а, хьо саннарш а. Ахь тахана Делан цІарах, Дала аьлла бохуш дина къамел нийса дац, ахь нийсса бІостанехьа а

далькхина дийцира. Шайн куьйга кIелхьарчу халкъана юкъахь нийсо, барт, машар, иман-беркат латтош, халкъан бала болуш, халкъах доглозуш болчу паччахьашна а, церан хьаькамашна а муьтI ахь хила, цара кхайкхийначу Iедалца нийса некъ а бе боху Дала. Амма и паччахьаш а, церан хьаькамаш а, Iедал а харцонаш, ямартлонаш лелош, халкъ Iазапехь, лоллехь латтош белахь, церан Iедал халкъана зуламе, бохаме делахь, царна муьтIахь ма хила, церан метта Ша бохучу некъашца куьйгалла дийр долу, цIена, хьанала, къинхетаме паччахьаш а, хьаькамаш а хIиттабе, Iедал а кхолла боху Дала. Тахана вайна тIехь волу паччахь а, цуьнан хьаькамаш а, церан Iедал а Дала бохучу некъаш тIера бевлла. Цара халкъаш лоллехь, Iазапехь дахкадо, цара харцонаш, ямартлонаш лелайо, цаьргахь къинхетам бац, уьш къиза бу. Цундела оьрсий а, Россера кхидолу халкъаш а царна реза дац, уьш паччахьна, цуьнан Iедална дуьхьалдевлла. Ткъа ахь паччахьна а, кхузарчу цуьнан хьаькамашна а реза боцчу нахана жоьжахатица кхерамаш туьйсу, царна дуьхьал верг Далла дуьхьал ву, иза жоьжахатин цIергахь вогур ву боху. Гуш лаьтташехьа харцдерг ма дийца...

- ЭхI, ма бакълоь хьо, Овхьад!

- Дала догдика де хьан!

- ХьуьсагIар санначарна дика ма ву оьрсийн паччахь...

- Цундела уьш цуьнгахьа бу...

- Дала мукъалахь, жоьжахатехь а цхьаьна хир бу уьш...

- Ткъа хьо, Хьомсуркъа, хьайна а, нахана а зуламечу новкъа ваьлла, и ахь юьхьарлаьцна некъ Дала магош бац, оцу новкъахь ахь доккхуш долу рицкъа хьуна а, хьан доьзална а, цунах мел кхеттачунна а хьарам ду. Хьуо къелло ваькккхина боху ахь оцу новкъа. Айхьа къола бусалба адамашна ца до, керстанашна, гIалгIазкхашна до боху. Ткъа Дала дихкина бусалбанан а, керстанан а, муьлххачу динехь, муьлххачу къомах долчу адаман а долаллина тIе куьг кховдор. Нехан хьакъ диънfamilia, цунах пайдаэцначунна ша гечдийр дац, гечдан шен бакъо а яц боху Дала. Мацалла леш велахь а, нехан хьакъ а, рицкъа а кхаллий, валарх кIелхьара ма вала боху. Нехан хьакъ, нехан рицкъа ца даа, хьаккхин а, къиэн еллачу бежанан а, экханан а, олхазаран а жижиг даа магадо. Мацвелла, къийвелла, гIаддайна, хьо кIелвиса волахь, къола ма де, сагIа деха боху . Къола дар иэхье а, къилахь а ду, сагIа дехарх иэхь дац. Вайн лулара бусалба суьйлий, шаьш къийбелча, къола дан ца богIу Нохчийчу, ткъа сагIа деха богIу. Ахь буьйцучу гIалгIазкхаша хьацарца къахьоьгуш кхиош а, кхобуш а ма ду аш лечкъадо даьхний. Масех шарахь цара къахьоьгуш кхиийна даьхний а лачкъадой, уьш чIана ма боху аш. Церан а ма ду, хьан санна, бераш. Даа а, тIедуха а, даха а дезаш. Къа дац оцу адамийн? Кханалерчу къематдийнахь Далла хьалха а, оцу дохнан дайшна хьалха а жоп дала дезар ма ду шун...

- Оцу хьайн вешин туька яхьарна, я СаьIадгIеран, ХьуьсагIеран, ИнарлагIеран даьхний дигарна кхоьруш, цаьргахьа гIо доккхуш бо хир бу ахь и хьехамаш? - мохь туьйхира Хьомсуркъас.

- Аш сан вешин туька яхьарца а, вукхеран даьхний дигарца а сан гIуллакх дац, Хьомсуркъа. Хьо санна боьрша нах бу уьш, шайн туька а, даьхний а цара шаьш лардийр ду. Нагахь санна, шун аьтто а баьлла, аш къола дахь а, шаьш къонахий белахь, цара схьадохур ду шуьгара. Иза шун вовшийн гIуллакх ду. Ткъа ахь а, хьо санначу кхечу нохчаша а гIумкийн, ногIийн, гIалгIазкхийн даьхний а лечкъош, талораш а деш летийначу къинойх а аш Далла хьалха жоп лур ду, Дала шуна тIехь кхиэл а йийр ю. Со ала гIертарг кхин ду. Нохчех даьлла дерриг а воииг дIаяздо оьрсийн газеташа. Къоланаш, талораш, адамаш дайар, доцца аьлча, кхечу къаьмнийн вайх безам бовр берг дерриг а. ЦхьакIеззиг дерг, дестадой, харцахьа доккхий. Амма цара яздийриг цхьа бух боцуш ца хуьлу. Вайн цхьаболчу нохчаша къоланаш, талораш до, адамаш а дойу. ГIалгIазкхашна а, гIумкашна а, ногIашна а, луларчу кхечу къаьмнашна а. Вовшашлахь а. Ахь а, хьо санначу нохчаша а лелочу зуламаша вон цIе йоккхуьйту дерриг а нохчийн къоман. Кхечу къаьмнашна хьалха сий дойу , нохчашка цабезам, цатешам кхуллу. Шу тайпачу наха доккха зулам до вайн халкъана. КхозлагIа. Къелло а, мацалло а бIарзбина дуккха а нохчий, оцу аш юьхьар-лаьцначу, Дала ца мигийначу новкьа ца бовла, Теркайистерчу гIалгIазкхашна йолах болх бан а, цхьана ханна мехах эцна а, юкъахь латта лело а боьлху хIора шарахь. Царах цхьаберш цхьана ханна кегий кIотарш а ехкина, бехаш а буьсу цигахь. Ахь а, хьо санначара а гIалгIазкхашна деш долу къоланаш а, гIалгIазкхий байар а бахьана долуш, и хьанала къа а хьоьгуш, шайн доьзалшна сискал яккха гIерташ болу къен-миска нохчий цигара дIа а лахка, церан кIотарш а йохае, карахь юьртдегара, пурстопера кехат доцуш а, карахь герз долуш а веъна нохчо, схьа а лаций, набахте чу а таса аьлла омра дина областан начальнико. Къа дац оцу мисканийн? Ахь а, хьо санначара а бохам ма бальккхина царна. Гена гIиртина хIун до вай, вешан юьртарчу Болатан кIантана бина бохам вайна гуш ма бу. Гой хьуна, Хьомсуркъа, оцу шайн къоланашца, талорашца, цкъа-делахь, Далла хьалха бехке хуьлу шу, шолгIа-делахь, нохчийн къоман сий дойу аш, кхозлагIа-делахь, Нохчийчуьра ара а бевлла, кхечу къаьмнашна юкъа а бахана, хьацарца къахьоьгуш, шайн доьзалшна хьанала сискал йоккхуш болчу нохчашна бохам бина аш. Гати-Юьртан махка тIе лар ялийна говраш ахь лачкъийна ца боху ас. Амма хIокху юьртахь вехаш къу вуйла хууш, юрт бехке ян дина хIума ду иза. ХIинццалц айхьа бина зуламе некъ а битий, кхиболу нах санна, хьанала къа а хьоьгуш, ваха веза хьо а...

Iелина хетарехь, и Хьомсуркъа кхета а, къарвала а дагахь вацара.

- Хьуна атта ду иштта ала! - мохь хьоьккхура цо. -Шун долахь туька а, хьераш а, аннаш доху чарх а ю. Со къен-миска стаг ву, Овхьад. Шу санна, хьал долуш велахьара, со а ваьлла хир вацара ахь буьйцучу новкъа!

- Со да волуш сайн дегI доцург хIумма а дац, Хьомсуркъа, Ахь багарбина бахам сан вешин Iабдин бу, Цунах цхьа тилор-тай а, цхьа хьостам а суна оьшуш а бац. Хьуо къен-миска ву бохуш, нахана мохь а ма хьекха. Хьо къен-миска вац. Хьан дика говр а, герз а ду. Хьуна тIера духар сайчул а дика ду. Къен-миска нах бац гIалгIазкхашна, ногIашна, гIумкашна къоланаш, талораш дийраш. Ги тIоьрмиг а боьллина, кара гIаж а лаьцна, гIаш цига вахалур вац къен-миска стаг, вахавелча а, цигара говраш, даьхний а далалур дац. Къен-миска нах, шайн латтанийн коржамаш тI ехь белхаш а беш, бежана, газа-уьстагIа а кхобуш, шайн аьтто берш Теркайисте гIалгIазкхашна йолах балха а боьлхуш, хене бовлуш бу. Ткъа и къоланаш, талораш дийраш дика дой а, тоьлла герз а долу нах бу. Мацвеллачу стага ялтин гали лачкъадо, говраш а, даьхний а ца лачкъадо, почта ца талайо.

Овхьада ша дIатаIийча, СаьIадана тIевирзира Хьомсуркъа:

- Ткъа ахь, СаьIад, сан ден хилла кха бертахь схьало. Ца лахь, ас бIаьста охур ду иза!

- Даима а и кха хьехош, кIордийна, хьех чекхваьлла-кх хьо! Кха а делара иза а. Куйна кIел а хоьур долуш ирзо. Гирда хьаьжкIех етт лучу хенахь, сан дас гирда хьаьжкIаш а елла, хьан ненера эцна и кха. Эцна, шен бераш мацалла леш даккхара, эцахьара ахь бохуш, хьан нана йоьлхуш , тIаьхьара а ца яьлла. Хьо гIаддайна а велахьара, ахь кхерамаш а ца тийсахьара, ахь хаза а алахьара, и кха хьуна дIалур дара ас. Амма хIинца-м лур дац. Хьайн говр я герз а дохкий, цхьана аьттан мах суна схьа а лой, дIаэца. Кха а, къоланаш дитар а - ши пайда хир бу хьуна!

Ша вистхилийта бохуш, мохь бетташ, хьалхалелхара кхин цхьаъ. Эххар а цуьнга ладуьйгIира наха.

- Алал, Iабди.

- Тхан туька а, хьер а, чарх а суна тIехъетташ нах а бу хIокху юьртахь. Уьш тхуна хIокху юьртарчу наха йина а яц, я стиглара охьаэгна а яц. Тхан дас а, доьзало а масийтта шарахь къа а хьоьгуш ехкина уьш. Шуьга туька а, хьер а, чарх а ца юьллуьйтуш мила ву? Оцу Яьссин тогIи чохь бIе хьер, бIе чарх хIотто меттигаш бу шуна а. Чу туька йилла цIенош а ду шун. Шу хIун деш Iа, уьш ца йоккхуш? Дика ду, ас тхешан туька а, хьер а, аннаш доху чарх а дIакъовлур ю. ТI аккха аш ялта мичахь охьур ду, цIенойн гIирс-коьчал мичахь йоккхур ю, кIади, коч-хеча, кад-I айг, бел-шада, кхиерш мичара оьцур ю? Кхечу ярташка лелар ду шу? Муьлш бу и хабарш дуьйцу нах ? ХIокху юьртара ара а бевлла, БIаьн-некъал лаха а бовлаза нах бу-кх. Йозанах цхьа элп а, шинна тIе шиъ тоьхча маса хуьлу а ца хууш нах бу-кх. Карахь бурмах бовла шай а доцуш нах бу-кх. Москохара, Ростохара, Петарбухера товар а дохьуш, дохка туьканa охьадиллалур дуй оцу нахе ? Дика ду, туька а, хьер а, чарх а юьллур ю цара. ТIаккха нахана маьхза товар доькъур ду цара ? Я бол ца боккхуш ялта охьур дуй? Я маьхза ханнаш чорхах дохур дуй? Ас-м цхьа гIаддайначуьн ялта бол ца боккхуш охьу, херхах дечиг а йоккху, туьканара туьха-мехкадаьтта а, тай-маха а ло . Иза а дийр ма дац суна и хабарш юьйцучу иаха. Шайн долчун а, нехан долчун а ши бала болуш, и Iаьржа дегнаш лелха дохку церан!

Малхбузу ламазан хан гергагIоьртича, цхьацца-шишша воьдуш, майданара дIабуьйлура нах. ТI аьххьара а гIевттира баккхий нах.

- Аш хIун олу хIокху гIуллакхана, Лорса? - царна тIевирзира СаьIад. - Со юьртда хиларх, юьртана тIе дика-вон деъча, цуьнан бала кхача безарш а, листа дезарш а шу ма ду. Лакхарчу I едало, кхана схьа а деъна, юьртан къаной схьагулбе эр ду соьга. Шу хIун дан дохку тIаккха?

Лорсас ойла ца йира жоп лоьхуш.

- Юьртах жоп дала, тхо юьрто хаьржина къаной а дац, СаьIад. Пурстопа а, ахьа а цIераш яьхна билгалдар бен. Юьртара нах оха аьллачуьнга ладугIур долуш боцийла а хаьа хьуна. Уьш жоьпе, та Iзаре озо тхан ницкъ а бац. Тхоьга жоп деха ца оьшу ахь а, лакхарчу Iедало а. ШолгIа. Ахь дагардина декхарш такха долахь, хIора доьзало цхьацца бежана дохка деза. Дукххахболчу нехан кертахь цхьацца бежана а, атталла газа-уьстагIа а дац. Цхьана болу цхьа етт боьхкича, бераш шуьрех хедар ду, сту боьхкича, гIуллакхаш кхин а галдевр ду. Нехан аьттонаш бац, СаьIад. Цу т Iе, ахь ма-дуьйццу дукха а дац юьртана тIера декхарш. Аш хьарамлонаш лелайой те моьтту тхуна. Адамийн собар кхачийна, СаьIад. Адамаш оьгIазе ду. Хьо а дукха тIехваьлла чугIерта нахана. Жимма собаре а, ларлуш а хила.

Вовшийн Iодика а йина, шайн Iасанаш а луьйзуш, дIасабекъабелира баккхий нах.

[1] Бера - ворданашца мохь дIасалелош гIуллакх дар. Кхузахь - Iедална болх бар.

VI. ТIаьххьара чевнаш

Суна гац хьан бIаьргаш лепаш,
Дуьххьара со вохвеш санна,
Массарал а ирс долуш хеташ,
Айвина со лелош санна.
Алахьа, ца йисна хьоьца
Вай тIомахь лелийна йовхо?
Дог сацац, къуоналла лоьхуш,
Даханчух богу суй боьхуш...

М. Мамакаев

1

Ша къона волуш баккхийчу наха дуьйцу хезнера Iелина, оьрсащца тIом хилале хьалха нохчий чIогI а Делах тешаш а, Делах кхоьруш а, оьзда, къинхетаме, собаре, барт болуш а бара бохуш. Цара дийцина нохчийн къоман и оьзда гIиллакхаш цхьадерш тIеман халонаша, бохамаша, эрчонаша хьешний, дохийний, дагийний дIадаьхнера, цхьадолчеран лараш, гIаларташ дисинера.

ТIом - къизалла ю. ТIамо синош ца кхуллу - синош дойу. ТIамо цIенош ца до, ярташ, шахьарш ца хIиттайо -йохайо. Ялташ, даьхний ца кхиадо - хIаллакдо. Машаречу адамаша бIеннаш, эзарнаш шерашкахь хьекъалца, безамца, собарца, хьацарца къахьоьгуш кхоьллинарг дерриг а къинхетамза х Iаллакдо. ТIамо, тIера дай а бойуш, буобераш, къона жоьра-зударий, кIентий а бойуш, къена дай -наной буьту, заьIапхой бо. ТIамо адамаш харцонна, ямартлонна, къизаллина тIетоьтту. Цкъа а адаман са даккха дага цадеънарг, сагалмат хьаша а ларвелларг, цуьнан шен бертаза адамаш дайа Iамаво. Шена тIе герз а лаьцна, чугIертачу мостагIчуьнга ша ца вейта, иза воь цо. Дуьххьара адаман са даккха хала хуьлу стагана, амма цхьаъ, шиъ, масех а адам дийча, цуьнан дог чIагIло, къизло, иза цIийх, къизаллех вулу. ХIетталц хьарамчух ларвелларг къола дан, талор дан Iема. Ша мацалла ца вала, шен доьзал мацалла ца балийта. Халкъе беъначу бохамах пайда а оьцуш, шайна хьал-бахам гулбо цхьаболчара. ТIамо дуккха а адамийн иэхь-иман, яхь-оьздангалла, къинхетам боь, собарх дохадо, акхаройн амале дерзадо. Ткъа и тIом цхьадолчу адамийн корматалле, говзалле, церан дахаран Iалашоне боьрзу. Уьш нахаран баьлчанах, марс-мангалх, машаречу дахаран кхечу гIирсех херабовлу. Царна герзах дIакъаста ца лаьа, цуьнца лоху шайн рицкъа.

ТIом болуш а, цул тIаьхьа а оьрсийн Iедалан ерриг а Iалашо нохчийн къоман барт бохорна, иза оьздангаллех дохорна, юккъера иман-ислам дIадаккхарна тIехьажийна яра. Оцу тIехь дика кхиамаш а баьхнера Iедало. Дукхахдолчунна оццу Iалашонца Нохчийчу, нохчашна юкъа баржийна охьаховшийнера бIе эзар сов оьрсий. Цаьргара дикка амалш а, гIиллакхаш а схьаэцнера нохчаша. Диканиш, пайдениш, оьзданиш ца эцнера, ткъа оьзда доцурш, зуламениш, къизаниш схьаэцнера. Нохчашна тIе и бохаме Iаткъам хилийта кхуза охьаховшийнера и оьрсий. Цул совнаха, тIеман заманахь а, цул тIаьхьа а нохчашна юкъа баьржинера суьйлий, гIазгIумкий, хIирий, гуьржий, чергазой, гIебартой. Мацах цкъа цIена цIий долуш хилла нохчийн къам, кхечаьрца иэделлера, цуьнан амалш а, гIиллакхаш а хийцаделлера.

Тахана хиллачу гуламехь шера гора шайн дайн оьздачу гIиллакхех нохчий бохар. Кхузахь гучуделира адамийн бартбацар, хьагI-гамонаш, сутаралла, декъаза куралаш, дозаллаш, вовшех цадашар, цатешам. Iелина уггар халахеттарг и нах, Далла Iамал еш белахь а, Делах цаккхерар дара. Боккъал а уьд Делах тешаш а, кхоьруш а хилча, цара къоланаш дийр дацара, хьарамчу дохнах, рицкъех пайдаоьцур бацара, нехан долаллина тIе куьг кховдор дацара, адамаш дойур дацара. Церан дегнаш чохь хьагI-гамо, мекха, сутаралла, куралла хир яцара. Уьш собаре, къинхетаме хир бара, царна юккъехь барт, марзо хир яра, къен-мискачунна орцахбовлуш, гIо деш хир бара.

Iела къуона волуш юьртан гуламехь низам хуьлура. Къеначарна а, къуоначарна а шайн-шайн меттиг ларъян хаьара. Баьччера пурба доцуш цхьа а вист ца хуьлура. Цхьамма къамел деш, цунна юкъа а ца лелхаш, лерина ладугIура. Гуламо тIеэцна сацам, йина кхиэл цхьа а дIасахьийзор доцуш кхочушйора.

Таханлерчу гуламехь уьш дацара. Баккхий нах, мичахь бу а ца хууш, бист а ца хуьлуш, хевшина I ара. Царах баьчча а, къаной а муьлш бу а ца къаьстара. Цхьамма къамел деш, цуьнга ладугIуш стаг а вацара. Собар дацара. ОьгIазе маьхьарий хьоькхура. Веккъа цхьана Овхьад цIе йолчу стага бен, хьекъале, пайде къамел ца дира цхьамма а. Бисинчара вовшашна тIехбеттамаш бора, I иттарш йора, вовшийн сийсазбора.

Доцца аьлча, Iела махках ваьлла лелачу оцу шовзткъа шарахь, тIе галбовлар бен, хьекъале, кхетаме, имане ца баьхкинера Гати-Юьртара нах. Изза хир ду-кх нохчийн кхечу ярташкахь а.

Замано а, Iедало а къинхетамза болх бинера нохчийн къам шен оьздачу гIиллакхех а, амалех а дохорна тIехь...

2

Оцу дийнахь суьйранна бен шен хIусаман да ца гира Iелина. ХIара Iуьйранна хьалххе гIаьттина араваьлча, рогIехь жа дажо вахана иза суьйранна бен цIа ца веара. Шайн хьешо божали чуьра кхелли дIаяккхар хиъча, оьгIазвахана, зудчунна дов дан вуьйлира.

- ХIай, стаг, хIай, ахь соьга хIун де боху? - елха ийзайора бехкала яхана хIусамнана. - Вайн устазора ца хиъна суна цо динарг делкъехь бен. Ас пхьарс лаьцна ийзаварх, чу а ца веара, даккха гIертарх, шада соьга схьа а ца делира. Ахь сайн бехк бийр буйла хууш, со-м дукха гIиртира цуьнга и дIа ца яккхийта.

Дарвелла хIусамда генавала воллийла хиъначу Iелас хала меттавалийра, дерригенна а ша бехке ву, мукъалла са а гатделла, хIусамнене а ца хоттуш, и болх шеггара бира ша аьлла.

Iелас хIусамдега дийцира тахана ша юьртан гуламе нисвалар, амма цигахь дуьйцуш шена хезначух дош а ца элира.

- Цигахь хилла воццушехьа хаьа суна юьртдас хIун дийцина, - цавашаре куьг ластийра хIусамдас. - Iедалан налогаш а, гIуданаш а дIатакха деза, ца таккхахь, тражникаша, схьа а баьхкина, кертахь мел долу хIума дерриг а лаххьийна дIахьур ду баьхна хир ду цо. Хьесап дина ца валлал дукха ю и налогаш, цхьацца цIераш а техкина. Ког а тасабелла, галвалахь а гIуда туху. Юьрта мел веъна а, юьртахула чекх мел волу а хьаькам кхаба веза, цунна говраш, гIудалкх латто еза дIасавига. Сайн шина старах чомахь дезар эца йиш ца хилла сан цкъа а. Даима дIа Iедалан гIуллакхашна лаьхкина лелош. ДIадахначу шарахь етт белла сан, бердах а бахана. Цунна тIаьхьара шинара тIедогIучу шарахь бен дехкар дац. Кертахь шура йоккхуш бежана ца хилча, берашна дан хIума ца хуьлу. Суна тIехь пхи туьма Iедалан налог ю. Юьртдас а, писаро а тIе мосазза кхечи а, керта хIуьттуш дIайоьху иза. Ас мичара ло Iедална пхи туьма налог? Аттана тIаьхьа кхиъна дохкуна дуккур ду олийла а дац. Шиннах цхьа сту боьхкича, ши куьг а хаьдда вуьсур ву. Стохка тражникаш а балош веъначу пурстопа налогана дуьхьал кIудал а, тиша куз а бехьна сан. ХIинца базара яьккхича мах хоттур болуш хIума яц сан декъа тIехь. Тхешан ден хилла герз дахьа гIоьртича, царна дуьхьало йира ас. Оцу тIехула оьгIазло а йина, суна тIера ах декхар бен дIа ца даьккхира. ТIе къорза истанг а дехьира. Зуда, и саьрамсаькх а, кад а, оккхало а лохьа соьга, берам кечбе ас.

ХIун дара а хаац, хIокку хIусамехь хан мел йолу, ша цхьа дагна гергарчу адамашна юккъехь волуш санна, паргIат хетара Iелина. ДегIана цхьа хаза там беш яра товханехь йогу йоккха летта цIе. Буркъаш туьйсуш кхехкара товханарчу очакха тIе хIоттийна кIай долу чуьйнан яй. ЦIенкъахь голаш тIе а лахъелла, хьолтIамаш еш йоллура хIусамнана. Хьаккхийна ахьаран межарг, холаха бухь баьккхина, ирахь лаьттара теккхахь. Цунах кIез-кIезиг межаргаш а дохуш, цкъа буйнахь горгдеш, тIаккха кера юккъе теIош чIапдеш, цхьана агIор текха охьадоххура цо. Жимахдолу кхо бер а доллура, нанас шайна беллачу межаргех йина кегий сискалш алу тIехь ятта гIерташ, товханна хьалха хьийзаш.

- Гуттар а хьийкъина деъначу шарахь тхешан ялтица халла бIаьстенга довлу тхо, - дуьйцура хIусамдас, саьрамсаькхан церган цIанъеш. - Цхьа етт, ши стуй Iаьнах баккха Теркайисте боьлху кхузара цхьаболу нах. Масех стаг цхьаьнакхеташ, мехах дежийла а лоцуш. Мах луш, цхьана ханна лело латта а оьцу. Латта долчу деца юкъахь и лело а боьлху. Хала хуьлу доьзалх а, юьртах а ваьлла, цигахь масех баттахь болх бан. ГIаддайна боьлху-кх. ХIинца цига латта лело дахар а, Iаьнах даха цига даьхний дигар а диккина боху тхуна БуритIарчу цхьана воккхачу хьаькамо. Оцу берашкахь дерг го-кх хьуна. Iай кху чуьра арадовла де дац церан. ТIедуха а дац, когадуха а дац. Берзина бу. Боцу аьтто, тIеетта налогаш. ТIехула тIе цкъацкъа балабой, юьрта масех баттана салтий ховшабо нахе кхабийта. Цара дуург-мерг новкъа дацара, тхан делахьара. Шайна доьгIнарг бен дуур дарий цара. Новкъа дерг кхин хуьлу. Оьздангаллех чо бац церан догIмашца. Хьакхарчий ю-кх, боьха хьакхарчий. Шишша-кхоккха охьахааво хIора керта. Шайн ворхIе ден баьрчехь санна, эвхьаза лела. ТIекхаьчнарг юу, хазъелларг дIаоьцу. Кертара говр а, стерчий а, ворда а церан гIуллакхана кийча, даима дIахIиттийна хила деза. Кертара а,арара а хьайн гIуллакх дойла мичара хуьлуьйту хьан. Салтий дIабахча, юьртахь екаш котам хезар яц хьуна. Лаххьайой юу. Маьттаза яппарш йо. Цхьадика, зударий а, бераш а ца кхета церан маттах. Я царах летта, вала веза, я уьш а ловш, котам санна, таьIна Iен веза. Цкъа-цкъа ойла хуьлу, царах а, хIокку Iедалх а летта, велург вийна, Зеламхин тобанах дIаккхета. ТIаккха а доьзална, кегийчу беришна хIун дийр ду а ца хуий, сатухий, соцу.

Iелина тахана мосазза а хезнера наха оцу Зеламхин цIе йоккхуш.

- И Зеламха мила ву?

ХIусамда, цецваьлла, хьеше хьаьжира.

- Хорачойн Зеламха вуьйцу ца хезна хьуна?

Iела вуьйхира. Зеламха цIеяххана стаг хилча, Оьрза-гIалахь ца вёвзаш я вуьйцу хазаза хуьлийла а ма дац. Оцу тIехь ша гучуваларна кхеравелира Iела.

- Вуьйцу хезна суна, амма цунах лаьцна тайп-тайпана хабарш ду тхан агIор.

- Зеламха мила ву хьотту ахь? Зеламха обарг ву. Цуьнца бу уггар майра нохчийн, гIалгIайн кIентий. Иза пачхьан Iедална дуьхьал гIаьттина, цо бекхам оьцу къизачу, ямартчу хьаькамех, гI

ийла-мискачеран догьоьцу. Ишттa ву-кх хорачойн Зеламха!

Пхьор диъна, шаьш паргIатдевлча, ларлуш шен доьзал хетта вуьйлира Iела.

- Шовзткъа шо хьалха дика таро йолуш вехаш вара со. Сан долахь аьчкан пхьалгIа, дика беш, ши говр, бежанаш а дара. ХIетахь сих-сиха хIокху юьрта вогIура со, нахана цхьацца гIирсаш а бохка, пхьола а дан. Оцу заманахь кхузахь, хIоккху юккъехь, цхьа хьаша вара сан, со тIевуссуш. Хонкара а вахана, шо а дацкхина цIа веъча, дукха хан ялале лаьцна, Сибрех вахийтира иза. Оццу хенахь сан гIуллакхаш а галдевлира. Доьзал хене бак-кха гIерташ, Донехула, Кубанехула, дуьне мел ду волавелла лела дийзира сан. ХIетахь дуьйна вовшийн гина вац тхойшинна я хIун хилла а ца хаьа.

ХIусамдас цецваьлла ладоьгIура хьешан къамеле. Гуш дара иза цхьаъ дагадайита гIерташ хилар.

- ЦIе хIун яра хьан хьешан?

- Цуьнан цIей... - ойла ечуха, тховх хьалахьаьжира Iела. - Цуьнан цIе Iела яра моьтту суна. Суна дагахь, шел воккха цхьа ваша а вара цуьнан. Иза а Хонкарахь вийнера.

- Сийсара ахь хьайн цIе Андри ю аьлча, охьавижначул тIаьхьа дукха ойла йира ас, и цIе йохуш суна мичахь хезна те бохуш. ХIинца дагадеа. Мацах цкъа, со жима волуш, тхайн нанас дуьйцу хезнера суна, аьчкан пхьола дан кхуза вогIуш Андри цIе йолуш Оьрза-гIалара цхьа гIалгIазкхи вара бохуш. Оцу гIалгIазкхичо шайна дуккха а гIо дина олура цо. Хьо хилла-кх иза.

Iела дуьххьара гуш санна, лерина цуьнга хьаьжира иза.

- ТIаккха, оцу сан хьешах Iелех хилларг хаьий шуна?

- ХIетахь лаьцна, Сибрех вахийтина иза, кхин хабар доцуш, вайна ткъе берхIийтта шо ду. Цуьнца лецнарш а байна, иза а вайна.

- Суна вевзинчу хенахь зуда а, ши кIант а дара цуьнан. Царах хIун хилла те? - садаIар сацийна ладуьйгIира Iелас.

- Цхьаберш дийна бу. Хазахетта, Iелин дог тохаделира.

- Мичахь бу уьш? ХIокху юьртахь буй?

- Бу дера. Цуьнан жимахволу кIант ву со, ткъа... ДIахьажавеллачу хIусамдена гира бос баьхьна, макхвелла шен хьаша.

- Ой, хьуна хIун хилла? - хьалаиккхира хIусамда. -Же, ма Iелахь, зуда, шийла хи далахь!

- Ца оьшу, - меллаша хIусамда дIахилийра Iелас. -Цкъацкъа коьрте цхьа чIогIа лазар туху суна. Сихха дIадолу. ХIинца дIадели. ТIаккха, дийцал ахь. Хьан цIе хIун ю?

- Iусман.

- ХIаъа, Iумар, Iусман ярий цуьнан шина кIентан цIераш. Iумар хIун деш ву?

Iусманан юьхь кхуьйлира.

- Iумар воцуш ву...

Iелин дагна кхин а цхьа чов хилира, амма дерриг а лан Iеминчу цо сатуьйхира.

- Муха хилла цуьнан Iожалла?

- Iаьлбаг-Хьаьжина тIаьхьа а хIоьттина, тIаьхххьара де тIехIотталц тIом бира цо. Цкъа чIогIа чов хилира. ГIаттам хьаьшначул тIаьхьа нах леца юьрта салтий баьхкича, церан кара ца ваха, вада гIоьртира иза. Салташца хиллачу тасадаларехь Iожалла хилира цуьнан.

Хилларш карладевлла, цхьана юкъана вист ца хуьлуш, ойланашка велира и шиъ.

- Iелин вешин зуда а, кIант а дара, цаьршиннах хIун хилла?

- Цуьнан зуда пхи шо хьалха кхелхина. КIант волуш ву. Дукха хан йоццуш хIокху эвларчу шина стагаца японца болчу тIаме вахана иза.
Хьаша юха а дIатийра.

- Шайн ден цIенош хилла меттиг дIа хIунда тесна аш?

- Тхан цIенна товш яцара иза. Оцу меттига тIехь тхан дедас дина цIенош а, тIаьхххьара а тхан дас дина цIенош а дагийна. Иза-м хьалха тIом болуш хиллера. Ткъа цул тIаьхьа тхан дас шозлагI а доьгIна цIенош а, иза лаьцна Сибрех а вахийтина, пурстопа дагадайтира. Наха олура тхоьга, и меттиг шуна товш яц, шун цIийнах висина ши кIант хIаллакьхилахь, цIийнан кIур бовр бу,

меттиг хийцийша, олий. ТIаккха, меттиг а хийцина, кхузахь хIара цIенош дира оха.

- Шун ненан цIе хIун яра? - хаьттира Iелас эххар а.

- Айза.

- Ткъа цунах хIун хилла, йолуш юй иза? Дукха къанъеллий?

- Дера къанъелла.

- Хьоьца ехаш яц иза?

- Яц. Кхечухьа марехь ю.

Оцу дешнашца Iоьттина, Iелин дагах чекх шаьлта яьккхира Iусмана. Шен коьрта тIехь ларбелла масех Iаьржа чо оцу минотехь кIайбелча санна, шен дегI кхин тIе а букархьаьвзина, Iаддаргlа хилча санна хийтира цунна. Шен дахарехь дуккха а баланаш, халонаш лайнера Iелас. Амма цуьнан дегI, дахар деши санна цIена дара, цхьа а тайпа иэхьан томмагIа доцуш. ХIинца, къанвеллачу хенахь, вала гергавахначу хенахь, ша дийна а волуш зуда маре а яхана, иэхь деъна цунна тIе. Шена а, шен накъосташна а тIехь хIиттинчу акхачу иэрчонийн теш хиллачу, бIозза Iожаллина дуьхьал хIоттарх бIаьргнегIар ца тоьхначу Iелин дог жIормаках тардеш хабийра кIанта аьллачу кхаа дашо.

«Гора, Айза, яI! Хьо дийна а йолуш, хIокху хьолехь карочул, хьо елла а йолуш, хьан коша тIехI отта дезаш хилла велара со. Я суна сайн Iожалла карийна елара генарчу Сибрехь... Амма сатоха ахь, декъаза Iела, дукха хан ца йисина дуьненан баланех хьо чекхвала», - элира цо шега шен дагахь.

Хеттарш а совцийна, ойлане ваьллачу шен тамашийначу хьеше а хьоьжуш, дIатийра Iусман а.

- Делхьа, Iусман, хьуна совъяьлла хилла те нана? Воккха кIант а волуш, Сибрех вахийтина майра дийна ву-вац а ца хууш, маре хIунда яхана хьан нана?

- Нана совъер яц цхьанна а. Суна хIетахь а езара сайн нана, хIинца а еза. Ткъа сан да цо цхьана минотана а ца вицвина. Жима волуш дуьйна хала кадетташ, Iумар а, со а кхиийра цо. I умар вийча, со цхьаъ висира цуьнан. Цул тIаьхьа иттех шо а делира. ХIокху юьртара цхьа дика стаг висинера, зуда а елла. Мухха делахь а, цхьана наха оцу стагана хьахийнера тхан нана. Иза къобалдо бохура тхан ненадас. Оцу деношкахь даима гIийла, кхоьлина, бIаьргаш цIийбелла хуьлура нана. Цхьана дийнахь тхни ненадас, ша волчу дIа а кхайкхина, къамел дира ооI.гн. «ХI ара къамел хьуна дезар доцийла хаьа суна, -элира цо. - Нана маре яхийтар кIанте хьехор оьзда доцийла а хаьа. Амма хIара къамел хьоьга ца дича валац со. Вайн эвларчу Акхболатан Ахьмадана хьахийна Айза. Ас а, Айзас а тIе ца дитира и захало. Амма наха оцу захалонна юкъаваьккхина сан устаз. ХIусамда велла я доьза впйна цхьа хан яьлча, бусалба дино а, нохчийн Iадато а зудчунна маре яха бакъо ло. Кхузахь иэхье-бехке хIумма а дац. Шу ши кIант а кхобуш, ерриг а къона хан дIаяхана хьан ненан. Велларг вуха ца вогIу, дийна висинарг ваха везаш а ву. ХIинца хьо воцург, шун цIийнах боьрша стаг я зуда а ца дисина. Нанас цхьана дена вина цахиларх, ваша а, йиша а хуьлу. Айза кхечухьа маре яхча, хьуна вежарий, йижарий хиларе дог а дохура ас. Айзас-м шега хьеха а ца дойту маре. И захало дар доьхуш, тховса суна тIе стаг воуьйтур ву устазо. Устазан дехар духатоха бакъо яц сан. Амма хьан бертаза иза хуьлийла а ца лаьа». Сайна мел хала хиллехь а, ненадена луучунна тIетайра со.

- Оцу Акхболатан Ахьмадехь ю иза?

- Ю.

Iелас ойла йира...

3

Цунна карладелира тIеман тIаьххьарчу шеран аьхкенан цхьа довха де. Стаг юкъа а ца гIорталуш юькъачу, дIаьвше кIохцал долчу оьртхана коьллаша дIалаьцна гезлойн аре. ЦIеххьана Хошкалдана тIегIоьртина инарла Бакланан дошлойн эскар. Оцу гонахарчу шина-кхаа юьрьара зударий а, бераш а регIаца йолчу ярташка дIаккхалххалц, нохчийн оцу агIор болу ницкъ гезлошний, хошкалдахошний тIехьарчу дукъаца чIагIбаллалц, и тIегIерта оьрсийн эскарш совцо дезаш я вала везаш дIахI оьттина ши бIе гергга нохчо. Царна юкъахь вара Iела а. Де делкъанга даьлча тIеетта йолийначу яккхийчу тоьпаша бухйохуш, иркъоьхуьйтура оьртханан коьллаш. Дага дуьйлира хошкалдахойн цI енош. Духадовлуш дIаядо аьтто хирриг, шайн ши йоккха топ гу тIе, варшахь къайленга а хI оттийна, царна кхераме йоцчу метте хьуьна чохь говраш дIа а йихкина, мостагIа тIекхачаре хьуьйсуш Iара хIорш.

Дуьне къардан санна, оьрсаша цхьана-шина сохьтехь тIейиттина яккхий тоьпаш жимма лагIъелира. ХIоьънаша аьттачу оьртханан коьллийн арахула шуьйра юкъ дIалаьцна хьалха доладелира гIашлойн эскар. ХIора минотехь гергайогIура еттачу вотанийн гIовгIа. Малхехь лепара салташа хьалха лецначу тоьпашна буьххьера ира цхьамзанаш, эпсарийн белшаш тIера дешин хьесан кIужалш. Эскар гергакхаьчча, ека йолаелира кегийчу тIулгех юьзна хIокхеран ши йоккхатоп. Нийса ниша лоцуш, х

Іокхара дуьхьалъеттачу тоьпийн даьндаргаша охьабоххура хьалхарчу могІаршкара салтий. Амма уьш , цхьа а леш воцуш санна, хьалха гІертара. ХІинца шера къаьстара церан къиза яххьаш. Наггахь совцуш, бертахь тоьпаш а тухуш, зингатий санна, хьалха гІертара уьш. ІелагІеран жимачу бІона юккъехь байинарш а, чевнаш хилларш а бара. Цхьаболчара уьш регІа дІаккхоьхьура, вуккхара мостаг Іа сецавора. Эххар а мостагІчуьнца чуьччабахара уьш. Юкъа-кара бен топ йолу а ца хезаш, дека доладелира болат.

Бист а ца хуьлуш оьгура шина а агІорхьара. Амма ІелагІар буха ца бовлура. Бухабовлийла а дацара. Шайна тІехьа льатта зударий а, бераш а кІелхьарадаххалц мостагІа сацо везара. Іелина гира шина салтичо цхьамзанаш Іоьттина хьалаайбина Іаларойн Вара юьстах кхуссуш а, мескатахойн Эдала оцу шиннах цхьанна гайх шаьлта Іуттуш а, вукхунна некха тІе а таІийна, тапча тухуш а, говра тІера охьа а кхевдина, цо Вара хьалавоккхуш а. Щийн Іовраш, узарш, кІур, шаьлтанийн, цхьамзанийн лепар, терса говраш...

Салтий кІез-кІезиг бухабуьйлура, амма геннахь гучубевлира коьллашкахула чаболахь богІу дошлой . ІелагІар, шайн ши йоккха топ а такхийна, боьлака буха а бевлла, дойшна тІехевшира, ХІинца уьш бІеннал кІезиг бара, итт мостагІчунна дуьхьал цхьаъ а ца кхочура. ХІун дийр ду ткъа, шаьш белла а, кхин а цхьана сохьтехь мостагІа сецо везара цара.

ХІинца уьш говраш тІехь тасабелира. Іелина уллохь каде хьийза Акхболатан Ахьмад. Цуьнан шина а буйнахь цхьацца тур ду. Аьтту а, аьрру а - шина а агІор мостагІий цоьсту цо. Іелин цхьа ност кІел а юьтуш, охьакхета цуьнан говр. Цунах маршавала гІертачу Іелин аьтту белш даьндарго ягайо. Ша хІетта цунна тоьхна, кІур туьйсу тапча доьхкарх а юллий, тур ойбу хьаьрсачу дошлочо. Іелас шен сих догдуьллу. Амма оцу минотехь хьаьрсачу дошлочун корта белшах къаьста. «Воха ма вохалахь, Іела! Суна тІехьа говра вала!» - мохь бетта Ахьмада. Іела говра тІе хьалавала гІоьрта, амма ницкъ ца кхочу. ТІаккха Ахьмада шен андийчу куьйгашца озийна хьала а ваькккхина, шена хьалха пурхалла вуьллу иза.

Цул тІаьхьа шех хилларг ца хиира Іелина. Буьйсанна юккъехь синкхетаме веъча, цунна юххехь хевшина Іаш бара Аьрзу а, Маккхал а, чов хилла пхьарс кочахь Акхболатан Ахьмад а...

4

Іела, доккха са даькккхина, Іусмане хьаьжира. Хаац, цо стенан ойла йора, цунна а хІун карладаьллера. Амма Иза а вара, куьйга корта а лаьцна, гІайгІане-гІийла.

Акхболатан Ахьмад, юьртахо хилар бен, гергара а я доттагІалла долуш а вацара Іелин. Амма иза вуьззина къонаха вара, цІахь а, арахь а шел дика кхин хуьлийла доцуш тешаме а, дика накъост а вара. Іелина цкъа а ца дицлора хІетахь цо ша Іожаллех кІелхьараваккхар.

- Муха стаг ву и Ахьмад? - хаьттира Іелас.

- Дика стаг ву. Суна а, да санна, дика ву.

- Ткъа Айза реза юй цунна а, шен маренна а?

- Нанна а дика ву. Массарна а дика ву иза. Амма сан нана ирс дайна, декъаза зуда хилла. Ша цІ а мосазза йогІу, тхан хьалха хиллачу беша а йоьдий, цІенойх бисинчу борза тІе охьа а хуий, дукха йоьлху иза. Тхан да ца вицло цунна. Амма Ахьмадана хамталлаш а ца йо. Мацах цкъа Ахьмада цхьана тІамехь тхан да Іожаллех кІелхьаравалькккхина боху. Цунна а чІогІа сий до ас Ахьмадан.

«Маржа, Айза, яІ! Цхьаьнакхета хьоьгуш ма дукха лийлира вайша, цхьаьнакхетча, безамах марзо ма кІезиг ийцира вайша. Вайшинна вовшийн ца дезний, вовшашка са ца тийсина а ца къаьсти-кх вайша вовшех. ХІун дийр ду ткъа, Дала азаллехь иштта язбина хилла-кх вайшиннан кхоллам», - ойла йора Іелас.

Ерриг а къона хан а, безам а, тешам а шена схьабелла, шеца цхьаьна а, ша Сибрехь волуш а ягарйина ца валлал дукха халонаш лайна Айза ган сатеснера цо. Амма иза муха гур ю цунна? Церан хІусаме гІойла а дац, кхуза схьакхойкхийла а дац. Цуьнан кхин хІусамда ма ву. Амма ган еза, мухха гина а. Айза гича, цуьнан озе ладоьгІча, шен кийрара бала байлур болуш санна, цо иза ах дІаоьцур болуш санна хетара Іелина.

- Генахь ехаш юй Айза?

- Яц дера. Цхьа масех цІа ду тхуна юккъехь.

- Цигахь дина бераш дуй Айзин?

- Цхьа кІант, цхьа йоІ ду. «Дика ду-кх иза а. Сан кІантана ваша ву-кх. Амма суний, Айзиний юккъехь боккха берд а бу-кх иза».

- Кхайккхича, схьайогІур ярий те Айза?

- ХІунда ца йогІу?

- Цо кечбина дукха кхача биъна ас цуьнан хIусамехь. Со гича, вовза а мегара цунна. Оьрза-гIалара веъна, Андри цIе йолуш цхьа гIалгIазкхи ву хьо ган лууш, нагахь йогIийла делахь, схьайола алахьа цуьнга.

- Иза хала доцург ду, - зудчунна тIевирзира иза. -Хьада, ялол, зуда, нана йолчу а гIой, иза схьакхайкхал. Оьрза-гIалара веъна Андри цIе йолуш цхьа гIалгIазкхи ву хьо ган лууш ала.

ХIусамнана, сихха ара а яьлла, яхара. Iусман шайн халачу дахарх лаьцна цхьацца дийца вуьйлира. Амма вист а ца хуьлуш, лерина ладоьгIуш велахь а, Iелина ца хезара цо дуьйцург, иза дог детталуш хьоьжура неIаре.

5

Iелас, неIаре бIаьрг а бетташ, сема ладоьгIура арахь когийн тата хазаре. ХIетте а шена хезаш санна хетара цунна масийтта шо хьалхалера Айзин самукъане аз, дог хьоьсту елаялар. Хан мел ели, гатделла детталора дог. Набарх санна хезара Iусманан балхамаш. Эххар а цо дуьйцучунна тIейирзира Iелин ойла.

- Хала ду, Андри, тхан дахар. Латта кIезиг ду тхан. Ткъа тхан дерриг а хьал лаьттаца ду. Хьалха Теркан йистощций, Соьлжа хиций хилла нохчийн уггар дика латтанаш паччахьо дIадаьхна, шун гIалгIазкхашна делла. Цигара меттахбаьхна иттаннаш эзарнаш нохчий кхуза лаьмнашка кхелхина. Цара йолчу тIе а гатто йина тхуна, латта къийдина. ХIетахь дуьйна дерриг а тIекIел хIокху кIажахь дохку тхо.

- Дерриг а ахь ма-дуьйццу а дац и, Iусман, - юкъах-ваьккхира иза Iелас. - Шун льтта тIе гIалгIазкхий баха ховшар бакъ ду. Шайн цIийца оьцу гIалгIазкхаша шайна луш долу латта. Паччахьо и латта ло царна, муьлхха а тIом хилча, шайн герзаца, говращца, духарца тIаме боьлхург. ГIалгIазкхийн а дац массеран а латта. Нийсса ах сов гIалгIазкхий лаьттан коржам а йоцуш, даьхний доцуш, къен бу. Ткъа инарлийн, эпсарийн, хьолахойн долахь бIе, эзар десятинаш латта ду. Царна беца къен гIал-гIазкхий. ТIехула тIе шуьгара дIадаькккхина латта цхьана гIалгIазкхашна делла ца Iа. Шун мохк дIалоцуш паччахьан Iедална гIо динчу нохчашна а, луларчу кхечу къомах нахана а делла.

- Иштта хила а тарло. Сан долахь цхьа кха ду, куйна кIел хоьур долуш. Ткъа тхан юьртан мохк цхьана иттех стеган долахь бу.

- Царна мичара хилла и мохк?

- Iедалан хьадалчаш а, ялхой а хилла, нах бухкуш, талораш деш, хьарам, ямартлонца карадеъначу ахчанах эцна-кх. Хьаьнгара эцна? ТIамой, мацаллой, къеллой, паччахьан Iедалой божарий а баьхьна, шайн долара лаьттан коржам дуьйш-дерзош лело ницкъ боцуш, берашна сискал а йоцуш, кIелбисинчу зударшкара цхьа сахь, гирда ялта а луш эцна-кх. Я и зударий, бераш Iехош. Я кхерош, шайн доладаьхна. Я цхьадерг, ахь ма-аллара, Iедало совгIатана делла.

Нийсо яцар, харцонаш, ямартлонаш Iелина дукха гинера туркойн а, оьрсийн а мехкашкахь. Амма харцо ца сзачу, ворхIе дайшкахь дуьйна оьзда, къинхетаме хиллачу бусалба нохчашна юкъахь ишттаниг хир ду ца моьттура Iелина. Цунна дагадеара ши бутт хьалха Петрос шега дина къамел: «Оьрсийн паччахьо шайн мохк дIалаццалц элий, хьоладай боцуш, шайн лаамехь даьхначу нохчийн къомана ца евзина харцонаш, ямартлонаш, къизалла. Амма хIинца шуна а евзар ю. Шу а декъалур ду шина декъе: хьолахошкий, къехошкий. Хьалхарчара и шолгIаниш Iазапехь, лоллехь латтор бу. Хьолахой кIезиг бу, къехой дукха бу, амма паччахь а, Iедал а, дин а, эскарш а хьолахошкахьа ду. Хьайн махка цIа вирзича, и дерриг а хьайн бIаьргашна гур ду хьуна». ХIетахь Iела ца тешара Петрос шега дийцинчух. Ткъа хIинца иза бакъ карийра цунна.

- Муьлш бу те и Делах бевлла нах?

- Айхьа хIун дуьйцу хаьий хьуна, Андри? - велавелира Iусман. - Царна-м ца моьтту шаьш Делах девлла! Шаьш Делан уггар гергара нах хета царна. Панта-Хьаьжина, Хьуьса-Моллика, Iабдина, СаьIадна, ИнарлагIарна, ЧIонакъагIарна. Уьш а, кхин а бу хIокху юьртахь хIара дерриг а дуьне дIахуьйдича а бузур боцушI

«Шун а, тхан а динехь, я вуьшта аьлча - бусалба а, керста а динехь, Дала аьлла бохуш дуьйцу, ша адамаш цхьатерра бакъонаш йолуш, маьрша кхоьллина, царна массарна а рицкъина Iалам а кхоьллина. И Iалам дерриг а адамийн юкъара ду, цхьадолчу адамашна иэшам а беш, кхечаьрга иза шайн дола ма хьийзаде боху Дала. Ша массарна а цхьатерра бакъонаш а, маршо а елла, вовшашна юккъехь нийсо ларъе, ницкъ болчара гIорасизниш, гIийланиш, къен-мисканиш охьа ма теIабе, уьш лоллехь ма латтабе, цаьрца харцонаш, ямартлонаш ма лелае, ша жоп доьхур ду шуьга, ша бекхаме таIзар дийр ду шуна боху Дала. Амма вайн динадайша Дала бохург ца до, цара дин хьолахошна, ницкъ болчарна пайдехьа хьийзадо. Паччахьаш а, церан хьаькамаш а, церан Iедал а Делера ду, уьш Делан лаамца лелаш бу, царна муьтIахь хила деза, дуьненахь халонаш, баланаш лайнарг эхартахь декъала хир ву бохуш хьоьху динадайша къехошна. Амма шаьш хIокху дуьненахь декъала хила гIерта, дуьненан хьалбахам гулбо цара Дала хьарамдинчу некъашца», - дуьйцура цуьнга Петрос. Цуьнан дешнаш бакъ хилар чIагIдира тахана гуламехь къамел динчу Хьуьса-Моллас.

Iела оцу ойланех юкъахваьккхира уьйтIа деънaчу когийн татанаша а, зударийн аьзнаша а. Iелин б Iаьргаш неIарна тIебогIабелира. Ткъе берхIийтта шо хьалха ша цунах дIакъаьсташ ма хиллара къона Айза оцу неIарх чоьхьаяларе ладоьгIура цо. Амма неIарх чоьхьаяьлларг кхин зуда яра. Карахь Iаса а йолуш, букархьаьвзина йоккхастаг...

Iаса неIаран соне а хIоттийна, коьртах хьарчийна доккха кIинжийн кортали схьа а даьстина, несан кара а делла, хьеше маршалла а хаьттина, товханна хьалха кхакханан миндарна тIе охьахиира иза.

- Алахьа цуьнга, Iусман, хьо гича, сайн кIентан да денвелла цIа веъча санна, хазахийти суна, тхо цадицдарна нанас баркалла боху хьуна, алий.

- Суна цкъа а ца вицлора Iела а, хьо а, шун доьзал а. Ас дукха сатийсира шу гаре. Амма хIара дуьне вайн лаамашка а, сатийсамашка а ца хьоьжу. Вай вовшашна ца гуш яьккхина хан ас хIокху махкана генахь яьккхина. Хено а, замано а къандина вай. Кхечухьа тIеттIа кхаьчнехь, вовшийн девзар а дацара вайна.

- Бакъ ду иза, Андри. Шовзткъа шо гергга хан ю вайна вопшийн ганза. Амма суна цкъа а ца дицло со Iеле еънaчу шарахь, тхойшиъ тхаьшшиннан бен тарбан гIерташ. изшамо Оьрза-гIала далийча, ахь тхойшинна дина гIуллакх. Тхойшинна етта гIалгIазкхий тIегулбелча, Корнес кI елхьарадаьккхира. Ахь шайгахь буьйса а яккхийтина, маьхза тхойшинна оьшург а елла, шолгIачу дийнахь новкъа а даьккхина, цIа хьажийра. Ас сих-сиха дуьйцура иза шина кIанте... Iусманна а ца дицделла иза...

Айзин кIоргга хьех чуэгначу кхоьлинчу бIаьргашна чуьра схьаIийдало хиш, цуьнан беснеш тIерачу хебаршна юккъехула меллаша сетташ, хьийзаш, охьадуьйладелира.

Вист ца хуьлуш, лерина цуьнга хьоьжуш Iачу Iелин хьаьжа тIе, берцан буьртигаш санна, кегийра хьацаран тIадамаш хIиттира. Лерггаш долу кхакханан куй коьртара схьа а баьккхина, хьаьжа тIе хьаьккхира цо. «Ас хIун де те? - хоьттура цо ша шега. - Суо вовзийта те ас, я сайх догдиллинчу хIоккхарна ца вовзуьйтуш, тийна-таьIна Николаз волчу Гуьржех дIагIо те со? Хьайн де доьхна, г Iо эшна меттиг нислахь, ша волчу дIавола ма аьлла цо соьга. Нагахь санна уьш маршонан гI уллакхана гIовттахь, къена велахь а, церан могIаре а хIуттур со. Хьанна хаьа, шаьш маршабевлча, соьца каторгехь хилла накъостий а цига бахка а ма мега...».

Хьаьжа тIера хьацар дIададаккха Iелас коьртара куй дIабаьккхича, Айзин къамел, мотт сецча санна , цIех-хьана хедира. Цуьнан бIаьргаш къаьрззина Iелина тIебогIабелира. ТIаккха меллаша хьалаг Iаьттина, цунна тIе а яхана, Iелин хьаьжа тIерачу бехачу, цIечу муонах дайн куьг хьаьккхира цо .

- Нагахь со изсах яьлла яцахь, хIара муо ас ерзийначу чевнан муо бу-кх, - элира цо шабарца, т Iаккха Iелина а бен ца хезаш кхайккхира, - Iела?

Iелин корта, шина а куьйга къевлина схьа а лаьцна, шен некха тIе таIийра Айзас.

- Iала-а-а! Хьанна моьттура хьо дийна хир ву... Тахана со еллачу хIунда ца кхечи хьо, Iала-а-а...

КIант а, нус а, цецдаьлла, дист ца хуьлуш лаьттара, Айзас лелочуьнга а хьуьйсуш. Iусман ца кхетара шен нанас лелочух. И муьжги мара а къевлина, хIоккхуьнан ден цIе хIунда йоху цо? Шен майрачун доттагIа гича, майра карла а ваьлла, иэс галдаьлла те цуьнан?

Айза, дегI а малделла, ша йолччохь цIенкъа охьаяхара. ТIехьаьддачу Iусмана, пхьаьрсаш кI елхьара схьа а лаьцна, айбина маьнги йисте охьахаийра иза. Несо, марненан юьхьах шийла хи а хьаькхна, масех къурд байтира цуьнга. Ша саметта еъча, шиний куьйга схьалаьцна корта охьа а бахийтина, цкъа мохь олуш, тIаккха узарш деш, сауьйзуш, шиний агIор дIаса а теххаш, елха юьйлира. Иза йоьлхучуьра саццалц цхьа а вист ца хуьлурацIа чохь. Шен дог а Iабийна, эххар а йоьлхучуьра сецира Айза. Iусман шекваьллера нанас лелочух. Нанна хьалха охьа а лахвелла, цуьнан голаш тIе куьйгаш дехкира кIанта.

- Ахь лелориг хIун ду, нана? И муьжги мара хIунда къевлира ахь? Хьо хIунда йоьлху? Коьрте лазар-м ца деъна хьуна? - хеттарш дора цо.

- Нана лойла хьан, Iусман! ХIара-м муьжги ваций, хьан да вай! - йистхилира иза эххар а. - Цуьнан хьаьжа тIехулара муо ца го хьуна... Ас хьоьга дукха ма бийцира иза...

Iусманна хIинцца гира и муо. Тховса а бен, хIоккхарна гуш бIаьштига тIе таIийна коьртахь латтош болу и куй дIа ца баьккхинера хьешо. Хьала а гIаьттина, Iадийча санна, Iеле хьаьжира I усман. ТIаккха, хорша еъча санна, балдаш а, чIениг а егийра цуьнан.

- Дадий? Дада! - мохь аьлла, тIеккхетта, иза маравоьллира Iусмана. - Хьо хIун деш Iара хI инццалц, ца вовзуьйтуш! Дада...

Цхьана ханна белхар хIоьттира цIа чохь. Ден голашна тIе юьхь а таIийна, къорра воьлхура I усман. Шина куьйга корта а лаьцна, ши бIаьрг цIенкъа а боьгIна, охьа а таьIна, юха а догIанха елха юьйлира Айза а. Корталин тIемаг чIенга тIе а лаьцна, гIийлла йоьлхура нус а. Самадевлла бераш, баккхийчара лелочух ца кхеташ, цецдевлла, тапп-аьлла, тийна Iара. Веккъа цхьа Iела вара кийрахь воьлхуш. Цуьнан совцо ницкъ ца кхаьчна бIаьрхиш, сирачу можа тIехула охьа а I ийдалуш, карахь Iуьллучу кIентан коьрта тIе Iенара.

Къаьхьачу ойланаша лаьцнера ден а, зудчун а, кIентан а ойланаш. Оцу кхаанна хаьара Iела цIа верзаро шайн хIусаме ирс ца деънийла. Церан дегнаш вовшах доьзначу гуш доцчу пхенаша дI асалора кийрахь кIежтуьйсуш кхехка бала. Велхаро дагна маслаIат до, амма цо бала дIа ца ойу. Дегахь а, кIантехь а болчул тIех боккха бала шегахь хиллехь а, уггар хьалха саметта еара Айза . БIаьргех ихначу хишна кучан юх а хьаькхна, доккха са а даькkхина, йистхилира иза:

- Iусман, вай доьлхуш Iерах гIуллакх хир дац. ХIара цIа веъний хиъча, юьртара а, арахьара а дукха адамаш догIур ду хIокху керта. ХIинца ша ма-варра хIара нахана гойтийла дац. Корта а баьшна, маж-мекх а лергина, дегI цIандина, бедарш а хийцина, жимма сибате вало веза. ХI окхунна тIедуха, хьайна тIехь долчул совнаха, хьан коч-хеча а дац, Iусман. Хан ца йолуьйтуш I абдин туькана а гIой, хIокхунна тIехула а, чухула а духар эца. Ахча ас кхана дIалур ду. Ткъа ахь, Медана, дехьа цIа чу цIе а латаяй, цIа а, хи а дохде. Ас дIа а яхана, Дауд схьавоуьйтур ву. Керта-арара дечиг а, кхиерг а юьстахъяккха.

КIант а, нус а сихха араделира. Вовшашка дист а ца хуьлуш, цхьа хан ялийтира Iелас а, Айзас а .

- Хьо чу кхачаре сатуьйсуш Iийра со, Айза. Вайша селхана вовшех къаьстича санна, хьо къанъелла а хир яц, къона сайна хьалха хIуттур ю моьттура суна.

- ХIетахьлера хьан Айза хIинца яц, Iала. Иза берхIитта шо хьалха елла. Ас дукха сатийсира хьоьга. Дийнахь а, буса а хаддаза. ТIаккха догдиллира. Ткъе ворхI шо хьалха махках ваьлла, Сибрех вахийтина ХортIин кIант Овхьад, массара а велла лоруш волу, кхо бутт хьалха цIа веара. ХIетталц хьо дийна хиларх догдиллина Iаш йолчу сан даг чохь юха а хьо дийна хиларе, цIа верзаре догдохуьйлин цIе къедира. И кхо бутт, кхачанах а хаьдда, буьйсанна наб яйна баькkхина ас. Цхьана агIор, хьо дийна хиларе, винчу юьрта, хьайн кIантана тIе цIа верзаре сатуьйсура. Ткъа вукху агIор... Хьо цIа вале суна Iожалла лолахь бохуш, Деле доIанаш дора... Амма Дала жоп ца дели сан дехаршна... - Айза юха а елха йолаелира.

- Хьо хIунда йоьлху, Айза?

- Со бехке ю хьуна хьалха. Со кхечу стагаца еха берхIитта шо ду...

- Хаьа суна.

- Ас хьуна иэхь дина... Сан цIий хьанал ду хьуна...

- Хьан бехкенна хилла а, лелла а хIумма а дац, Айза. Дерригенна а бехке хIара хала зама ю. Замано къастийра вайшиъ вовшех. Замано кхоьллинчу халонаша, баланаша, бохамаша яхийтина хьо маре а. Далла хьалха а, суна хьалха а цIена ю хьо, Айза. Со Сибрех вахча, жимачу шина кI антаца цхьа йисира хьо, Кертахь цхьа гирда бен ялта а, бежана а, атталла газа-уьстагIа а доцуш. Дола дан, гIо дан да-нана а, вежарий а, марзой а боцуш. Со дийна ву-вац а ца хууш, биъ -пхи бутт баьлча, хьайн а, шина кIентан а дола дийр долчу стаге маре яха бакъо яра хьан бусалба динехь. Ахь ткъа шарахь ладийгIина соьга. Айхьа къахьоьгуш, баланаш, халонаш ловш, ши кIант а кхиийна. Цхьаъ Дала дIавигча, шолгIаниг, зуда а ялийна, ваха а хаийна. Хьо маре муха яхана а, хIунда яхана а хаьа суна. Оцу тIехь вайшиннан къамел, цунах лаьцна кхин дуьйцур доцуш, чекхдоккхур ду вайшимма. Со даггара къинтIера ваьлла хьуна, со санна, и Дела а волийла хьуна къинтIера. Ахьмад ас даима сий деш, лоруш хилла, хьекъале, оьзда, доьналле къонаха ву. Кхуза схьаоьхучуьра адамаш севцча, хьох дага а волуш, паргIатехь охьа а хиъна, охашимма къастор ю вайн юкъаметтиг. Дала ма-бохху, бусалба дино, шариIато ма-бохху. Цхьа а вуьйр а вац , цхьанна а бохам а бийр бац. ХIинца хьо цIа гIо. Ахьмаде а хаийта хIара гIуллакх...

Айза дIаяхара. Къена, гIорасиз шен Iала ойланаш ян цхьа а витина...

VII . Къонахий

Дерриг а дуьне ду
къонахчун меха,
ХIара дуьне-м къонахийн
белшаш тIехь дай!

А. Сулейманов

1

ХIокху тIаьхьарчу кхаа баттахь инзаре тамашийпа ши керланиг хиллера Гати-Юьртахь. Массара а велла, доьза вайна лерина, догдиллина ши стаг цIа веънера Сибрехара. Ткъе ворхI шо даьллачул тIаьхьа ХортIин Овхьад а, ткъе берхIитта шо даьлча Абубакаран Iела а. Мелла а къона Овхьад дийна цIа верзарх-м башха цец а ца бовлура нах, тамашийниг къена Iела цIа вар дара.

КIеззиг хилларг а, кога долий, сиха даьржа нохчашлахь, миччахула деъна а, хьаьнггахула арадаьлла а, ца хууш кхарста долу. ШолгIа де делкъанга долуш гондIарчу ярташкахула даьржира доьза вайна, массара а велларг лерина къена Iела цIа веъна боху хабар. Иза массо а цецвоккхуш керланиг дара. Къаьсттина мотт-эладитана сутарчу адамашна. Iела цIа веъна, ткъа цуьнан зуда кхечухьа марехь ю. Цуьнан ши майра ву хIинца. Адамашна дуьйцу хезна хIума дуй ткъа иштаниг? Айзас хIун дийр ду те? Iелин а,. Ахьмадан а юкъаметтиг муха хир ю те?

ДогцIена, дика нах гIайгIане а лаьцнера оцу гIуллакхо. Оцу шина стагана юккъе хIоьттина хьал, цаьршинна юккъе мостагIалла дожа тарлуш, кхераме дара. Иштаниг ца хилийта некъ лоьхура цхьаболчу наха.

Гуш чаккхе яцара Iела волчу оьхучу адамийн. Кхуза богIура генара а, гергара а, гIаш а, говрашкахь а. Шайн хьоле, аьттоне терра, совгIаташ а дохьуш. Дакъийначу жижиган коржамаш, йоьхьаш, кедаш чохь ахьарш, даманаш, кхоьаш, гIабакхаш. ХIоранна а лаьара къечу Iусманна шайн ницкъ кхочу гIо дан. Цуьнан таро ма яцара шен керта лестало сила долу адамаш, кхачанах а кхоьтуьйтуш, дIадерзо.

Кертахь а, урамашца а дукха адамаш лаьттара. УьйтIахь диллинчу шина дукъо тIехь, кара суьлхьанаш а лаьцна, Iасанийн юьхьгаш лайла а Iуьттуш, хевшина Iара баккхий нах. Ша церан хенара вацахь а, царна юкъахь вара ХортIин Овхьад а. Миска Iела, тIаьхье ца хедаш кхуза оьхучу наха охьахаа ца вуьтуш, Iуьйрре дуьйна ирахь лаьттара. Иза тера вацара сийсарлерачу Iелех. Корта а баьшнера, маж-мекх а хаза лергина, тодинера. ТIедуьйхина тIергIан машин боьмаша чоа а, цунна чухула исхарин гIовтал а, тIехула дихкина детин сеталш йолу доьхка а дара. Коьртахь дуькъа хьийзинчу боьмашчу холхазан куй а, когахь пезагашна тIехула юьйхина керла неI армачаш а яра.

Баккхийчу наха хIорамма а шен рогIехь дуьйцура къоначу хенахь шаьш лелийнарш а, шайна гинарш а, хезнарш а. «ДагадогIий шуна...», - олий волалора хIора а, тIаккха цуьнга ладоьгIучеран бIаьргашна хьалха хIуьттура оцу денойн иэрчалла, карлабуьйлура тIеман иттаннаш шераша хеназа дIабаьхьна шайн дай, вежарий, доттагIий, нийсархой, наной, йижарий. Я тIамо, оцу халачу замано халкъан иллешкахь бийца кхоьллина турпалхой.

- ЭхI, ма кIант вара иза! Кхоам бара цуьнан лаьттах гIойла! - хезара юкъа-кара.

- Кхин вайна гур йоцуш дIаяха вайн маршо. йрсе хили хIетахь белларш. Делан цхьана таIзарна санна, вай цхьа декъазниш дийна дисина, хIара баланаш, халонаш лан.

- Шек ма довла шу, кIентий, вайна маршо гун йолу де гена дац, гIайгIане эгначу нехан дог-ойла айа гIоьртира Овхьад.

— ХIан-хIа, Овхьад, иза Iедало юхалур яц вайна.

— Вай схьа ца яккхахь, лур яц. Цуьнгахьа къийса деза.

— Къийсарх гIуллакх хир доцийла хиъна вайна. Юьхьанца вешан маршо ларъян гIерташ, тIаккха иза ваьшкара дIаяьккхича, юхаерзо гIерташ, масех бIешарахь тIом бина вай а, вайн дайша а. Дерриг а эриа хили. Нийсса ах къам оцу къийсамехь хIаллакьхили. Вай лаьмнашка а лаьхкина, керстанаш вайн мехкан дегаюккъе охьахевши. Вайн махкахь цхьа а керста воцчу хенахь уьш чугIоьртича а ца ларийна вай, хIинца муххале а ларор дац. Керла тIом болабахь, дисинарш а хIаллакьхир ду вай. Ткъа делла дуьненара дIадаьллачу халкъана маршо ца оьшу.

— Ас тIамна гIовтта ца боху, Янаркъа. Со дуьхьал ву тIамна. Керла тIом болабахь, ахь ма-аллара, нохчийн къам хIаллакьхир ду. Кхин тайпа, машаре некъаш а ма ду вайна вешан маршо юхаерзо. Вай оьрсашна, керстанашна дуьхьал тIом бийр бац. Оьрсийн паччахьан Iедална кIел, вай санна лоллехь, Iазапехь латтош дуккха а къаьмнаш ду Россехь. Нохчийн къомал уьттазза, бIозза даккхий, керста а, бусалба а къаьмнаш. Царалахь уггар доккха къам оьрсийниг а долуш. Оьрсийн паччахьо а, хьоладайша а нохчийн халкъана бинчу бохамашна дерриг а оьрсийн халкъ бехкедора вай, цуьнца мостагIалла а дара вайн. Оьрсийн халкъана ца оьшура шен паччахьаша, хьоладайша нохчашца бина тIом, ца лаьара шайн кIентий, вежарий кхузахь бойийла. Амма паччахьаша а,

хьоладайша а шаьш дийриг халкъе хоьттуш ца до. Оьрсийн халкъ а ду паччахьийн, хьоладайн кога кӀел, Ӏазапехь, лоллехь. Царна дуьхьал дукхазза а гӀаьттина оьрсийн халкъ, амма даима а къинхетамза хьаьшна цуьнан дуьхьало. Оьрсийн паччахьаш а, хьоладай а Россехь дехачу дерриг а къаьмнийн къехойн юкъара мостагӀий бу. Вовшех къесташ, ша-ша, цхьацца гӀиттарх, паччахь а, цуьнан Ӏедал а дохалур дац халкъашка. Иза данне а далур дац нохчийн жимачу къоме. ХӀетте а, нохчий даима а девнна хьалха гӀиртина, цундела царна даима бохамаш а хилла. И хьалхенаш йохур яц вай кхидӀа. Вайл даккхийчу а, вай санначу а къаьмнаша хӀун до а хьовсуш, хьалха а ца гӀерташ, тӀехьа а ца лечкъаш, юккъера меттиг схьа а лаьцна, къуьйсур ду вай вешан маршонехьа. Оцу къийсамехь керста оьрсий, гуьржий, эрмалой, хӀирий, кхидолу къаьмнаш а вешан мостагӀий хилийта ца деза вай, ткъа накъостий хилийта деза. Церан гӀоьнца вохор ву вай вешан юкъара мостагӀа, церан гӀоьнца юхаерзор ю вай вешан маршо.

ХӀетталц ладоьгӀуш Ӏийна Хьуьса-Молла къамела юкъавуьйлира:

— Маржа, Овхьад, яӀ, оцу керстанашна юккъехь даьккхинчу ткъе ворхӀ шаро хаза кхоччуш тиларчу вигна-кх хьо! Айхьа дуьйцург хӀун ду хаьий хьуна? Керстанах ма теша, иза доттагӀа а, накъост а ма лаца, цуьнца гергарло а ма леладе боху Дала КъурӀан чохь. Керстанашна а, бусалбанашна а юккъехь барт а, машар а хир ма бац цкъа а. Хила йиш а ма яц. Керста доттагӀа, накъост лаьцнарг Делах ма волу, Делерчу къинхетаме догдохийла ма яц цуьнан!

— Стомара гуламехь-м иштта ма ца элира ахь, Хьуьса, — накъосташка бӀаьрг а таӀош, кхоссар йира Янаркъас. - Оьрсийн паччахь а, цуьнан хьаькамаш а Дала хӀиттийна, Делан лаамца лелаш бу, царна а, церан Ӏедална а муьтӀахь хила деза, царна дуьхьалверг Далла дуьхьал ву, иза жоьжахатин цӀергахь вогур ву бохуш ма дийцира ахь. И оьрсийн паччахь а, цуьнан хьаькамаш а бац ткъа, бисина оьрсий санна, керстанаш?

— Паччахь а, цуьнан хьаькамаш а, муьжгий а цхьаъ бац! Муьжгий цхьа а дин доцуш, Делах ца тешаш адамаш ду, хӀара ДошагӀар, ХьомсуркъагӀар санна, къуй, талорхойӀ Уьш доттагӀий а, накъостий а лаца мегар дац.

Нахана юккъехь белар иккхира.

- Делахьа, Хьуьса, со Ӏеламстаг а вац, суна Ӏаьрбийн мотт а ца хаьа, — элира Овхьада. - Со Вакохь волуш цхьана воккхачу Ӏеламстеган кертахь петарехь Ӏийна со. ТӀаьхьа, Сибрехь волуш а, гӀезалойн къомах волчу цхьана Ӏеламстагаца а масех шо хан цхьаьна яьккхира ас. Цара дуьйцуш а, сан хеттаршна жоьпаш луш а бусалба динах дуккха а хиъна суна. Пайхамара Маккарчу керстанашна дуьхьал ша тӀом бечу хенахь, цаьрца мостагӀалла долчу, цхьана а динехь боцчу Ӏаьрбийн тайпанашца барт а бой, цаьрца цхьаьна Маккарчу керстанашца тӀом беш хилла. Пайхамара бусалбанашна, бусалба динна аьттонна цхьана ханна динарг, вешан маршонан дуьхьа вай дан хӀунда ца мега? И цхьаъ ду. ШолгӀа, сан вашас Ӏабдис, керстачу оьрсийн махка а воьдуш, керстачу оьрсийн совдегаршца гергарло а лелош, цаьргара товар а оьцуш, кхуза схьа а дохьий, шуна дукху. Юьртден СаьӀадан вежарий бу оьрсийн пурстоп а, округан начальник а. Оьрсашна полицехь хьалха гӀуллакх дина Инарлас а, ЧӀонакъас а. ХӀинца изза деш бу оцу шиннан кӀентий а. Шу хьолахошна а, динадайшна а хӀунда мега керста оьрсий доттагӀий а, накъостий а леца а, цаьрца гергарло лело а, царна гӀуллакх дан а, ткъа къен-мискачу нохчашна хӀунда ца мега?

— Э, Овхьад, шена уьстагӀа белча, моллас жен-жӀаьла кешнашка дӀадолла магийна бохуш ца хезна хьуна?

— Делахьа, Хьуьса, и керста оьрсий вайн мостагӀий бу бохуш, ахь питане хьехамаш бича, хьан Ӏедало могуьйтур дуй те хьуна?

Цхьана юкъана воьхна хьаьвзира Хьуьса.

— Ас буьйцурш, тӀамца кхуза а баьхкина, нохчий бойуш, ярташ ягош лелла муьжгий бу...

— Паччахьо а, хьоладайша а герз кара а лой, нуьцкъах нохчашна тӀелоьхкура-кх уьш а. И салтий а, вай а тӀамехь хӀаллакьхуьлура, ткъа цара а, вай а Ӏенийна цӀий, деши а хуьлий, паччахьийн, хьоладайн кисанашка Ӏенара.

- Овхьад, хьо тиларчу вахана стаг ву, - Хьуьсигахьа гӀо даккха гӀоьртира Панта-Хьаьжа. - И тайпа хабарш дуьйцург хьо схьавеъначу вуха дӀахьажаво кхузарчу Ӏедало. И хаалахь, хьайна юха а Сибрех ваха ца лаахь. Ткъе ворхӀ шо Сибрехь даьккхича мукъана а кхета мегар дара!

- Сан гӀайгӀа ма белахь, Панта-Хьаьжа. Оцу ткъе ворхӀ шаро мелла а кхетаме валийна со. Дуккха а мехкаш, халкъаш, адамаш девзина. Суна цхьаъ хаьа. Дала ша хӀохху дуьненчу даьхна адамаш а, къаьмнаш а цхьатерра, цхьанийсса бакъонаш елла кхоьллина. Вовшех леташ, вовшийн дойуш, цхьа кӀеззигчара дукхахдерш дацаде, лоллехь, Ӏазапехь латтаде, вовшийн мостагӀий а хилий даха аьлла ца кхоьллина, вовшашлахь бертахь, машаре даха, харцонаш, ямартлонаш ма лелае аьлла кхоьллина. Оьрсий керстанаш бу, ткъа нохчий бусалбанаш бу. Амма керстачу оьрсийн паччахьо а, хьоладайша а цхьатерра Ӏазапехь латтабо шайн керста оьрсий а, бусалба нохчий а. Изза хьал ду керстачу гуьржийн а, эрмалойн а, бусалбачу туркойн а, гӀажарийн а мехкашкахь а. Дуьненан массо а мехкашкахь а. Массанхьа а къечу, мискачу, гӀийлачу адамийн а, халкъийн а юкъара цхьа мостагӀа ву -паччахьаш а, хьоладай а, церан гӀоьнчий а. Ткъа массо а динан динадайӀда, Дала а, пайхамарша а, Товрато а, Забуро а, Инжило а, КъурӀано а гайтинчу некъашна тӀера юьстах а буьйлуш, паччахьийн, хьолахойн аьттонна дӀахьийзадо. Кхузахь изза до аша а.

ОьгIазвахана Хьуьса-Молла, кхузара дIавала дагахь хьалагIатта вуьйлира, амма Панта-Хьаьжас, чоин тIам озийна, охьахаийра.

2

Вовшашна весаш ян гергабахана и къийсамаш севцира, урамо голатухучохь дегIана лекха, зоьртала воккхастаг гучуваьлча. Ханна воккха велахь а, хIетта сиръяла йоьлла, йоцца лергина маж а, хаза тодина даккхий мекхаш а, цIен бос бетталуш беснеш а яра цуьнан. Атлазан гIовтална тI ехула тIедуьйхина дато бустамаш долу Iаьржачу исхаран чоа а, гIодаюкъ къевлина дихкина детица кхелина доьхка а, шаьлта а дара. Кхузткъе итт-пхийтта шо хан хир яра цуьнан, амма тIехьаьжча оцу шен хенал къона хетара иза. Лекха хьаж дIакъовлуш, дуькъачу цIоцкъамашна тIегIортийна тиллинчу месалчу куйнна бухара схьахьоьжучу хьекъалечу бIаьргаша а, дукъ тIе а даьлла, хьаьвзинчу боккхочу меро а бертаза лерам кхуллура цуьнга хьаьжначун дагахь.

Воккхачу стагана тIаьххье гучуелира, тIехь ахьарх а, демах а дуьзна масех гали а долуш, тI аьхьатесна берстина боккха сту а болуш, стерчийн салаз. Воккхастаг, соцунгIа а хилла, салаз шена тIаьхьа а кхиийтина, стерчийн юькь лаьцна вогIучу жимачу стаге вистхилира:

- Салаз, чоьхьа а яккхий, дIахIоттае. Iусмана а, ахьа а оцу старана сихха шаьлта хьаккхий, иза тилабе.

Оцу стагана тIе тидам бахара Iелин а, амма бIаьрса гIийла долчу цунна иза генара ца вевзира. Цуьнца салаз ялош веъна жимастаг сийсара вевзинера Iелина. Иза Айзин кIант Дауд вара. ХIета и воккхастаг Акхболатан Ахьмад бен хуьлийла дацара. Iелина хааделира кхузахь долчу дерриг а адамийн тидам цунна а, шена а тIебахана хилар. Ша хиъна Iачуьра хьала а гIаьттина, цунна дуьхьал вахара Iела.

- Ассаламу Iалайкум! Хьо марша вогIийла, Iела! — Iелин куьг а лаьцна, мараикккхира иза. - Эзар балех волийла, кхин керстанан буйна воьдучух Дала ларвойла хьо!

ХIинца, уллора хьаьжча, шеко йоцуш Ахьмад вевзира Iелина. Дуккха а хан яьллехь а, хьалхалера васташ ларделлера цуьнца.

- Дела реза хуьлда хьуна а, Ахьмад! — шаьшшиъ маракхеттачуьра дIасакъаьстича, куьг дIа а ца хоьцуш вигна, иза шена улло охьахаийра Iелас. - ТIаккха, Ахьмад, гезалойн арахь айхьа со, I ожаллин багара а ваьккхина, хошкалдахойн хьаннашка вигна де дицделлий хьуна?

Ахьмад воьхна хьаьвзира.

- Ца дицделла. Дицлойла а дац оцу шерийн денош.

- Оцу дийнахь со кIелхьаравоккхуш чов хилла пхьарс сакхат бисира хьан...

- Ас динарг вай массара а динарг дара, Iела. Накъосташа со Iожаллех кIелхьаравоккхуш а, ас накъостий кIелхьарабохуш а меттигаш хуьлура. Т Iамехь иштта ма хуьлу. Эзарнаш байина, эзарнаш заь Iап бисина. Суна хилларг-м х Iумма а доцург дара. Цул дийцахьа айхьа лелийнарг, хьо ц Iа муха веъна?

- ХIун дуьйцур ду? Сибре гена, шийла мохк бу. Ткъа и каторга дуьненан жоьжахате ю. Цигахь хьоьгуьйтучу Iазапо стаг хеназа къанво, Iожалла йо. Тхуна тоьхна итт шо хан чекх а ялале I ожалло дIабехьира сан накъостий. ТIаьххьара а соьца висина бено Илес а кхелхира шийтталгIачу шарахь. Йисина ткъе ялх шо хан вайнехан стаг бIаьрга ца гуш яьккхира ас. Бакъдерг аьлча, ас догдиллинера со кху махка воьрзур ву, вайна вовшийн гур ду
бохучух.

- Хьайна тоьхна итт шо хан текхна ваьлча, цIа ца хийцира хьо?

- ХIан-хIа. Цигахь ваха маьрша витира, амма цIа верза бакъо ца лора. ХТунда сецавора, суна сайна а ца хаьара. Схьахетарехь, Iаьлбаг-Хьаьжа коьртехь волуш хиллачу нохчийн гIаттамо яхйирий те моьтту суна цигахь сан хан. Мосазза а вада гIоьртира со, амма хIоразза а, схьа а лоций, хан тIетухура. ТIаккха, къанвелча, маршонах дог а диллина, цигахь вала сецира. ХIокку тIаьххьарчу шерашкахь цхьа шатайпа тутмаккхаш кхийла болийра со волчу. Царах революционераш олура. Вуьшта аьлча, паччахьан Iедална дуьхьал нах бара уьш. Со цига муха кхаьчна а, муха Iаш ву а хиъначу цара, сан гIайгIабеш паччахьна тIекхаччалц аьрзнаш а яздина, маршаваккхийтира со. Цаьрца вара Николаз цIе йолуш гуьржийн цхьа жимастаг, цуьнан хан чеккхъялар а, со маршаваккхар а цхьаьна нисделира. Шеца цIа валийна, со Соьлжа-ГIалахь охьа а воссийна, Гуьржех вахара иза. ХIинца со шуьца цIахь ву. Иза ду-кх, доцца дийцича, ас лайнарг.

- И гуьржи хьайца схьавало везаш хиллера ахь, Iела. Вай хьошалла дийр ма дара цунна, - элира Янаркъас.

- Iойла дацара цуьнан. Хетарехь, даккхий гIуллакхаш вовшахдетташ бу уьш цигахь. Амма цо дош-м делла шен аьтто баьллачу хенахь хьошалгIа ван.

- Ткъа и ахь буьйцу тамашийна цIе йолу тутмакхаш хIун нах бу, Iела? - хаьттира Янаркъас.

- Уьш хьекъале, майра, догдика, доьналле адамаш ду, Янаркъа. Паччахьна а, хьоладайкша а дуьхьал бу уьш. ХIинцца хIокху Овхьада дийцинарг дуьйцура цара а. Паччахьан, хьоладайн Iедал мел ду халкъашна маршо хир яц, Россехь дехаш долчу дерриге а къаьмнийн къехой, маршо езарш цхьабарт болуш, цхьа вежарий а хилла, хIокху Iедална дуьхьал гIовтта беза, тIаккха бен халкъашна маршо яккхалур яц бохура цара. Паччахьера, хьолахошкара Iедал схьа а даьккхина, иза халкъан карадала, адамашна, къаьмнашна юккъехь цхьа а дов, тIом ца хуьлийла, уьш цхьа доьзал санна машаре, бертахь, маьрша дехийла лаьа царна. Цундела Iедало, схьа а лоьцуш, набахтешка ккхуьйсу, Сибрех лоьхку уьш.

Юха а хьалхалерниг долалуш доллийла хиъна Хьуьса-Молла а, Панта-Хьаьжа а, хьала а гIаьттина, дIавахара. Дисина адамаш, вовшийн дIаса а тоьттуш, Iелина тIегулделира.

- Уьш тамашийна нах хилла!

- Ткъа кестта хир дуй те цара дуьйцург?

- Кестта хир ду бохура. Цара иза муха дийр ду-м ца хаьа суна. Вайн хьекъалийн ницкъ кхочур бац оцу гIуллакхийн кIорге ган. ЦIа вогIуш бехачу новкъахь цIерпошта тIехь соьца нисбеллачу оьрсаша дуьйцуш хезна суна, шегарчу Iазапна а, Японица тIом болорна а реза доцу оьрсийн халкъ Россин яккхийчу шахьаршкахь паччахьна дуьхьал гIуьттуш ду бохуш. Ткъа ас бийцинчу тутмакхаша олура, Россера дерриг а халкъаш цхьаьна а кхетта, цхьабарт болуш ца гIевттича, цхьана къоме шегга лаччахьера, хьоладайшкара маршо яккхалур яц. Оцу гIаттаман коьртехь Россехь уггар доккха долу оьрсийн халкъ хила деза. Оьрсийн паччахьо, хьоладайша Россерчу кегийчу къаьмнашкара дIаяьккхина маршо царна юхаерзо декхар ду оьрсийн къоман. И декхар кхочушдан оьрсийн къомана гIо дан деза дисинчу къаьмнаша массара а. Оцу тIехь и тутмакхаш бакълуьйш санна хета суна.

Iелас дуьйцучуьнга ладоьгIуш Iачу Ахьмада, иза сацо гIерташ, мосазза а муьшка йира цунна. Шен къамел цо ца сацадойла хиъча, хьалагIаьттира Ахьмад:

- ХIан, цкъа дIасадовлал, делкъан ламаз дийр ду вай. Схьаоьхучуьра адамаш лагIделлачуьра, Iелас жимма садоIур.

3

Лулахойн цIа чу а вахана, ламаз дина, вирд даьккхина, шаьшшиъ паргIатваьлча, оцу къамелана тIе вухавирзира Ахьмад.

- Вайша ваьшша волччуьра, хьоьга цхьаъ ала лаьара суна, Iела. Оцу нахана юкъахь ахь дукха майра хабар дийцира. Хьо сацо гIерташ, хьуна муьшкаш а йира ас, хьо ца кхийтира. ХIара Iедал тIедеъча, хьалхалерчу къонахийн зама дIаяьлла. Iедало шайна сом делча, шайн да-нана а дукхур долуш дукха нах бу. Нахана юккъехь айхьа къамел деш ларлуш хила веза.

- Иштта нах хир буйла хаьа суна. Цхьамма хаттар дича, жоп ца луш Iойла а, жоп луш бакъдерг я сайна хетарг ца олуш Iойла а ма дац, Шалхонаш лело ца Iемаш, къанвелла со.

— Бакъдерг ца деза цхьанна а. Суна хетарехь, Дала адамаш дуьненчу кхоьлличхьана дуьйна схьа цкъа а бакъдерг тоьлла а дац, нийсо хилла а яц. Бакъдерг оьшу, харцдерг тоьла. Бакъдерг дуьйцучунна иза шена бале, бохаме, зуламе долу. Хьоьга шалхонаш лелае ца боху ас. И бакъдерг айхьа аьлча, иза хьайна бале, бохаме, зуламе дер долуш хилча, вист ца хуьлуш, IаддаIе боху. ЦхьакIеззиг бехк баьлларг я бехк-гуьнахь а доцург нехан маттаца хIаллакво хIокху заманахь. Хьо къанвелла, Iела. Юха Сибрех воьду хан яц хьан. Вахча, вуха а вогIур вац.

- Делахьа, Ахьмад, ма дика хаьа-кх суна иза. Сибрехь айса лайна ткъе берхIитта шо-м хьехор а дацара, оцу хьалхарчу цхьана шарахь а со дийна висарх цецвуьйлу. Къона хиларна лайна хир ю-кх ас и халонаш. Ткъа нахана юкъаваьлча, сайга хаттар дича я цхьамма гуш лаьтташехь харц, питане хабар дуьйцуш, вист ца хуьлуш, пхьагал санна, дIа а тебна муха Iен веза? Ала деза-чохь бакъдерг дуьххьал дIа ала боху Дала.

- ХIета со пхьагалх тарви-кх ахь! — велавелира Ахьмад. - КIилло а хилла ца ваьлла со маршонехьа къийсамна юьстах. Вайн къийсам а, оцу къийсамехь хIаллакьхилар а эрна хиларх кхетта со. Хьо лаьцначул тIаьхьа, Симсарара Iаьлбаг-Хьаьжа коьртехь а волуш, гIаттам хилира Нохчийчохь, коьртачу декъана хIокху Нохчмахкахь. Хьекъале, майра кIант вара иза. ГIаттаман коьртехь хилла кхойтта стаг Соьлжа-ГIалахь ирхъоьллира, гIаттам хьошуш дуккха а байира, эзарнаш Сибрех бахийтира. Доцца аьлча, нохчийн къомана пайда ца бира оцу гIаттамо. Бохам бира.

- Дуккхаболу бохамаш а, иэшамаш а вайн вешан бехкенна а хилла, Ахьмад. Шемалан заманахь дуьйна схьа вайн баьччанаша кхеташ я кхетамза дийлийтинчу гIалаташа а бина вайн гIуллакхана дуккха а иэшамаш. Хьо керта вале оцу Овхьада Iаламат хьекъале къамел дира, амма цо дийцинчух нах ца кхийтира моьтту суна. Нохчийн баьччанаша хьалха а, тIаьхьа а дийлийтинчу коьртачу гIалатех цхьаъ, суна хетарехь, бусалба динехь доцу лулара а, генара а къаьмнаш вайн мостагIийн ларар, царна дуьхьал гIазотан тIом кхайкхор дара. Вайца тIом бечу оьрсийн эскарехь керста

гуьржийн, эрмалойн, хIирийн, кхечу къаьмнех а инарлаш, эпсарш хилча, цаьрга цабезам а, мостагIалла а гуьржашна, эрмалошна, хIирашна тIедаржадора вай. Ткъа и къаьмнаш шаьш а, оьрсийн къам а ма дара паччахьан Iедалан лоллехь, Iазапехь. Царна а ма ца дезара и Iедал. ТIаьхьа хиира суна, вай паччахьан эскаршна дуьхьал тIом бечу хенахь и гуьржий а, хIирий а, оьрсий а хилла герзаца Iедална дуьхьало еш. Ткъа вайна, цаьрца цхьабарт а бина, церан а, вешан а юкъарчу мостагIчунна — паччахьна а, хьоладайшна а дуъхьал гIовтта ца лаьара я иза дан хьокъал а, кхетам а ца тоьара. Иза дан, керста къаьмнийн къехошца цхьаьнакхета ца лаахь а, уьш вешан мостагIий кхайкхо ма ца безара вай, дIакъехко, дIакъесто ма ца безара. Цундела хуьлура вайн цхьаболу иэшамаш.

- Бакъ ду иза, Iела. Иза керста хилчахьана, муьлххачу а къомах стаг вешан мостагIа хетара вайна. ХIинца а хета.

- ХIинца мукъана а, хьалха ваьш бинчу некъе юха а хьаьвсина, ваьш галдевлла бердах, цIерга мичахь, муха, хIунда лилхина а хьаьвсина, тIейогIучу хенахь оцу гIалатех лардала деза вай. Оьрсийн мехкан а, оьрсийн паччахьан ницкъан а бокххалла, оьрсийн къоман дукхалла со Сибрех вахча хиъна суна. Нохчийн мохк церан уггар жимачу губернел а бац. Россехь масех бIе шахьар ю, ярташ хьехор а яц ас, церан цхьана шахьарахь болу оьрсий а бу берриг нохчел алсам. Гека гI иртина хIун до, хIокху вайн махкахь а бу уьш-м нохчел алсам. Нохчийн къам жима ду, цуьнан мохк а, ницкъ а кIезиг бу, тIамца иза ша цхьаъ ларор дац Россица, паччахьан Iедалца. Цундела, Ахьмад, ас ца боху нахе герз карахь паччахьан Iедална дуьхьал гIовтта. Иза олучарна а дуьхьал хир ву со. Оцу Овхьада ма-аллара, вай санна, паччахьан Iедалан лоллехь дохкучу Россерчу, вайл дакккхийчу бусалба а, керста а къаьмнаша хIун до а хьовсуш, царалахь хьалхенаш а ца йохуш , тIехьа а ца соьцуш, юккъера меттиг дIа а лаьцна, цара дийрриг дан деза вай а. ХIинццалц санна, вешан ницкъ а, мостагIчун ницкъ а ца хууш, герз карахь дуьхьалонаш яхь, вайн къам эрна хIаллакьхир ду. Дала тоьхна цхьа де хир ду вайн аьттонна.

- Оцу айхьа дийцинчух нохчий кхето. церан ойла цу агIор дIахьовзо ницкъ кхочур буй те хьан, Iела?

- Дера бац. Вайн къам Iилманна, кхетамна тIаьхьадисина. ХIора стеган, хIора къоман кхетам Iилманца бу. Дала а боху бусалбанашка Iилма Iамаде. Пайхамара а аьлла, шаьш аганара гIевттичахьана дуьйна, кошан лахьте дерззалц Iилма Iамаде. Нохчашна ца лаьа Iилма Iамо. Нохчийн дерриг хьекъал бIаьргаш чохь ду. Нахана Iилма Iамо а, нах кхето а вайшингахь Iилма а, хьекъал а дац, и ший а вайшингахь хилча а, и болх бан хан а яц вайшиннан. Амма нах кхето гIертар, нах зенех-зуламех, бохамех ларбан гIертар, нах эрна хIаллак ца хилийта гIертар декхар ду вайшиннан, цхьана дийнахь бен дуьненахь ца вахахь а. Ткъа сан бала а кхаьчна, гIалатех со ларван гIортарна баркалла хьуна. Со ларлуш хир ву.

- Къаьсттина Хьуьса-Моллех а, Iабдих а ларло. Цаьршиннан бIаьргаш а, лергаш а, меттанаш а ду нахана юкъахь къайлах лелаш.

- Iабди хьенан, мила ву?

- Совдегар ХортIа дагавогIий хьуна? Цуьнан кIант ву-кх.

- Овхьад а вац ткъа ХортIин кIант?

- Ву. Амма иза шен доьзале ца хьаьжна. ХортIа а, Iабди а вицвийр волуш, кхин цхьа кIант а вара ХортIин. ТIаьххьара а тIом болуш, юрт тало а, яго а чубаьхкинчу салташна хьалхаваьлла лелаш, МIаьчига а, Васала а вийра иза.

- МIаьчигах а, Васалах а хIун хилла?

- МIаьчиган цIа чу а къовлавелла, тIом бира цаьршимма оцу дийнахь. Дуккха а салтий байира цаьршимма, и шиъ а вийра.

- Дала декъалвойла и шиъ. ГIийла, къен-миска ши стаг вара и шиъ, амма майра а вара доза доцуш .

Хьенший баьккина аьлла веъначу Дауда дIавигира и шиъ.

## 4

Iела ган догIу юьртара а, арахьара а адамаш севцира. Шайн цIа дирзира Ахьмад а, Айза а. Шен къаьхьачу ойланашца есачу хIусамехь цхьа висира Iела.

Амма цул а холчохь дара Ахьмад а, Айза а.

Пхьуьйра ламаз а дина, суьлхьанаш дохуш, поппаран маьнги тIехь голашна тIе юьхьар а вахана хиънаIара Ахьмад. Цуьнан ойланаш дукха гена яра ша Далла ечу Iамална. Цуьнан хIусамнана нехан стеган цIартIехь зуда ма ю. Iела дийна хиларх массара а догдиллинчул тIаьхьа ткъа шо даьлча ялийна. Ахьмада ша дагаваьлла а ца ялийна. ХIара, хIусамнана а елла, доьзалхо а воцуш, цхьа висча, цхьана наха вовшашца дага а бевлла ялийна. ХIокху шиннан а бертаза. Ахьмадан декхар дацара Iелех йисина. зуда яло. ДIора гергара дацахь а, доттагIалла ма дара цаьршинна юккъехь.

Цул сов, вовшийн чIогIа сий деш ши къонаха а ма вара и шиъ. Амма нахана карийра Ахьмад а, Айза а бертадало бахьанаш а, некъаш а. Юьрта баьккинчу салташа воккхахволу кIант а вийна, цI енош а дагийна, кертахь мел долчу хIуманах а яьккхина, пхийтта шо долчу Iусманца йисинера Айза. ЦIа-цIе а доцуш, керт-ков а йоцуш. Къаналло а, цамгаро а кIелвитина да воцург, дола дан кхин верас а воцуш. Ахьмад а ца хьистинера дахаро. Доьзалхо а воцуш, къанвеллачу хенахь хI усамнана а елла, цхьа висинера иза а. Къанвелла, цамгаро лаьцна кIелвисарна а кхоьрура. ТI аккха шен дола дан верас цахиларна а кхоьрура. Айза шега еъча, Iусманах шен верас хиларе дог а дехира. ЦIа-цIе а, керт-ков а доцуш диснaчу ненан а, к Iентан а ша дола дича, цаьршимма шен дола даре а, ша цу шиннан дог эцча, Дала иза цхьана йоле диллaре дог а дехира. Азаллехь синош кхуллуш Дала йина кхиэл лелла, рицкъанаш а хилла, цхьаьнакхийтира и шиъ. Юьхьанца шийла лаьттира цаьршиннан юкъаметгигаш. Айзас къайлах дог ца дуьллура Iелех. Амма кIант хиллачул т Iаьхьа, Iелех дог а диллина, Ахьмадана дика а, муьтIахь а хIусамнана хилира Айзех.

Массара а велларг лерина, вицвина Iела, ткъе берхIитта шо даьллачул тIаьхьа, хIинца цIа веъна . Эхартара веъча санна. Цуьнан зуда Ахьмадехь марехь ю. Нахана дуьйцу хезна хIума а ма дац хI ара. Нехан цIартIехь маре яхана зуда а, иза йигнарг а - ший а дуьйш Iадат ду нохчийн. Ткъа хI окку шинна юкъахь лелларг шатайпа гIуллакх ду. ХIуьттаренна-гамонна дина а дац. Доьналла доцчу, оьзда боцчу наха мостагIалла а хьедийр долуш, оьзДачу къонахаша машаре а дерзор долуш, дерзо бусалба динехь некъага а долуш хилла гIуллакх ду. Сибрех ваххалц Iелел оьзда а, майра а , къинхетаме а, доьналле а стаг вацара хIокку Яьссин тогIица. Махках а ваьлла, халкъах а хаьдда ткъе берхIитта шаро амалш, гIиллакх хийциний те цуьнан? Дардиний те цуьнан дог? Дицдиний те цо шен къоман оьзда гIиллакхаш а? Дегнаш боьхачу адамийн мотт-эладитанаша дIовш дуттурий те цуьнан даг чу?

Ши-кхо де хьалха уллохула тIехволуш Iабдин туькана чувирзира Ахьмад. Чохь Iабди а, Хьуьса-Молла а бен, кхин адамаш а дацара. ХIара неIарх чоьхьаваьлча, шиннан а велавалар икккхира.

- Ахьмад, шариIато цхьана стеган йиъ зуда хила магадо. Амма цхьана зудчун ши майра хила магийна бохуш ца хезна цхьанна а. Айза хьоьгахь марехь ю, ткъа наггахь Iелин кIант волчу а йоьду. Шуьшиннах муьлхачун сте ю иза? - хьаьттира Хьуьсас, вела а къежаш.

«Кхи-кхи-кхих», - аьлла велавалар икккхира Iабдин а. Вист ца хуьлуш вахана неI тIе а чIаьгIна, чухула гIуй а боьллина, Хьуьсина тIе а веъна, шен нуьцкъалчу куьйга цуьнан атлазан гIовталан кач а лаьцна, ветанаш лоьлхуьйтуш, озийна, иза шен мера кIел валийра Ахьмада:

- Кхахьпано дина кхахьпа! Хьаккхин хотIах даьлла хьакха! Ирс хили хьан, юкъах йихкина шаьлта а йоцуш, со кхуза нисвелла. Амма хаалахь, нагахь санна ахь диканна а, вонна а Iелин а, Айзин а , сан а цIе яьккхина бохуш суна хазахь, хьайн хьаккхин корта дегIах къаьстарг хилар! Стен а, боьрша а доцу гIизби!

Кхеравелла, ши бIаьрг схьаэккха санна, хье тIе баьлла Хьуьса, хьала а айбина, гIопастанал дехьаxь вегош лаьттачу Iабдина тIе а кхоьссина, аравелира Ахьмад.

Ахьмадана хаьара и тайпана мотт-эладитанаш юьртахь даржош лелаш цхьа нах буйла. ХIокку гI уллакхан цхьа йист яккха сацам бина иза, къайллах арентIарчу цхьана воккхачу Iеламстагана тIе а вахана, цунах дагаваьллера. Цо дийцарехь, майра веллачул тIаьхьа биъ бутт а, итт де а даьлча маре яха бакъо ю зудчун. Ткъа гена махка мехе, тIаме вахана, йийсаре вигна я кхечу бахьанашца доьза вайначу майрачух догдиллина зуда кхечу стаге маре яхча, ткъа и хьалхара майра, хIара Iела санна, цIа верзахь, и зуда йигначо шариIатехь йита а йитина, хьалхалерчу майрачунна юхаерзо еза. Ткъа оцу хьалха хиллачу майрачо, нагахь санна и зуда шена езахь, иза цуьнга юхаян реза а елахь, дуьххьара ялош санна, шариIатехь цуьнца мах а бина, шен дола яккха еза. Иза юхаяло шена ца лаахь, я юхаян и зуда реза яцахь, шена луъучу маре яха маьрша йита еза. Нагахь санна зудчунна хене яла рицкъа а, духар а, кхин оьшург а ца дуьтуш, майра генна мехе, тIаме, йийсаре лаьцна я Сибрех вахана биъ бутт а итт де а даьлча, иза дийна велахь а, маре яха бакъо ю зудчун.

ШариIатехь-м иштта дара, амма нохчийн къоман гIиллакхашца ца товш, лело оьзда доцуш а гI уллакх ду-кх иза. Делахь а цхьана агIор ца листича ца долу. Амма муха?

5

Товханна хьалха кхакханах бинчу кIедачу миндарна тIе охьа а хиъна, иштта суьлхьанаш а дохуш, оццу ойланаша дIалаьцна Iара Айза а. МаькIажал тIаьхьа товхана йиллина ножан стомма гуьйриг алу хилла яьгна чекхъяьллера. Терхи тIе хIоттийна чуьра мехкадаьтта лахделла чиркх а серлонна гIелбала боьллера.

Iела а, Ахьмад а боккхачу балехь вуйла хаьара Айзина. Амма цаьршингахь берг бала бацара, Айзин кийрахь кхехкачуьнца буьстича. Iелина тIедеъначу иэхьана бехке Айза йоцург цхьа а вац. Ахьмад ванне а вац. Шега еъча, зуда йигина цо. ХIокху бохамна бехке иза ша цхьаъ ю. Сибрехь доьза вайна майра а волуш, маре яхана. Ткъа шо даьлча хIун дара? Iийр яра-кх кхин а ткъа шарахь а, яллалц а. ЦIа-цIе а, керт-ков а цахиларх хIун дара? Цхьа бун а йина, сагIа а доьхуш , кIант а кхобуш Iийр яра-кх. ТIаккха, воккха хилча, кIанта иза а кхобур яра. Ша яллалц. И сацам бинера Айзас. Iелех дог ца дуьллуш. Амма цамгаро кIелвитинчу къеначу дас бохийра цуьнан сацам. Ша дуьненара дIакхалха герга ву бохура цо. Хьан а, кIентан а йиша-ваша дац, гергара нах бац. Шел тIаьхьа хьо кIантаца цхьа юьсу. Ща-цIе, керт-ков доцуш. Дола дан верас а воцуш.

КІантана зуда яло еза. Зуда ялийча, шуна цІенош, бежана, сту-ворда дезар ду. Ахьмад хьекъале, оьзда, къинхетаме, доьналла долуш, наха лоруш, сий деш стаг ву. ГІеххьачул таро йолуш а ву. Цо дола дийр ду шуьшиннан. КІантана цІенош дийр ду, кертахь оьшург а тардийр ду. Цул совнаха, нагахь санна Дала азаллехь яздинехь, хьо Ахьмаде яхча, Іусманна йижарий, вежарий хир бу. Вайн устаз соьга вистхилийта ойла йолуш бу Ахьмадан гергара нах. Устазан дехар духатоха бакъо яц вайшиннан. Іелех дог ца дуьллу боху ахь? Мел хьуна ца лаахь а, Іелех догдилла деза ахь. Ткъа шо даьлла цуьнан цхьа а хабар доцу. Дийна велахьара, цхьа кост ца кхе-тош Іийр вацара иза. Тоьар ду ахь ткъа шарахь ладегІча. Хьо хІинца а къона ю. Шен де тІекхаьчча массо а ву вала везаш. Амма дийна верг ваха веза. ХІара сан тІаьххьара дехар ду хьоьга...

Дела ву-кх и дерриг а хууш. Іела вицвелла а, маре дагадеъна а ца яхара иза. Ша къона елахь а, цунна майра, маре ма ца оьшура. Къона йолуш а цуьнан аьтто ца хиллера безамах марзо эца. Сихха цІа воьрзур ву аьлла, Хонкара вахча, кхо шо даьлча цІа веара. ТІаккха дукха хан ялале лаьцна, итт шо хан а тоьхна, Сибрех вахийтира. ТІаккха бархІ шо даьлча салташа Іумар вийра. Иза вийна а ца Іийра. ЦІенош а, керт-ков а дагийра, церан миска йийбар а ягийра, халла кхиийна ши сту а, етт а дІадигира. ХІара жимачу Іусманаца ерзинчу стигла кІел йисира. Маре а, майра а дагадогІучохь яра ткъа иза? Цунна минотана а ца вицлора Іела. Шен дуьххьарлера а, тІаьххьара а безам. Іусманан а, шен къеначу ден а дуьхьа резахилира-кх. Ахьмаде безам бохург хьехочохь а дацара. Шена а, Іусманна а иза мел дика велахь а, цуьнга даг чохь йовхо ца гІоттура. Іусманна цІенош а дира Ахьмада. Ши сту а, бежана а ийцира. ХІетте а Іела дагара ца волура, Ахьмадах безам ца летара. Юьхьанца кІант, тІаккха йоІ хилча, шен кхолламна къера а хилла, кІелсецира. Даг чохь керла безам ца кхоллабеллехь а, Ахьмадана муьтІахь, тешаме, дика х Іусамнана хилира цунах. Амма Далла дика хаьа-кх Айзина майра а, маре а оьшуш хилла цахилар. ХІара хир дуйла хиънехьара...

- Айза, - лохха кхайккхира Ахьмад.

- ХІун боху ахь? - гІийлла йистхилира Айза.

- Іела цІа веъчахьана ойланаша хьере дина вайша. Иштта Іийна девр дуй те вай?

- ХІун дийр ду ткъа?

- Вайшиннан кхоллам муха хилла хаьа-кх хьуна. Бакъдерг аьлча, хІусамнана а елла, доьзалхо а воцуш, цхьа висинчу суна хІусамнана оьшура хІетахь. Амма хьо майра оьшуш а, маре дагадогІуш а яцара. Азаллехь синош кхуллуш Дала йина кхиэл кхочушхуьлуш, вайшиннан рицкъанаш цхьаьна нисделла. Ахь дина йоІ а, кІант а ду сан. ХІинца Іела цІа веъна. Іеле а, вайшинга а дуьхьал схьа ца алахь а, тІаьхьашха лелаш нехан питане мотт-эладитанаш ду. ХІун дича бакъахьа хета хьуна?

- Хаац суна. Хьоьга яле я Іела цІа вале со еллехь дика хир дара. Далла ца лиъна-кх иза а.

Цхьана ханна цІа чохь тийналла хІоьттира.

- ХІокху дуьненахь цкъа а ирсан чам ца хууш, къанвелла Іела. Дала кхоьллинчу цхьана а стагана ца лабаллал баланаш, халонаш, бохамаш лайна цо. Сол а декъаза стаг ву иза. Бусалба динехь а, адамаллин гІиллакхехь а, хьайна лаахь, цуьнга дІаяха бакъо ю хьан. Кхин хІусамнана а ялийна, цуьнца ваха хаа къанвелла иза. Ахь мукъана а дог ца эцча, къанвеллачу хенахь иза хьанах, стенах Іехалур ву?

Айза йист ца хуьлура. ХІун аьлла хила еза? Ахьмада дийриг оьзда къамел ду, цо лелориг оьзда г Іиллакх ду. Амма Айзин иза дан бакъо яц. Цуьнан кхоъ бер ду. Цигахь - кІант, кхузахь - кІант а, йоІ а. Іела а, Ахьмад а - ший а дика хилла Айзина. Амма даима дІа цуьнан дагчохь лаьттинарг Іела ву. Айзин дуьххьарлера безам. Масех шо хьалха дІабаьлла иза, деган кІоргехь сийсаш цхьа гІийла суй буьтуш. ХІокху къизачу кхолламо къинхетамза бийна. Айзин бІаьргех комаьрша дуьра хиш хьаьлхира.

- Ахь жоп хІунда ца ло, Айза?

Айза хецаелла йилхира. Цуьнан дог хьаъалц вист ца хуьлуш, дикка Іийра Ахьмад.

- Алахьа, Айза, хьайна хетарг...

- Берриг а бехк сан бу... Хьоьга еъна. Даго хьоьхура суна, Іела дийна ву, велла вац бохуш... Массара догдиллича а, ас дог ца дуьллура цунах. Маре гІур ю бохург цкъа а дага а ца догІура. Вала гергавахначу къеначу дена луург а дина, байлахь висначу, верас воцуш висначу кІентан ойла а йина, еара хьоьга. Хьайн дикалла, ахь дола а дира тхойшиннан. Иза тхойшинна дицделла я дицлур ду моьтту хьуна? Амма хІетахь мацалла дала диси делара тхойша...

— Уьш дІадевлла, Айза. Ас кхочушдинарг бусалбанан декхар ду. ХІинца вай дохкодийлархь а, делхархь а нисдала хІумма а дац. Бехкениг а ца лоьхур вай. Лелларг Делан кхиэл ю. Іелин дагахь хІун ду те?

Айза, букъ нисбеш хьала а таьІна, Ахьмаде хьаьжира.

— Суна муха хаьа цуьнан дагахь дерг? Цуьнга и хоьттуш со лелар йоцийла ца хаьа хьуна?

— ГӀаддайна хоьттура ас-м.

Цхьа хан елира и шиъ дист ца хуьлуш.

— Ахьмад, хилларш а, лелларш а хьуна дика хаьа. Ӏелин кӀант Ӏусман Дауд а, Седа а ас бина йиша-

вежарий бу. Шуьшиннах цхьанна хилла лазам оцу кхааннан дегнех чеккхбер бу. Со-м хьехор а яцара вай. Цхьанна-шинна хиъна хӀума, кхечу-кхечуьнга дуьйцуш, дуьне ма-дду кхарста долу. ТӀ едетташ, дестош. ШӀуьшиъ наха лоруш, хьекъале, оьзда, цӀена бусалба ши къонаха ву. Нах юкъа а ца бохуш, хаза ший а цхьаьний охьа а хаий, хӀара гӀуллакх машаре дерзо бусалба динехь а, нохчийн гӀиллаккхехь а цхьа некъ лахийша...

Ахьмад юха а, голаш тӀе юьхьар а вахана, суьлхьанаш даха вуьйлира.

6

Ши-кхо де хьалха Ӏусманца дехха къамел хиллачул тӀаьхьа, шайн шина доьзална юккъе хӀоьттинчу хьолан кӀорггера ойланаш ян вуьйлира Ӏела. Ӏусмана цхьана маьӀӀера дуьйна схьа, ма-дарра дийцира цунна шен нана маре яхар муха нисделира. ХӀинца Айзехь а, Ахьмпде ь а болу бала а, шен воьхна хьйзар а. Айза маре яхариа хӀетахь резахиларна хӀинца ша бехке хетара кӀантана.

- Делахьа, Ӏусман, шу оццул доьхна хьийза, ма доккха хӀума дац вайна тӀедеъанарг, - элира Ӏ елас, кӀанте леррина ла а доьгӀна. - Цунах шайна бала хӀунда бо аш?

- Ахь и шиъ ден деза бохуш хабарш дуьйцу наха... Ӏела гӀадвахана велавелира, тахана дуьххьара .

- ХӀунда? Мича бахьанина? Со дийна вуйла а хууш, нах безна, хьуна а, суна а иэхь дина, и хьан нана маре яханехь-м, нохчийн Ӏадатехь мостагӀалла хьедан, цхьа бекхам эца безара ас. Вуьшта аьлча, иза тӀедужура суна. ХӀусамда веллачул тӀаьхьа ларъян еза бусалба дино тоьхна хан чеккхъяьлча, маре яха бакъо ю зудчун. Ткъа хьан нана, массара а со велларг а лерина, вицвинчул тӀаьхьа а ткъа шарахь Ӏийна маре ца йоьдуш. Ахь дийцарехь, ша яллалц Ӏийна а хир яра, къанвеллачу, цамгаро кӀелвитинчу шен къеначу ден дехар духатоха бакъо а хиллехь, кӀел хӀотта тхов а боцуш, ерзинчу стигла кӀел висинчу хьан ойла а ца йинехь. Ткъа Ахьмада а йигина иза шега еъча. Бусалба динехь, нохчийн Ӏадатехь. Цаьршиннан хӀун бехк бу? Делак кхиэл ю лелларг. Майра велча, кегий бераш дӀа а тийсина, маре бахана зударий дукха гина суна. Хьайниг дуьххьара а, тӀаьххьара а ца яхана. Бакъду, «веллачул» тӀаьхьа «денвелла», со цӀа варо жимма чолхедаьkkхина хӀара гӀуллакх. Делахь а, вай доьхна хьийза оьшуш хӀумма а дац. Вайгахь доьналла хилчахьана, дерриг а дика дӀанислур ду.

КӀантаца хиллачу къамелана тӀера яьлла Ӏелин ойла, хьаьвззина ткъе пхи шо юханехьа, Сибарен каторге яхара. Шеца лаьцна валийна масех нохчо хьалхарчу кхаа шарахь, тӀаьххьара висина цхьаъ шийтта шо даьлча а велла, цхьа висча, лагерехь волчу цхьана узбекаца уьйр тесира Ӏелас. Бусалба хиларал совнаха, кӀорггера бусалба динан Ӏилма хууш стаг хиларо цуьнга безам бахийтира Ӏелин. ХӀора буьйсанна а, мукъачу деношкахь а Ӏелина бусалба динан Ӏилма хьоьхура Сулеймана. Масех шо далале гӀеххьачул узбекийн, Ӏаьрбийн меттанаш а Ӏемира Ӏелина. ШариӀат Ӏ амош, маре дар а, зуда а, майра а дӀасакъастар а юкъадаьлча, оцу тӀехь дуккха а хеттарш дан вуьйлира Ӏела. Маренаш тӀехь Шемала шариӀат талхош меттигаш лелийна бохуш а хезнера цунна. Маре яха хан кхаьчна йоӀ а, къона жерой а церан шайн бертаза, нуьцкъах маре бохуьйтуш. Зуда а , бераш а долчу нахе а. Зудчунна яха а, стагона йига а ца лаахь а. Боьрша нах тӀамехь бойуш, уьш кӀезиг бара, ткъа зударий алсам бара, цундела боьршачу стеган цӀахь зуда а, бераш а делахь а, шолгӀаниг йигар нуьцкъах тӀедожадора. Шемала лелочух-м кхетара Ӏела. ТӀамо хӀ аллакден адам, къаьсттина божабераш дебо Ӏалашо йолуш дора цо иза. ТӀе марехь а боцуш, ӀаьӀна къона зударий хьарам новкъа ца бовлийта, церан сий, оьздангалла ларъян а дора. Шена ца везачу стаге, я зудчунна а, берашна а тӀе маре яха ца лаьа зуда а, шена ца еза зуда, я зудчунна а, берашна а тӀе зуда йига ца лаьа боьрша стаг а зинданна чу кхуссура, уьш реза хиллалц ара а ца бохуш. Оцу зинданна чохь йоккхучу хӀора буъйсанна тӀера цаьргара цхьацца эппаз гӀуда а доккхура.

- ШариӀат талхош хиллехь а, Ӏаламат хьекъале стаг хилла и шун Шемал, - элира Сулеймана, Ӏеле ла а доьгӀна. - Зуда яло хан кхаьчначу боьршачу стагана, шега йогӀуш елахь, зудаялор а, ткъа йоӀана маре яхар а тӀедожадо шариӀато. Зуда ца ялош а, маре ца йоьдуш а Ӏер доккха къа лору бусалба динехь. Цкъа-делахь, адамийн хӀу таса Дала дуьненчу даькkхина ду и шиъ, шолгӀа-делахь , шариӀатехь гайтинчу некъаща марехь йоцу зуда а, зуда йоцу боьрша стаг а зинан новкъа бовла тарло. Иза ца хилийта, цунах адамаш лардан, бусалба дино тӀедожийна зуда яло хан йолчу боьршачу стага зуда ялор а, маре яха хан хилла йоӀ, къона зударий маре бахар а. Амма ца еза зуда боьршачу стаге нуьцкъах йигийтар а, ца везачу стаге нуьцкъах зуда маре яхийтар а дихкина . И шиъ ший а реза хила деза шайн маренна. Оцу тӀехь нгун Шемала шариӀат талхийна.

Сулеймана дийцинчун ойла а йина, цхьа масех де даьлча юха а оцу хаттаршна тӀевирзира Ӏела:

- Сан къона зуда йисина цӀахь, жимачу шина кӀантаца. Тхан къоман Ӏадатехь, со цӀа верзаре ладоьгӀуш, маре ца йоьдуш Ӏен еза иза. Суна тоьхна итт шо хан тоххара чеккхъяьлла. Сан

зудчунна а, гергарчарна а сох хилларг ца хаьа. Со велла бохуш, догдиллина Iаш хир бу уьш. Со даймахка, доьзална тIе вухавоьрзург хиларх ас а догдуьллу цкъацкъа. ТIе Iожалла а ма ю когашна кIел. Сан зудчо, маре ца йоьдуш, соьга ладегIар, я сох догдиллинехь а, маре ца йоьдуш , ша яллалц Iер а муха хир ду? Маре яха бакъо юй цуьнан?

- Майра веллачул тIаьхьа биъ бутт а итт де а даьлча, маре яха маьрша хуьлу зуда.

- Со дийна ма ву ткъа?

- Майра цхьанхьа дийна велахь а. Майрачо ша тIаме, генна меха воьдуш, я вайша санна, лаьцна вуъгуш, цIахь юьсучу зудчунна ша цIа верззалц йолчу ханна рицкъа а, тIедуха а, когадуха а, кхин оьшург а дита деза. Нагахь санна зудчунна оьшург а ца дуьтуш иза ваханехь, шариIатах дага а яьлла, цуьнга кхиэл а яйтина, биъ бутт итт де а даьлча, маре яха бакъо ю зудчун.

- Цунна маре яха ца лаахь? Тхойшиннан ши кIант ма ву?

- Маре яхар, цаяхар цуьнан шен лаам бу, ткъа хьан декхар шена луъург дан цунна маршо ялар ду.

- Ас муха ло цунна маршо, и дIаккхето кхузара дIавоьдуш стаг а, дIадоьдуш кехат а ца хилча? Ас йитина а йоцуш, иза маре гIахь хIун дан деза?

- Нагахь санна Далла хьалха хьуо цIена хила хьуна лаахь, Дела теш а лаций, цхьацца бутт хан юкъа а йолуьйтуш, кхузза цIе а тасий, йита. ТIаккха Далла хьалха а, хьайн зудчунна хьалха а бехказа хуьлу хьо.

- Ас йитина а йоцуш, и сан зуда маре яханехь, сан цIа верзар а хилахь, тIаккха хIун хир ду?

- Нагахь санна хьан зудчунна хьоьга юхаян а лаахь, хьуна иза юхаяло а лаахь, хьан зуда йигначо иза йита еза, ткъа ахь, айхьа дуьххьара ялош санна, шариIатехь мах а бина, юха а хьайн цIартIе йоккхур ю. Нагахь санна хьуна иза юхаяло а, цунна юхаян а ца лаахь, йигначуьнгахь юьсур ю. Иза а, важа а шу шиннан я шиннах цхьаьннан лааме хьаьжжина хир ду.

И къамел хиллачул тIаьхьа, Сулейман а, кхин цхьа гIезало а тешаш а хIиттийна, цхьацца бутт хан юкъа а йолуьйтуш, кхузза цIе а тосуш, Айза йитина, шен цIартIера маршаяьккхира Iелас. ХI етахь ша иза деш цунна ца моьттура ша дийна цIа воьрзур ву а, цIа вирзича, Айза маре яхана карор ю а...

7

Сагатлуш, кертахь цхьацца гIуллакхаш дан гIерташ а лелла, чувирзина, маьркIажан ламаз а дина, вирд даккха охьахиира Iела. Медана, шен да-нана долчу яхана, цIахь яцара, кIентан ши кIант а кхарста ваханера. ХIусамехь деса, тап-аьлла тийна, сингаттаме дара. Цхьадика, хьера вахана I усман цIа кхечира.

Буьйса яцъян цхьа а чу ца вогIуш, хIара догдиллина Iаш, уьйтIахь цкъа-шозза йовхарш а тоьхна, цIа чу велира Ахьмад. Вовшашкара хьал-де а хаьттина, юьртара керла хабарш дийцина ваьлча, ша деъна гIуллакх дийца вуъйлира Ахьмад. Цо а, хьалха Iусмана дийцинарг а цхьаъ дара.

- Иштта, Делан кхиэл лелла, цхьаьна рицкъанаш нисделла тхойшиннан, - дерзийра Ахьмгда шен къамел. -Хьайна лаахь, нохчийн Iадатехь соьца мостагIалла лело некъ а бу хьуна, ткъа вайшинна лаахь, бусалба динехь хIара гIуллакх машаре дерзо некъ а бу. Дела сан дог гуш а, сан дагахь дерг хууш а ву, Iела, хилларг а, лелларг а Айзин а, сан а бехкенна дац, лелларг Делан кхиэл ю . ЦIенчу даггара и Айза хьан хIусаме юхайоьрзийла лаьа суна. ХIара гIуллакх хьан кхиэле дуьллу ас.

Ахьмадана жоп ца луш, Iусман чукхайкхира Iелас.

- Хьада, чехкка гIой, Панта-Хьаьжа, Лорса, Доша, Солтха схьавалавел.

Цхьа сахьт далале уьш схьабаьхкира.

- ХIокху Ахьмаданий, суний юкъа хIоьттина хьал, ас ца дийцича а, шуна а, юьртана а хууш ду. Доцца аьлча, сан доьзало а, ерриг юьрто а со дийна хиларх догдиллинчул тIаьхьа ткъа шо даьлча , и сан хилла хIусамнана, Айза, хIокху Ахьмаде маре яхана, ткъа хIокху Ахьмада, шега еъча, иза йигина. Бусалба динехь цхьа хьаьрк а гал хIума доцуш, Делан лаамца хилла кхоллам бу иза. Соьгахь бархI шарахь Iийна Айза, ткъа хIокху Ахьмадан хIуеамнана хилла иза ехаш йолу берхI итта шо ду. Суна вина цхьа кIант ву Айзин, ткъа хIокху Ахьмадана дина кIант а, йоI а ду. Оцу берхIитта шарахь, шен кIентан санна, сан кIентан доладина хIокху Ахьмада. Сан кIант а, Ахьмадан кIант а, йоI а цхъана ненан кийрара схьабевлла йиша-вежарий бу. Сой, Ахьмаддий, Айзий къанделла, мел даьхча а, хIокху дуьненахь дукха дехар дац. Амма тхан бераш а, церан тI аьхьенаш а яха еза. Вовшашца мостагIалла-м хьовха, хьагI-гамонаш лело хан а ца йисина сан а, Ахьмадан а. Я уьш лело бахьанаш а дац, нагахь санна тхойша цIена бусалба а, къонаха а велахь. Далла а, суна а бен ца хууш, кхин цхьа хIума а лелла хIокху гIуллакхана юкъадогIуш. Сибрех ваханчул тIаьхьа пхийтта шо даьлча, со дийна цIа воьрзург хиларх дог а диллина, сайца цигахь нисвеллачу цхьана воккхачу Iеламстагах-узбеках дага а ваьлла, и узбек а, кхин цхьа гIезало а,

и ши бусалба стаг тешаш а болуш, оцу Iеламстага сайна хьехначу шариIатан некъашцца кхузза цIе а тесна, и Айза сайн цIартIера дIа а яьккхина, йитинера ас. Шена лаахь маре яха а, лаахь ца яха а, сайна декхар йолчуьра маршайоккхуш. Нагахь санна ас дуьйцучух шу ца тешахь, айса иза дина аьлла шуна хьалха Къуръан тIехь дуйнаца чIагIо ян кийча а ву со. ШариIате даьккхича а, адамаллин гIиллакхе, оьздангалле даьккхича а, мискъала-зарратал бекхе дац Ахьмад а, Айза а, цаьршимма я суна а, я шайна а дина иэхь а дац. Соьгахьара цхьа а тайпа хьагI-гамо хир яц цаьршинна. Сан кIант воккха хилла, иза шен зуда а, бераш а долуш вехаш ву. Ткъа Ахьмадан кIант а, йоI а жима ду, вуьрхIитта, пхийтта шераш долуш. КIанта зуда яло а, йоI маре яха а еза. Айза шен шина бераца Ахьмадан хIусамехь йиса лаьа суна. Сайн кIант а, Ахьмадан йоI а, кIант а йиша а, вежарий а хуьлийла лаьа суна. Панта-Хьаьжа, ас йина кхиэл бусалба динца, шариIатца нийса юй?

- Суна хуучу бусалба динан Iилманца лерича, цхьа хьаьрк а гал хIума доцуш, нийса кхиэл йина ахь, Iела.

ТIаккха вукху кхаанна тIевирзира Iела:

- ХIокху юьртахь а, арахьа а лоруш ву шу кхоъ. Ас йинчу кхиэлаца суна иэхь долуш хIумма а дуй ?

- Дера дац, Iела. Хьо цIена бусалба а, оьзда стаг а, вуьззина къонаха а хиларна тоьшалла ду ахь динарг. Изза олу оха хьоьга а, Ахьмад. Дела реза хуьлда шуна. Дала безам а, марзо а латтайойла шун доьзалшна юккъехь.

- ХIинца тIаьххьара а цхьа-ши дош олу ас. ХIокху юьртахь зударша а, царал а оьшучу цхьацца божарша а сох а, Ахьмадах а лаьцна питане мотт-эладитанаш леладо бохуш хезна суна. Цундела тховса вайн хилла хIара къамел юьрте дIахаийта. Тховсачул тIаьхьа и тайпа мотт-эладита лелош стаг суна хаалахь, цуьнца цкъа а сан машар хир боцуш, мостагIалла хир дуйла а хаийта. И дехар къаьсттина хьоьга ду, Панта-Хьаьжа. ХIунда аьлча, цкъаделахь, хьо юьртан къеда ву, шолгIа-делахь, и мотт-эладита айина леларш хьоьца уьйраш йолу нах бу а боху. Иза чекхделй, хIинца кхин хабарш а дуьйцуш, шуна кIордадаллалц сакъоьрур ду вай.

Меданас йовхха сискал а, кхеххкийна кхоьаш а ехкира царна хьалха.

* * *

ЗОРБАНЕРА МОГIАНАШ

Вайн Iедало хIитто юьртдай хьалха къуй, талорхой хилла, сий дайна нах бу. Iедал шайн каракхаьчча, цара харцонаш, ямартлонаш, хьарамлонаш лелош, ницкъ бо бахархошна. Iедална хьалха бехк-гуьнахь а доцчу нахана таIзарш до, цаьрца шайн хьагI-гамонаш нисъеш. Юьртдай шаьи а хуьлу къуйн а, талорхойн а гIеранийн декъашхой. Цаьрга болчу цабезамна, уьш юьртдай хIиттош долу оьрсийн Iедал а ца деза нахана.

Я. Абрамов

Нохчийн долара латта мел кIезиг ду хаа сурт хIотто хала хир ду шуна. Хьан латта мел ду аьлла, шега хаьттича, вертанна кIел хоъьал ду олу нохчочо. Латта механа деза ду церан. Цхьа етт тIех Iоттал долчу лаьттан оцу аьттан мах бу. Оцу хьолан ойла йича, уьш мацалла ца леш, хене муха бовлу те олий, цецволу.

1905 шеран 5 июлехъ депутата
А. П. Масловс Пачхъалкхан
Думехъ динчу къамелана тIера

Ламанан Нохчийчоьнан 90% бахархой данне а латта доцуш бу, 77% аренгара бахархой латта кIезиг долуш бу. Нохчийн дуккха къехоша, беза мах а луш, ханна лело латта оьцу гIалгIазкхийн а, шайн а хьолахошкара. Иштта латта оьцуш, хIора шарахь царна 400 эзар сом ахча ло нохчаша.

Лаьттах пайдаэцаран
хьокъехъ Теркан областан
администрацис кхоъллинчу
комиссин отчета тIера

VIII . Декъазниш
Ша-ша вай кIезиг а,
гIорасиз а ду,
Ткъа бертахь катохахь,
лам ластор бу.

К. Хетагуров

1

ХIара берриг а бохамаш буьйлабелира, докъан пхьор хиларшна, Инарлин говрашна тIехула. Буьйсанна дIахоьцу уьш Хьомсуркъин стундех дисначу жимачу ирзо тIерачу хьаьжкIашна юкъайоьлхура. Цара цу юкъахь хIоттийнарг дийр дацара хьакхарчаша а. Цкъа а, шозза а, кхузза а элира Хьомсуркъас оцу Инарле, и говраш ма лехка цига, шен ян а йоцу хьаьжкIаш хIаллакйо цара . Амма Инарла дуьхьал жоп дала а ца вешира. ТIаккха, цхьана Iуьйранна лехча, Инарлин йиъ говр ца карийра. Яхана меттиг а ца хууш, лар а ца карош, тIепаза яйра уьш. Хьомсуркъас уьш къайлаяьхнийла хаьара Инарлина, иза бехке а вина, даррехь Iедале дIавала ца ваьхьара. Къайлах барт а бина, стражникашца Гати-Юьрта пурстоп Хамов валийра цо.

Герз лаха цIийнах хьовсу аьлла бахьана а хIоттийна, талораш дан буьйлира салтий. Иза уггар хьалха Хьомсуркъина тIера дIадолийра. Шен йоIаца забар ян гIоьртана салти, цуьнгара герз схьа а даькххина, гIибаваллалц йиттина охьа а виллина, ведда юьртара дIавахара Хьомсуркъа.

Пурстоп оьгIазвахана а, дог доьхна а дIавахара Гати-Юьртара. ХIетахь кхуза вогIуш цо чIагIо йинера Хьомсуркъа а, Овхьад а, Солта а лаьцна, букъа тIехьа куьйгаш а диххина дIавига. ТI аьххьара шиъ хIара кхуза кхачале юьртара араваьллера, ткъа Хьомсуркъа, хIоккхуьнан мера кIел салтичунна гIибаваллалц етта а йиттина, цуьнан герзаца ведда ваханера. Щийнах хьаьжча карийнарш а хIун ю? Итт патармица цхьа берданга а, мокхазан кхо топ а, тиша бархI шаьлта а, ши тур а. Берданган да лаьцна Ведана дIавигира Хамовс. Амма округан начальникана подполковникана Ханжаловна цунах кхачо ца хилира. Теза-маьттаза дешнаш ца кхоош, Хамовна барт биттира оцу хьожа йогIучу суьйличо. ТIе Гати-Юьртара хIара вухавирзича, Саьмби-КIотарарчу бахархоша тIулгаш а кхийсира хIоккхуьнан отрядана тIе. Царах цхьаъ пханарх кхетта, масех дийнахь букъ лезира Хамовн. Бакъду, оцу кIотарара лаьцна вигина виъ стаг набахте-м кхоьссира цо.

Карзахечу Гати-Юьртана таIзар дарехь доггаха гIуллакх цадарна а, кхузара коьрта кхо бунтовщик кIелхьаравалийтарна а Хамовна дIахьедар а дина, и гIуллакх шен караийцира Ханжаловс. Стомара Гати-Юьрта веъначу Хамовс, нах майдана а гулбина, царна дийшира Ханжаловн омра.

Цуьнан Воккхаллина, ерриг Россин ...императорна, цуьнан цIенна дуьхьал, цуьнан Iедална, цо хIоттийначу къепена дуьхьал гIаьттинчу Гати-Юьртана тIедожадо:

§ 1

Нийсса итт де далале 100 топ а, царна 2000 патарма а, 500 шаьлта а, 50 тур а Ведана гIопехь охьадиллар.

§ 2

Схьаялаза йисинчу хIора тоьпа тIера 50 сом, тур-шаьлтанна тIера 10 сом, патарми тIера 50 кепек ахча охьадиллар.

§ 3

Герз схьаделлачул тIаьхьа цIийнах хьаьвсича, нагахь санна кертахь я карахь герз карадахь, иза дIадаккхарал совнаха, бехкечуьнгара хIара гIуда даккха:

3-линейни тоьпана - 300 сом

японски тоьпана — 20 сом

бердангина - 100 сом

мокхазан тоьпана - 50 сом

тапчина - 50 сом

тур-шаьлтанна — 20 сом

патармина - 50 кепекана тIера 3 соьме кхаччалц

§4

Юьртана тIехь долу 5104 сом, пачхьалкхан а, Iедалан а декхар, итт де далале охьадиллар.

§ 5

Юрт Iедална дуьхьалйохуш, зуламе питанаш лелош волу Хортаев Овхьад, Солтханов Солта, Сулиманов Хьомсуркъа лаьцна, Iедале схьавалар.

§ 6

Тоьхначу хенахь хIара омра дуьззина кхочуш ца дахь, Гати-Юьртана луьра таIзар дан.

Ведана округан начальник, подполковник Ханжалов

2

Гати-Юьртахь хиллачу оцу хьовр-зIовро Соьлжа-ГIала базара валийна Янаркъа, ша деъначу пхеа вертанах диъ бархI-бархI соьмах дIа а доьккхина, тIаьххьара дисинарг белша тIе а кхоьллина, иза оьцуш стаг валаре хьоьжуш, гIийлла бIаьрг бетташ, вертанаш духкучеран могIарехь хIоьттина лаьттара.

Селхана делкъал тIаьхьа Гати-Юьртара охьа гIаш ткъа чакккхарма некъ беш Гезлойн станце а веъна, цигахь хьешашкахь буьйса а яьккхина, сатоссуш цига кхаьчначу цIерпоштахь малх лакха баьлча кхуза кхаьчнера Янаркъа. Ша цIера араваьлчахьана цхьана хIуманах вогуш веара иза гIала. Иза шайн кех ара ма веллинехь цунна тIенисъелира есачу кIудалца хитIе йоьду Сету. Хих юьзна шийтта кIудал цуьнгахь хилча а, иза ша тоьар яра стеган некъ изгIо. Кхин тIе а Янаркъин дог дохийнера сийсара цунна гинчу гIено. Дуккха а адамаш, цара буьйцу хIара ца кхета мотт, маьхьарий, дов, цIий. ГIенах цIий гар-м дика ду олура, хIетте а Янаркъа реза вацара оцу гIанна.

Схьакхаьчча цунна кхузахь хеза хабарш а дацара хIумма а маслаIате. Базархоша дийцарехь, карзахе хьал дара гIалахь. Заводашкахь, фабрикашкахь, мехкадаьтта доккхуш а болх беш болу оьрсий шайн алапаш алсамдахар, къинхьегаман а, Iер-дахаран а хьелаш тодар, шайна цхьацца бакъонаш ялар Iедале дIахьедеш, белхаш а совцийна, гIалин майданашкахь гулбелла бохура. Салтий а, гIалгIазкхий а уьш цигара дIасалахка гIоьртича, цара вовшашна буй-тIара еш а, белхалошна тIе герз тухуш а меттигаш хуьлу бохура. Iедална дуьхьалбевллачу оцу оьрсащций, ярташкарчу нохчащций кхузара салтий, гIалгIазкхий лара а ца бина, царна гIоьнна кхечу областашкара эскарш далош ду а бохура. Иштта балош болчу салташа а, гIалгIазкхаша а, кхо де хьалха шаьш тIехь долу цIерпошт Несарехь сецча, цунна гондIарчу гIалгIайн ярташкахь талораш дина, цигахь хиллачу тIамехь дикка гIалгIай а, гIалгIазкхий а байина бохуш а дуьйцура. Дийцарехь, и кхерам гIалахошна а герга бара. Сийсара шаьш Соьлжа-ГIала ма-кхоччура тIе мел нисбеллачу ламарошна етта буьйлабеллачу цара, цхьана чIебарлочунна лен чов а йина, уьш маларш муьйлуш, талораш деш, хьерабевлла лелаш бу бохуш а дуьйцура.

ТIе, иза ца хилча а, кхин шортта бала ма бара Янаркъин кийрахь. Цо Iедална такха дезаш налогаш а, гIуданаш а цхьаьнатоьхча, ялх туьма ахча дара. Iалелай, Янаркъина ма дукха ахча ду-кх иза! Мел дика а боккха цхьа етт. Ткъа Янаркъин кертахь, еккъа цхьа аьттан цIоьллаг йоцург, беа кога тIехь кхин хьайба дац. Янаркъа а, цуьнан йоккхастаг а хене доккхурш цаьршиннан маззакъдоьлла къена куьйгаш ду. Тохара, цхьа пхийтта-ткъа шо хьалха-м, шарахь ткъе пхи верта дора цаьршимма, цхьаннан мах туьма а болуш. Амма хIинца дегIехь ницкъ бац. ДогIмашкара ницкъ иэшна, бIаьрса а гIелделла. Иттаннал тIех верта ца дало. ТIехула тIе, хьалха цара вертанаш шайн тIергIах дора. ХIинца церан долахь цхьа уьстагIа а бац. ХIара карахь дисина верта дохкалахь, диъ туьма хуьлу цунна. Цхьа туьма мукъана а шаьшшинна Iаьнан духарна ца дайича а ца долу. Миска, корта шелло шен, кIинжа йолу кортали далахь шена бохуш йисина цуьнан йоккхастаг. Шена хIумма а ца эцна а, цунна и кортали оьцур ду Янаркъас. Кхо туьма мукъана а цIа кхачалур дац те. ТIаккха ах декхар тIерадоккхур дара. Амма дерриг а ялх туьма дIаделча а кIелхьара ца волу. Герз а, ахча а доьху. Ткъа Янаркъин атталла мокхаз буьллу нохчийн тапча а яц. Цхьа тиша шаьлта йоцург, кхин герз дац. Тохара, и къона волуш, цо тIом бечу хенахь дара цуьнан уггар тоьлла герз. Цхьадерг Iедало дIадаьккхина, ткъа цхьадерг къелла шайн гIаддайча доьхкина. Къанвелча цо хIун дора герзах.

Янаркъина хаьа шайн юьртахь итт стеган бен оьрсийн а, япон а тоьпаш цахилар. Царах цхьаъ Хьомсуркъица цхьаьна хьуьнах яхана. ХIан, йолчу дайша важа исс дIаелча а ма юьсу юьртана тIехь езткъе цхьайтта топ. Уьш эцна яла еза я церан метта хIоранна тIера пхиппа туьма ахча дала деза. Тур-шаьлтанаш а, патармаш а ма ду такха дезаш. Мел ахча лоцу цара? Хьанна хаьа иза лара! Лаххарчу хьесапехь, исс-итт туьма ахча тIедужу Янаркъина. Дерриг а лерича - налог, гIуданаш цхьаьнатоьхча, — ялхитта туьма. Иза такха долахь, дууш-молуш а, тIедуха-когадуха а доцуш, шина шарахь къахьега деза цаьршимма... Амма гатиюьртахоша лур дац Iедална я и декхарш а, я герз а. Цара муха, мичара ло уьш, шайн ца хилча? ТаIзарна салтий юьрта багIахь, царна дуьхьало ян барт хилла гуламехь.

- Эткаш хьанна еза! Дика эткаш! ЧIогIа эткаш! Йорах эткаш езарг схьавола! — сих-сиха мохь тухура Янаркъина уллохь лаьттачу векънчу, бесечу оьрсичо, шина эткан бертигашна чу куьйгаш а доьккина, эткийн айраш вовшах а детташ.

Стигал кхола йолаелча сагатделира Янаркъин. Нагахь и дисина верта хьалхехьуо дохкалахь, ша оьцург а эцна, тахана цIа ваха ойла яра цуьнан. Амма цунах цхьамма а ялх соьмал тIех ца лора. Муха лур ду цо иза оцу мехах? Йоккхачу стага буьззинчу баттахь хьегна къа. Вукху деаннал ледара-м дера ду хIара. ВорхI-ах делча-м дIадохкка реза хир вара иза.

- Вон ду вайшиннан гІуллакхаш, ваша, — элира эткаш юккучу оьрсичо. - Вайшиннан товар дорах деза массарна а. Ткъа сан цІерачу, хІорш йохкаре хьоьжуш ладоьгІучу бархІ къамкъарган бала бац цхьанна а. Эткаш езарг схьавала! Йорах дІало шуна!

ХІетталц паргІат мах беш хилла базар, йохийначу зингатийн туьйлигах тарлуш, цІеххьана меттахъхьайра. Янаркъина гира, шайн хІуманаш дІа а лоьІуш, уьш пхьаьрса кІел лаьцна а, ги етташ а, базарара адамаш дІауьдуш. Дехьуо ялташ дуккучу могІарехь гІовгІанаш евлира. Цигахь мах бийраш дуккхаберш нохчий хуьлу дела, хІун хилла те аьлла, сагатделира Янаркъин.

- Хьажал хьо, ваша, и схьагІерта бехна тІуртІазбевлла гІалгІазкхий! - Янаркъина муьшка йира эткаш юккучо. — Слепцовскера тхан станичникаш бу уьш. ЦІахь а, арахь а синтем бац-кх цаьргахьара! Хьолахойх бу уьш. Хьажахьа, хьажахьа! Велла волийла со, царна хьалха вогІург тхан станицера къу Игнат вацахь! Ой, иза лаьцна, набахте чувоьллина ма вара? ХІинца гІалахь, базархула маьрша лела! Диканна схьа ца гІерта уьш. Ккузара д Іавалий вайша?

Цо дуьйцучух ца кхетахь а, иза хьоьжучу агІор дІахьаьжча, Янаркъина гира, на дІаса а тоьттуш, воьлуш, терсаш, шайна тІе схьагІерта пхи стаг. Ламаройн духарца кечвелла, коча тийсина тарраш долуш волу виъ гІалгІазкхи вуйла хиира Янаркъина, царах бІаьрг ма-кхийтти. Ткъа царна хьалха вогІу лекха, зоьртала стаг гІалахойх вухавелла вара. Янаркъина ца везаве-лира маларо бІ аьргаш цІийдина, яххьаш севсина, теххаш, кхийсалуш цунна тІаьхьа вогІу виъ гІалгІазкхи. Цара дагадаийтира цунна ши-кхо де хъалха Несарехь а, ткъа сийсара кхузарчу вокзалехь а хилла бохуш дуьйцу дов.

- ХІей, дед, верта дуккуш дуй хьан? - Янаркъин белшаш тІекхоьллина кхозучу вертанах пІелг І оьттира оцу веанна хьалха вогІучо. — ХІун доьху ахь?

- Цхьа туьма, — элира цо, пІелг хьала а лаьцна. — Один чорвон.

- Къена Іовдал, оцу истангах туьма хьан ло хьуна? Ишттанехьа схьало, мах боцуш, — Янаркъин белшаш тІера чоа озийна схьа а даькккхина, хьаьрсачу, стоммачу, лохачу гІалгІазкхичун кара тесира лекхачо. - ДІаэца, гІалгІазкхи, хьоьгахь товш хир ду хІара!

Уьш шегара верта эца ца гІертийла-м хаьара Янаркъина, амма цара иза дийр ду ца моьттура. Цхьана минотана цецваьлла, воьхна висира иза, тІаккха шена ахча а ца луш, уьш дІабоьлхий хиъча, тІаьхьа а хьаьдда, гІалгІазкхичун пхьаьрса кІелхьара шен верта катоьхна, озийна схьа а даькккхина, маракъевлира цо. Амма царах цхьамма, эрабугІано санна, ворта а саттийна чухьаьдда , чоьже буй тоьхна, кхоьссина аркъал вахийтира иза.

- Аш хІун до, ва станичникаш? Мича бахьанина етта аш оцу мисканна? Делах мукъана кхера, - мохь оьхура эткаш юккучун, амма лекхачо бетах буй тоьхна, аркъал вахийтира иза а.

- Вежарий! Етта нохчашна!

- Етта ордина!

- Ата азиаташ! Церан бехк бу, цІера а даьхна, вай схьадалор!

- Етта акхарошна!

ШолгІа тоьхначо синкхетамах ваькккхина Іуьллучу Янаркъина ца хезира цара хьоькку акха маьхьарий а, ца хаалора мийраш бетташ ша хьоьшуш а...

3

Синкхетаме веъча, ша цхьана ца евзачу хІусамехь карийра Янаркъина. БІаьргашиа тІеуззуш шен хьаьжа тІе диллина хица шелдина гата хьала а теттина, цІа чухула дІаса бІаьрг туьйхира цо. ХІ окху чохь дерг цунна цкъа а цагинарг дара: хІара ша тІехь Іуьллу лекха гІовлеш йолу сетта маьнга а, стол а, лекха диъ гІант а, баьрчерчу пенан сонехь тІехула гата а тесна кхозу цхьана безамехьчу стеган сурт а. Уллорчу гІанта тІехь хих дуьзна доккха йоьзан зока а. НеІарехь кхозучу бедаршна юккъехь шен чоа а, куй а, неІарехьа цІенкъахь неІармачаш а гира цунна. Верта гуш дацара цхьаннахьа а. «Ванах, со мичахь ву те? - ойла йора цо, шех хиллачух ца кхеташ. — ХІара гІенах ду те я самах ду те?».

Корах чуеънachu маьлхан асано цхьа тамехь бохбинера цуьнан дегІан аьтту агІо. Оьрсийн йовхачу чоьракан чомехь хьожа а йогІура. Хьогалла хааелла, хи мала дагахь зоки тІе куьг кховдо гІ оьртира иза. Цхьадика, аьтту куьг дукха лазоза хааделира цунна.

КІез-кІезиг хІуттуш, цуьнан кхетамехь меттахІоьттира селхана хиллачун сурт. Амма муха кхаьчна те иза хІокху есачу хІусаме? Верта а дац гуш. Цунах а хІун хилла те? ХІун хилла те бохуш а хоьттий! Оцу хьакхарчаша дІадаьхьна хир ду-кх. Иза-м дайча а хІун дара, ахча мукъана а хилахьара цуьнан гІовталан кисанахь. Хьала а гІаьттина хьожур вара бохург хьехочохь а дацара. ДегІ ма ду, зоьпарш тоьхча санна, лацаделла. ГІаттавелча а, хІусамдай чохь а боцуш, хІусамехь волавелла лелча а гІиллакхе хир ма дац.

Дукха хан ялале неІарх чоьхьаелира безамехь, ткъе пхийтта шо хенара меташка. Самаваьлла Янаркъа гича, хазахетта тІехьаьдда, цунна улло гІанта охьахиира иза.

— Хьо-м синкхетаме веъна! Муха ду хьан дегI? Дукха лозий?

Шена мотт ца хаахь а, цо хIун хоьтту хиира Янаркъина.

— Дика ду. Харшо. Яхши, — цхьа а церг йоцу бага йоккха гIатта а йина, догцIена велакъежира иза.

— Далла бу хастам, хьуна гIоли хилла, - елхаозийра зуда. — Сой, сан майрий тIекхаьчча, халла хаалуш садоь- Iуш, велча санна Iуьллура хьо. Суна-м хьо велла моьттура. Верриге а цIийший, чевнаший вуьзна, Iаржвелла... Кхераелла мохь белира сан. Федяс шена гIо дар дийхира. ТIаккха цой, цуьнан доттагIчой - оха кхааммо, айбина юьстах а ваьккхина, хица цIанвина, извозчик а лаьцна, цIа валийра хьо. Сийсара буьйса юкъал тIехъяллалц харцлуьйш вара хьо, кхин синкхетаме ца вогIуш, наб хьашаелира хьуна. Оцу хьерадевллачу акхароша иэрчо йинера хьуна тIехь. Хьо-м дийна висина. Байинарш а бу дуккха а...

Зудчо къамел дора, цкъа елха ийзош, тIаккха екхалуш, юкъа-кара шен ховха куьг Янаркъин хьаьжа тIе а дуьллуш, тIера юргIа а нисдеш. Ткъа Янаркъас, цо дуьйцучух ша ца кхетташехь, иза елаелча велакъежаш, елха озийча кхоьлаш, лерина ладоьгIура цуьнга.

— Сан цIе София ю. Со-фи-я, - бохура зудчо, шен некха тIе куьг а детташ.

— Сопи, СепиятI Нохчийн цIе ю иза, - воьлура Янаркъа, цуьнан цIе а йохуш.

— Ткъа хьо мичара ву, дедушка?

Дуккха а къахьегначул тIаьхьа цуьнан хаттарх кхийтира Янаркъа.

— Гати-Юьртара ву со.

— И цIе йолуш юрт юьйцу ца хезна суна. Генахь, лаьмнашкахь хир ю иза.

— Гена ю. Далико.

— ХIумма а дац, дедушка, карор ю вайна хьан Гати-Юрт. Федяс ша цIа вогIуш шеца балхахь волу цхьа нохчо валор ву. Хьамзат ю цуьнан цIе. Тхан доттагIа ву иза. Оьзда, хьекъале, дика кIант ву Хьамзат. Шера оьрсийн мотт а хаьа. ХIинца митингехь ву и шиъ. Базаран майданахь. Цига гI алара белхалой а, ярташкара нохчий а -масех эзар стаг гулвелла. Суна а лиира Федяца цига яха. Хьоьга хьожуш цIахь Iе аьлла, йити. Тхойша гIала деъна ма яц дукха хан. Червленерчу гIалгI азкхех ду тхо. Латта а, сту-говр а дацара тхан. Ткъа доьзал хене баккха дезара. Диъ бер ду тхойшиннан. ХIетахь шиъ дара. Пхи шо ду тхойша гIала схьакхелхина. Федяс нефтан промыслехь болх бо, ткъа ас - бедарш юьттучохь. Алапа кIезиг ду тхан. Иза а чомахь кара ца кхочуьйту. Мацалла ца дала, сагIа ца деха гIерташ, цхьацца лол бетташ, хене дуьйлу. Берашка дешийта аьтто а бац. Воккхахволчу кIентан итт шо ду. Ишколехь доьшург мах боккху. Ткъа алапа тхуна дуучунна, тIедухучунна а халла тоьу. Чудуьйла, Митя, дедушка самаваьлла. Хьуна гIовгIа ца яйта, ловза бахийтинера ас хIорш. ХIара воккхачул жиманиг ву тхан. Ма кхера, схьачувола. Урамехь дуьйцуш хеза берашна, нохчий къиза адамаш ду, цара шаьлтанаш хьоькхуш адамаш дойу бохуш. Цундела нохчо гича кхерало хIорш.

ТIеюьйхина тиша, амма цIена, еха боьза коч а, йоца хеча а йолуш, коьртаIуьйра, хьаьрса жима к Iант, чоьхьа а ваьлла, корта охьа а таIийна, кIелдIахула Янаркъе а хьоьжуш, неIарехь сецира. Цунна тIаьххье неIарехула гучубелира жимачу йоьIан хьаьрса корта а.

- Чуйола хьо а, Марина. Дедушкас-м хIумма а дийр даций. Дядя Хьамзат санна, дика стаг ма ву х Iара а. Иштта дика адамаш ду берриг нохчий а. Шун папа а, дядя Хьамзат а санна. Дуьло, маршалла хатта дедушке.

ТIе а деъна, дIахIоьттинчу шина берана ша хIун там бийр бу ца хууш, цаьршиннан коьртах куьг а хьаькхна, хIусамнене шен гIовтал схьайиийхира Янаркъас. Йоккхачу стага базарна аьлла, машин йоккха йома а латош динчу гIовталан чухуларчу кисана куьг Iоьттира цо. Вертанаш доьхкина ахча долуш дара. Лерина шад беш, бехчалгa юкъа хьарчийна цIера деъна цхьа сом кегийра ахча схьа а даьстина, берашка дIакховдийра цо.

- Дедушка, хIун до ахь? — мохь белира иза дан гIертачух кхеттачу ненан.

- Кампет, кампет...

- Ца оьшу! Мегар дац! - Янаркъин куьг духатоьттура Софияс, амма дехарца шега хьаьжначу воккхачу стеган догцIенчу сийначу бIаьргаша сацийра иза.

- Вай Дела! Оццул ахча берашна! Муха мегар ду хIара? Иттех кепек елча а тарлур дара. Дийнна сом! Хьанна хаьа, иштта гIиллакх хир ду-кх шун. ТIаккха иза дохадойла а яц. Ой, со а ю хаза! Лазархочунна чай дала а дицделла, бага етташ Iа!

Дукха хан ялале цIа веара хIусамда Федор Тимофеевич. Дезочу дегIара, горга юьхь, дуькъа I аьржа мекхаш, сийна бIаьргаш долуш, метта буьххьехь лер долуш волчу цуьнга бIаьрг ма-кхийтти

безам бахара Янаркъин. Цуьнца вара къона нохчо а, цхьа оьрси а.

- ОхI, сан хьаша-м, хьаха, товелла Iуьллуш ма ву! -Янаркъина тIехьаьдира хIусамда. - Ткъа ас лор валийна хьуна дарбанаш леладайта. Охьаховшал, Василий Степанович. Хьамзат, хьо тхуна уллохь хаахьа, талмажалла дан. ТIаккха, воккхастаг, муха ю хьан могашалла? Цуьнга хьажахьа, Василий Степанович, къамел дечу хьолехь вуй те иза?

Горга тойина хьаьрса маж, даккхий мекхаш долу ккхузткъа шо хенара векъана, лекхачу дегIара лор , шен бIаьргех куьзганаш а доьxкина, Янаркъина улло маьнги тIе охьа а лахвелла, цуьнан бекъа пхьарс кара а лаьцна, куьйган хьорка йолччерчу нхона тIе пIелг а биллина, ладегIа хIоьттира. ТIаккха жимачу зурманах тера цхьа хIума букъа тIе а, некха тIе а лоьцуш, Янаркъии садаIаре ла а дегIна, хьалагIаьттира иаа.

- Кхераме хIумма а дац. Цхьана кIиранах Iиллича, товелла цIа гIур ву.

Хьамзата Янаркъина дийцира селхана базарахь хилларг. Нохчашна етташ, уьш талош, бехна хьерабевлла лела гIалгIазкхий совцо ялийначу салтийн полко уьш совца-м муххале а ца бира, мелхуо а, царах дIа а кхетта, нохчашна йиттира, талийра. ВуьрхIитта нохчо вийна, ткъа Янаркъа санна йиттина кIелбитинарш дуккха а бу. Царах цхьаберш накъосташа ярташка дIабигна, цхьаберш больнице охьабеxкина. Когаш тIе ирахIитталурш шаьш дIабахна. ГIалгIазкхаша а, салташа а нохчийн цIенош, туьканаш отуш, талийна. И дерриг а Iедалца бертахь лелийна, нохчийн а, оьрсийн а барт ца хилийта, царна юкъахь мостагIалла кхолла.

— Далла бу хастам, хьо дийна висарна, — элира Федора Тимофеевича, лоьраца шен къамел хилча. - Дуьххьал дIа са чIогIа а хилла, ца леш висина хIара. Селхана тхо тIекхаьчначу хенахь хIара гинарг хIоккуьнан къина воьлхур вара. Хьанна моьттура хIара дийна вуьсур ву. ХIинца, Хьамзат, дийцахьа воккхачу стагана тахана митингехь вайн хилла къамелаш. Алахьа цуьнга цига гулбеллачу оьрсийн а, нохчийн а къинхьегамхоша Iедалан и Iаьржа гIуллакхаш бехке до. Оьрсийн къинхьегамхойн, со санначу къечу гIалгIазкхийн цхьа а тайпа хьагI-гамо яц нохчашца. Мелхуо а, шуна улло а хIиттина, паччахьан Iедална дуьхьал къийсам латто, иза дохийна дIадаккха, шуна а, тхайна а маршо яккха, цхьа вежарий а хилла даха лаьа тхуна. Къийсамехь вай цхьаьнакхетча, шена дуьхьал мел боккха ницкъ хир бу хаьа Iедаляа. Цундела шен ма-хуьллу вайна юкъахь мостагI алла кхолла а гIерта. Селхана оцу гIалгIазкхаша динарг дан шайна дага а ца деъна. Iедало ахча а делла, хьерабовллалц къаьркъа а малийна, нохчашна тIехецнера уьш. Ткъа муьлш бара и гIалгI азкхий? Къуй, талорхой, адамашдайархой, цхьана дашца аьлча - куьйгаш гоьллелц цIийх дуьзна зуламхой. Лецна лаьттина а, шуна тIехь и акхалла йийриг набахтера арахецна а. ХIокху махкахь а, ерриг Россехь а халкъ паччахьна, Iедална дуьхьал карзахдаьккхинарш ламарой, жуьгтий, эрмалой, кхиболу инородцаш а бу бохуш, церан лерехь зурма а лекхна. Шу оьрсанша, уггар хьалха - гIалгIазкхашна дуьхьал ду, оьрсий, гIалгIазкхий хIокху махкара дIалахка шу гIенттина бохупт . Уьш дерриг а Iедалан, хьолахойн, черносотенцийн питанаш ду. Цхьаболчу нохчаша зуламаш до гI алгIазакхашна а, муьжгашна а. Ткъа гIалгIазакхаша а, салташа а бехк-гуьнахь боцчу нохчашна та Iзарш до. Селхана санна. И шиний агIорхьара зуламхой ца совцалуш ма дац Iедал. Цунна ца лаьа уьш совцо. Мелхуо а гIалгIазакхашна герз ло нохчашна дуьхьалдаккха. Вукху агIор, нохчийн зуламхой таIзарза маьрша буьту. Цаьрга оьрсашна зуламаш дайта. Нохчийн а, оьрсийн а барт ца хилийта. Царна юкъахь машар ца хилийта, мостагIалла латто. Амма вай мостагIий дац, хир а дац цкъа а! Паччахь а, хьолахой а, церан Iедал а ду вайн юкъара мостагIа. Цундела, тешалахь, сан доттагIа, догIур ду цхьа сирла де, и вешан юкъара мостагIий вай аьтта дIа а баьхна, цхьана ден-ненан доьзал, цхьа вежарий хилла, бертахь, машаре, ирсе дехаш!

Хьамзата и къамел гочдича, охьа а хиъна, хIусамден куьг лецира Янаркъас.

— Хьамзат, алал хIокху шинга, нохчий кху дерригенах кхета боьлла. Оха цхьана а хIуманна бехке ца до оьрсийн халкъ. БIеннаш шерашкахь тхо хIаллакдарна а, тхоьгара маршо дIаяккхарна а, тхуна тIехь къиза Iазап латторна а, селханлерачу акхараллина а бехке паччахь а, хьолахой а, церан Iедал а дуйла хаьа тхуна. Паччахь а, хьоладай а, и селханлера зуламхой а - уьш ма дац оьрсийн халкъ. Оьрсийн халкъ - иза шуьшиъ а, Сопият а, селхана суна уллохь эткаш юхкуш лаьттина миска оьрси а, шу саннарш а ду. Иштта, ахь санна, дийцира тхуна тхан юьртарчу Iелас а, Овхьада а. Нагахь санна цаьршимма дуьйцучух селхханалц сан шеко хиллехь, иза хаза кхоччуш дIаьллла. Баркалла шуна. Аш Iожаллех со кIелхьараваккхарна ца олу ас и баркалла, ткъа шаьш суна довзийтарыа, аш соьца лелийначу гIиллакхана, шун оьздангаллина, аш сан даг тIера шеко, мекха дIайоккхуш, сан дог цIандарна. Суна дика хета селхана сайна еттар. И де ца хиллехь, сан аьтту хир бацара шу довза...

Бераллехь дуьйна цкъа а бIаьргех хи ца даьллачу Янаркъин ши бIаьрг тIунбелира, балдаш дегийра . Шен осалвалар царах къайладаккха, гIайби тIе дIа а тевжина, юьхь пенехьа ерзийра цо.

Хьамзата хиттира цуьнга мила ву а, мичара ву а. Янаркъас дийцира ша Нохчмахкарчу Гати-Юьртара хилар а, ша базара варан бахьана а.

- Доьзал буй хьан?

- Йоккхастаг ю. Доьзалхо а вац тхойшиннан. Ваша а, шича а вац.

Хьамзата ойла йира.

- ХIара сан хьеший оьрсий Iаламат дика адамаш ду. Делахь а, хьо ккузахь витар гIиллакхе ца

хета суна. ТIе хIорш гаттехь, хала бохку. Говрийн гIудалкх а лаьцна, со волчу хьо дIавуьгур ву ас. ТIаккха гIала веъна шун агIорхьара стаг лехна, хьо ккузахь ву, хьуна са ма гатде аьлла хабар а тухур ду. Хьо гIатталучу хьоле ваьлча, хьан цIа дIа а вуьгур ву.

Янаркъас, паргIатваьлла, доккха садаьккхира.

4

Лаа ца аьлла, стеган дагна тIебоьду некъ гай чухула дIа бу. Шайна тIехь политически а, социальни а нийсо цалатторна-м халла садеттара нохчаша. Сатоха халаниг мацалла яра. Ша тI ейирзича, цо оьзданаллех, гIиллакхах ца вохош, зуламе ца вожош наггахь стаг а бен ца волу. Нохчийчоь къарйинчул тIаьхьа паччахьан Iедало дуьйш-дерзош долу ах латта нохчийн долара дI адаккхар бахьана долуш, хаддаза мацалла яра нохчашкахь. Мацалло цIийнах а, юьртах а воккхий, доьзалиа рицкъа лаха хьажавора доьзалан да. Ккузахь кхо некъ хуьлура цунна хьалха: я гIалахь болх лахар, я къола, талораш дар, я аренга охьа а вахана, гIалгIазакхийн, гIумкийн, гI ебартойн хьолахойн латтанаш лелор. ГIалахь баха ховша бакъо яцара церан. Къоланаш, талораш дан массарна а ца лаьара. Бусалба дино дихкинера иза. Цундела нохчийн дукхахболу къехой кхоалгIачу новкъа бовлура. ГIалгIазкхийн доларчу махках нийсса ах, цара дуьйш-дерзош а боцуш, тIе къух даьлла, эрна Iуьллура. Цундела цига гIертара нохчий. Нохчмахкара бIеннаш доьзалш бара ханна лело мехах латта оьцуш я йолах белхаш беш хене бовлуш. ХIора шарахь ах миллион сом герггa ахча токкура нохчмахкахоша оцу керлачу мехкан дайшна. ХIетте а Iедало шен политически Iалашонашца гIалгIазакхашна дихкинера нохчашна а, гIалгIашна а мехах цхьана ханна лело латта далар а я юкъахь лeладайтар а. Цара кхечу къаьмнех болчу нахачул уьттазза сов мах белча а. I едал кхоьрура, гIалгIазкхип а, нохчий а цхьаьна баха хевшича, балхахь цхьаьна нисбелча, церан къехошна юкъахь гергарло, доттагIалла кхолладаларна, Iедална дуьхьал къийсамехь цхьабарт а хилла, уьш цхьаьнакхетарна. Цундела гIалгIазкхийн станицашна уллохь нохчаша ехкина кегий кI отарш йоха а еш, уьш шайн ярташка дIахьийсабора Iедало.

Иштта, пхи шо хьалха Теркал дехьара цIа баххийтинчарах цхьаъ вара Iаьрчхехь, лаьттах тоьла а яьккхина, охьахиъна Жаьнтамаран Мусха.

Цхьана дийнахь сагатделла, хьаннашкахула волавелла лелаш, Iаьрчхе кхаьчна Iела керлачу жимачу ирзо тIе нисвелира. ХIинца а кIуьрзах цIанъялаза яра хедийначу диттех йисина, керла маргIалш тесна юьхкаш. Пачхьалкхан а я нехан а долара хьун хьаьккна олийла дацара и ирзо долчуьнга. Кхин дIаса шордан таро йоцчохь даьккхинера иза. Басе шершина Iинчу а еъна хIоьттинчу торха тI ехь даьккхинчу цунна гуобаьккхина ала мегар долуш лоха берд бара.

Мокхачу басахь, уьшалан хьожа етталучу, юкъ-юкъа тIехула туьха хIоьттинчу лаьтта тIехь можа бос бетталуш, гоьллелц йогIучу хьаьжкIашна асар даккха гIерташ воллура сира, еха маж а йолуш, векъана воккхастаг. ХьаьжкIашна юккъехь гора луьста кхиъна кхоьаш а, йоца хуталш хецна гI абакхаш а.

— Ассаламу Iалайкум, хьекъийла хьан! — мохь туьйхира Iелас, ша цуьнга нисвелча соцунгIа а хилла.

Болх а сацийна, хьала а таьIна, гIовталан пхьуьйшаца хьаьжа тIера хьацар дIа а хьаькхна, хьаьжа тIе куьг а хIоттийна, леррина Iеле хьаьжира асархо.

— Ва Iалайкум салам! Дела реза хуьлда хьуна а. Ванах, Iела, хьо вац хIара? - шен цел белша тI е а тесна, хьаьжкIашна юкъара схьавелира воккхастаг. - Ахь хIун до, хьо лаа веъний ккуза?

Iелина ца вевзара иза.

— Сагатделла, хьаннашка бIаьрг тоха дукъа ваьллера со-м.

— ТIаккха, могаш-маьрша лелий? Охьалахлохьа. Шант а, кIентан доьзал а буй могаш?

— Дала дика кхобу. Шу а деца могаш? Воккхачу стага доккха садаьккхира.

— Шу бохург дан а дац, Iела. Со воллу-кх хIокху холбатахь хан токкуш. Охьалахлохьа ккуза, беца тIе. Жимма хьоьца дара-дацара а олуш, садаIа ас. Хьуна-м со вевза а хир вац. Со вевзаш нах кIезиг бу ккузахь. Ас вийцича-м дагавогIур вара хьуна. Тохара, шу Хонкара дахале цхьа шо хьалха, тхан дай, сой шина Терка юккъе кхелхина ваха араваьллачу дийнахь, кетIахь тхуна тI енисвелира хьо. Цул тIаьхьа шовзткъе итт шо даьлла. ХIетте а, оцу дийнахь тхо юьртах довлуш, тхан дега ахь доггаха аьлла дешнаш цкъа а ца дицло суна.

- Мила вара шун да?

- Жаьнтамар.

Шен ойланашца цхьана минотана шовзткъе итт шо юханехьа вахара Iела. Цунна хьалха схьахI оьттира Васалан урд аха шен старца божа сту лаха ша араваьлла де. Стерчийн ворданна тIе шайн миска сал-пал а йоьттина, царна тIехула тIе кIентан бераш а ховшийна, урамехь лаьтта къена Жаьнтамар. БIаьргех хиш а лешаш, Iодика йора цо шаьш новкъа даха тIаьхьабевллачу лулахойн. I елина чIогIа чам байра иза кхелхина Теркал дехьа воьдийла хиъча. Вуьшта а кIезиг бисинера юьртахь нах. Белларш-м денлур бацара, ткъа хIара дийнаниш мукъана а юьртахь совцийла лаьара

цунна.

- Вон кхелхa шу цига, - элира цо Жаьнтамаре. -Лахь а, дисахь а, кхузахь цхьаьний Іийр дара-кх. Вайнехан латта ма ду аш мах а луш, йолах лело схьаоьцург. Жимма яхь хила а ма езара кийрахь.

- ХІун дийр ду, Іела? - йолчу тІе а гІайгІане кхоьлира Жаьнтамаран юьхь. - ВаллахІора, хІумма а хазахеташ-м ца воьду со цига. ХІара цІоз кхузахь хене даккха хала ду. Вайна ма-хаъара, кхузахь со тІевеъна стаг ву. Пхьоьханахь сий дац сан. Куьйган бакъо а яц юьртан гуламехь. ТІехула тІе дайн хиллачу махка тІехь, церан кешнашна уллохь вала а, ваха а, цигахь дІаволла а лаьа. Шу а дац кхузахь даладелла Іаш. Со санна тІебаьхкинчу наха йолчунна тІе а гатте йина шуна а...

Ша Гати-Юьртара а вацара Жаьнтамар. ТІом болчу хенахь Теркайистера шайн юрт ягийначохь гІалгІазкхийн станица йиллича, доьзалца Нохчмахка а веъна, Гати-Юьртахь сецира иза. Жаьнтамар санна, аренгара бевдда хьалабаьхкина доьзалш Іаламат дукха бара Нохчмахкахь, Вуьшта а лаьттана йоккхачу къеллехь бохкучу кхузарчу бахархошна йолчу тІе а гатте йинера цара. ТІамо, бохамаша шайн лаьтта тІера бухбаьхна схьабаьхкина и нах латта доцуш буьтийла а дацара. Нохчий, бусалбанаш ма бара уьш, де доьхна лелаш. ТІом чекхбаьлча, хІорш шайн ярташка дІабоьрзур бу-кхаьлла, шайн ирзойх коржамаш хедош, царна кІез-кІезиг латта делира наха, цхьана ханна лело. ТІом болчу хенпхь церан дог а оьцура бухарчу наха. ТІом чекхбаьлча, хІоккеран махка тІехь гІалгІазкхийн станицаш ехкира. Баха меттиг йоцу и тІебаьхкина нах Нохчмахкахь бисира. Кхузахь церан цІе «тІебаьхкина» нах яра. Юьртан мехкан дакъа а ца кхачадора царна, юьртан гуламехь куьйган бакъо а яцара церан. Оцу дерригенан а ойла йича, Іелас бехк а ца буьллура царна кхелхина кхузара дІабахарх. Уьш муха бехар бара кхузахь? Берриг а мохк наха дІалаьцнера. ХІора шарахь хІара бухара нах а вовшех летара, шунаш а, дозанаш а къуьйсуш. Хьалха-м доьзалехь кІант кхиъча, цо зуда ялийча я юьртана тІевеъначу стагана, цунна ирзо даккха хьун къастайора. ХІинца иза дойла а дацара. Ерриг а хьаннаш пачхьалкхо шен дола яьхнера...

5

Шен ойланех юкъах а ваьлла, воккхачу стаге хьаьжира Іела. Ша хиъна Іачуьра дІа а кхийдаш, хьаьжкІашна куьйга асарш дохуш воллура иза.

- Жаьнтамаран шина кІантах муьлханиг ву хьо?

- Воккхахверг. Мусха.

- Мусха... ХІетахь хьан доьзал бара моьтту суна?

- Кхо кІант а, ши йоІ а дара. Уггар доккхачун итт шо а долуш.

- Уьш мичахь бу хІинца?

Вист ца хуьлуш, вехха Іийра Мусха.

- Дийца воьлча, дукха деха ду иза, Іела, — элира цо эххар а. - Дуьйцуш, дерриг а карладуьйлу, ца дуьйцуш Іийча, цІеран уьйриг а хуьлий, кийрахь хьийза. ТІе дийца а, далхо а, сох къахета а, дог лаза а стаг а вац сан. Амма хьоьга дийцаза Іалур вац. Ахь баланаш дукха Іийшина. Со санна ала мегар долуш, халонаш, баланаш лайна, цхьа висина стаг ву хьо. Цхьа бохам шена тІебеъча, стага ойла йо, ванах, хІара суна хилла бохам хилла стаг вуй те олий. Иштта-ниг карийча, иза а хилла собаре, со а хила веза олий, маслаІат хуьлу, сатуху, собаре хуьлу. Хьан кийрахь сингаттам бу, Іела, амма и хьайниг гІан хетар ду хьуна, соьга ладоьгІча.

«Суна хиллачул тІех баккхий бохамаш, ас лайначул тІех баккхий баланаш лан, хІоккунна тІедеъьнарг хІун ду те?» - аьлла, цецвелира Іела.

- Кхузара дІадахча, шина Терка юккъерчу гІалгІазкхийн цхьана юьртана уллохь жима кІотар а йиллина, охьахевшира тхо. Ткъа цигахь дитарна а, тхаьш лелочу лаьттах а хІора шарахь юьртана мах лора оха. Иштта, оха санна, нохчаша ехкина кІотарш дикка яра Теркан шиний агІонца. ХІокху агІор я гІалахь нохчашкара шайна цатовриг даьлча, цигахь тхо хьийзадора гІалгІазкхаша. Цхьанхьа нохчаша шайна къола, талораш дича, гІалгІазкхи вийча, и дерриг а тхох оккхура. Оцу зуламхоща тхо бертахь ду, и къуй а, и талорхой а цига оха кхуьйлу олура. Дуккха а меттигаш нислора нохчаша царна дина къола, зен цигахь бехаш а, ханна йолах болх беш а болчу, бехкгуьнахь доцчу нохчашка токхуьйтуш. И къоланаш, талораш дийриш беккъа нохчий а ца хуьлура. ГІалгІазкхашна юкъахь а кІезиг бацара къуй. Цара а кхуьйлура нохчийн къуй цига. Шинхьарчу а зуламхоша бертахь, цхьаьний бора и болх. Цул совнаха, кхечу къаьмнех нах а бара цигахь къоланаш а, талораш а деш. Амма дерриг а нохчийн коча доуьйтура. ХІуьттаренна а, дуккхахдолу къоланаш дийриш нохчий хиларна а. Оцу къуша, талорхоша вон цІе йоккхуьйту нохчийн, уьш бахьана долуш баккхий бохамаш хуьлу вайн къомана. Органал дехьара цхьа стаг вахара селхана кхузахула дІа. Дукха хан йоццуш гІалгІайн а, гІалгІазкхийн а ярташна юкъахь доккха дов хилла, гІалгІайх масийтта стаг а вийна, масийттанна чевнаш а хилла, Яндаркъа а йохийна бохуш дийцира цо. Тхо Теркайисте дахана дукха хан ялале, иштта нохчашна а, гІалгІазкхашна а юкъахь хиллачу девнехь вийра сол жимахволу ваша а.

Яндаркъехь хилла дов Овхьада дийцинера Іелина. Троицки станицана уллохь вийна карийначу

цхьана гӀалгӀачунна тӀехула яндаркъошний, гӀалгӀазкхашний юкъахь кхийсарш юьйлаелча, шиний аг Іорхьарчарна орцахбевлла гӀоьнна баьхкинера гондӀарчу ярташкара гӀалгӀай а, станицашкара гӀ алгӀазкхий а. ТӀом болабелча, шайна ницкъ хила боллийла хиъначу гӀалгӀаша дов къасто а, шайна юкъахь машар бан а эскарш дехнера. Царна хаьара, бехкениш гӀалгӀазкхий белахь а, цаьргахьа а даьлла, Іедало шаьш бехке дийр дуйла. Шеца пулеметийн рота а йолуш, гӀашлойн батальон а, гӀ алгӀазкхийн кхо бӀе дошло а волуш схьакхаьчначу отрядо, довхошна юкъахь машар баран меттана, Яндаркъа йохийра. Дуьйцура, ткъех гӀалгӀа вийна, дукханна а чевнаш хилла, дуккха а даьхний дайина, цӀенош а дагийна, дуккха а доьзалш эрна арахь а бисина бохуш.

Ткъа дукха хан йоццуш Соьлжа-ГӀаларчу базарахь гӀалгӀазкхаша а, салташа а нохчашна тӀехь хӀ оттийначу акхараллин дийна теш вара цигахь йиттина сакхат а вина цӀа валийна Янаркъа.

- Иттех шо хьалха, кӀотарш а йохош, цкъа цигара нохчий дӀабехира Іедало. Нехан цӀенош вовшах а дохуш, мегаш болу гӀирсаш гӀалгӀазкхашна боррах дӀабухкура, ткъа пайде боцург, цӀе а тосий, багабора. Гонаха салтийн ха а хӀоттийна, хьаладалийра тхо. ХӀетахь сан аьтто хилира тхайн цӀ енош дийна дита. Тхан хьешаша, гӀалгӀазкхаша, тхан цӀенош шаьш мах белла эцна элира Іедале. Цхьа хан яьлча, и гӀуллакх дӀатийча, цига вухаверза ойла яра сан. Кхин ваха меттиг бацара. Хала-м дера дара цигахь. Нохчаша шалха налогаш токхура. Шаьш гуттаренна а дӀаязбинчу ярташкахь а, цигахь шаьш цхьана ханна бехаш болчохь а. ХӀетте а, хьалавеъна, кхузахь цхьа шо а дьакккхина, тхешан доьзалшца юха а цига дӀавахара со. Шина гӀалгӀазкхичо, цхьа хьостам а гал ца болуьйтуш, лардинера тхан цӀенош. Ши-кхо шо а делира Іедало тхуна новкъарло ца еш. Цхьа хаза бахам а тарбеллера тхан. Даьхний а ІаьӀира. Биъ сту а, кхаа шаре йолуш шиъ старгӀа а, биъ етт а, цхьа говр а яра тхан. Деле тхаьш лардар а доьхуш, ма-хуьллу Іедалх а къехкаш, дийнахь-буса а бохург санна къахьоьгура оха. Амма диъ шо хьалха цигара кӀотарш юха а йохо йолийра. Сан хьеший мел дика хьийзарх, хӀинца цаьрга а ца ларделира тхо. ДогӀанаш, ткъевнаш йолу хан яра иза. Оцу доьхначу некъашкахула хьалакхалха ницкъ бацара тхан. Кхораш санна, кегий бераш дара шина а кӀентан. ТӀе Теркана ша баллалц цигахь дитахьара бохуш оха а, тхан хьешаша-гӀалгӀазкхаша а дехарш деш, Іаьна кӀел дахара тхо. Дуьххьара ло ма диллинехь, шеца герзащца гӀалгӀазкхий а балош веъначу юьртдас, цигахь атаман олу цунах, кхо де далале кӀотар дӀа ца тасахь, шаьш цӀенош дагор ду элира тхоьга. Цара къинхетамза иза дийр дуйла хаьара суна . Иза дина меттигаш дукха яра. КӀелхьарадовла цхьа а некъ бацара. Тхешан салпал стерчийн шина салаза тӀе а йоьттина, тӀехула тӀе бераш а ховшийна, болх Далла тӀе а биллина, новкъа девлира тхо.

Мусхас дуьйцучуьнга ла а доьгӀуш, цуьнан тоьлане бӀаьрг беттара Іелас. Схьайиллина разъяьлла кхозучу неІарехула дӀахьаьжча поппаран маьнга а, цунна тӀехь яржийна тиша кетар а, сонехь хӀ оттийна берданга а гора. Арахь кхо тӀулг а хӀоттийна бинчу кхерча уллохь бертал тоьхна І уьллура тӀехула кӀуьрзан кховр лацаделла чуьйнан горга яй а, тӀехь сискал ятта тойина тӀулган юткъа экъа а.

- Жимахволчу кӀентан кӀант сайна тӀохьа говра а хаийна, даьхний лаьхкина хьалха вогӀу со, суьйранна Теркана горга гӀоьртича, шина кӀанте дохне хьажа а аьлла, гечо лаха хьалха дӀ авахара. Теркан йистонца дӀасаваьлча, ша тӀехула дехьаяьллечу берчан лар карийра суна. ТӀехьа ханйина жима кӀант а волуш, говрахь ша тӀехула цкъа Теркал дехьа а, юха сехьа а ваьлла, шан ч ІогӀалла зийра ас. Еуто бацпхь а, тоъал чӀогӀа бара иза. Ша мела хилча, борз ер ма яцара цунна тӀе. Со цигахь лаьтташ, салазаш а тӀекхиира. Салазаш тӀеяхале, юха а цкъа ша зерхьама, даьхний хьалха а лаьхкина, дехьавелира со. Ша ца кагбелира. Сехьадовла аьлла, со волчуьра дӀа шина кӀанте куьг а ластийиа, нацкъар дӀахьаьддачу старгӀина тӀаьхьа говр хаьккина воьдущ, тӀ е цкъа цхьа хӀума эккхаш санна тата а, тТакгсха цхьа Іадийна маьхьарий а хезира суна. «Дада, ша кагбелла!» - мохь белира суна тӀехьарчу кӀентан. Вухахьаьжначу суна гинарг ма гойла сан мостагӀчунна а... Йоккха юкъ дӀалаьцна кагбелла ша, тӀедаьлла буркъаш туьйсу хи. Чуханашца тӀ е ялта чохь долу галеш къевлинчу салазаша хи буха ийзош деттало стерчий. Шайн нана а, бераш а кӀелхьарадаха гӀерташ бӀарзвелла хьийза ши кӀант. Сайн кадаьлларг кӀелхьаравакккха, вагийча санна, дӀахьаъдира со. Мичара! Со тӀекхачале и пшйтта адам а, биъ сту а, ши салаз а дӀа а хуьйдина, жижигах дуьзна там хилла экха санна, буркъаш туьйсуш, керчаш дӀаоьхура буьрса Терк ...

Мусхас шен къамел сацийра.

— Ткъа и висина кӀентан кӀант вуй хьоьца? - хьаьттира Іелас.

Мусхас доккха садаьккхира.

— КхидӀа дцйца гуттар а хала ду, Іела. Цундела сацийра ас сайн къамел.

Макхъелла, хьацар тоьхна, гӀайгӀано хьарчийна цуьнан юьхь тера а яцара цхьа сахьт хьалха І елина гинчух.

— Цкъа ойла хилира сан, Терка чу а иккхина, велла дӀавала, - цхьа хан яьлча ккидӀа дийца вуьйлира Мусха. -Нека хууш а воцу, тӀехула тӀе къена со, хи чу ваьлчахьана велла ма вара. І ожалло бен йойур яцара сан кийра боттуш ккерста цӀе. Айса суо а вийна, и инзаре доккха къа а, иэхь а тӀеэца сацам хилира сан. Ша тӀе а даьлла, даьржинчу хи чухула со дӀавоьдуш, хӀун дара а хаац, цӀеххьана вухахьаьжира со. Воьлхуш йиш хаьлла, ша шех кадетташ, хкйиетехула дӀасауьду кӀант гира суна. ТӀаккха цӀеххьана, сан дагара хиъча санна, ши куьг хьалха а кховдийна: «Вай , дада, со ма витахьа», - аьлла шийла мохь хьаькхна, ша тӀехула гомха долчу хи чухула суна тӀ аьхьахьаьдира иза. Оцу маьхьаро ойла яйтира соьга. Хилларг хилла ма даьлла. Оцу пшйттанна тӀ

аьххъе со ша кIел хи чу эккхарх, нисдала хIума ма дац. ХIара буо сол тIаьхьа дола дан верас воцуш ма дуьсу. Хиллачу бохамах кхетча санна, маьхьарий хьоьккхуш, Iоьхуш хьнйзаро даьхний а. Со шена тIевеъча, къаьрззина соьга а хьоьжуш, кIегаргIертара кIант. ТIаьхьа хиира суна и цецваькккхинарг хIун ду. Цхьа сахьт хьалха Iаьржа хилла сан кортий, мажжий ло саниа кI айделлера. Чу алу йоьхкича санна, кийра богура. ХIун дан деза ца хууш, корта хьере хиллера. Орца ала гергахь юрт а яцара. Орца кхаьчча а, цо хIун меттахIоттор дара? Ша кIел дахана шийтта адам денлур дацара, гIоьнна дерриг дуьне деъча а. Декъий схьакарорга догдохийла а яцара. Буьйса тIеккхечира. Жимма са меттадеъча, даго цхьа некъ а хьоьхур бацара те аьлла, цигахь буьйса яккха сацам хилира сан. Цу тIе дийнахь сарралц некъ бина даьхний а ма дара кI адделла, мацделла. Сайна бохам хиллера аьлла, и синош дIатуьйсийла а ма дацара. Вахана, цхьа мор эрз а баькккхина, цIе а латийна, циггахь туп а тоьхна, буьйса яккха сецира со. Iуьйрре цхьа кIеззиг хIума кхалларх, кийра кхин рицкъа дахаза волу кIант а вара меца. Бер бер а хуьлий ма дуьсу диканехь а, вуонехь а. Тхойшингахь цкъа кхалла а рицкъа дацара. Тхаьшшинна кхачанна ден экха я олхазар карор дацара те аьлла, дохнна гонаха хьийзаш берзалой хилахь, уьш а къахко дагахь, сайна тIера кетар кIантана а хьарчийна, тоьпаца орзала велира со. Дуккха а волавелла леллачул тIаьхьа, экха карорах дог а диллина, вухавирзинчу суна, эрзана юккъехула сайна дуьхьал цхьа экха гIерташ санна хийтира. Борз я нал хила там бу иза аьлла, эрзаш меттахъхьуьйчу хьажийна, топ йожийра ас. Топ яьлча, цхьа экханан боцу мохь а, тIаьххье узарш а хезира суна. Уьш дIатийча цецваьлла, эрзашна юкъаваханачу суна, шалха а вахана, мелчу цI ийлахь Iуьллуш сайн кIентан кIант карийра...

- ОстогIфируллахI! Дала собар а, собарца хьуьнар а лойла хьуна, Мусха! - мохь белира Iелин. — Дала кхоьллинчу адамана лан ма боккха бохам бу-кх хьоьга беънарг!

Ткъа Мусхин якъаеллачу юьхьа тIера, дуткъачу цIоцкъамашна кIелхьара гIайгIане ши бIаьрг, чохь са доцуш санна, дехьа басе а богIабелла, сецира. Хьанна хаьа, хIокху акхачу хьуьнхахь, холбатахь санна, ша хан токкуш волуш, цкъацкъа собар а кхачадой, Дела воцчунна ца хезаш, воьлхуш хила а тарлора иза. Амма Iелина хьалха бIаьрхиш ца довлуьйтура цо. Кийрара арагIерта къаьхьа бала, къурдаш деш, юханехьа чутеIабора Мусхас.

- Цигахь ша висча кхеравелла хиллера а хаацара я суна сагатделлера а хаацара, мухха делахь а, со вухаван хьевелча, суна тIаьхьагIоьртина хиллера и миска. И буьйса набарза кIантана уллохь а яьккхина, шолгIачу Iуьйранна, кIентан дакъа говра тIехь сайна хьалха а лаьцна, даьхний а лаьккина, герггарчу юьрта вахара со. КIант цигахь дIавоьллира ас. Оцу юьртахь сайн даьхний сагIийна дIа а декъна, цхьалха дегIаца кхуза хьалавеъна, хIара тоьла а яьккхина, охьахиъна со . Гой хьуна, Iела, оццул дуьненна тIаьхьаваьлла къахьегча, суна бисина бахам хIара бу-кх. ХI етахь, даьхний хьалха а лаьккина, Терка тIе вогIуш суна моьттура, кхидIа айса дуьненахь яккха йисинчу хенахь, нехан санна яа сискал а йолуш, сайн шина кIантах а, церан берех а воккхавеш со вехар ву. ХIинца со гуш ву-кх хьуна. Дегара охьа оха цIийца, хьацарца гулдинарг а, церан дуьхьа ас къахьегна сан доьзалш а масех минотехь Терко дIахуьйди. Сибрехь ткъе берхIитта шо а даькккхина, цIа веъча, зуда маре яхначу а кхаьчна, хьо цунах сингаттам хилла лелаш ву бохуш хезна суна. Ахь ойла йича, хьо санна дакккхий вонаш тIедаьхкина, собаре хилла Iаш дукха нах карор бу хьуна. ТIаккха хуур ду хьуна хьайна тIедеънарг хIумма а доцург дуйла. ХIан, сайн дагна маслаIат лоьхуш, ас дук-ха бага йитти, хIинца дIагIо.

Боккъал а, Мусхина хиллачу бохамашка хьаьжча, Iелина хилларг хIумма а доцург дара. Iелас-м шениг, чолхе а ца доккхуш, къонахчо санна, дIадерзийнера. Амма мел цо дуьхьало ярах, цкъацкъа шайтIано дог карзахдоккхура цуьнаи. Зуда маре яхар доккха иэхь ма ду. Цул-м Iелина валар гI оле ма яра...

* * *

## ЗОРБАНЕРА МОГIАНАШ

Паччахьан заманахь Къилбаседа Кавказехь Iаламат чолхе политически хьал дара. Кхузахь, цхьана агIор, шайн долахь шортта латта а долуш, Iедало ерриг бакъонаш а елла, шайх «помещик-халкъ» ала мегар долуш, гIалгIазкхий бара. Вукху агIор - латта а, цхьа а тайпа бакъонаш а йоцуш, ламанхой бара.

Г. К. Орджоникидзе

Кавказехь туземни бахархойн экономически хьелаш галдаха дуккха а болх бина вай, амма царна юкъахь дешар а, Iилма а даржорехь цхьа гIулч а ца яьккхина.

Я. Абрамов

Нохчийчоь къарйинчул тIаьхьа и акха нохчий дешарна а, Iилманна а, культурана а тIеберзо цхьа а тайпа хIума ца дина оьрсаша.

Реакционер-шовинист, профессор П. И. Ковалевский

## КАХАНОВСКИ СТАНИЦЕРЧУ ГIАЛГIАЗКХИЙН АЬРЗНАШНА ТIЕРА

1905 шо

1 апрель. Буьйсанна шен кха тIехь волу гIалгIазкхи Максимов Иван вийна. Зуламхойн лар Гуьмсан

махка тIе яхана.

19 октябрь. Стерчийн ворданахь кха тIера цIа вогIу 85 шо хенара гIалгIазкхи Стрельцов Иван а, цуьнан йоьIан кIант Руднев Захар а вийна нохчаша. Цаьршиннан декъий, дага а дина, Iаьржахи чохь карийна, Цоци-Эвлан махка тIехь.

1 ноябрь. Говрашкахь веъначу итт нохчочо, Саенко Иванан жаIушна тIе а летта, 300 уьстагI бигина. Зуламхойн лар Iаьмар-Хьаьжин-Юьртан махка тIехь сецца.

18 декабрь. Ворданашкахь Соьлжа-ГIалара цIа вогIучу итт гIалгIазкхичунна тIелеттачу нохчийн г Iерано Выпрецкий Егор, Демченко Фрол, жуьгти Дубиллер И. а вуьйш, уьш талийна. Лар Цоци-Эвла яхана.

18 декабрь. БоргIанехула Щедрински станицо цIа вогIу Стрельцов Михаил вийна. Зуламхочун лар БоргIанен махка тIехь сецца.

1906 шо

28 февраль. ГIалгIазакхичун Бондарев Иванан божалин пен а бохош, ши сту бигина. Лар Мескар-Эвлан махка тIе яхана.

17 апрель. Пайтонахь Шелковскехула Кахановске цIа вогIу гIалгIазакхийн дворянин Гуминский Игнатий а вийна, цуьнан пайтон а, говраш а йигина нохчаша.

1 июнъ. Ахархочуьнгара Кишка Иванера говр яьккхина пхеа нохчочо.

22 сентябрь. Кахановскера Гуьмсе станце йохьуш йолу почта а талош, Негоднов Кузьма вийна, Петрусенко Тихонна чов йина нохчаша. Лар Гуьмсе яхана.

6 октябрь. ГIалгIазкхичунна Негоднов Трофимана чов йина нохчочо.

15 октябрь. ГIалгIазкхичунна Максимов Самуилана чов йина нохчаша. Лар Цоци-Эвлахьа, Мескар-Эвлахьа яхана.

IX. ЖИМА ТОЛАМ
Тхуна тIехь урхалла латториш, цхьана а тайпана халкъаца юкъара хIума а доцуш, халкъан кхолламца а, цуьнан Iердахар аттачу даккхарца а, амалш кIадъярца а бала боцу, эскарера дIакхийсина даххаш, тIеман чиновникаш бу.

Т. Эльдарханов

1

Овхьад цIа вирзина шолгIа шо дара.

Зеламхас кIелхьараваьккхина Соип лаьмнашкахь цхьана юкъарлашкарчу жимачу кIотарахь дI атарвеллера. ХIеттахь Деши а цига дIаяхара. Цхьа шо далале Соипана зуда а ялийра цигахь. Цуьнан там-мах а, гучуяккхар а дIа а листира Овхьада.

Ровзана а, несо а мосазза а зуда ялор хьахийра Овхьаде. Амма иза реза ца хуьлура. ХIусамнана-м езара цунна. Иза жима ма вац. Шовзткъе итт шаре ваьлла. Даима а несана несалла лелийна а вер вац. Ткъа хIокху чолхечу заманахь, зуда а ялийна, доьзал боло а ца лаьара. ХIинца цо схьалаьцна некъ а, иза Сибрех вига там болуш, кхераме бара.

Ша цIа веъначул тIаьхьа яьллачу йоццачу хенахь Нохчийчуьра чолхе хьал довза кхиъну Овхьад. Оцу тIехь хьалхара гIулч яькккира цо нохчийн кIеззигчу интеллигенцины демократин ойла йолчу векалшца — ШериповгIеран, МутушовгIеран, ЭльдархановгIеран, СаракаевгIеран доьзалшца а, гI араваьллачу Iеламчица Соип-Моллица а доттагIалла тасарца а, Соьлжа-ГIаларчу РСДРП тобан куьйгалхой бовзарца а.

Нохчийчоьнан социально-экономически а, политически а хьелаш довза дукха корта ахка а ца безара, уьш кераюккъехь санна, гуш дара. Къеллица а, цамгарщца а, баларшца а хIокху Теркан областехь хьовха, ерриг Россехь а хьалхарчу меттигехь дара нохчийн халкъ. Цунна тIаьххье оцу гайтамашца шолгIа меттиг дIалоцура кхузарчу оьрсийн белхалоша а, муьжгаша а. Ткъа юкъарчу хьесапашца лерича, гIалгIазкхий якккий таронаш йолуш бара.

Кхузахь оьрсийн къомах бахархойн йолу политически бакъонаш а яцара нохчийн. ГIалгIазкхичо нохчо вийча, бехкениг жоьпе ца озавора, иза таIзарза вуьтура. Ткъа нохчочо гIалгIазкхи вийча я цунна къола, талор дича, зуламхо ца карийча, цуьнан лар тIеяхначу юьртана луьра таIзар дора . Доцца аьлча, цаьргара адамийн бакъонаш дIа а яьхна, российски законел арахьа латтош бара нохчий. Россехь цхьанххьа а доцу тIеман-колониальни урхалла дара Нохчийчохь.

Кхин а доьхна хьал дара нохчийн халкъана юкъа дешар, Iилма, культура яржорехь а, къоман могашалла ларъярехь а. Берриг а нохчашна Соьлжа-ГIалахь йиллина цхьа ишкол яра, ткъа хIокху шарахь цигахь доьшуш волчу 97 дешархочух 47 бен нохчо вацара, уьш а таронаш йолчу нохчийн бераш дара. Нохчийн ярташкахь цхьа а больница а, амбулатори а, аптека а, цхьа а лор а, фельдшер а вацара. Цомгашчарна дарба леладора палтосучу а, Iалабоьлхучу а зударша, молланаша жайнашца а.

Лаьттан къелла яра Нохчийчохь. Ламанан Нохчийчоьнан бахархошна шайн ирзошна тIера даьлла ялта доьзалш Iаьнах баха а ца тоьара. Нохчашкара пачхьалкхана налогаш йохура, цхьа кIеззиг бахьанаш схьалоций, гIуданаш а дохура. Цара тIеман налог токкура, кхузахь йоцчу больницашна а , лоьрашна а лерина, пурстоп, юьртан урхаллин канцеляриш, юьртан урхалла, юьртда, писарь, талмаж, хазанча кхаба а, хьаькамаш дIасалело харжашна а ахча токкура. Цул совнаха, цара шайн сту-ворданца маьхза белхаш бора некъаш дохкуш, тодеш, тIеман гарнизонашна дечиг латтош, кхин, кхин дуккха а белхаш беш.

Царах цхьаберш Iедало цхьана хенахь бахархошна тIебеххкина, ткъа тIаьхьа царна тIера дI абаьхнарш бара, амма боданечу бахархошна иза ца хаьара. Ткъа кхетамна оцу бахархойл лакхабевлла боцчу цхьаболчу юьртдайша и теккамаш бойтура, кхечара, и теккамаш бан бахархой декхарийлахь боцийла шайна хуъушехьа, цаьргара ахчанаш а дохуш, шайн кисана доккура.

Россехь революци йолаелча, цуьнан тулгIе яьржинера Нохчийчу. Соьлжа-ГIаларчу нефтан промыслашкарчу, заводашкарчу, фабрикашкарчу, цIерпоштанекъан депорчу белхалоша забастовкаш йора хаддаза. Iедале а, хьолахошка а цара лехамаш бора, белхалошна хIусамаш, шайн берашна маьхза деша ишколаш хилийта, шайн векалш реза а боцуш, белхалой балхара дIа ма баха, гIуданаш ма тоха бохуш. Къиза, харцонаш лело инженераш а, мастерш а балхара дIабаха, шайна гуламаш бан а, забастовкаш, стачкаш ян а бакъо луо бохуга.

Iедална дуьхьалонаш йора нохчийн ярташа а. Къаьсттина карзахъевллера лаьттан йоккха къелла а, мацалла а йолу Ведана округера ярташ. Пачхьалкхана налогаш ялар а, дуккха а барамехь теккамаш бар а сацийнера цара. Iедало хIиттийна юьртдай, къеданаш, молланаш дIа а бохуш, яртийн гуламашкахь уьш шаьш хоржура.

Къоланаш, талораш, кхидолу зуламаш даьржинера Нохчийчохь. Нохчаша уьш вовшашлахь а дора, амма дукхахдерш гIалгIазкхашна дора. И бахьана а лаьцна, гIалгIазакхий герзаца кечбора Iедало. Соьлжа отделан атаманан инарла Суровецкийн дехарца, цигарчу ворхI эзар вахархочун карахь йолчу 2725 пхоьазза йолучу тоьпана тIе 5000 топ а, 1 миллион патарма а белира областан инарла

-губернатора Колюбакина. Цул совнаха, Суровецкийн дехарца, цуьнан гIалгIазкхашна гIоьнна 2-гI а Кизлярско-Гребенски гIалгIазкхийн дошлойн полк а ялийра нохчашна а, гIалгIашна а дуьхьал.

ДIадаханчу шарахь Соьлжа-ГIаларчу базарахь нохчашна тIехь йинчу аккхараллина дуьхьал, масех эзар стаг а гулвелла, митинг йира гIаларчу белхалоша. Цунна бехкечарна таIзар дар лоьхура цара. Амма бехкениш, даима а санна, таIзарза бисира. ТIаккха обарга Зеламхас, цигахь вийначу вуьрхIитта нохчочун чIир йоьккхуш, Къеди-Юьртан разъезда уллохь пассажирийн цIерпошт а сацийна , базарахь вийна и вуьрхIитта нохчо санна, бехкгуьнахь а доцу вуьрхIитта оьрси вийра, цI ерпошт а талийра.

Нохчийн интеллигенцин цхьаболчу векалша къобалдора нохчаша гIалгIазкхашна талораш дар а, Зеламхас къиза хьаькамаш байар а, цо деш долу талораш а. Овхьад сацам боллуш дуьхьал вара шина а агIорчеран оцу террорашна. Нохчаша а, гIалгIазкхаша а вовшийн байар, царна юкъахь хаддаза мостагIалла латтар Iедало лоьхург а, цунна луург а дара. ГIалгIазкхашна нохчаша дина зулам даима а нохчий оьшуш а, юккъера мостагIалла марсадолуш а, нохчийн ярташна луьра таIзарш деш а доьрзура. Цундела, Iедалан питане политика Iорайоккхуш, нохчашна а, г Iалг Iазкхашна а юкъахь кхетаман болх баре а, царна юкъахь барте а, машаре а кхойккхура Овхьад.

Ведана округан начальника Ханжаловс Гати-Юьртана тIейиллина контрибуци юьззина кхочушъхуьлуш чекх ца елира. Пачхьалкхан цхьадолу декхарш а, ира герз а дIаделира гатиюьртахоша. КхидIа таI зарх уьш кIелхьарабехира Соьлжа-ГIалахь а, округехь а хIоьттинчу чолхечу, кхерамечу хьоло. Округехь хIоьттинчу хьолаиа Ханжалов бехке вора бахархоша. Пачхьалкхана церан ницкъ боцу текхамаш бойтуш а, и текхамаш бан ницкъ боцурш, жимма а дуьхьало йинарш набахте кхуьйсуш а, Сибрех бохуьйтуш а бIарзбина, бахархойн собар кхачийнера Ханжаловс. Овхьада а, цуьнан масех накъосто а вовшахтоьхна, Ханжалов цигара дIаваккхар доьхуш, областан инарла-губернаторе Колюбакине мосазза а телеграмма яхьийтира бахархоша. Амма уьш жоп доцуш йисира. ТIаккха Ведана округера кхо эзар стаг УстаргIардойн-Эвла а гулвина, цига Колюбакин тIекхайкхира цара. Ша а ца вогIуш, шен советник Вертепов ваийтира цо цига. Гуламо шайна тIера векал вина къастийначу Овхьада ша инарла-губернаторца а бен къамел дийр дац аьлла, дIахьажийра Вертепов.

Колюбакина ша оцу туземцийн ардангана тIе гIур вац аьлча, Вертеповс цуьнга аьлларг тIаьхьа хиира Овхьадана.

- Хьан лркхалла, цига гулъелларг туземцийн арданг яцара. Цигахь дIахIоьттинарг, лакккхара низам а долуш, герзаца кечвелла кхо эзар бIаьхо а волуш, тIеман лагерь яра. Нагахь санна ахь, царна тIе а вахана, Ханжалов оцу округера дIа ца ваккхахь, гIуллакх вайна бохаме доьрзур ду. ТIехула тIе, гуламо векал а вина, соьца къамел динарг, вайшинна санна, цIена оьрсийн мотт а хууш, политика а евзаш, говза дипломат вара.

Цхьа бутт баьлча изза кхо эзар стаг юха а УстаргIардойн-Эвла гулвелча, цига ван дийзира Колюбакинан. Вертеповс дийцина сурт хIоьттира цунна хьалха. Боккъалла а тIеман лагерх тера бара и гулам. ГIара-гIовгIа а яцара. Гуламо къастийначу Овхьада доцца дийцира Ханжаловс Ведана округехь хIоттийна хьал, цо лелийна харцонаш а, округера ярташ карзахйовлар цуьнан къизаллин тIаьхье хилар а. ТIаьххьара а элира, нагахь санна Хакжалов цигара дIа ца ваккхахь, гIуллакх цIий Iанорца доьрзур ду аьлла.

Ханжалов цигара дIа а ваьккхина, цуьнан метта полковник Галаев хIоттийра. Иза ларамаза а дацара. Нохчийчохь мекара, питане политика дIахьора Iедало. Нохчий бехачу округийн коьрте Кавказерчу къаьмнех нах хIиттабора. Иза шина Iалашонца дара. Ханжаловл хьалха Ведана округан начальник вара подполковник Добровольский. Хьекъална аьрта, сутара, куьйгаш боьха тIеман чиновник. Иза округана тIехь куьйгалла дарца ца ларийча, дIа а ваьккхина, дегIастанхо Ханжалов округан начальник а хIоттийна, Добровольский цуьнан гIоьнча витира. Добровольскийца мостагIалла долчу Зеламхас иза дукха хан ялале вийра. Iедалах ларбелчахьана, оьрси вер кхераме дацара нохчашна. Амма ламаройх вийна стаг, Iедалах ларвелча а, кIелхьара ца волура. Цара шайн вийначу стеган чIир йоьккхура, мацца йоьккхий а. ЧIирах,мостагIаллех кхоьруш делахь а я иза шайн лулахо, дегIастанхо, шаьш санна бусалба хиларна делахь а, оццул къиза Ханжалов ца вуьйш витира нохчаша. ШолгIа, Нохчийчохь шен тIеман-колониальни къиза урхалла нохчийн луларчу къаьмнех болчу нехан куьйгашца латтадора Iедало. Ткъа оцу къизачу администраторшка нохчийн цабезам, цатешам, мостагIалла церан къаьмнашна тIе а даьржара. Оццу Iалашонца Ханжаловн меттана округан начальник хIоттийнера хIири Галаев.

УстаргIардойн-Эвлахь хиллачу гуламан кхиамаша дог-ойла гIаттийнера Овхьадан. Оцу гуламо I едалера цхьамогIа политически бакъонаш а яьхнера нохчашна. ХIетталц юьртдай а, къеданаш а, молланаш а, яртийн урхаллийн къаной а Iедало хIиттабора. Гуламо инарла-губернаторера бакъо яьккхира уьш ярташка шайгга харжийта. Герз а ца хьедеш, цIий а ца Iанош, иштта машаречу, политикан а, демократин а некъашца халкъана маршо юхаерзаяларе догдохура Овхьада.

ХIокку муьрехь дIатетта йиш йоцуш цхьа гIуллакх а нисделлера Овхьадана. Россехь революци йолаелча, помещикийн бахамаш баго а, тало а болийра ахархоша. Уьш ахархойх ларбан, ламаройх йолахой вовшахтухуш дара Iедал. Йолахочунна шарахь 460 сом ял а, говр а, духар а лора. Цул совнаха, доггаха гIуллакхдеш гоьваьллачунна мидал яла а, Iедалан балха дIанисван а тIелацам а бора. Оцу гIуллакхана Нохчийчу веънера цхьа хIуьнехдина яолковник Загоскин. Нохчех ши бIе йолахо карийнера цунна. Царна ахча а, духар а дIаделлера цо, ткъа говраш цига дIаккхаьчча лур ю а аьллера. Доцца аьлча, ши бIе нохчо резахиллера йолахо хила. БIешерийн дохаллехь шаьш лоллехь латточу помещикашна дуьхьал шайн маршонехьа, бакъонашкахьа гIевттинчу оьрсийн ахархошна тIехь чаьлтачийн декхар кхочушдан. ХIуъа дика а, нохчий цига ца бохуьйтуш, совцо

безара. Вуьшта а сийсазе дукха цIераш теxкина ноxчашна. Царна тIе колаxой, чаьлтачаш боху изхье цIе йоккхуьйтийла дацара. Уьш ца бигийта, гIалара белxалой гIовтто безара. Теркан областерчу кегийчу къаьмнашна тIера Пачхьалкхан думехь депутат ву Эльдарханов Таьштамар. Цунах а, кхечу накъостех а дагавала а везара иза.

2

Керлачу законаца юьртан урхалла харжа веъна пурстоп Хамов юьртден СаьIадан хIусамехь хьевеллера. Амма майдана гулбеллачу нехан хIумма а са ца гатлора. Сарралц кхузахь Iийча а кхачалур доцуш, дийца дуккха а керланаш дара церан. Барт бича санна, хIора тобано декъна, цхьацца дуьйцура.

Цхьанхьа лаьттачара дуьйцура обарга Зеламхас шен мостагIа, хьалха округан начальник хилла Добровольский а, цуьнца хилла эпсар есаул Нецветаевский а верах лаьцна.

Кхечухьа - оьрсийн-японски тIамера ноxчийн дошлойн бIо цIа берзарх лаьцна. Оцу тIаме вахначу кхаа гатиюьртахочух цхьаъ бен цIа ца веънера. Иза Солтханан Солта вара. Мацах цкъа оьрсийн-туркойн тIаме вахана шен да санна, хIокху тIамехь шен аьрру пхьарс а битина веънера Солта. Бакъду, тIамехь майралла а, хьуьнарш а гайтарна Солтина, мидалан меттана, жIар еллера. Амма цо иза цкъа а некха тIе ца уллура. Керстанаша шайн Делан метта лоруш ма ю иза.

Кавказерчу къаьмнех вовшахтоьхначу дошлойн бригадерчу ламаройн сихха догделира империалистийн шина пачхьалкхо шайн олаллин классийн хьашт-дезарийн дуьхьа бечу оцу харцонан тIамах. Уьш йолах салт боввлуш цаьрга аьллера: Японис вайн юкъарчу даймахкаца тIом болийна, вайн юкъара даймохк ларбар Россехь дехачу массо а къоман сийлахь декхар ду. Амма цига дIаккхаьччa, царна хиира, и тIом вовшахлетачу шина а пачхьалкхан бехкенна болабеллийла а, цара шайн къинхьегаман халкъийн хьашташ ца лоьхийла а. Уьш кхин тIе а карзахбохура салтий эрна хIаллакбечу инарлийн сонталло. ДIадахначу шеран октябрехь Манчжурехь, Лапузо юьртана уллохь ноxчийн а, гIебартойн а шина бIоно сацам боллуш дуьхьало йира фронтан хьалхарчу позице баха. Цара командованига дIахьедира, шайна хIара тIом оьшуш а бац, шаьш кхуза Iехийна далийна, шаьш даймахка цIа дерзаде аьлла. Шайн лехамаш командованис кхочуш ца бича, герзашца цхьаьна даймахка цIа берза новкъа белира и ши бIо. Амма царна тIаьхьадаьхккхинчу гIалгIазкхийн дошлойн эскаро, тIаьхьа а кхиъна, гуо а бина, герз дIа а даьккхина, бухабалийра. Дукха хан ялале ханна йолчу тIеман-аренан суьдо Мукденехь кхиэл йира «бунтана» бехкечарна. Шина бIон командирашна, ноxчочунна Тасмахилов Пашиний, гIебарточунна Керифов Зелам-Гериний вен кхиэл йира. Шовзткъе ялх ноxчочунний, ткъе шина гIебарточунний Сибрехь каторгехь яха итт шарера берхIитта шаре кхаччалц хенаш туьйхира. Угар хьалха кхойттаннах шина бIаьхочун, Гати-Юьртарчу Аьрзун Мохьмадан а, Аьрсамирзин Эламирзин а, суд хилале вада аьтто баьллера.

Тасмахилов Пашина вен йина кхиэл, тIамехь цо гайтина майралла а, даккхий хьуънарш а тидаме а эцна, дошлойн бригадан командиран эла Орбелианин а, инарла-адьютантан Мищенкон а дехарца, фронтан командующис инарла-адьютанта Куропаткина каторжни белхан итт шарца хийцира[1].

Шайн кIезиг махкахой Генарчу Малхбалехь империалистийн тIамна дуьхьал гIовттар сихха хиира Ноxчийчохь. ТIамо жимйинчу Терско-Кубански дошлойн полкана керла йолахой вовшахтоха гIертарх гIуллакх ца хилира Iедалан. Хьалха тIаме бахначарна шарна 240 сом деллера, ткъа хIинца 480 сом лора, амма Ноxчийчохь Iедална керла йолахой ца карийра. Шайн махкахошна йинчу къизачу кхиэло карзахбаьхначу ламарошна юкъахь бунт изккхарна кхеравеллачу Кавказан наместникан дехарца Терско-Кубански дошлойн полк, фронтера цIа а ялийна, дIасахецнера.

Цхьана тобанехь дуьйцура, Россехь стражникийн декхарш кхочушдан йолахой лаха Ноxчийчу цхьа полковник веъна, цига воьдучунна шортта ахча а, говр а, тIедуха-когадуха а ло, Мудар а, Расу а цига ваха резахилла бохуш.

ТIаьххьара а дуьйцу керланиг дара Кавказан сардал Воронцов-Дашков Соьлжа-ГIала вар. Ноxчаша, г IалгIаша, хIираша, гIебартоша цуьнга мосазза а кехаташ яздина хиллера, шайн латта кIезиг ду , гIалгIазкхийн а, хъоладайн а дол хь шортта мохк бу, цунах цхьажимма мукъана а шайна латта лахьара, налогаш а лахъяхьара, ца догIу гIуданаш а ма деттийтахьара, шайн къаьмнийн гI иллакхаш а, амалш а тидаме а оьцуш, паччахьан Iедал тIедале шайн ма-хиллара, юьртан урхалла мукъана а шайгга харжийтахьара, шайгара Iазап жимма мукъана а дайдахьара бохуш.

Нахана моьттура, ша Соьлжа-ГIала веъча, ярташкара лоруш болу нах шена тIе а бехна, царах дагавуьйлуш, сардала ноxчашкара хьал толлур ду. Иза аьттехьа а ца хиллера. Гатиюьртахоша къастийна Овхьад, Iела, Ахьмад, Солта а витина, СаьIад, Хьуьси, Iабди, Инарла а вигира цига Галаевс. Уьш цигара цIа баьхкича хиира кахана, ноxчийн дехарна жоп луш, яртийн урхалла харжа сардала бакъо ялар. И бакъо-м УстаргIардойн-Эвлахь хиллачу гуламехь областан начальнико хьалхxе ма еллера царна. Ткъа латта далар а, налогаш лахъяр а, гIуданаш дIададахар а, кхидерш а хьеха а ца дайтинера сардала.

Шеца кхо салти а валош, гатиюьртахошка юьртда а, юьртан урхалла а харжийта, кхуза веънера пурстоп Хамов.

Баккхийчу нехан тобанца волу Аьрсамирза, церан къамелашка ла а доьгIуш, вист ца хуьлуш хиъна Iара. Цуьнан дог ца догIура оцу эладитанашка ладегIа. КIантах хилларг цахааро боккха сингаттам бинера цуьнан дагна. ТIамехь вийнехь а, догдиллина Iийр вара иза. Накъостий санна, хан тоьхна, Сибрех вахийтинехь а, шен хан а текхна, цIа вогIур вара иза-м бохуш Iийр вара.

Ткъа хилларг цахаар тIех сингаттаме дара. И сингаттам гуттар а алсамбаьккхинера даима дIа йоьлхучу йоккхачу стага. ВаллахI, Аьрсамирзас дукха ма бехира кIанте, ма гIохьа цига, хьуна лучу ахчанах вай хьал долуш а хир дац, хьо цигахула дIа а вахийтина, хьуна тIаьхьа сагатдечул , тхойшиина мацалла далар гIоли ю. Шен сацамна тIера ца велира иза. Шен ден амалш яра цуьнан а. ЦIий сиха, ша аьллачунна тIера вуха ца волуш. Ялх баттана шена йолана делла пэийтта туьма хIокку шинна цIахь а дитина вахана. Оцу ахчанах кхаа шаре яхана ши старгIа ийцира Аьрсамирзас . ХIинца ворданна, готанна божа а мегаш, къона ши сту хилла царах. Амма мел безачу мехах нисбелла цунна и шиъ къанвеллачу хенахь! Ткъа Солтханан Солта цигахь цхьа пхьарс а битина цIа веъна. Ший пхьарс я ший ност йоцуш а, цIа веъна велара цуьнан Эламирза а, Аьрзун Мохьмад а.

Шен дагна цхьана хIуманах маслаIат дан гIертара Аьрсамирза. Цуьнан кIант осала ца хилла. Берриг а инарлаш реза болуш, майра а, доьналле а хилла. ТIамехь даккхий хьуьнарш а гайтина цо . Шайна тIаьхьа даьккхинчу эскаран гонна юкъара вада карах а даьлла. КIант-м, хьаха, ву Аьрсамирзин хила ма-веззара. Iожаллин де тIекхаьчча, цунах кIелхьара ца волу цIахь а, арахь а . ТIорказа чу дIалачкъийча а. Дала яздиннарг хир ду. Аьрсамирзас ша-м, собаре хилла, сатухур дара. Ткъа оцу йоккхачу стагана хIун дийр ду ца хаьа-кх цунна...

3

Аьрсамирза шен ойланех юкъахваьккхира цIеххьана майданахь хIоьттинчу тийналло. Эххар а кхуза схьавеъна пурстоп къамел дан вуьйлира.

- Тахана шуьца цхьаьна, керлачу законна тIе а доьгIна, юьртан урхалла хоржур ю вай, - волавелира иза йишхаьллачу озаца. - Амма харжамаш бале хьалха нохчаша шега яздинчу дехарна Кавказан наместника, цуьнан локхалло Воронцов-Дашковс делла жоьпаш довзуьйтур ду ас шуна. Льттан гIуллакх къасто леррина комисси вовшахтухур ю аьлла цо. Налогаш лахъяран гIуллакх пачхьалкхан хьашташка хьаьжжина хир ду. Бехк баьллачунна таIзарна законехь догIу гIуда ца тоьхча а дер дац. ГIалгIазкхашна санна, шайна а герз лело бакъо ло, я нохчашна санна, царна а герз лелор дехка боху аш. Нохчашна герз лело ца хаьа. Герз долчу нохчочо, тухий, стаг вуьй, я къоланаш, талораш дан араволу. ГIалгIазкхий -паччахьан гIортор ю, иза а, цуьнан Iедал а чоьхьарчу, арахьарчу мостагIех лардеш. Кхузарчу гIалгIазкхашкахь герз дуьту, шун зуламех кхузара Iедал а, оьрсийн бахархой а ларбан, кху областехь машар, синтем латто. Керлачу законаца шуна бакъо елла юьртда, писар, къеда, молла, юьртан урхалле къаной харжа. Аш хаьржинчу оцу урхаллин бертаза юьртан гуламаш бар а доьхку шуна керлачу законо. Нагахь санна юьртан гулам оьшуш хьал хIоттахь, цара кхойккхур бу иза. Аш юьртда а, писар а харжа билгалвина ши стаг оцу дарже харжале округан начальнико къобалвина а, хаьржинчул тIаьхьа цо чIагIвина а хила веза. Ткъа къаной, къеда, молла харжар дерриг а шун лаамехь дуьту. Муха нах хила беза юьртда, писар, урхалле хоржурш а? Хьекъале, собаре, догцIена, шуна юкъахь нийсо йийр йолу нах хила беза...

— ХIинццалц аш хIитториш барий ткъа ишта? - мохь туьйхира цхьамма.

— Ткъа аш билгалбинчу нахана юкъахь цхьа а ишта стаг вац. Масала, аш юьртда харжа билгалвина Акхбулатов Ахьмад. ДIадахначу Iай цо кхерамаш тийсина массара а лоруш волу молла Хьуьса а, совдегар Iабди а вен. Писар мега ткъа юьртара нах Iедална дуьхьал карзахбохуш, мотт-эладита лелош волу Солтханов Солта?

ТIехьарчу могIаршкахь хIоьттина льтта Солта, шен дхьана куьйга нах дIаса а тоьттуш, хьалха г Iоьртира. Амма шена тIенисвелча, БIаьштага сацийра иза.

— Собар, Солта, дийцина валийта иза.

— Урхалле харжа билгалбина аш Султахаджиев Доша а, Абакархаджиев Аьрсамирза а, - пурстоп цавашаре велавелира. - ХIара-м беламе дай! Доша къу ву, схьалаца маьIиг цахиларна оха Сибрех ца вохуьйтуш вуьтуш. Аьрсамирза? Даима Iедална дуьхьал хилла схьавогIуш ву. КIанта Эламирзас а цуьнгара масал эцна. Фронтехь нохчийн дошлойн бIо паччахьана дуьхьал гIаттийначу коьртачу бунтарех цхьаъ хилла иза. Суьдах ведда кIелхьараваьлла и кIилло, нагахь санна салтийн тоьпо ца вийнехь, я схьалаьцна, каторге ца вахийтинехь, цхьанхьа даккхийчу некъашкахь талораш деш лелаш хир ву. Тхо дуьхьал дац аш МаIазов Лорса юьртан молла а, къеда а харжарна. Амма кхузахь кхин цхьаъ ду. Кестта БуритIахь болх бан йолалур йолуш динадайн комисси ю. Оцу комиссис толлур ду хIора юьртан къедин хааршт а, паччахьна муьтIахьалла а. Цигахь зийна, чекхваьлларг бен юьртан къеда хила йиш яц. Хьуьса а, Лорса а цига вахийта. Комиссис къастийнарг хир ву шун къеда. Ткъа кхожа юкъабахийта юьртда, писар, къаной кхин нах гайта. Iабди, къамел гочдай, хаттарш дуй ала.

Хамовс иттех минотехь дина къамел гочдеш цхьа сахьт гергга хан яйира Iабдис. Шеггара тI едетташ, стамдеш, дестош. Дийцира шаьш Соьлжа-ГIала дIаккхачар а, сардална хьалха гулдалар а, цо дина къамел а, цуьнан юьхь-сибат а, шена гинарш а, хезнарш а.

— Доцца дийца, — кIоршаме юкъахваьккхира иза Хамовс. — Со дIавахча еттар ахь и хьайн бага. Кхожа юкъа-бахийта кхин нах билгалбаха ала цаьрга.

— Аш къастийначу нехан кара юьртан Iедал дала реза бац лаккхара хьаькамаш. Кхин нах къастабе боху пурстопа.

— И тхаьш билгалбаьхнарш хоржур бу оха я цхьа а ца хоржуш Iийр ду тхо! - хадам бира БIаьштага

.

— Аш пурба делча, цхьа масех дош эр дара ас, - хьалха гIоьртира Домбин Мудар. - Вайна стенна оьшу Iедалан бертаза юьртан урхалле кхин нах харжар? Цул хьалхалераниш Iадда битича? Хьаькамашца гIуллакх а догIуш, юьртана тIедеънарг дIалиста доьналла а долуш стаг ву СаьIад ...

— Ву, хьан дена неIалт хуьлда!

— ДIаяла, пис!

— Собар, нах! - мохь туьйхира БIаьштага. — Шен ала дерг алийта цуьнга.

Нехан гIовгIанаш евлча кхеравелла, юьстах жима тоба йина лаьттачу ИнарлагIаьрга дIахьаьжира Мудар. Инарлас корта таIийра цуьнга.

— Доцца аьлча, СаьIад юьртда а, Iабди писар а харжа веза вай, - шен къамел чекхдаккха сихвелира иза. - Ткъа оцу юьртан урхалле харжа Хьуьсел, Панта-Хьаьжел, Инарлел бегIийла нах бац кху юьртахь.

— Къаьркъанан кедах доххаделла хьо, зуд!

— Талу хилла, мерах туьйсийла хьуна иза! Хамовс мосазза а мохь туьйхира, нехан гIовгIанаш

совцо гIерташ. Амма дуьххьара кхайкха гIертачу нIаьна-кIорничух тера, цуьнан йишхаьлла аз тI епаза довра нехан оьгIазечу маьхьаршлахь.

— ГIовгIанаш совцае, нах! - гонна юккъе а ваьлла, ши куьг хьалалецира Дошас. - Уьшалахь пхьидаша санна, аш маьхьарий хьекхарх, хIумма а нислур ма дац ккузахь. Цхьамма къамел деш, вуккхара ладогIа. Шу ма гIиллакхах доьхна!

— Стенна хьоькху аш и маьхьарий? - гIовгIанаш дIатийна юкъ схьа а лаьцна, нахана тIекъевкъира Хамов. — Впрраша санна, аш хIара маьхьарий хьекхахь, со-м баттахь а вер вац ккузахь харжамаш бина!

ТIаьхь-тIаьхьа чуърабуьйлуш, яппарш ян воьлла пурстоп сацийра эххар а цунна хьалха хIоьттинчу Солтас.

— Вир хьо ду-кх, пурстоп! Гирзе вир! Хьо ккузахь, къаьркъа а муьйлуш, сакъоьруш Iачу хенахь ас тIом бина. ХIара сан пхьарс мичахь баькккхина ца хууш ду хьо, хьаьрса зуд!

Солтин дешнаш салташна хезна хиларна кхеравелла Хамов цаьргахьа дIахьаьжира. Цхьадика, гулбеллачу нахана юьстахуо кертах а тевжина, вовшашка лохха къамелаш деш лаьттара уьш кхоъ.

— Хьо ву хIара иллехь вуьйцу турпал! - кIоршаме вела а къежаш, когашкара хьала коьрте кхаччалц бIаьрг туьйхира цуьнга Хамовс. - Хьо Георгин жаIаран кавалер хилча, айхьа Iедалан векална яппарш ян мегар ду моьтту хьуна? Хьо стенан дуьхьа ваханера тIаме? Россин дуьхьа ваханера ала гIерта хьо? Хьайна ахча делча, йолахо хилла ваханера-кх! Мичахь бу хьан доттагI ий Аьрсамирзоев а, Аьрзуев а? Царна тIаьххье Нерчинске хьо дIавахийта дош ло ас хьуна. Ас кхечухьа дийр ду хьоьца къамел!

ТIаккха щен оьгIазвахар Iабдина тIедерзийра цо:

- Хьо хIунда лаьтта, и виран лергаш дуьйлина, ладоьгIуш? Кхин нах буй юьртан урхалле харжа?

- Шайна юьртан урхалле харжа луучу нехан цIераш яха! - нахе мохь туьйхира Iабдис.

- Мудара цIераш яьхначарна реза ду тхо! — вистхилира Инарлин шича ЧIонакъа.

- СаьIад юьртда харжа! Iабди - цуьнан писар!

- Хьуьса, Панта-Хьаьжа, Инарла къаной харжа!

- Шайн ворхе дена неIалт хуьлда шун а, церан а!

- Седа дуьхьал баха хоржийла уьш!

Вой даьлча санна, гIовгIа елира майданахь. Дехьа юккъехь вовшашна тIетта гIертара Доша а, ЧI онакъа а. Шеко йоцуш, цIий Iанорца чекхдаьндолу дов сацийра гонна юкъаваьллачу Овхьада.

- Нах! - мохь туьйхира цо паргIатчу озаца. - Вайн дайн оьзда гIиллакхаш дицдина аш. Собарх доьхна шу. Вовшийн сийсаздеш, оьзда йоцу Iиттарш йо аш. Ккузахь аш маьхьарий хьекхарх, вовшашна хьоккхий деттарх, шаьлтанаш Iиттарх, кхин а галдалар бен, нислур дац юьртан гIуллакх. Ккуза гулбелла нах шина декъе, шина тобане бекъабелла. Шина а тобано цIераш яьхна шайна юьртан урхалле харжа луучу нехан. Уьш, пхиппа, итт стаг ву. Уьш берриг а кхожа юкъа а бахийтий, кхаж тасийша. Кхаж алсамбаьлла пхиъ чекхвер ву, важа пхиъ юкъара дIавер ву.

Вовшашна весаш ян а ца оьшуш, атта гIуллакх ма ду иза. КхидIа и маьхьарий ма хьекхалаш. Собаре хила, къонахий хила, и виъ оьрси вайх ма кхардаве.

ТIаккха Хамовна тIевирзира Овхьад:

- Господин пурстоп, хIокху майданахь льатта йозадешар а, оьрсийн мотт а ца хуу адамаш айхьа дуьйцучух ца кхетийла хууш майраваьлла, царна оьзда йоцу яппарш еш къамел до ахь. Хьо мухха велахь а, оьрсийн эпсаран цIе лелош, паччахьан векал ма ву хьо кхузахь. Оьрсийн эпсаран, паччахьан сий лардан декхар ма ду хьан, муьлххачу хьоле, муьлххачу юкъаралле нисвелча а...

- Хьо волу меттиг а ца хоуьйтуш, тийна-таьIна Iийча гIоли ю хьуна, каторжник!

Овхьад велавелира:

- Со каторжник хилар а, каторжник муха хилла а цхьанна а къайле яц, господин пурстоп. Сайн къоман маршонехьа, адамийн бакъонашкахьа ас къийсарна хиллера сох каторжник. Амма хьо мила хилла а, мила ву а, кхуза муха кхаьчна а ма хаьа суна. Эскарехь гIуллакхдеш волуш, хьо да волу бахам кехатех а ловзийна, айхьа дIабаккхийтича, жимачу бераца зуда дIакъаьстина хьох. ТIаккха хьо маларехьа вирзира. Уьш а, кхин а тидаме а эцна, эпсарийн суьдан кхиэлаца эскарера дIаккхоьссина хьо, оьздачу нехан юкъараллехь цхьанххьа а тIе а ца льацна, хьайн дехарца кхуза веъна. Кхузахь, Нохчийчохь, хьекъална аьрта, оьздангаллех боьхна, къуй, маларххой, кехатех ловзурш, кхин зуламхой а хьаькамаш мега дела. ХIинца ваьшшиннах льацна къамел дуьтур вайша. Ерриг Россехь а, Нохчийчохь а, хIокху округехь а хIоьттина чолхе, карзахе, кхераме хьал хьуна хууш хир ду аьлла хета суна. Ткъа хIара юрт карзахъяькккхинарш хьо а, кхузара хьан бартахой а бу. КхидIа а аш хIара питанаш леладахь, кхузахь цIий Iанарна кхерам бу. Цундела ас маслаIате некъ хьоьху хьуна. ХIокху гуламера нах шина тобане бекъабелла. Шина а тобано пхиппа стаг гайтина юьртан урхалле харжа. Уьш итт стаг кхожа юкъавахийта, кхаж алсам баьлларш юьртда, писар, къаной хир бу.

Хамовс иза аьттехьа а ца дитира:

- Округан начальнико къобалбинарш бен хоржур бац юьртан урхалле. КхидIа хабарш дийца а ца оьшу!

- Юьртан урхалле хоржурш округан начальнико гъобалбинарш бен хила йиш яц аьлла дац законехь.

- Кхузахь законаш оха хIиттийнарш ду!

- Дика ду хIета. ТIаьхьалонах жоп айхьа лур ахь. Овхьад гонна юкъара дIаваьлча, Iабдица лохха къамел долийра Хамовс.

- Оцу хьан вашас, каторжнико, бохург дича, шуьниш чекхбевр буй?

- Догдохийла а яц...

- ХIета шаьш кегийна худар шаьш даа деза аш! Шайчаьрца барт а бай, нах балха бахначу хенахь, цIеххьана кхайкхалаш гулам, бехирий шуьга? ТIаккха кхузахь дуккхаберш шуьниш хир бара, тодакхаш!

- ХIинца хIара харжамаш тIаьхьалонга дIататта ца мега?

- ХIун аьлла?

— Суна карор ду бахьана...

— ДIалалла хIета! Iабди нахана тIевирзира:

- ХIай, нах, хIай! - мохь туьйхира цо. - Кхузахь девнаш деш, вовшашна чуьчча гIерташ, харжамаш бар аш дохийна боху пурстопа. Цундела хIара харжамаш тIаьхьалонга дIатотту вай. Харжамаш хинболу де, оха билгал а дина, шуьга дIакхайкхор ду. ТIаккха ша схьавогIур ву боху пурстопа. Цул совнаха, хIара галдаьккхинарш муьлш бу а хаьа шена, царна Iедалехь догIу таIзар дийр ду ша а боху. ХIинца шайн-шайн цIа дерза!

- Iабди бакълуьй! Мудар! Хьайн накъосташца цIехьа яхийта ахьа!

- Хьуьса! Панта-Хьаьжа! Вухаверза ший а! И нах а совцабе!

— Харжамаш бар хир дац тахана, БIаьштаг, - соцунгIа а хилла, вистхилира Панта-Хьаьжа. - Барт боьхна вайн. Цундела хIокху юьртара иман-беркат дIадедда. Пурстопа бохург дичахьана довлу вай . Инарла! ЧIонакъа, дIадуьло!

СаьIадгIеран тобанах ахбIе герга стаг майданара дIавахара.

- Вай хIун де, Овхьад? - хаьттира БIаьштага. - Вай а цIа доьлху я харжамаш бо?

— Вай вешан юьртан урхалла хоржур ю-кх. И ткъех стаг дIавахарх, вайн галдала хIумма а дац.

Хьайна гIо дан а, кхаж тасарна тIехь тергам латто а кхо-виъ стаг а къаставай, кхаж тасарна кечам бехьа, БIаьштаг. Аш и кечам бешшехьа, ас нахе цхьа масех дош а эр дара.

- ЛадогIал, нах! Овхьаде ладогIал! КIез-кIезиг туьйш, дIатийра нехан гIовгIанаш.

4

Шен салташца пурстоп а, шайга кхардаме хьоьжу и масех хьолахо а, церан бартахой а майданара дIабахча, цхьа боккха, беза мохь гира охьатесча санна, паргIатбевлла, садаьIира кхузахь бисинчу наха.

— БIаьштагагIара кхажтасарна кечам бешшехь, шуьга цхьа масех дош ала лаьара суна, - даима санна, парггIат къамел долийра Овхьада. - Нохчийн уггар тоьллачуьра ах мохк гIалгIазкхашна дIабелла оьрсийн паччахьо. Цул совнаха, Нохчийчоь дIалоцучу хенахь вайн халкъана ямарт а, ткъа шена тешаме а хиллачу вайнахах бевллачу цхьацца эпсаршна а, совдегаршна а, динадайшна а совгIатана латта дийкъира оьрсийн паччахьо. ХIокку Нохчмахкарчу итт юьртан доллучул латта ду царах хIораннан а долахь. Нохчийн хьолахошна делла латта-м хIумма а доцург ду, паччахьо вайн луларчу къаьмнех схьабевллачу элашна деллачу лаьттаца дуьстича. Оцу иттех элана паччахьо делла нохчийн латта Нохчмахкарчу бахархойн долахь долчул масийттаза алсам ду. И вешан дайн латтанаш гIалгIазкхашкара а, элашкара а, вешан хьоладайшкара а, безза мах а луш, цхьана ханна цаьргара оьцуш я юкъахь леладо вайнаха. ХIетте а цигара лелхийна, цIа хьовсийна нохчий. Иштта, иэккхийна цIа ваийтина, Iаьрчхехь лаьттах тоьла а яьккхина, хан токкуш волу къена Мусха гина шуна. Iедало а, оцу хьолахоша а дакъазабаьхначу эзарнаш нохчех цхьаъ ву и Мусха.

— Дала бекхам оьцийла цуьнан бохаман бехкечарах!

— Амин!

— И нохчийн эпсарш а, совдегарш а, гIебартойн, гIумкийн элий а, гIалгIазкхийн хьоладай а, вайн дайн хилла латтанаш йолах а, юкъахь а вайга леладойтуш, цхьана ханна вайна мехах дуккуш, шаьш балхах куьг дIа а ца тухуш, хьолана букъабелла, хьоло хьерабаьхна бехаш бу. Вайн хьацар, вайн цIий ду цара Iуьйдург. Ишттачу нахах помещикаш олу Россехь. И помещикаш нохчашна юкъа баьржина шовзткъа шо а бен дац, хIетте а цаьрца машар ца хуьлуш, церан лолла ца лалуш, цаьрца къийсам латтош ду вай. Ткъа и помещикаш цIе йолу нах оьрсашлахь болу эзар шо сов хан ю. Россера дерриг латта оцу помещикийн долахь ду, ткъа халкъан долахь цхьа коржам а латта дац. Iедал а помещикийн карахь ду. Халкъ царна деца, церан лоллехь ду, халкъан цхьа а тайпа бакъо яц. Цаьргара латта схьадаккха гIерташ, шайна адамийн бакъонаш лоьхуш, нийсо лоьхуш, бIешерийн дохалла царна дуьхьал къийсам латтош бу шу санна болу оьрсийн ахархой. Церан хIора керла гIаттам цIела карчийна Iедало. Уьш набахтехь бахкош, Сибрехь хIаллакбеш болу эзар шо сов хан ю. Оьрсийн белхалой а, ахархой а хIинца а гIевттина паччахьан Iедална, помещикашна, хьоладайшна дуьхьал. Тахана сийна цIе кхерста ерриг а Россехь. Ахархоша бекхам оьцу шаьш лоллехь латточу помещикех. Церан латтанаш шайн дола доху, церан бахамаш багабо, гуттар а къиза помещикаш бойу. Паччахьан Iедалан ницкъ ца тоьа и помещикаш ахархойн бекхамах ларбан. ХIора юьртахь латто эскарш дац цуьнан. ТIехула тIе салташI.а ца лаьа ахархошна герзаца дуьхьало ян. И салтий шаьш а бу селханлера ахархой, царна ца лаьа шайн дайшна, вежаршна, наношна, йижаршна етта. Оцу ахархойн бекхамах и помещикаш ларбан йолахой, я нийсса аьлча - чаьлтачийн декхар кхочушдан нах беза Iедална. Мила гIур ву цига, шен лаамехь чаьлтачан декхар кхочушдан?

- Адамаллин цхьа а чо шен дегIаца болу стаг гIур вац!

- Кхузахь ваьшна таIзарш деш лела салтий бIаьрга ган ца беза вайна а!

- Салтий-м шайн лаамехь а ца баьхкина кхуза, нуьцкъах балийна!

- ХIетте а безам бац вайн цаьрга!

- И адамаллин цхьа чо шайн дегIаца боцу, ахчанах бехк боцчу оьрсийн ахархойн цIий Iено резахилла нах карийна ламарошна юкъахь. Нохчашна юкъахь. Ткъа вайн юьртахь Домбин Мудар а, Дасин Расу а карийна!

- Мудара къаьркъанан кедах шен да а вуьйр ву!

- Дасин Расу а ю-кх изза пис, тIуьйлиг а!

- Дала дийна цIа ма верзавойла цига вахнарг!

- Юьртана а, махкана а иэхь ду иза!

Куьг хьала а лаьцна, гIовгIанаш совцийра Овхьада:

- Нохчийн къомах лайш, йолахой, чаьлтачаш ца бевллера цкъа а. Амма хIокку тIаьххьарчу заманахь гучубуьйлу уьш. Шовзткъа шо хьалха йолах оьрсийн-туркойн а, ши шо хьалха оьрсийн-японийн а тIаме бахара нохчий. ХIинца, Россех а бахана, жIаьлеш санна, помещикийн бахамаш ларбан а бохку. Уьш совцо беза вай. Къомана тIе иэхь доуьйтучул, мацалла вала веза хIора нохчо! Амма вайн бертаза цига воьдучунна хIун де вай?

- ХIокху юьрта юхабогIу некъ бехка беза царна!

- Юьртах баха беза церан доьзалш а!

- Седа дуьхьал гIойла цига ваха дагадеънарг!

Нах дIаса а тоьттуш веъна Овхьадана хьалха хIоьттира дерзинчу дегIа тIе дуьйхина морсачу машин эттIа чоа а, хеча а, когахь якъаелла неIармачаш а, коьртахь тища кхакханан куй а болуш, юккъерчу дегIара, шовзткъа шо хенара векъана стаг.

- Овхьад, ахь и гIовгIанаш совцаяхьара, хIокху нахе цхьа-ши дош эр дара ас, — элира цо.

Оцу тIелхигашна тIехула гIодаюкъах дихкинчу кхелинчу доьхкарх кхозучу безачу механ детица кхелинчу шаьлтанан макъарна тIе цхьа куьг а диллина, важа хьаьнтIе а хIоттийна, цхьа ког хьалха а тесна, нехан яххьашна тIехула шен ира хьажар кхарстийра цо.

- Со пис, тIуьйлиг ю аьлла мохь туьйхира шуна юкъахь цхьамма, — къамел долийра цо, йовхарш тоьхна, шен аз а тодина. — Ас хьанна къола дина, со хьаьнга сискал еха вахана, ас хьанна хьалха корта таIийна? Сан бераша хьенан шун харцийна я уьш хьенан кIари чохь карийна? Я вайн юьртана, цхьана стагана тIе бохам беъча, санчул тIех хьенан дог Iаьткъина? Диканиг хилча, суначул тIех хазахетта мила хьаьвзиа? ХIаъа, со къен-миска ву. Амма хIара сан маззакъдоьлла куьйгаш, сан кийрара дог цIена а, хьанал а ду. Суна пис, тIуьйлиг аьлларг гучувала, ша боьрша велахь. Овхьад, сан исс бер ду. Кертахь хьайба дац. Ирзо тIера даьлла ялта Iаьнах довла а ца тоьа тхуна. Россерчу хьолахойн бахамашна гIаролла дан вахначунна ахча а, говр а, тIедуха-когадуха а ло аьлча, сайн доьзалан ойла йина, цига ваха резахиллера со. Амма иза ахь ма-дуьйццу дуйла ца хаьара суна. Со кхетта хIинца. Тхайн кертарчу итт адамца тховса мацалла лийр велахь а, со гIур вац цига. Иза ду сан тIаьххьара дош!

ТIевеъначу Дошас къевллина маравоьллира Расу.

- Дела реза хуьлда хьуна, Расу. Дала дукхавахавойла хьо. Хьан къонахаллех шек стаг ца хилла юьртахь цкъа а. Ткъа писаш а, тIуьйлигаш а вай ерриг а ю. Амма хьан доьзал меца а болуш, тхайниш буьзна а хир бац. Баркалла хьуна!

- Нагахь санна Домбин Мудар вайн бертаза тражник хилла Росе гIахь, цунна хIуй кхайккхош, юьртах араваккха реза дуй шу? - мохь туьйхира БIаьштага.

- Реза ду!

- Реза воцург вуй?

- Цхьа а вац!

- Овхьад, кхин дуй хьан ала?

- Масех дош дисина. Кхечу ярташкарчу наха сардалан а, паччахьан а цIарах кехаташ яздина, шайн маршонехьа къуьйсучу оьрсийн а, кхечу халкъийн а гIовттамаш хьошуш дакъалаца вайнах йолах салт а, стражникаш а бохуш, Россе д Iаккхийларна дуьхьало еш. Оцу кехаташна т Iехь яздина, нохчий цкъа а чаьлтачаш ца хилла, х Iокху т Iаьхьарчу шина б Iе шарахь шен маршонехьа турпала къуьйсучу нохчийн къомана дика хаьа маршонан мах, ткъа х Iинца шена т Iехь латточу лоллин, I азапан, къеллин къахьо а. Массо а къаьмнийн къехой тхан вежарий бу, оха церан цIий Iенор дац. Стражникашка язбелларш къелло бIарзбина, Iедало Iехийна, шаьш кхочушдан дезачу иэхьечу декхарх ца кхеташ, бодане, декъаза нах бу. И нах Iехош, тхан вежарийн цIий Iенадайта Россех д Iабига гIертар сацаде. Нагахь санна шу реза делахь, изза аьлла кехат вайн юьртан цIарах а яздийр ду вай.

- Реза ду тхо!

- Керстанаш белахь а, цигарниш а бу, вай санна, цхьа пекъарш!

- Иштта дIаязде ахь, Овхьад!

- Дуьхьал вуй цхьа а?

- Вац! Берриг а реза бу!

- ХIета и цхьа коьрта гIуллакх чекхдели вайн. БIаьштаг, шун кечам муха бу? — хаьттира Овхьада .

БIаьштага шен хаза тодинчу даккхийчу Iаьржачу мекхех дай куьг хьаькхира:

- Делахьа, Овхьад, кечам болуш бара вайн. Амма суна кхин цхьаъ дагадеънера. Делкъан ламаз дина наха, гондIарчу керташка а бахана. Нах делкъе янза, меца бу. Малхбузу ламазан хан а тI екхаьчна. Суьйранна цIахь гIуллакхаш а ду нехан. Оцу овголашца кхаж таса долахь, буьйсанга гI ур ду вай. Куьйгаш а ойуш харжа вай и ваьш билгалбина нах?

- Іаламат дика хир ду. Иза дан реза дуй алий, хаттал нахе.

Нах баккхийбеш резахилира.

- ХІета, СаьІад юьртда, Іабди писар, Хьуьси, Панта-Хьаьжа, Инарла юьртан къаной харжа резаволчо куьг айал. Масех стага хьалалаьцна куьйгаш дагардира БІаьштага.

- Цаьргахьа куьйгаш айинарг шийтта ву. ХІинца Ахьмад юьртда, Солта писар, Аьрсамирза, Доша, Лорса къаной харжа реза болчара куьйгаш айал.

- Цхьа хІума хатта лаьара суна вай куьйгаш айале, — элира тобанна юкъарчу цхьамма. - Іела а, Овхьад а оьрсийн а, Іаьрбийн а йоза-дешар а, меттанаш а хууш, дуьне а девзиыа, хьекъал а, доьналла а долуш ши стаг ву. И шиъ хІунда вац вай хоржучарна юкъахь?

- Цаьрца къамел хиллера тхан, Бета, - жоп делира БІаьштага. - Іелас ша къена ву, шен могашалла дика яц, ткъа Овхьада шен хІокху юьртахь сецна Іойла хир дац, элира тхоьга. И шиъ юьртан урхалле вай цахаржарх, царах дагадийр ду вай. ХІинца ас цІераш яьхна нах юьртан урхалле харжа резаболчара куьйгаш айал.

БІаьштага шозза дагардира наха айина куьйгаш. Шен веа накъосте а дагардайтира. ТІаккха жамІаш ккайккхийра цо:

— Юьртахь куьйган бакъо йолчу виъ бІе везткъа стагах цхьаберш цІера бевлла, дикане-воне бахана а, цомгаш цІахь бисина а, хІинцца ккузара дІабахана а ккузткъа стаг ца вагарвича, ккузахь виъ бІе ткъа стаг ву. Царах шийттамма СаьІадгІаьргахьа куьйгаш айина, виъ бІе бархІ амма Акхболатан Ахьмад юьртда, Солтханов Солта писар, Абкархьаьжин Аьрсамирза а, Султахьаьжин Доша а, МаІазин Лорса а къаной хаьржина. Вайн барт ма-хиллара, оццу куьйгашца МаІазин Лорса юьртан молла а, къеда а хаьржина. ХІара харжамаш нийса хиларх шеко йолуш вуй цхьа а?

— Вац!

— ХІета, Лорса, доІа а дай, дІаберзабел вайн болх.

— АлхьамдулиллахІ! АлхьамдулиллахІи раббил Іаламийна! Я АллахІ, дуьне-Іалам кхоьллина, ницкъ болу, къинхетаме, комаьрша тхан Дела! Тахана оха бинчу харжаман тІаьхье беркате елахь. ХІокху юьртарчу наха, тхох тешна, къастийначу тхуна уьш а, тхо царна а муьтІахь делахь. Тхох тешначу хІокху юьртарчу адамийн иманехь барт бан, царна юкъахь нийсо ян, уьш керстан Іедалан харцонех, ямартлонех ларбан, массо а зенех-зуламех ларбан тхуна хьекъал, кхетам, собар, ницкъ лолахь...

— Амин!

— АллахІу амин!

— ХІара керста Іедал тхуна муьтІахь делахь. Тхан дегнаш, ойланаш хьагІ-гамонех, харцонех, ямартлонех, хьарамлонех ларъелахь. Хьо реза воцург дан шайтІано тхуна дагадаййтахь, тхан куьг-ког духаозалахь, тхан бІаьрса дІаэцалахь, тхан меттанаш совцаделахь, тхан лерган къарделахь ...

— Амин!

— Къинхетам белахь, я АллахІ!

— Я АллахІ, хІай къинхетаме Дела, тхо керстан балех кІелхьарадахалахь. Керстан Іедало махках баьхна, балехь болу тхан дай, наной, йижарий, вежарий, доьзалш могаш-маьрша цІа берзабелахь, уьш а, тхо а керстан балех лярделахь, тхоьгара гІайгІа-баланаш дІаэцалахь. ХІокху юьртахь а, махкахь а иман-беркат а латтаделахь. Оха ця кхеташ дийлийтинчу г Іалаташна, летийначу къиношна, тхох къинхетам бай, гечделахь. Тхаи дахар а, далар а иманехь хилийталахь, иманехь нисдай, тхан дуьне а, эхарт а декъалделахь...

- Амин!

- Тхан гІийлачу доІина жоп лолахь, я АллахІ!

- Хьайн маликийн, пайхамарийн, эвлаяийн орца лолахь!

- ...Фатихьа!

ДоІа чекхдаьлча а цІа баха сиха бацара нах. Цара забарш еш, боьлуш, кегийра тобанаш йина къамелаш дора. Уьш баккхийбера тахана шаьш баьккхинчу жимачу толамах. ХІокху масийтта шарахь тахана дуьххьара царна хьалха бухабевллера пурстоп а, юьртара хьолахой а. Ткъа тІаьхьалонан цара ойла а ца йора...

* * *

КАХАНОВСКИ СТАНИЦЕРЧУ ГІАЛГІАЗАКХИЙН АЬРЗНАШНА ТІЕРА

1907 шо

8 май. Соьлжа-ГӀалара Кахановске цӀа вогӀу совдегар - урядник Бычков Кирил а вийна, 229 соьмана цуьнан товар даьхьна. Лар Мескар-Эвла яхана.

17 июнъ. Ахархо Лысенко Степан вийна нохчаша, лар Мескар-Эвла яхана.

15 йюлъ. Шен кха тӀехь болх беш волчу Коваль Николайна чевнаш йина кхаа нохчочо. Лар Гуьмсе яхана.

2 август. Мелчу-Хиэ уллохь Кахановскера гӀалгӀазкхи Недошевин Степан а вийна, цуьнан 963 сом ахча даьхьна нохчаша.

25 август. Кахановски уллохь урядникана Бакуленко Даниелана шаьлтанца чов йина нохчочо.

3 сентябръ. Ворданахь Соьлжа-ГӀала воьду Минейкесь Франц а вийна, иза талийна Мескер-Эвла уллохь.
13 октябрь. Шелковскера Кахановске вогӀучу Парфомов Иванера говр а, 100 сом ахча а даьккхина нохчаша. Лар Гуьмсе яхана.

[1] Цунахь тера тамашийна нисдалар хилира дезткъе цхьа шо даьлча. 1985 шеран май баттахь, Афганистане тӀаме буьгучу салташна юкъахь, эшелон Чарджоу станце кхочуш бунт йинера нохчаша а , гӀебартоша а. 12 нохчочунна а, I гӀебарточунна а суьдо хенаш тоьхнера («Северный Кавказ» газет, № 24, 1998 шеран июнь).

Х. Иэшам

Дикачу гIуллакхащца вовшалахь хьалхе яккха гIорта...

Къуръан. 2 Сура, 143 аят

Шуна чов хилча, изза чов халкъана а хуьлу.

Къуръан. 3 Сура, 134 аят

1

Гати-Юьртахь харжамаш хиллачул тIаьхьа бутт сов хан яьллера.

Шайн толамах тешна гатиюьртахой, бIаьста ялташ а дийна, царна асарш а даьхна, хIинца мангала бевллера. Iуьйранна де шеллах мангала вахана, делкъале шайн жимачу цани тIе мангал тоьхна а ваьлла, цIа вогIучу Iелина а, Iусманна а новкъахь хезира, тахана юьртан гулам а хилла, АхьмадагIар дIа а баьхна, СаьIадгIар юьртан урхалле хаьржиыа бохуш. Иза хIун ду хьажа эвлаюккъе а ваьлла, цIа веъначу Iусмана дийцира цигахь хилларг.

Хьалхе пурстопаца барт а бина, дукхахболу нах кхаш тIе балха бахначу хенахь юьртан гулам кхайккхийнера СаьIадгIара, ткъа сийсара цара къайллах шайга хаам бина церан бартахой, шайн гергарчу нахаца юьртара ара ца бовлуш, цIахь севццера. Уьш йиллинчу хенахь майдана гулбеллера . АхьмадагIарна кхаж тесначу виъ бIе сов ста-гах цигахь цхьа иттех воккхастаг бен ца хилла. Хьалха кхузахь харжамаш беш закон талхийна, дукххболу нах харжамашкахь дакъалоцуш а ца хилла аьлла пурстопа, цундела хIетахь юьртан урхалле хаьржина нах округан начальника чIагI ца бина . ХIетахь юьрто къастийна, ок-руган начальника къобалвина хилла пхи стаг - СаьIад, Iабди, Хьуьси, Панта-Хьаьжа, Инарла - юьртан урхалле харжа веза аьлла. Цигахь хиллачу Ахьмада а, Солтас а дуьхьало йина пурстопана, амма цига гулвеллачу ахбIе сов стага куьйгаш а айина, и пхи стаг хаьржина.

Iелина хьалхе дуьйна хаьара СаьIадгIара, мацца йина а, и ямартло йийриг хилар. Юьртахь церан тоба жима елахь а, Iедал цуьнгахьа ду. Юьртара дукххболу нах я хIинццалц санна, оцу хьолахойн кога кIел Iен боза, я цаьрца къевсина, уьш коьртера охьабиссо беза. И тIаь-хьарниг дан нахехь ницкъ бац. Доцца аьлча, юрт шина декъе екъаелла. Овхьад мукъана а велара цIахь, цунах дагавала. Россе буьгучу нохчийн йолахойн хьокъехь Шела а, Соьлжа ГIала а вахана иза селхана. ЦIа маца вогIур ву а ца хаьа. Цкъа вахча, цIа ца вогIуш кIиранах а, шина кIиранах а Iа.

Iелас ламаз эцна тас-гIуммагIа дIадаккха чуеара цуь-нан кIентан йоI, итт шо хенара Шовда.

— Седа еънера хьо цIахь воцуш, - элира цо, цIенкъа горгам а хьоккхуш.

— Лаа еънерий иза?

— Хьо ган еъна ша бохура. Са а гатделла. Юьртан гIуллакхашна тIера дIаевлира Iелин ойла-

наш. Иза цIа веъна ши шо гергга хан ю. Тохара цо, те-шаш а кхайккхина, Ахьмадца къамел динчул тIаьхьа дIа-тийра юьртахь царах лаьцна лела эладитанаш. Айза баттахь, шина баттахь цкъа йогI ура шен кIант волчу. Дукха хьолахь кIентан береш ган, царах цхьаъ цомгаш хилча. Ахьмад а вогI ура, Iела волчохь нийсарой цхьаь-накхетча. Iусман а, Дауд а шина а кертахь а, арахь а болх хилча, вовшашна гIо деш цхьаьна хуьлура. Ткъа ялхитта шо долу Айзин йоI Седа хIора дийнахь бохург санна йогIура кхуза. Ма-йоггIу Iела волчу цIа чу а йогI-ий, цунна мара а оькххий, цIа чохь цIано ян хIуттура. Iелин мотт-гIайба цIена латтадора, бедарш юьттура, цIен-къа нуй-гIум хьоккхура, цунна бовхачу кхачик гIайгIа бора.

Iелина там бан гIертара уьш массо а. Амма цуьнан догдаьллера хIокху дуьненах. Шен хенарчу нахаца пхьоь-ханахь, мовладехь, сагIа доккхучохь охьахиъча а, наг-гахь вист а хуьлуш, тийна-таьIна Iара иза. Юьртан гIул-лакхашна юкъа а ца гIертара. Iелин сагатдийриг цуьнан хIусамнана цахилар а дацара. ХIусамнаной а белла, ат-талла дола дан доьзалхой а боцуш бисина дукккха къена нах бара. Ткъа Iелин кIант а, нус а, церан береш а ду. Уьш массо а, кхин тIех хуьлийла доцуш, дика а бара цунна. Iелина там лоьхуш, мосазза а цунна зуда ялор а хьахийнера цара. Амма иза реза ца хуьлура, Ялийначу зудчуьнгара хIун там хир бара цунна? Бедарш юьттур яра, кхача а кечбийр бара, хIусам цIена а латтор яра. Оцу агIор несо а, кIентан береша а, Седас а цхьа тайпа иэша хIума ца дуьтура цунна. Зуда ялийча, цаьршинна юкъахь безам-марзо хир ю бохург дIадаьллера. ХIокху хIусамехь цхьаьна-м Iийр дара. Хийра ши адам санна. Болчунна тIе а и бала ца оьшура Iелина. Цо дуьненахь яккха йисина хан дукха хир яц. Тахана ву а, кхана хир ву а ца хаьа. Шовзткъа шарахь а Iийна иза хIусамнана йоцуш, мел йисинехь а, йисинчу хенахь а Iийр ву.

ХIун дара а хаац, цхьа хан яьлча, цкъацкъа де-буьй-са схьалоций, сингаттамо бIарзвора иза. Цо мел чIогIа дуьхьало ярах, шайтIано даг чу туьйсура ша дийна а волуш Айза маре яхар. Ша мел собаре велахь а, иза кхин цкъа а хьехо ца оьшуш чекхдаьллехь а, наггахь иза Iет-къара Iелина.

Сибрехь волуш Iелас ният динера, нагахь санна ша мацца а цкъа дийна даймахка верзахь, шен таро а, мога-шалла а хилахь, Хонкара а вахана, цигахь дозанехь вийна дIавоьллинчу вешин

Аьрзун а, цуьнан доттагIчун Чорин а кошан барза тIе хIотта. Иштта чIогIа шен сагатделча, цхьана ханна кхузара дIа а ваьлла, цига а, Гуьржех, шен доттагIа Николаз волчу а ваха дагадог Iура цунна. Амма цига воьдуш ахча дезара. Ткъа Iелин иза дацара, хир ду ала меттиг а бацара.

Iелин сингаттам дIаойуш, хIокху дуьненах бозабел-ла бисина цуьнан деган буткъа цхьа хьаса ца ходуьй-туш, Iаьржачу бодашкахь серло луш къега чиркх санна, цунна серло луш еккъа цхьа Седа яра. Iелин шен йоI ца хиллера. Хилча а, шен йоI а хир яцара цунна Седа санна дика. Ткъа шен йоI хилча, иза Седел тIех дуккхаезар яца-ра Iелина. Iаламат оьзда, хаза гIиллакхаш ду Седин. Оцу дерригеяал а совнаха, кхин а дара Iелин дог-ойла цу йо-Iах йоьзна. Ша ма-ярра жимчохьлера Айза яра Седа. ХIетахьлерчу Айзинчух тера юьхь-сибат, Iаьржа, юькъа, еха месаш, бIаьргашна т Iехула тIамарш яржийна Iаьр-жа цIоцкъамаш, хьекъале, къинхетаме Iаьржа бIаьргаш, дуткъа, куьце дегI. Ткъа аз мел тера ду! Эсала, дог хьос-туш, маслаIате. Цкъацкъа вицлой, шен а, Айзин а йоI хетара цунна Седа. Сих-сиха Седин хиндолчу дахаран ойла а йора Iелас. Цхьана осалчу стаге маре а яхана, иза дакъазаяларна а кхоьрура. Иза ша реза волчу стаге маре а яхана , цIа-цIе а, керт-ков а долуш, доьзал а болуш, яха хиъна де галлалц ша вахаре са а туьйсура. Дави-гпрг, Овхьад велахьара цхьа пхийтта-ткъа шо къона. Цуьнца я иза санначу къонахчуьнца ирсе хир яра Седа.

Массо а де долалора Iелин, Седа схьаяре ладоьгIуш. Седин когийн тата а девзара, цо керта-арахь дуккха а адамашна юкъахь мел меллаша къамел деш хилча а, цуьнан аз а девзара. Седе хьоьжуш, цунна карлайолура генна дIаяхана, гIан а, туьйра а хилла йисина шен а, Айзин а къона хан. Шен безам хоуьйтуш, шовданан коь-ртехь ша Айзига дуьххьара къамел дар а. ХIора дийнахь суьйранна Айза, кIудал пхьаьрсах а тесна, шайн кертара араяьлча, шовданан коьрте кхаччалц а, иза хи эцна дIа-йоьдуш а, ша цунна улло а хIоьттина, меллашчу боларахь, лохха къамел деш, шаьшшимма яьккхина хан а. ТIак-кха шаьшшиъ цхьаьнакхетта хьалхара хала шераш а. ТIаккха Айзин дегIаца Iумар а волуш, шаьшшиъ Оьрза-гIала дахча, цигахь гIалгIазкхаша шайн ворданна гуо бича, Айзин кхераялар а. ТIаккха ша Хонкара ваха нов-къа валале а, лаьцна Сибрех вахийтале а шаьшшимма цхьаьна яьккхина ши буьйса а...

Ша цIахь воцуш схьа а еъна, Седа дIаяхана аьлча, чам байра Iелина. Тахана кхин йогIур ма яц иза. ХIара делкъал тIаьхье а, тховсалера буьйса а шарал яхлур ю Iелина.

Иза шен ойланех юкъахваьккхира керта деъначу ко-гийн татано. Иза Iусман вацара. Цуьнан когийн тата а девзара Iелина. Иза хIокху керта цкъа а ца веъначу сте-ган когийн тата дара. Iеле цкъа-шозза мохь тоьхна, йил-лина лаьттачу неIаре схьахIоьттира юьртан туркх. Чу вехча, цIа чу а ца велира.

- Iела, пурстопа канцалле кхойкху хьо, - элира цо, и шиъ хьал-де хаьттина ваьлча.

ХIунда кхойкху бохуш, туркхе хеттар эрна дуйла хуу Iела, шена тIе цIена духар а дуьйхина, юкъах дети-ца кхелина доьхка а, шаьлта а дихкина, аравелира.

2

Юьртан канцелярин кертахь гоьзанех дIатесна ит-тех говр а, белшех кхозуш тоьпаш а йолуш, хI иттина лаьт-таш а, хевшина Iаш а масех салти а вара. Цхьамма а ца сацош канцеляри чу ваьллачу Iелина, цицигачух тера мекхаш а дусийна, мукадеххачух тера ши бIаьрг а цIий-бина, цхьана хI уманна-м оьгIазвахана СаьIадана тIе-къекъаш Хамов карийра. Iела неIарх чуваьлча, хазахий-тира СаьIадана.

- ХIара ву-кх ахь схьакхайкхийтина Абубакаров Iела! -юьхь екхаелира цуьнан.

Iелас оьрсийн маттахь маршалла хаьттира пурстопе. Амма вукхо иза дIа ца ийцира.

- Хьо ву и бунтовщик? Каторжник? Социал-демо-крат? - цавашаре вела а къежаш, Iелига хьежа хI оьтти-ра Хамов. — Делора ву, церан ваша хила ма веззара! Нох-чо - социал-демократ! Реввo-люцци-оннер! ХIара-м Iала-мат беламе дай! - Iелин гай тIе шедакхаж Iоьттина, гIад-вахана велавелира иза.

Iелас хала сатуьйхира.

- Муьлхачарах ву хьо? Болыиевик ву, меньшевик ву?

- Цхьаннах а вац, — паргIат жоп делира Iелас. - Цаь-рца хила къена ву со. Амма болыневикийн г Iуллакх ас даггара къобалдо. Цхьа ткъех шо къона велахьара, шеко йоцуш цаьрца хир вара.

- Сацае хьайн муцIар, къена вир! Хьуо хьанна хьал-ха лаьтта хаьий хьуна? ДIабаккха хьайн коьртара куй!

- Нохчийн гIиллакх дац коьртара куй дIабоккхуш. Ткъа хьо мила ву а хаьа суна. Овхьада вийцина , ма-варра...

- Хьайга бохург дехьа, Iела, - кхеравелла, юкъа-вуьйлира СаьIад. - Мухха велахь а, Iедалан векал ма ву иза...

Iелин оьгIазечу хьажаро дIатевира СаьIад.

- ЛадогIахьа, господин пурстоп, хьуна хаьий ткъа хьуо мила Iамо, мила кхеро гIерта? - Хамовна тIевирзира Iела. — Эрна карзах ма вийла. Сан кхузткъе пхийтта шо ду. Шун олалла тIе ца лаца гIерташ, сайн дейтта шо кхаьчча, кара герз а эцна, ялхитта шарахь шуна дуьхь-ал тIом бина ас. Цхьа шо Хонкаран жоьжахатехь а, ткъе берхIитта шо Сибарен каторгин жоьжахатехь а даькки-на. Со цхьаъ вац оцу жоьжахатехула чекхваьлларг, Шун паччахьо тхоьгара мохк дIабаькккхина, тхо лолле доьх-кина. Тхан даьIахкаш юьйдина Россин а, Хонкаран а мас-со а маьIIехь. Шун инзаре боккхачу ницкъа кIел ах хIал-лакьхилла тхан къам. Амма тхо гора хIитто а, тхан коь-ртара куйнаш дIадаха а ницкъ ца хилла шун цкъа а я хир а бац. Кхин сан дегIах шедакхаж ма Iотталахь , ас могуьйтур дац хьуна!

Хамов шен тапчин хумпIарх тасавелира.

- Ларлолахь, господин пурстоп! — шаьлтанан макъар-на тIе куьг а диллина, цхьа гIулч хьалха тесира Iелас. -Охьадахийта ши куьг! Ахь уьш меттахъхьадахь, ас чоко арахоьцур ю хьан!

Схьаяьстина хумпIар тIекъовла а ца ваьхьна, СаьIа-дана тIевирзира Хамов:

- Ткъа хьо хIун деш льатта кхузахь, хорша еъча санна, вегош? КIилло! Массеран а цхьабарт бу шун, вар-рашI Салтий схьа а кхайкхий, дIалацийта каторжник!

Оцу минотехь арахь гIовгIанаш евлира. Корехула арахьажавеллачу Iелина, Доша коьртехь а волуш, говраш-кахь, герзаца масех стаг гира.

— Арадала оцу чуьра, СаьIад боху гIизби! - хезара Дошин мохь. - Аш Iелин коьрта тIера цхьа чо божабахь, хIокху юьртара шу иттех стаг сийначу цIарах вагор ву!

Кхаш тIера цIа богIу нах, шайна тешнабехк бинийла хиъна, цхьацца-шишша схьагуллуш, уьйтIахь йоккха тоба гулъелира. ТIехула тIе ша тIе мел кхаьчначуьнга, пур-стопа Iела льацна олура туркхо.

— Ахь тIаьхьахьехна хир бу уьш? - ара пIелг хьажий-ра Хамовс.

— ХIан-хIа, — корта ластийра Iелас. - Цаьрга орца аллал доккха хIума а дац хIара.

— Итт минот ялале уьш цигара ахь дIа ца бахахь, ас ирхъоллуьйтур ву хьо!

— Уьш кхузара дIабохур бу ас, амма сайн дуьхьа а доцуш, церан шайн дуьхьа. Цаьрга цIий ца I анадайта.

Iела аравелира. Нахана тIе тоьпаш а ерзийна, шаьш хIун дан деза ца хууш, боьхна льаттара учара салтий.

— Тоьпаш охьаяхийта, шайна шаьш дайийта ца ла-ахь, - элира цаьрга Iелас. - Вай-м цхьа адамаш дай.

Iела учахь гучуваьлча, гIовгIанаш совцийна, ладуьй-гIира наха.

— Вежарий! Шу хIунда гулделла кхуза?

— Тхуна тешнабехк бина оцу жIаьлеша!

— Шу леца баьккина уьш!

— Оха вуьгуьйтур вац хьо!

— Арадовла цу чуьра, заддаш!

Iелас Iаса хьалалецира. Карзахбевлла нах дIатийра.

— ХIокху юьртара тхо масех стаг новкъа ву Iедална. Цуьнан цхьа а тайпа шеко яц. Амма шаьш къайлах да-галаьцнарг тахана тешнабехкаца чекхдаьккхи цара. Иза тахана нислур дац вайга. Собар ду коьртаниг. Бакъдерг толаза дуьсур дац. Овхьад цIа веъча, вовшех дага а девл-ла, цхьа нийса некъ къастор бу вай. Аш лелочо юьртана бохам бийр бу. Дуьло, шайн-шайн цIа гIо.

Коьрта тIехула йоккха, тиша шаьлта а лестош, масса-рал а карзахваьлла хьийзара къена Янаркъа.

— Iела, тхо Iехо гIерта хьо? - мохь хьоьккхура цо. -Хьо а, Овхьад а, оха юьртан Iедале хаьржина пхи стаг а лаца ма баьхкина уьш! ХIей, СаьIад, оха дIахоуьйту хьоьга, царах цхьа стаг льацна вигахь, хIокху юьртара итт цIа догург хилар!

- Янаркъа! - бIогIамах Iаса а тухуш, аз айдира Iелас. — Тхо ворхI стаг лацарх, шу ерриг юрт, ерриг Нохчийчоь юьсу. Россера дерриг халкъаш набахте дохкалур дац Iедале. Ас аьлларг а дай, кхузара дIадовла. Аш цхьамма сихвелла я хотIе хилла, оцу салташна тохахь, тхо ворхI льацна вуьтур вац, юьртана доккха зулам дийр ду. Сих-лур дац вай, собаре а хилла, ойла а йина, Дала дайттинарг дийр ду.

Иза а аьлла, кхин вист а ца хуьлуш, канцеляри чу вахара Iела.

- И нах дIа хIунда ца бовлу цигара? - хаьттира кхе-равелла бос баьхьначу Хамовс. - Цара лелочо гойту хьо церан баьчча хилар! Амма хаалахь, кху юьртарчу Iедал-на цара новкъарло яхь, хьан дегI тангIалкхаш тIехь кхо-зург я хьо схьавеъначу вуха гIуриг хилар!

- Ас аьлла-кх хьоьга, господин пурстоп, со кхеро ма гIерта. Со кхеравала а, цецвала а хIума ца дисина дуьне-нахь. Ткъа ахь ирхъоллийтахь а, Сибрех вахийтахь а, сайн дахар кепекан меха ца хета суна. ХIокху дуьне-нахь сайн декхар кхочушдина ваьлла со. Цул а, суна эрна кхерамаш а ца туьйсуш, айхьа со схьа хIунда кхай-кхина дийцахьа.

Канцелярин кертара арабевллехь а, гена ца бовлуш, цхьацццанхьа тобанаш а йина севццера нах. Царах кхе-равеллера а хаац я Iелина кхерамаш тийсар эрна хиларх кхеттера а хаац, кхерамаш тийсар а дитина, паргIат къа-мел дан вуьйлира Хамов:

- Хьо Сибрехара цIа веъча, цига гулбеллачу иахана хьалха Iедална дуьхьал ахь дина крамоле къамел хаьа тхуна. ХIокху юьртахь адамаш карзахдаьхнарг хьо а, Хортаев Овхьад а ву. Нагахь саина ашшимма и питане мотт-эладитанаш ца дитахь, шуьшиъ лаца дезар ду сан. Иштта.бу округан начальникан Галаевн лаам.

ТIаккха Хамовс ма-дарра дийцира, Сибрехара цIа веъ-ча, ша волчу гулбеллачу нахана хьалха I елас дина къамел.

- И къамел ас дар бакъду, господин пурстоп. Амма цул тIаьхьа шуна тIеккхехьна мотт шаберг а харц бу. Со къена ву, сан могашалла дика а яц. Со цкъа а юьртан гуламехь а ца хилла, атталла пхьоьхана а ца вуьйлу. И цхьаъ ду. ШолгIа-делахь, хIокху Iедална мел реза ва-цахь а, сой, Овхьаддий дуьхьал ву цунна герзийн ниц-кьашца дуьхьало ярна, адамийн цIий Iанорна, хIокху махкахь бехачу машаречу оьрсашна зуламаш дарна. Иштта тхойша дуьхьал ву Iедало нохчашна тIехь латто-чу лоллина, Iазапна, цуьнан къизаллина. Тхойшинна луург хIокху махкахь Iедало хI оттийна чолхе, зуламе, бохаме хьал машаречу некъашца, российски законашца къастор а, нисдар а ду. Амма Iедална ца лаьа иза дан. Нохчийн махкахь барт, синтем, машар хуьлийла. Къаьм-нашна юкъахь барт а, машар а хуьлийла. Иза хьоьга дийцар эрна дуйла хаьа суна, Коьрта бехкениг I едал ду. Хьо мила ву? Юкъалеларг. Хьайл лакхарчеран карахь тайниг, куьйга ловзо пелхьо. Округан начальнико хьай-на тIедиллинарг схьадохьуш вогIу, кхузахь тIуртIаз вал-лалц къаьркъа а муьйлий, дIавоьду. Хьалха гуламехь юьртан урхалла хоржуш, Iедало а, юьртарчу наха а къа-стийнарш а харжий, хIара гIуллакх машаре дIадерзада-хьара аш элира шуьга Овхьада. Аш иза ца дира. Хьо Ведана, ткъа СаьIадгIар шайн бартахощца гуламера дIа-бахара. Юьрто урхалле хаьржина нах дIабаха, церан метта шуьниш харжа аьлла, округан начальника салташца схьаваийтина хьо. Харжамашкахь дакъалаьцнарш бIе гергга стаг бен вац. Аш закон талхийна. Юрт карзахъяь-кккинарш шу ду. Соьга ла а доьгIна, тахана кхузара дIа-бевлла и нах. Кхана соьга а ладугIур дац цара. Изза дина аш кхечу ярташкахь а. Халкъ паччахьна, Iедална дуь-хьалдаькккинарш шу ду, господин пурстоп. Мел шайна ца лаахь а, цкъа Iедална, халкъана хьалха жоп дала де-зар ду шун.

Букъа тIехьа ши куьг а диллина, чухула дIасаволаве-лира Хамов. Iелас шена тайниг, пелхьо алар дагах кхет-та, оьгIазваханера иза.

- Йоза-дешар хаьий хьуна?

- Цхьа таро яло.

- Хьан Iамийна хьо?

- Каторгехь, бакъболчу оьрсаша.

- Муьлханиш бу и «бакъболу» оьрсий?

- Революционераш.

- И мотт дукха шера бу хьан, воккхастаг. Цо дикане кхачор вац хьо. СаьIад, кехат а, къолам а лол. Таханчул тIаьхьа айхьа паччахьна а, Iедална а дуьхьал цхьа дош эр дац алий, тIелацам язбел суна... Я хьашт дац. Къуръан да. Къуръанна тIехь дуй баор вай.

ГIуллакх дан кечвелла лаьтташ волу Саь Iад, кехат-къолам охьа а тесна, араикххина, Къуръан дохьуш, сих-ха схьавеара.

- Ас ма -аллара , дуй баал , - стоьла т Iе диллинчу Къуръанехьа корта ластийра Хамовс .

Iела ша волчуьра меттах ца велира.

- Иза дойла яц сан, господин пурстоп.

- ХIунда?

- Со къена, гIорасиз стаг ву. Амма сайн ницкъ а кха-чахь, аьтто а нислахь, нохчийн халкъана хиллачу боха-машна бехкечарах бекхам эца, цуьнан маршонехьа къий-са цкъа дуй биъна ас.

Шалхонаш лело хан яц сан.

Ша хIун дича бакъахьа хир ду ца хууш, воьхна хьий-зара Хамов. Iела а, Овхьад а лаций, Ведана дIавалаве аьл-ла цуьнга Галаевс. Овхьад цIахь вац. Ткъа хIара Iела бехкевеш, схьалаца хIумма а дац, СаьIада а, Iабдис а боху хIара юьртан гIуллакхашна юкъагIерташ вац. Бехке хилча а, наха вуьгуьйтур а ма вац. ХIоккуьнца волчу бархI салтичо хIун дийр ду дийнначу юьртана дуьхьал? Ца байахь а, герз а, говраш а яьхна, дIахьовсор бу. ТIак-кха иза Хамовна доккха иэхь хир ду. ХIорш леца лаахь, Галаев ша вогIур ву кхуза, рота салтий а балош.

- Дика ду, воккхастаг. Тахана цкъа, къинхетам бина, вуьту хьо. Амма таханчул тIаьхьа диканна а, вонна а хьан цIе йоккхуш суна хазахь, ваханарг вуха ца вогIучу дIахьажор ву хьо. ХIинца мукъа ву хьо. Цкъачунна.

Ша чу веъча хьаттина маршалла дIа ца эцначу пур-стопан Iодика а ца еш, аравелира Iела. ТI аьхьаваьлла СаьIад цунна хьеставала хIоьттира.

- Iела, хIокху гIуллакхана бехке со вац хьуна... Соьга хьаттина а, суна хууш а ца баьхкина хI ара дена неIалт хиларш!

СоцунгIа а хилла, оьгIазе цунна тIевогIавелира Iела:

- Гуш льтташ аьшпаш хIунда буьтту ахь, СаьIад? Айхьа Iехо, со бер ду-м ца моьтту хьуна? Хьуна хууш а, ахь бехна а баьхкина. ХIара гIуллакх хIокху хьола тIе ца далийта, хьалха хиллачу гуламехь Овхьада аьллера шуьга, шина а тобанах ах-ах нах а харжий, маслаIате дерзаде. Иза ца дан, гуламера дIадахара шу. ХIара та-ханлераниг дан пурстоп схьавеъча, юьртарчу наха шаьш реза болу пхи стаг хаьржина, тхо а царна реза ду, оха шолгIа харжамаш бийр бац хIунда ца аьллера аш?

- Ва, Iела, оьрсийн йоза-дешар а, оьрсийн мотт а хууш воцчу, Соьлжа-ГIала мичахь ю а ца хуучу оцу пхеа стага юьртана тIехь куьйгалла муха дийр дара? Цуьнан ойла ма ца йо уггар хьекъале волчу ахь а, Овхьада а?

- Куьйгалла ца далахь, шаьш дIабевр бара я цхьа шо даьлча, юха харжамаш хилча, наха кхин хоржур бара. Я аш гIо дан ца мегара царна юьртана тIехь куьйгалла дан? Шун мотт-эладитанаша, шун питанаша, шун сута-ралло мостагIаллин шина тобане екъна хIара юрт! Кху-захь даха а, дала а, делча наха дIадохка а ца деза шу? Аш йиний ткъа цуьнан ойла? И оьрсий юьртана дуьхьал схьабало иэхь ца хийтира шуна? Аш юьртана ямартло ма йина, тешнабехк ма бина! Шун бехк бу берриг а, уг-гар хьалха хьан а болуш!

СаьIад дуьхьал вистхила кхиале дIавахара Iела.

3

Бусалба динан Iилма кIорггера хууш а, иза халкъана юкъахь даржош а, адамаш цунах кхетош а, нисдеш а къахьоьгуш дуккха а Iеламнах бара нохчашна луларчу ДегIастанахь. Царах цхьаберш гI арабевлла бевзара тур-койн, Iаьрбийн мехкашкахь. ДегIастанара цхьаболчу Iеламнаха бусалба динан Iилма Iамийна а ца Iара. Цар-на юкъахь бара философин, математикан, астрономин, географин Iилманаш хууш нах а. Петарбухехь, Москох университеташкахь хьехархо вара масех дегI астанхо.

Оцу заманахь бусалба динан Iилма кIорггера хууш Iеламстаг бIе шарахь цхьа-шиъ бен ца волура нохчаш-лахь. Шайх Мансуран заманахь дуьйна схьа, хаддаза Нохчийчохь хуьлучу тIемаша нохчийн аьттонаш а, та-ронаш а ца хуьлуьйтура дешарна, Iилманна тIеберза. Пхийтта шаре бовллалц хьуьжаршкахь доьшура божа-бераша, я вуьшта аьлча, цигахь царна Iаьрбийн маттахь яздан а, деша а Iамадора, амма Iаьрбийн мотт Iамо хан ца тоьара. Пхийтта шо кхаьчна кхиазхо, герз кара а оьций, тIаме воьдура. Царах цхьаберш тIамехь бойура, дийна бисначарна а шаьш хьалха хьуьжарехь Iамийнарг дицлора. Цхьана-шина шарахь чекх ма ца болура тIом, иза иттаннаш шерашкахь бахлора.

ТIе хьуьжаршкахь юьхьанцара дешар Iамийча, ла-кхара дешар-м хьехочохь а дацара, атталла юккъера де-шар берашна Iамо а хьехархой бацара Нохчийчохь. Дук-кха а ярташкахь берашна юьхьанцара дешар Iамо а хье-хархой ца тоьара. Цундела шен имамаллин шерашкахь нохчийн берашна юьхьанцара йоза-дешар Iамо ДегIаста-нара молланаш балабора Шемала. Уьш кхуза балоран, нохчийн берашна йоза-дешар Iаморал совнаха, кхин коьр-та цхьа Iалашо а яра имаман. Нохчийн бераш доза доцуш шена муьтIахь а, шен а, шен гIуллакхан а дуьхьа тIаме даха а, гIазотехь I ожалла тIеэца а кечбайтар.

ДегIастанара балочу молланаша нохчийн берашна Iаьрбийн йоза-дешар а, мотт а Iамор ледара хуьлура. Молланашна нохчийн мотт а, ткъа берашна дегIастан-хойн мотт а цахааро халонаш хI иттайора царна юккъе. ШолгIа-делахь, мелла а кIоргера бусалба динан Iилма хууш а, таро а йолчу дегIастанхойх цхьа а молла ца во-гIура хаддаза тIом льттачу карзахечу Нохчийчу. Кхуза юьхьанцарчу хьуьжаршка хьеха богIу молланаш а ца хуь-лура атталла юккъера дешар а кIорггера хууш. ДегIас-танахь Iеламстеган хааринн мах хадош, ледарчунна олу бохура, хIара нохчашна молла ваха мегар ву олий. Уьш дукхахберш шайн махкарчу къелло балабора Нохчийчу. Кхузахь шайна хуу Iилма нохчийн берашна Iамийча, церан дай-наноша лучу ялтех шаьш а, шайн доьзалш а халла хене баха гIертара уьш.

Юьхьанцарчу хьуьжаршкахь дешначу божаберех цхьа наггахь верг кхидIа а деша ДегIастана - БотI лихе, СогIратIла, ТIилитIле — воьдура.

ДегIастанарчу бусалба наха Iаламат дукха а, боккха а болх бора шайн халкъаш бусалба динехь, иманехь кхе-таме кхиош. Цигахь бусалба динан лаккхара Iилма Iамо хьуьжарш а, цигахь хьеха кI орггера Iилма хуу Iеламнах а бара. Цара шайн къаьмнийн меттанашкахь жайнаш яздора, бусалба адамийн коьрта декхарш а, шариIат а нахана довзуьйтуш. Iаьрбийн маттахь а, Iаьрбийн гра-фикан буха тIехь кхоьллинчу абатца шайн меттанаш-кахь а уьш зорба тухуш Шура-гIалахь типографи а яра церан. Цул совнаха, цара шариIатца нийса догIу шайн Iадаташ юкъа а далош, хIора туккумана Iадаташ а кхоьл-линера, оцу туккумех болчу наха кхочушдан а дезаш, уьш талхийначунна таIзар а деш.

ДегIастанарчу Iеламнаха шайн яртийн а, туккумийн а истори язйора. ХIора юьртахь тептарш дара, шайн юьр-тахь хилларш а, лелларш а дIаяздеш, тIеккуьучу тIаьхье-нашка дIалуш, лерина Iалашдеш . Муьлххачу а юьртар-чу бахархошна хаьара и шайн юрт кхоллаелчахьана дуьй-на цигахь хилларш дерриш а.

Уьш цхьа а дацара нохчашлахь. Iаьрбийн мотт а, йоза-дешар а хууш стаг воцуш дукккха а ярташ яра. Iаьр-бийн йозанца, Iаьрбийн маттахь яздинчу Къуръано а, жайнаша а дуьйцург ца хаьара нахана. Ткъа бусалба динан Iилманах юьхьанцара хаарш бен доцчу нохчийн молланашна царах нах нийса кхето а ца хаьара. Нох-чийн матте гочдина Къуръан а, жайнаш а дацара. Нох-чийн истори йозанца язйина, тIаьхьенна йита Iеламнах а бацара. Хилларш, барта дуьйцуш, тIаьхьенга дIалора , амма хенан йохалла халкъо уьш цхьадерш диццдора, цхьа-дерш тIера иэшош, я шайггара кхуллий, тIедетташ, юьхьан-царчу бакъдолчух дохош, туьйране дерзадора.

ХIокху тIаьхьарчу бIешерашкахь нохчийн къомана хиллачу бохамийн коьртачу бахьанех цхьаъ - иза я бу-салба динан а, я дуьненан а Iилманаш ца хууш, кхетамна тIаьхьадисар дара.

Россица тIом сецначул тIаьхьа даьллачу шовзткъа шарахь бусалба динан а, дуьненан а Iилманаш I аморехь хьалхара гIулчаш ехира нохчаша. КхузткъалгIачу ше-рийн юьххьехь оьрсийн йозанан графикан буха тIехь нохчийн абат а кхоьллина, нохчийн берашна цхьа иш-кол йиллира масех стага , амма Iедало гIо а ца лаьцна, цхьана баттахь болх бинчул тIаьхьа дIакъевлира иза. ТIаьхьа таронаш йолчу нохчийн бераш деша дохуьйтура Соьлжа-ГIала, БуритIа, Петарбухе, Москох. Жим-жим -ма кхоллалуш, нохчийн интеллигенцин тоба а кхоллае-лира, къоман исторически кхолламан бала болуш, ойла-еш нах а бевлира.

Шемалан заманахь бусалба динан Iилма кIорггера хууш, махкахь а, цул арахьа а бевзаш бара нохчийн мол-ланаш Сулейман а, Атаби а. Амма нохчашлахь бусалба динан Iилма даржорехь доккха г Iуллакх дан ца кхиъне-ра и шиъ. Шемалан къизаллина дуьхьал гIеттина Су-лейман, имамаца якккхий галморзахаллаш а хилла, цо шен корта баккхале Нохчийчуьра дIа а ваьлла, туркойн, Iаьр-бийн мехкашка дIавахара. Ткъа Шемалан гIараваьлла наиб Атин Атаби даима дIа тIамехь хьулура. Шемал йийсаре вахначул тIаьхьа, 1860-1861-чуй шерашкахь Нохчийчохь хиллачу гIаттаман коьртачу куьйгалхойх цхьаъ волу Атаби, гIаттам хьаьшначул тIаьхьа, ша ба-хьанехь паччахьан Iедале халкъ ца хьийзадайта, шен лаамехь Iедална тIевахча, ссылке вахийтира, цигара цIа вирзича дукха ца вехира иза.

ХIокху заманахь Нохчийчохь бусалба динан Iилма даржорехь доккха гIуллакх деш гIараваьлла I еламстаг вара БелгIатара схьаваьлла, Шелахь вехаш волу ГIойсаман Соип-Молла. Иза вевзара ДегI астанахь а, Истамбулехь а, Каирехь а, Дамаскехь а, БагIдадехь а. Цигарчу а, дуь-ненарчу а бусалбанашна бевзачу Iеламнахаца кехаташ яздеш уьйр яра цуьнан, хIорш вовшех дага а бовлура. Iаьрбийн йозанан графика тIехь кхоьллинчу нохчийн абатца нохчийн маттахь, IНура-гIалахь зорба а тухуьй-туш, жайнаш арахоьцура цо, нохчашна бусалбанийн коьрта декхарш а, шариIат а довзуьйтуш.

Нагахь санна стеган похIма а, ша дешнарг, шена ги-нарг, хезнарг схьалаца иэс а делахь, иза дI адийца цуьнан меттан говзалла а елахь, цо мало ца еш къа а хьегахь, цуьнга шен ойла тI ейирззина Iилма Iамалур ду. Къуръа-но, жайнаша я кхечу Iилмано бохург нахана дIадийца а хуур ду, Iеламстаг я Iилманча аьлла, наха цIе а йоккхур ю цуьнан. Амма иштточу стагана боккъалла а волу Iелам-стаг, Iилманча хилархьама шегарчу Iилманна тIеоьшуш кхин дукккха а хIуманаш ду. Шегарчу Iилманан кIоргал-ла а, шоралла а хаа хьекъал оьшу цунна. Амма Iилма а, хьекъал а хиларх а ца хуьлу стагах бакъволу Iилманча, Iеламстаг. Боккъал а волу Iеламстаг я Iилманча чI огIа Делах тешаш а, Делах кхоьруш а, Далла хьалха, ада-машна, халкъана хьалха шен декхар, жоьпалла хууш а, бакъдерг олуш а, бакъдерг, бакъо, нийсо ларъеш а хуь-лу. Халонаш, иэшамаш, мацалла, къелла ловш, оцу ше-гарчу Iилманца, хьекъалца халкъана пайда луш, хал-къана гIуллакх деш, собаре, оьзда, къинхетаме, доьнал-ле къонаха хуьлу бакъволу Iеламстаг, Iилманча. Шен I илманах, хьекъалх совдегалла лелош, дуьненан хьолах воххалуш, паччахьех, Iедалах, ницкъ болчарах кхера-луш, бакъонна, бакъдолчунна, нийсонна тIера вухаво-луш, церан харцонаш, ямарт-лонаш, къизалла, кхидолу зуламаш Iорадаха ца ваьхьаш, уьш бакъдеш, церан гIо лоцуш ца хуьлу бакъволу Iеламстаг я Iилманча.

Иштта хила бакъо яц цхьана а стеган. Къаьсттина динадайн, Iилманчийн, яздархойн, кхиэлахойн, адамаш-на оьзданиг, къинхетамениг, цIенаниг, хьаналниг, ний-саниг хьехар шайна тIелаьцначу цхьаьннан а.

Иштта къонахий массо а заманахь хилла нохчийн къоман. Царах цхьаберш, дийна болчу хенахь

халкъана буйла а ца хууш, дуьненара дIаккхелхина, цхьаберш дуь-пенара дIаккхелхича сихха бицбина, цхьа наггахь волчун цIе исторехь йисина.

Ишттачарах бакъволу Iеламстаг, къонаха ву ГIойса-ман Соип-Молла.

4

Соьлжа-ГIалахь кхо де даькккхира Овхьада . Шен хьешашца Мутушов Ахьматханций, Шерипов Денилбека -ций цхьаьна гIаларчу РСДРП тобанан а, белхалойн забастовкийн, стачканийн комитетийн а куьйгалхоща цара барт бира нохчийн йолахой Росси дIабуьгу цIерпошт сацорна белхалой гIовтто.

И гIуллакх кхиамца чеккдаьлча, цIа а ца воьдуш, Соип-Молла волчу Шела вахара Овхьад. Бешарчу шуьйрра генаш даржийна лаьттачу лекхачу, къеначу бIаран дитта кIел, беца тIе даржийначу къорзачу истанга тIехь, гIев -ланга биллинчу месийн назбарна тIе а тевжина Iаш карийра цунна гIараваьлла Iеламстаг. Цунна хьалха лоха, жима стол яра, тIехь йозан гIирсаш а, яздеш юккъе даьлла тептар а долуш. Уллохь, истанга тIехь, масех жайна а дара.

Овхьад хьалха шозза хиллера Соип-Молла волчохь. Соип-Моллин къузткъе итт шо герггa бен хан яцахь а, тIехьаьжча оцу хенал дуккха а къена хетара иза. Зоьр-тала дегI, цIен бос бетталуш беснеш, лахахь гIеххьа шал-го, некха тIегIоьрттaш, ло санна кIайн, юькъа, шуьйра маж а, хьекъале, къинхетаме сийна бIаьргаш а. Стагана ладогIа лууш кIеда, паргIате аз а дара цуьнан. Иэс дика дара Соип-Моллин. Иза волчу дукха нах богIура, хIетте а цкъа веънарг, шен бIаьрг ма-кхийтти я озах вевзара цунна. Хьалха ша кхуза веъча, Овхьада дийцинера цун-на шен дахарх лаьцна. Соип-Моллина иза дерриг а да-гахь лаьттинера. ХIара шиъ вовшашка хьал-де хоьттуш Iаш, чохь довхха чIепалгаш а долуш, шун хIоттийра несо.

Кхача биъна ваьлча, шурий, даьттий тоьхна тодина гIалмакхойн чай молуш, Овхьада дийцира ша Соьлжа-Пала вахаран бахьана а, накъосташца цхьаьна шаьш бина болх а.

- Делора хаац суна-м, Овхьад, шо-шаре мел дели, кхетаме догIучу меттана, кхетамах долуш, тиларчу доь-душ ду-кх вайн къам, - элира Соип-Моллас гIайгIане. — ТIом хIун ю хаьа вайна. ТI амо диканиг, пайдениг ца до адамашна. Иттаннаш шерашкахь хаддаза лаьттинчу тIа-мо оьздангаллех, къинхетамах, собарх, доьналлех, има-нах дохийна, иэсах даькккхина вайн къам. Ямартлонна, сутараллина, къизаллина Iамийна. Шемалан заманан тIаьххьара шераш а, тIом а, хилларш а дика дагадогIу суна. ХIетахь пхийтта-ялхитта шо хан йолуш, жимастаг нара со. Оцу заманахь хьеран шина тIулга юккъехь, шина цIарна, шина хиэ юккъехь лаьттира нохчий. Цхьана аг -Iор — къиза Шемал, вукку агIор — оьрсийн къиза пач-чахь. Оьрсийн эскарша мосазза а йохоза, ягоза цхьа а юрт ца йисинера оцу ткъа шарахь. Ткъа шена дуьхьало йина я реза йоцу, я тIом ца безаш, тIом кIордийна, оьр-сащца машар бан гIоьртина ярташ Шемала ягайора. Цхьана агIор суьйлийн Шемална, вукку агIор оьрсийн паччахьна гIуллакх деш бара цхьаболу нохчий. Ахча-нах, даржех, кхоьруш, Iехалуш, къелла а, мацалла а гIаддайна, вовшийн бухкуш, вовшийн хIаллакбеш. Ткъа дукххаберш сутаралло бохура оцу иэхьечу, зуламечу нов-къа. ХIетахь хиллачунна-м тIом бехке бийр бара вай. И тIом дIабаьллачул тIаьхьа шовзткъа шо даьлча а ма ца даьхкина вай имане, кхетаме. Ша кхоьллина синош ма дайа боху Дала, Ша кхоьллина уьш, Ша дIа а оьцур ду. Ткъа цхьаболчу нохчашна дош а ца хета адам дер. Ара-хьара чувеънaчу мостагIчух шен дин, даймохк, доьзалш, хIусамаш ларъеш тIом бар сийлахь декхар, гIазот ду сте-ган. Ишта веъна мостагIа хьо тIекхаьчначохь, хьайн аьтто баьллачохь къинхетамза виэ боху Дала. Амма машаре адамаш ма дайа боху, уьш муьлххачу къомах а, муьлх-хачу динехь а делахь а. Ткъе итт шо хьалха туркошна а, оьрсашна а юкъахь хилла тIом дагабогIу вайна. И тIом болийнарш керста оьрсий бара. Туркойн мохк дIалаца, уьш лолле берзо Iалашо йолуш болийна. И харцонан тIом болийначу керста оьрсийн паччахьан эскарщца цхьаьна бусалба туркошна дуьхьал шайн лаамехь тIаме бахара цхьаболу нохчий. Цкъа-делахь, оцу оьрсаша иттаннаш шерашкахь сийначу цIарца ягийнера Нохчийчоь, ах къам хIаллакдинера, дийна дисинарг лолле дерзийна, цунна тIехь къиза Iазап латтош бу. Ткъа оцу керста оьрсийн паччахьо нуьцкъах махках баьхна эзарнаш нохчий тIе а лаьцна, туркоша шайн махкахь дIатарбинера. ХIетте а шайн къоман мостагIашна улло а хIиттина, шайн бусал-ба вежарех, туркойх, лата, уьш байа, церан ярташ, ша-хьарш йохо, яго, тало бахаиера нохчий. Шайн къам сан-на, туркойн къам а оьрсийн лолле дерзо! Мича бахьана-ша бигнера уьш цига? Мацалло, къелло бигнера?

— Ца бигнера, - корта ластийра Овхьада. - Сутарал-ло бигнера. Тхан эвлара виъ ваханера оцу тI аме. Цхьаъ къен-миска стаг вара, важа кхоъ - таро йолчарах. Цу кхааннах цхьаъ сан ваша вара. Тхан ден дика цIенош а, шортга латта а, туька а, даьхний а дара. Ша юьртда а вара иза. Паччахьан Iедална хьалха диканиш хила, Iедалерчу дикане, цигахь хIонц караяре, цIа бирзича мелла а шаьш даржашка нисбаларе догдохуш баханера. Сан ваша вийра цигахь. Важа шиъ, некха тIе мидалш а оьх-кина, говраша ма лов цигахь талораш дина хIонц йохьуш цIа веара. ХIинца цхьаъ тхан юьртда, важа юьртан къеда ву.

ХIокку шинна хьалхара шун дIаэца нус еъча, цхьа-на юкъана къамел сацийра цара.

- Иштта, ши шо хьалха японца тIаме а бахара нох-чий. Японаш-м бусалбанаш а бац. Муьлххачу динехь делахь а, адам диэ ма ца боху Дала. ТIе, йолах! Ткъа хIинца оьрсийн хьолахой ларбан Россе баха резахилларш а бу. Уьш-м берриг а къехой бу боху. Шайн мецачу доь-залшна рицкъа лаха боьлхуш. Амма Къуръан чохь Дала ма боху, керста доттагIа, накъост ма лаца. Цигахь кер-станаша кечбина кхача баа, церан хIусамашкахь охьа-бийша ца беза уьш? Вайн къам хIаллакдарна, вайгарчу бохамашна, вайгарчу Iазапана уггар хьалха бехкениш и оьрсийн хьолахой ма бу. Шен мостагIчун ялхо, лай хуь-лучул, доьзалца цхьаьна мацалла валар гIоли ма ю!

ХIорш бIаран IиндагIехь белахь а, малх гIушлакхе мел гIоьрти йохлуш, тов хьийзара хIаваэхь. Соип-Молле ла а доьгIуш, беша бIаьрг туьйхира Овхьада. Беш йок-кха яцахь а, хилла а, хила бос кхетта а Iежаш, хьорма-таш, туьркаш, шапталш, кхин дуккха а стоьмаш дара луьстта кхиийна. Бешан цхьана маьIIехь тIехула поп-пар хьаьхначу тускарш чохь масех никх а бара.

- Тамашийна амалш ю вайн, Овхьад, - шена Iаьт-къинарг дуьйцура Соип-Моллас. - Бусалба дино хьарам дина нехан рицкъа а, хьакъ а къола дина, шен дола дакккхар, цунах пайдаэцар. Дуьненахь иза дIа ца таккхахь, кхана-лерчу Къематдийнахь Далла хьалха а, оцу рицкъин дена хьалха а жоьпала хир ву бехкениг. Дала шен бакъо яц боху цунна иза гечдан. Мацалла леш велахь а, нехан рицкъина тIе куьг ма кховдаде боху Дала. Иштта кIел-висначу стагана гIо дар тIедуьллу цуьнан гергарчу наха-на. Нагахь санна гергарчу нехан цунна гIо дан ницкъ бацахь, я цуьнан гергара нах бацахь, и декхар юьртана тIедожадо. Цхьаьнггара а гIо доцуш висахь, сагIа деха боху. Амма къола ма де боху, хьо мацалла леш валлахь а. Ткъа вай, нохчаша, хIун до? Къийвелларг сагIа деха ара ца волу, къола а, талораш а дан араволу. Дуьненар-чу дерриг а къаьмнаша, массо а заманахь доккха иэхь лору къола дар, ткъа сагIа дехар иэхь ца лору. ШариIатехь, боьрша а, сте а ца къастош, ког, куьг а, кхииолу меже а йоккхуш, таIзар до къунна. Иштта таIзар дина нохчо гиний хьуна? Ца гина, гур а вац. Цкъа-делахь, вай шариIато бохург деш дац, шолгIа-делахь, нохчаша я иэхь а, я къилахь а ца лору къола дар. Нохчийн иллеш-кахь хестабо Теркал дехьара, салойн аренашкара даьх-ний а, говрийн реманаш а ялийна нах; ткъа цхьана цIий-нах мацах цкъа сагIадоьхург ваьллехь, иза тIаьхьенна а тIехветта, шун хьенех сагIа доьхуш лелла бохуш. Цхьа-на стага зулам дан дагалаьцнийла хьайна хаахь, я цо зулам деш хьо тIеккхачахь, иза сацаве боху бусалба дино. Нагахь санна иза сацо хьайн ницкъ ца кхачахь, Iоравак-кха, шариIатан кхиэле дIало, цунах хьайна гинарг а, хуург а дуьйцуш, шариIатан кхиэлехь цIена, бакъ тоь-шалла де боху шариIато. Нагахь санна и зуламхо ахь къайлаваккххахь, цо динчу зуламан декъашхо хуьлу хьо Далла хьалха. Ткъа нохчаша ца до иза. Зуламхо сацо а ца гIурту, иза Iедале дIа а ца ло, и Iедало схьалаьцча, я цо зулам динчо Iедале дIавелча, цо дина зулам гина а, хууш а волчу стага кхиэлехь тоьналла ца до. Цхьаберш иштта тоьналла дича иэхь ду бохуш Iа, цхьаберш оцу зуламхо-чун я цуьнан нехан бекхамах кхоьруш Iа. Зуламхочух кхоьру, цунах иэхь а хета вайна бакъдерг ала, ткъа и бакъдерг ала бохучу Делах иэхь а ца хета, кхера а ца кхоьру вай. ТIаккха цIена бусалбанаш дуй вай? Делах тешаш а, Делах кхоьруш а волу стаг Дала гайтинчу ний-сачу некъа тIера юьстахвер вац. Цо адам дуьйр дац, не-хаяя хьакъ а дуур дац, мотт-эладита а лелор дац, аьшпаш а буьттур бац, нахах гIийбаташ а дохур дац, адамийн барт бохош питанаш лелор дац. Нагахь санна и ас дий-цинарш а, Дала бусалба стагана ца магош, хьарам дина кхин дуккха а лелош стаг велахь, иза Делах тешаш а, Делах кхоьруш а, бусалба а цахиларан тоьналла ду хьу-на, иза дийнахь-буса хаддаза Далла Iамал еш велахь а!

Соип-Моллас, шен бIаьргех доьххина куьзганаш дIа а даьхна, гIовталан кисанара схьаэцна, кисин кIайн йов-лакх хьаьжа тIе хьаькхира. Овхьадана куьзганаш доцуш тахана дуьххьара гира цуьнан бIаьргаш. Царна тIехула-ра кIайн, дуькъа цIоцкъамаш, буьрса делахь а, амма оцу хьекъалечу, догдикачу бIаьргашна чохь доза доцуш йок-кха гIайгIа гира Овхьадана.

- ХIокху тIаьххьарчу хенахь къаьсттина алсамдевл-ла нохчаша гIалгIазкхашна къоланаш дар, - куьзганаш бIаьргаш тIе дIа а нисдина, доккха садаьккхира Соип-Моллас. — Нагахь санна керстано шайга, бусалба дин дIа а тасий, керста дине дерза, шайн хIусамаш а йитий, мах-ках довла бохуш, шаьш хьийзош дацахь, керста шуьца машар безаш велахь, цуьнца машаре даха боху Дала. Вайга бусалба дин дIа а тасий, керста дине дерза а, бу-салба дин ма леладе а ца боху оьрсаша, вайн дин сийсаз-деш а бац уьш, вайга хIокху махкара довла а ца боху цара. ХIета царна зуламаш ма дейша, цаьрца дов а ца лоьхуш, машаре дахийша шайга аьлча, наха хIун олу хаьий хьуна?

— Дера хаьа. И оьрсий вайн мостагIий бу, вайгара дIабаьккхинчу махка тIехь бехаш бу, церан Iедало вай лолле доьхкина, вай Iазапехь дахкош ду, вайгарчу къел-лина, мацаллина уьш бехке бу, царна къоланаш деш, та-лораш деш ца даькхича, тхан доьзалшна рицкъа дац, оха царах оьцург бакъонца бекхам бу олу-кх.

— Хьуна-м дерриг а хууш ма хилла! - велавелира Соип-Молла. — Цхьана агIор, цIена бакълуьй и нах. Амма и къоланаш а, талораш а дийриш миска нах ма бац. Къен-миска нах шайн цIахь Iаш бу, льтта тIехь болх а беш, шайн доьзалш халла хене а бохуш. Къуйн а, талорхойн а дика герз а, говраш а ю. Уьш шайн доьзална гали ялта лачкъо ца боьлху. Даьхний, говраш лахка, почта, некъа-хой тало боьлху. Герз а, говраш а йолчарна, могаш а, къона а болчарна, къола деш а, талораш деш а, шайн доьзалшна рицкъа карор дара. Иштганиш дукха ма бац. Ткъа къолах баха, талорашка баха герз, говраш, мога-шалла йоцчу къеначара, зударша, бераша, и аьттонаш шайн хилча а, къола дан, талораш дан Делах кхоьруча-ра, эзарнаш нохчаша хIун дан деза? ХIаъа, Iедало вайга-ра уггар дикачуьра мохк дIа а баькхина, цига баха охь-аховшийна гIалгIазкхий. Нохчашкахь мацалла а, лаьт-тан къелла а ю. Оьрсийн Iедал къиза а ду, цо нохчийн халкъана тIехь харцонаш а лелайо, иза Iазапехь а дал-ладо. Со а ма вац и оьрсий а, церан Iедал а хIокху вайн махкахь дезаш. Нехачул тIех бу сан цаьрга цабезам. Амма вай оьрсашна къоланаш дарах, церан хьаькамаш бай-арх, оьрсий кхузара дIабевр ма бац, паччахьан Iедал а дIадер ма дац. Оьрсашна дина зулам нохчашка шайгга ма токкхуьйту. ПалгIазкхашна динчу къоланан лар, ду-ккхахьолахь, кхузара дIа гена йоцчу Мескар-Эвла а, Цоци-Эвла а йогIу. ТIаккха Iедало, и къуй а, талорхой а бахьана долуш, оцу шина а юьртара цхьа а тайпа бехк-гуьнахь доцу адамаш хьийзадо. Оцу цхьа кIеззигчу нехан зуламаш бахьана долуш халкъана бохамаш бо, цара дина зулам ярташка бIозза алсам токкхуьйту, нах лоьцу, Сибрех хьийсабо, Iедало халкъана беш болу ницкъ кхин тIе а алсамбоккху. Хьалха ас ма-аллара, и зуламхой ваын совцо а, Iедале дIабала а, ткъа Iедало уьш дIалецча, бех-ке беш, царна тоьшалла дан а ца лаьа вайна. Вай ма ду и бохамаш ваынна бийриш. ХIара гIуллакх иштта гена дIадодахь, хенан йохалла нохчийн къам иманах доьхна, хIаллакьхир ма ду. Вай

и зуламаш дитахьара, цхьаболу бохамаш бийр ма бацара Iедало. Цхьа гIуллакх къовса-ме, девне, тIаме даьлча, иза машаре дерзо гIорта везарг гIорасизаниг ма ву. Ша тоьлур воцийла а хууш, и къов-сам, дов, тIом гена мел бели шена изшам, бохам алсам хуьлуш гIуллакх дIадоьрзур дуйла а хууш. Хьекъале стаг нуьцкъалчу, хьал долчу лулахочуьнца машаре, бертахь иеха, шен сий а лардеш, цуьнгара пайда а оьцуш. Ткъа сонтаниг - цуьнца дов деш, тар ца луш, мостагIа а хуь-лий, дакъаза волу. Ас и аьлча, хьо оьрсашкахьа ву, це-ран Iедалехьа ву, халкъан мостагIа ву олий, со нажжаз во нохчаша. Ткъа нохчийн халкъана ницкъаш ма бахь-ара, бехк-гуьнахь а доцу адамаш бIарздина ма хьийзада-хьара, Сибрех ма хьийсабахьара, кхин а, кхин а шега аьлча, Iедало олу соьга, хьо паччахьна, цуьнан Iедална дуьхьал ву, хьуна керста оьрсий ца беза, нохчий Iедална дуьхьал бохурш, цаьрга оьрсашна зуламаш дойтурш хьо коьртехь волуш, шун динадай бу олу. Бакъдерг, нийса-ниг, маслаIатениг аьлча, оцу шиний агIорчеран мостагIа хилла со.

Овхьад воккхавера хIокку гIараваьллачу Iеламсте-ган а, шен а ойланаш цхьаьнайогIуш хиларх. Махкахь хIоьттина чолхе хьал а, нохчийн къомера гIайгIа-бала-наш а, цуьнан декъаза кхоллам а дика гора цаьршинна. Амма коьртаниг кхин ду. ХIара декъаза къам хIокку баланех, бохамех, паччахьан лоллех кIелхьарадаккха некъ лахар. Овхьада къастийнарг политикан некъ бу. Иза сацам боллуш дуьхьал ву нохчийн халкъо шен мар-шонехьа герзаца, тIамца къийсарна. Оцу некъо халкъ хенан йохалла хIаллакдийр ду. ДIадахначу бIешераш-кахь санна, мел турпала летарх а, нохчийн къомана шен цхьаьннан ницкъаца яккхалур яц маршо. Оьрсащца, Россехь дехачу кхечу къаьмнашца бертахь, массеран а юкъарчу, цхьаьнатоьхначу ницкъашца бен толам бак-кхалур бац паччахьан, хьоладайн Iедална тIехь. Иза до-хийна дIа а даьккхина, керла Iедал хIотто деза. Халкъан Iедал . ТIаккха лолла а, Iазап а, зуламаш а дIадевр ду. Къаьмнаш бертахь, машаре, ирсе, токхе дехар ду. Овхьада бийцира и шен сатийсамаш.

- Оцу болыневикаш олучеран тобанехь-м вац хьо? -хаьттира Соип-Моллас, цуьнга лерина ла а доьг Iна.

- Вац. Хила ойла а яц. Амма ас а, сан накъосташа а къобалйо церан Iалашо. Паччахь, хьоладай бохийна, Iедал шайн кара кхачахь, шаьш заводаш, фабрикаш белхалош-на а, латта ахархошна а дI алур ду, къаьмнашна маршо лур ю, адамашна юккъехь нийсо йийр ю, кхин дуккха а диканиш дуьйцу цара. Нохчийн къоман маршонан гIул-лакхана царах пайдаэца, цаьрца уьйр латтайо оха.

- Политиках дерг суна кIезиг хаьа. Шуьгахь дуьне-нан Iилма ду, шуна дика хуур ду дан дезарг. Амма лар-луш хила. Шена стаг зен лиъча, цуьнан кара Iедал я хьал ло Ша аьлла Дала. Iедал шайн карадеъча, оцу болыпеви-каша хIун дер а ца хаьа. Ткъа хIинца болчу кхетамца ахь буьйцучу новкъа нохчий бига хала хир ду. Бакъду, цхьамма хаза хабар дийцича Iехалой, жа санна, тIаьхьа -хIуьтту. Къаьсттина кхечу къомах волчу стагана. Оьр-сийн а, туркойн а юкъаметтигаш галъевлча , я тIом хила гергабахча, я тIом болабелча, Нохчийчу баьржа туркой а, Iаьрбий а. Нохчашна юкъахь мотт-эладита, питанаш лело, нохчий оьрсашна дуьхьал гIовтто. Ткъа дерриг а хьекъал бI аьргашна а, лергашна а чохь долу нохчий царна тIаьхьахIуьтту. Царна Къуръан деша а, Iаьрбийн мотт бийца а хиъчахьана, Iехало. Цара шаьш къурайшин тай-панах, пайхамаран цIийнах ду аьлча а бакъ моьтту. Амма шайн стаг ца лору нохчаша. Иза мел хьекъале, майра, оьзда, доьналле къонаха велахь а. Нийса ма аьлла имам Шемала, нохчийн шайн диканиг лакха тIевоккхуш гу а бац, зуламхо чутосуш ор а дац. Бахьана стенах доллу? Вайна я бусалба динан а, я дуьненан а I илманаш цаха-арх. Хаа а цалаарх.

Делкъан ламазан хан герга гIоьртича, цIеххьана да-гадеара Овхьадана ша кхузахь волу кхо сахьт сов хан хилар. Соип-Молле ладегIарх кIордор дацара, амма цуь-нга а садаIийта дезара. ТIехула тIе шен балхах иза юкъах а ваьккхинера Овхьада.

- Со жима волуш, тхан дас БуритIа ишколе деша дIавеллера со, - хьалагIатта кечвелира Овхьад. - Шен хьуьжарера дIа а ваьккхина, хьайн кIант корстанийн дешар деша хIунда велла ахь бохуш, тхан деца ийгIине-ра юьртара молла. Сох керста хир ву бохура цо. Юьртарчу бераша а ца вуьтура со, тIехбеттамаш беш. Сох керста хилла бохуш. Цкъа со охьа а виллина, сан кочахь жIар юй а хьаьвсира уьш...

- Оьрсийн, керстанийн дешар Iамадарх, керста хуь-луш вац, — велавелира Соип-Молла. - Iилма, иза бусалба-нийн делахь а, керстанийн делахь а, Iилма ду. Амма бу-салба стага уггар хьалха I амо дезарг а, декхар дерг а бу-салба динан Iилма ду. Бусалба динехь гайтина, цхьана агIор — диканиг, оьзданиг, къинхетамениг, хьаналниг, цIе-наниг, - стеган дуьне а, эхарт а декъала хиндолу дерриг а. Вукху агIор - боьханиг, зуламениг, къизаниг, хьа-рамниг - стеган дуьне а, эхарт а декъаза хиндолу дерриг а. Цундела массо а бусалба стаг бусалба динан Iилма хууш хила веза. Амма дуьненахь ваха везачу стагана дуьне-нан Iилма а хаа деза. Къуръан чохь Дала массанхьа а аьлла Iилма Iамаде, Iилма долу стаг лера. «Зумар» су-ран уьссалгIачу аятехь Дала боху, Iилма хууш болу нах а, Iилма ца хууш бодане нах а цхьана тIегIанехь нисбой-ла дац, I илма хуурш лаккхахь бу. Пайхамара (IалайхIи салам) дуккха а аьлла бусалба нахана Iилма Iамор т Iедо-жош. Аганара хьалагIаьттина, хьо кога воьлчахьана дуъй-на, кошан лаьхьти чу верззалц I илма Iамаде. Дезткъа шаре а ваьлла, цхьа ког коша а биллина хьо велахь а, Iилма Iамаде аьлла. Юха а аьлла Пайхамара (IалайхIи салам), иза Китай махкахь делахь а, Iилма схьаэца. И бохург х Iун ду? И Iилма дуьненан цхьана йистехь, муь-лххачу а стагехь, муьлххачу а къомехь делахь а, цига а гIой, хьайна Iилма Iамаде бохург ду. Iилма хууш волчу бусалба стага Далла кIезиг йина Iамал, Iилма ца хуучу бусалба стага Далла йинчу Iамалал дуккха а еза ю аьлла Пайхамара. Кхин а аьлла Пайхамара (IалайхIи салам), Iилма ца хуучу эзар бусалба стагахчул, Iилма хуучу цхьа-на стагах чIогIа кхоьру шайтIа. Иштта Дала а, Пайхама-ра а Iилма Iамор тIедиллина бусалба адамашна. Iилмано дуьне, Iалам, дахар, адамаш, диканиг, воних довзуьйту стагана, зенех-

зуламех, бохамех ларвала Iамаво. Iилма ца хуу адам а, къам а бодане, бIаьрзе, къора хуьлу. Ша хьалха бина некъ, ша дина диканиг, вониг, шен гIала-таш диццдо. ТIаккха цунна ца хаьа тахана а, кхана а ша дан дезарг, зенех-зуламех, бохамех ларвала. Ша хьалха дийлийтина гIалаташ юх-юха а дуьйлуьйту цо. Моста-гIашна иза Iехо а, лоллехь латто а атта хуьлу. Ткъа хьагI-гамонаш, зуламаш Дала адамаш кхоьлличахьана дуьйна схьа массо а къомаиа юкъахь хилла а, долуш а, хир долуш а ду. Адам-пайхамаран шина кIантах цхьамма хьагI-гамонна тIехула шен ваша вийна. Цигара схьа доладел-ла иза. Амма и хьагI-гамонаш а, зуламаш а кIезиг хи-лийта таро ю вайн. Къам иманехь нисдар. Делан дош цуьнан даг чу дижор. Юкъара схьалаьцна дерригенах а аьлча, нохчийн къам оьзда, къинхетаме, доьналле къам ду. Къуръано бохург, пайхамаран хьадисаш, шариIат, Далла хьалха бусалба адамийн декхарш шайна цIенна хууш хилча, бусалба дино ца магийна, дихкина зуламе гIуллакхаш, амалш юьтур йолуш къам ду. Ткъа и зула-маш лело нах а дукха бац, шаьш хIуъу леладахь а, Дал-ла Iамал еш нах бу уьш а. Шаьш кхетийча, нислур бо-луш. Къуръан чохь а, жайнашкахь а дерг, шариIат дов-за нохчашна Iаьрбийн мотт ца хаьа, ткъа уьш нохчийн матте гочдина, нахана довзийта вайн Iеламнах бац. Цун-дела бусалба адамийн коьрта декхарш нохчашна довзий-та, уьш нохчийн маттахь яздина, даржо гIерта со. Доцца аьлча, нохчашна I илманан хаарш оьшу. Бусалба динан а, дуьненан а Iилманаш. ТIаккха хуур ду вайна Дала бохург а, Пайхамара (IалайхIи салам) дийцинарг а, ша-риIат а, хIинццалц схьа дуьненахь хилларш а, тахана долуш дерг а. ТIаккха хуур ду вайна диканиг а, вониг а вовшех къасто а, Дела резавоцург дита а, зенех-зуламех, бохамех вешан ницкъ ма-кхоччу лардала а, вешан мос-тагIашка ваьш ца Iехадайта а. ТIаккха хуур ду вайна вовшийн лера а, вешан хьекъале, оьзда, доьналле, Де-лах тешаш а, Делах кхоьруш а, нохчийн къомах дог ло-зуш а болу къонахий къомана коьрте хI итто а, царна муьтIахь хила а, церан сий дан а, уьш ларбан а. Ткъа тахана Россехь оьрсаша вовшахдеттарш оьрсийн шайн гIуллакх ду. Соьга хиттича, церан гIуллакхашна юкъа-гIертар дацара нохчийн къам. Иза шен кхетамца генна тIаьхьадисина дуьненан политикана.

Соип-Моллица делкъан ламаз а дина, доьзалан Iоди-ка а йина, Гати-Юьрта цIа верза новкъавелира Овхьад. Соип-Моллин къамелан ойла еш, и беха некъ бацбелира цунна...

XI. ТаIзархой

Цхьацца адамаш оьздангаллех духу,
амма халкъ цкъа а ца духу.
Ю. Фучик

1

Гуьмсе станцера меттахъяьлла цIерпошт, цхьа хан яьлча, цIогIане мохь а тоьхна, Соьлжа-ГIала юьйлира. Иза УстаргIардойн-Эвлах тIехъяьлчахьана, вагонийн не-Iаршка а гулбелла, вовшашна тI еттIа а теIаш, арахьуьй-сура Россе бига Соьлжа-ГIала дIагулбеш болу нохчийн йолахой. Цхьа бутт хьалха и ши бIе нохчо, цхьамма шу Россех-м хьовха, Соьлжа-ГIала гIур ду шайга аьлча а цецбевр бара. Юьртахь цхьанаэшшара дIаоьхура церан да-хар. Дийнахь — болх, суьйранна - пхьоьха, буьйсанна -кегийрхошна синкъерам. Я лула-кулахь цхьаьнакхетий, цхьацца дуьйцуш, буьйса яцйора. ХIора дийнахь а — и цхьаъ. Наггахь луларчу ярташка дикане-воне а боьлху-ра. Юьртара цхьаъ Соьлжа-ГIала я ГIизларе вахана веъ-ча, цунах тамаша беш, цецбуьйлуш, цуьнга хеттарш деш, цо дуьйцучуьнга ладоьгIуш Iара. Оцу шина бIе стагах цхьанна а ца моьттура шена ц Iерпошт гур ю а, ша цунна тIехуур ву а, хиъча, иштта гена, ца бевзачу махка гIур ву а. Амма и декъаза нах доьзалех а, яртех а, махках а къастийнера къизачу къелло, доьзалшкарчу мацалло.

Топ буйнахь вагонан неIарехь лаьттачу салтичунна улло а хIоьттина вогIура Мудар. Цхьа сахьт хьалха Гуь-мсехь меллачу чагIаро бохбина корта шелбаларе терра, кийра бузура цунна цкъа а ца хаабеллачу цхьана башха-чу сингаттамо. ЦIахь бисначу доьзална сагатдалар а да-цара иза. Вагонийн чкъургаша «даркх-даркх, даркх-даркх » бохуш дечу цхьанаэшшарчу татанаша дог огура цуьнан. Генна тIаьхьа еха аса юьтуш, цIерпошто туьйсу-чу Iаьржачу кIуьро а, агIор еттачу йовхачу Iаьнаро а шен садукъдеш хетара. Ткъа сингаттам тIеттIа алсамбуьйлу-ра чкъургаша мел боккхучу гонаца. Мел иза ца хьажо гIертарх, цуьнан ши бIаьрг хьаьвззий тIебоьрзура къил-ба-малхбалехьа тIаьхьаюьсучу лаьмнийн Iаьржачу раьгI-нашка.

«ЦIахь Iийнехь тоьллерий те суна? - дагаиккхира Мударна. - Сайца новкъа бевллачу нехан санна, боккха доьзал а ма бац сан. ХIун хир ду те сох? Суна-х оьрсийн мотт а, йозанан цхьа элп а ца хаьа. Шайн дена неIалт хиларш, СаьIадгIар ма бу со хIокху новкъа ваькхинарш...».

ХIаъа, цара хаздира Мударна стражникашка язва-лар. Цига воьдург шовзткъе ялх туьма ахча а, духар а, говр а ло хьуна, цигахь доггаха гIуллакх дахь, кхин а шортта ахча а лур ду хьуна, эпсаран чин а лур ду хьуна бехира. ТIаккха? ЦIа веъча, Ведана гIопехь хьаькам я пурстоп хир ву хьо бехира. Царна хIун хуьлу, церан хIун дов, хIара Россех дIахьажаварх? Галаевс царна тIе ма диллинера, лаьттах ваккхий а, стражникашка ваккха шайн юьртара ши стаг караве аьлла.

ХIинца юьртахоша цунна хIуй кхайкхийна. Юха юьрта вар а дихкина. Бераш кегий ца хиллехь, доьзал юьртах баккха кхерам а тийсира. Амма Мудара марах доккхур ду иза юьртахошна. Цхьа шо даьлча, белшаш тIехь эпсаран хьесан погонаш а йолуш, детица кхелина тур кочахь, хьаргIачу динахь ша юьрта веъча. ТIаккха мила ваьхьар вара иза юьрта ца вита? ТIаккха СаьIад-гIар, I абдигIар, кIанцIара жIаьлеш санна, меттанаш ара а даьхна, тIаьхьарчу когаш тIе а хIиттина, цI ога лестош хьесталур бу цунна. Тоьар ду, церан ялхо а хилла, Му-дар вецаш лелар!

ЦIеххьана сецначу цIерпошто оцу хазачу ойланех юкъахваькккхира Мудар. Дерриг урамаш а, вокзалан май-да а юьзна дIахIоьттина халкъ гира цунна. ТIеяздина даккхий йозанаш долуш, ехачу гIожмаш тIехь дIасаоьз-на кIаденаш а, дуткъий аннаш а дара нехан кортошна тIехула хIаваэ хьалалецна. Мударна тIехьа лаьтта стаг меллаша и йоза деша хIоьттира:

- Ве-жа-рий... ла-ма-рой, шу Iе-хий-на. Шайн яр-таш-ка ду-ха-дер-за...

И дерриг а халкъ вагонашна тIегIоьртира. Иза сацо ницкъ ца кхаьчна полицейш юхабуьйлура.

- Вагонийн неIарш тIечIагIа! - вагонийн неIаршкар-чу салташка мохь беттара полицин пурстоьпо, цIерпош-тан йохалла дIаса а уьдуш.

ЦIерпошт цIеххьана юханехьа йолаелира. Шаьш Гум-се дIадига бохку те хIорш аьлла, цецвелира Мудар. Амма цIерпошт, гуттар а юьстахчу цхьана иекъа тIе а яьлли, чкъургаш а цIовзийна, сецира. ТIаккха, хьалхара яй вагонех дIа а къастийна, лаьллина цхьана агIор дIа а биг-на, хI орш шаьш болччохь битира. НеIарш тIе а къевли-на, готтачу корехула бен чу хIаваъ догIийла а йоцчу ва-гонашна чохь бисина нах, оцу бурконе а хевшина, хуь-луш долчух ца кхеташ, дIатийра. Царна хезара арахь оьрсийн, нохчийн меттанашкахь детта оьгIазе маьхьа-рий. Амма оцу хьолехь дукха ца лаьттира. Арахь тIе-гIертачу наха, уьш ларбеш лаьтта салтий дIа а баьхна, дIайиллира вагонийн неIарш. ТIаккха Мударна хьалха схьахIоьттира масех бIе стагах лаьтта къорза тоба. Юкъа-кара нохчийн куйнаш, чоэш. Эххар а и гIовгIанаш а дIа-тийра. Вагонашна хьалха тIекIел йоьттинчу яьнканаш-на тIе хьала а ваьлла, цхьана оьрсичо куьг хьалалаьцча. Тахана керл-керла хуьлучу, шена гучу инзаречу гIул-лакхаша цецвоху Мудар, уьш дерриге а дицделла, акъ-ваьлла висира, оцу оьрсичунна тIаьххье хьала а ваьлла, цунна улло хIоьттина шен юьртахо Овхьад гича. Шен бIаьргех ца тешаш, уьш хьакха а дина, леррина цуьнга хьаьжира Мудар. Шеко хуьлийла а дацара. Лекха, элда-ра, куьце дегI, доцца лоргуш тодина Iаьржа маж-мекх, майра хьажар а. Цуьнан юьртахо, ХортIин Овхьад ву-кх! «Ванах, хIара а хIунда веъна кхуза? - цецвуьйлура Мудар .- Юьртахой суна дуьхьалбаьхна ца Iаш, кхуза а веъна. Суна тIаьхьара вала ойла ян а юй те

цуьнан?».

- Вежарий-ламарой! - къамел долийра Овхьадан хьалха яьшканаш тIе хьалаваьллачу оьрсичо. - Масех бIе шо ду паччахьан а, хьолахойн а Iазапа кIел оьрсийн къин-хьегаман халкъо узарш ден. Оьрсийн халкъах Iуьйдучу цIийх ца Iаьбна, цIарца, туьрца шайн кога кIел доьхки-на цара ккидолу кегий къаьмнаш. Шун дайша бIе шарахь гергга турпала дуьхьало йира паччахьан колониза-торшна, церан Iазапан дукъа кIел шайн маьрша кортош охьа а ца таIош, царна хьалха гора а ца х Iуьттуш. Паччахьо а, хьолахоша а нуьцкъах а, Iехош а шун ярташка лоьхкура оьрсийн салтий. Цаьрга хIаллакдойтура шун халкъ, сийначу цIарах ягайойтура шун ярташ. Шун жимачу халкъан ницкъ ца тоьира шайн махка гIерта дуь-ненахь а йоккха, къизачаралахь а къиза Россин импери юхатоха, сацо. Шуьгара уггар дика мохк дIа а баьккхина, шу дерзинчу тIулгийн лаьмнашка а доьхкина оьрсийн паччахьо. Амма шуна ма мотталаш и шайгара дIадаьккхина латта оьрсийн къинхьегамхошна делла. ХIан-хIа, ца делла. Шун а, тхан а цIий муьйлучу хьола-хошна, шун халкъан цIий Iенийначу инарлашна, эпсаршна, царна гIо динчу ямартчу йовссаршна совгIатана дI адекъна. ХIокху гIалара дика, хаза цIенош гиний шуна? Царна чохь бехарш хьолахой бу, ткъа царна хьал IаIош, лайш хилла болх беш, къахьоьгуш долу тхо тIеккетта йоххучу тIуьначу лаппагI аш чохь а, набахтел тоьлаш йоцчу баракаш чохь а деха. Тхан берашна деша ишко-лаш яц, цомгашчарна больницаш а яц. ДIахьовсал Суьй-ра-Коьрте. Нохчий цигара дIа а баьхна, цига нефтан вышканаш хIиттийна. Ингалсан, Францин, Бельгин хьо-лахошна доьхкина оьрсийн паччахьо шун мехкан хьал! Ткъа шу, хIокху дашочу мехкан дай, сагIадоьхургийн хьолехь далладо цо. Господинаш АхвердовгIар, Киреев-гIар бу цунах берсташ. Тхан, оьрсийн халкъан, долахь хIара кI ерсагдевлла, берче белхан куьйгаш доцург, хIум-ма а дац. Амма тхо белхалойл а йоккхачу къеллехь, хол-чохь бу оьрсийн ахархой. Тхо тхаьш а ду селханлера ахархой. Ярташкахь олалла дечу помещикийн къизал-лой, цара тхайга хIоттийначу къеллой, мацаллой ара-даьхна, болх а, доьзална баьпкан юьхк а лаха гIала даь-ккина тхо. Вежарий-ламарой! Паччахьан а, хьолахойн а лоллина кIел садетта собар а ккачийна, царна дуьхьал гIевттина оьрсийн белхалой а, ахархой а. Тахана рево-люцин цIе ккерста Россехь. Ахархоша багабо помещи-кийн бахамаш. Халкъо бакъонца бекхам оьцу шегахь Iазапдаллорхойх. Оьрсийн халкъ маршадала гIерта бIе-шерийн лоллех, Iазапах . Амма мостагIа вайн массеран а юкъара ву. Тхуна а, шуна а, Россерчу дерриг а халкъаш-на а тI ехь хIара Iазап латториш оьрсийн паччахь а, хьо-ладай а бу. Шайна дуьхьал вайн барт ца хилийта, шайна дуьхьал вайн ницкъаш цхьаьна ца кхетийта гIерта уьш. Вайна юккъехь мостагIалла латто питанаш туьйсу цара. Оьрсийн паччахьо, хьоладайша хIинццалц шуна тIелоь-хкура оьрсийн салтий. ХIинца царна дуьхьал, шайн мар-шонехьа гIевттинчу оьрсийн къехойн цIий Iено дуьгу шу ...

Вагонан корехула арахьоьжучу Мударна гира цхьана урамехула адамийн тобанна тIейогIу салтийн тоба. Иза адамашна тIекхаьчча, хьалха вогIучу эпсаро, саца а сецна, нахана тIе а вирзина, мосазза а мохь туьйхира. Наха ша тсргал ца вича, салташкахьа а вирзина, цаьрга омра дира цо. Тобанах а къаьстина, салташна тIевахначу цхьана ста-га цаьрга масех дош элира. Салташка куьйгаш а лестош, цхьаъ-м бохуш маьхьарий деттара майданарчу наха. Эп-саро чехабора салтий, амма тоьнийн баххаш лаьтта а хIит-тийна, меттах а ца бовлуш лаьттара уьш.

- Гой шуна и дIогахь лаьтта салтий? - цаьргахьа куьг тесира къамелахочо. - Тхо ккузара дI асалахка, оха дуьхьало яхь тхуна тоьпаш тоха, тхо дайа балийна уьш. Амма оцу салташа, Россехь массанхьа санна, дуьхьало йо шайн.вежарийн цIий Iено. Цундела дуьгу шу Россе. Хьолахой, церан бахамаш ларбан, маршонехьа гIевттин-чу оьрсийн белхалойн а, ахархойн а цIий Iено. И иэхье чаьлтачан декхар ккочушдийриг ахча делла шуна. Ве-жарий-ламарой! Шун майрачу, оьздачу къомах цкъа а ца бевлла йолахой, чаьлтачаш. Паччахье, хьоладайшка шаьш ма Iехадайта! Ахчанах Iехалой, шайн къоман сий ма бехде! Цул мацалла далар гIоли ю шуна! Соьлжа-ГIа-лин пролетарис, бохамехь шун вежарша, оха доьку шуь-га шайн ярташка духадерзар! Декъала хуьлда революци!

Адамийн тобано тоьхначу тIараший, маьхьарший лер-гаш къардира Мударан.

- Декъала хуьлда революци!

- ДIадаккха паччахьан Iедал!

- ДIабаха хьоладай!

- Декъала хуьлда маршо!

Адамийн маьхьарий дIатийра, оццу оьрсичо куьг хьа-лалаьцча. ТIаккха вистхилира Овхьад.

- Нохчий! ХIокху суна уллохь лаьттачу оьрсийн бел-халочо шуьга дина къамел шеггара дац. ХI окхо и къа-мел дина ккуза гулбеллачу а, схьабахказа биснач а гIа-лин белхалоша тIедилларца. ХIоккуьнан къамел, цхьа дош тIе а ца тухуш, кIел а ца дуьтуш, ас гочдийр ду шуна...

Овхьад къамел дан волавелча, цхьа масех минот хьал-ха ша цунна оьгIазвахарх дохковелира Мудар . Ккуза гулвеллачу масех эзар стага шайна юкъара къамел дай къастийначу оьрсичух а, нохчочух а цхьаъ Мударан юьр-тахо ву. Овхьад майра а, хьекъале а, оьзда а, доьналле а стаг вацахьара, цара къастор ма вацара иза.

«СаьIадгIар, ХьуьсигIар хIун ю Овхьадана хьалха? -бохура цо ша шега. - КоIанаш! Марцарш! ХI ара дуьне деса ца дита Дала ккоьллина кIиллош. ХIетте а Овхьада бохург ца дира ас, СаьIадгI арга Iехавайтира. ДIовш хи-ларг, и малар ду со дакъазаваьккхинарг».

Маларх вaставелча, дохковуьйлу Мудар ша лелийна-чунна. Амма тIаьхьа хуьлу-кх. ХIинца цунна шех чекх са гора, ша шех кхаьрдара...

- Сан юьртахо ву иза, - куро кхоссар йира цо, шена. уллохь лаьттачу зоьрталчу шоточунна чоьже муьшка а еш.

- Ахь боккъал бохийца? ХIай, даьдисарг, и гIаза-койн мотт ма шари лалабо цо!

- Сибрехь ткъе ворхI шо а даькккхина, ши шо хьалха цIа веъна иза. Иштта дика Iаьрбгйн, туркойн меттанаш а хаьа цунна...

Тобанна тIехьа лаьттачу адамийн цIеххьана гIовгIа-наш евлира. Цига дIахьаьжначу Мударна гира гIаш а, говрашкахь а кхаа агIор тIедогIу эскар...

2

Россе буьгу нохчийн йолахой совцо кхуза гулбелла гIалин белхалой дIасалахкха ялийначу салтийн взводо царна тIе тоьпаш тоха дуьхьало йича, гIалара далийна-чу эскарийн дакъойн юьхь яра Мударна гинарг.

- Нохчий! ХIокху оьрсичо шуьга аьлларг, цхьа дош тIетоха ца оьшуш, кхачо йолуш ду, - шен къамел дерзош вара Овхьад. - Оьрсийн паччахьо шайгара дIаяькккхина маршо ламарошка юхаерзалур яц оьрсийн а, Россехь де-хачу дерриг халкъийн а гIоьнца бен. Цундела паччахьан Iедало кхечу къаьмнашначул тIех бакккхий бохамаш бин-чу, царал тIех доккхачу Iазапехь, лоллехь даллочу нох-чийн халкъан декхар ду, шайн маршонехьа къуьйсучу Россерчу халкъашца уьйраш а тесна, царна гI оьнна гIовт-тар. Амма аш Россехь кхочушден долчу иэхьечу гIул-лакхо нохчашний, оьрсашний юкъара барт, гергарло чIа-гIдийр дац, юкъахь цатешам, цабезам кхуллур бу. Вайн къомана иэхь дан доьлху шу цига. Нохчийн яртийн ве-калша тахана Кавказан наместникан а, вайн депутатан Эльдарханов Таьштамаран цIарах Пачхьалкхан думе а телеграммаш яхьийтина...

Хьалхарчу ротин салташа, шиний агIор дIа а хIит-тина, цIерпоштан некъ дIалецира. ШолгIачу рото, гона-ха салтийн ха а хIоттийна, депо чуьра цIерпоштан яй арабаькккхира. КхоалгIачу роте а, пулеметийн команде а, гIалгIазкхийн дошлойн бIоне а омра дира, платфор-ма а, вокзал а, цунна хьалхара майда а, цига догIу ура-маш а белхалойх дIацIанде аьлла. Кхаа агIорхьахула тIе -таьIначу цара, салташа тоьпийн баххаш детташ, гIалгIа-зкхаша шодмаш а, аьрташкха тарраш а деттaш, платформи тIера духадаькккхина адам вокзалаи цена тIе таIийра. Цигахь нахана етта йолийра курсантийн командо. Амма дукххахболчу белхалоша, низамехь тобане а гулбелла, шаьш лаьттачуьра меттах а ца боввлуш, дуьхьало йира царна. Курсанташна етта йолийча, гIоьша еънaчу пуле-метийн командо гонна юкъахьовзийра белхалойн тоба. Кхечухьа бухабаьхна белхалой тI егуллуш, вокзалан хьал-харчу майданара тоба а стамъелира. Белхалоша дуьхьа-ло йора бIаьргаш ц Iийдина, хьерабевлча санна тIелетачу салташна а, гIалгIазкхашна а тIулгаш, кибарчигаш, эчи-гаш, дечигаш - шайна кара мел еънарг тIеетташ. МаьI-маьIIехь тоьпаш юьйлура, къорра татанаш дора тоьпийн баххаша, хIаваъ цоьстуш шакарш еттара щодмаша, тар-раша. Коьртах хIума кхетта говраш терсаш, тIехьарчу когаш тIе хIуьттуш, карзахъюьйлура. ОьгIазе яппарш, узарш. Чевнаш хилла охьаэгна нах, тергал а ца беш, хьоьшура.

Оцу къематденна юккъехула, Овхьадан тIаьххьара а дешнаш хезира Мударна:

- Хезий шуна, нохчий! Цхьана махкахь хIорш сан-начу мисканийн цIий Iено дуьгуш ду шуна шу! Иэхь хуь-лда шуна цига гIур делахь!

- Дала хIаллакдойла шу цига гIахь! Дала дийна цIа дерза пурба ма лойла шуна! - тобанна юккъерчу цхьана нохчочун мохь а хезира цунна.

Масех сахьт хьалха белхалоша, вагонашна хьалхара дIа а баьккхина, депо чу бигна яй, цI ерпоштан шиний агIор моггIара дIахIиттинчу салташна юккъехула схьа а балийна, юха вагонашна хьалха туьйхира. Цо, доккха тата а доккхуш, вагонаш цIеххьана юханехьа тоьхча гал-ваьлла Мудар, шена уллорчу шоточух ка а тухуш, ар-къал кхийтира. ТIаккха вагонаш хьалха а узуш, цIог Iа-не мохь а тоьхна, Iаь туьйсуш меттахбаьлла, тIаьхь-тIаь-хьа чеххаболуш, малхбузехьа дI ахаххкабелира.

Ша къен велахь а, оцу къелло маларе а марзвина, дакъаза ваькххинехь а, амма шен дегIан кI оргехь лама-ро, нохчо вара Мудар. Цуьнан дагах мIараш туьйсуш, гIуьттура ламаройн уггар а оьзда гIиллакх: цо доьккура карахь герз доцчу стагана, иза мостагIа велахь а, дуьхьал герз айар.

«Оцу салташа а, гIалгIазкхаша а санна, карахь герз доцчу, дуьхьало ян ницкъ боцчу адамашна етта дуьгу-кх тхо. Ма доккха иэхь ду оха тIелаьцнарг! Амма хIун дан деза? Цига ваха цхьана шарна куьг а таIийна, схьаэцна. ахча ас дайина. Иза Iедална юхадерзалур ма дац суна. Ас куьг таIийна кехат иолконакехь ма ду... Хьалха цIер-пошт сецначу станцехь охьа а воьссина, ведча? ТIаккха а, схьа а лаьцна, Сибрех вохуьйтур ма ву...».

Ша шена оьгIазъоьхучу Мудара, ата санна, цергаш хьаккхийра, цо къевлинчу буйнашна кераюккъехь дил-хех чуйиссира пIелгийн мIараш.

«Расу а хили сол хьекъале. Цо ладуьйгIира Овхьаде. Iаьлбаг-Хьаьжа имам ваьлча, цунна улло а х

Іоьттина, тІом бина цо. Гуьржехь а, Бакохь а паччахьан Іедална дуьхьал летта боху. Сибрехь ткъе ворхІ шо хан а яькк-хина. ХІетте а ца къарвелла. Къарвала дагахь а вац. ХІумма а ца оьшуш, ваха аьтто а бара цуьнан. ХІетте а ца Іа. Цхьаъ хир ду-кх цуьнан дагахь. Ткъа сан кийрахь дог ца хилла. Сан дагахь даима а малар дара...».

ХІаъа, Овхьад кхерийна, къарван ницкъ бац дуьне-нахь. Цунна ца бицбелла нохчийн къоман маршонехьа тІамехь а, махках баьхна Сибрехь а белла шен нийса-рой, шен доттагІий, шен бІ аьхаллин накъостий - Коьри, Болат, Къайсар, Юсуп, къена юьртахой МІаьчиг, Васал, тангІ алкхашна тІе хьалаоьхкина къуона Іаьлбаг, Дада, къена Іумма а. Цунна цІераш ца хаьа хІокху тІ аьххьар-чу шина бІешарахь маршонехьа тІамехь эгна бІе эзар-наш нохчийн кІентий. Тахана лоллехь долу шен декъаза халкъ...

3

ХІокху шарахь къаьсттина хьалхе а, шийла а тІеде-ара Іа. Аз кхолха дуьйлуш, кеглуш, хьаннашкахь охьа-детталора гІа охьадоьжна, дерзина довла а кхиале тІе-диллинчу лайн дозалло юьхьарсетто дитташ а, генаш а. Дикка ханна дукъделлера яртashна юкъара некъаш а. Амма шеца гІ ашсалтийн тоба а, гІалгІазкхийн бІо а, ламанан артиллери а йолуш, ярташна таІзар дан Ведана-ра араваьллера и гІуллакх бІаьстенга татта собар кха-чийна полковник Галаев. Цо шен омрица ярташна елла хан чекхйолуш лаьттара. ХІинца, хІора юьрта а хІут-туш, цо дІахьедора, ткъе диъ сахьт далале пачхьалкхан декхарш дІа а ца такхахь, Іедална муьтІахь а ца хилахь, ша ярташ лаьттаца дІанисйо олий. Ша дуьйцург моттар-гІина доцийла хоуьйтуш, цхьайолчу яртийн йистошка мосазза а йоккхатоп а тухура.

Ведана округера дукххахйолу ярташ, цІий Іанор ца хуьлуш, къаръелла, кІелсевцира цунна. Шайна т Іера пач-хьалкхан декхарш а, Іедална дуьхьало ярна таІаарна тоьх-на гІуда а текхна ца Іаш, цара Галаевна гІо а дора цуьнан отряд шайна луларчу юьрта кхалхо. И гІо цара дукхах-долчунна уьш шайн юьртара дІабахархьама а дора. Пол-ковникан омра кхочуш ца деш еккъа цхьа Гати-Юрт йисимера Нодана округехь.

Шен отрядаца Галаев чекхваьллачу яртийн хІусамашкахь, хІетта чуьра дакъа арадаьkkхича санна, сингатта-ме тийналла хІуттура. Делахь а, вер-ваккхар ца хилча-хьана, важадерг ловра наха. Амма доьзалан дена ша ва-лар гІоли хетара, шен хІусаме хІара Іаьржа ун хІутту-чул. Полковника нуй хьоккхий дІахьора пачхьалкхан налог такха аьтто боцчулехан бахамаш. ТаІзархой чекх-бевллачу ярташкара божалш, гІотанаш, кІаранаш ясса-лора. Сатосуш кхайкха нІаьна а ца юьсура. ГІалгІазкха-ша а, салташа а, къамкъаргаш хьийзош кортош а до-хуш, йойуш, юура котамаш.

Ткъа маса доьзал байлахь битина, лецна бай ваха-нарг вуха ца вогІучу гена, шийлачу Сибрех а бахийтина. ХІаъа, да дІа а воьллина, суьйранна чубирзинчу доьзалх тера ю тховса Нохчмахкара дукххахйолу хІусамаш. Юха а, къурд бина, дІатедина наха Іедало шайн сийсазбар. Амма хІара де цкъа а дицдийр дац цара. Царна цкъа а ца дицло шайна дина дика а, вуон а. Аьтто нисбаллалц, собаре сатуху, тІаккха дика - диканца, вуон - вуонца дІадоьkkу.

Нохчмахкара ерриг а ярташ къаръелча а, Іедална дуьхьало йо Гати-Юьрто а, цунах ун даьллачу луларчу Саьмби-КІотаро а, Шал-Дукъо а. ТІаьххьарчу шимма-м, шайна тІехула шозза-кхузза йоккхатоп тоьхча, шаьш Іедална муьтІахь ду аьлла, Галаевна тІе векалш бахкий-тира. Амма Гати-Юьрто, логехь дисинчу чІеран кІохцало санна, сагатдо цуьнан. Стомара цунна тІехула а, гондІа а йоккхачу тоьпан ткъа хІоъ а тоьхна, шен омра кхочуш-дан юьртана кхо де хан а елла, Саьмби-К Іотарахь туп тоьхна сецна Галаев. Амма гатиюьртахой гучубовлуш бац. Цо хІоттийнарг СаьІад велахь а, ткъа боккъал а юьртда Акхболатов Ахьмад ву. Селхана Іуьйранна дуьйна сар-ралц гулам лаьттина цигахь. Амма цара хІун сацам тІе-эцна ца хаьа цунна. Галаевс царна еллачу ультиматуман хан тховса суьйранна чекхйолу. ТІаккха, шен дош кхо-чушдеш, юрт лаьттаца нисъян еза цо. Иза хила йиш йо-цург дара. И омра деш а хаьара цунна, ша иза кхочуш-дийр доцийла. Кхийолу ярташ а санна, хІара а кхеро дагахь динера. Цо хІетахь ойла ца йинера Гати-Юьртахь вехаш мІаькваьлла ши бунтовщик хиларан. Абубакаров Іела а, Хортаев Овхьад а. Царна тІе карзахе, къармазе Солтханов Солта а. Воккхастаг-м тийна-таьІна хан йок-кхуш вара. Иза юьртан гІуллакхашна а, политикана а юкъа ца гІерта боху. Амма Галаевна шера хаьа юьртан урхалле хаьржинчу пхеа стага Абубакаровх дагаволий бен ког дІатосуш цахилар. Хортаев Овхьад нохчийн интеллигенцица а, Соьлжа-ГІаларчу РСДРП тобанан куьйгалхоща а яккхий уьйраш йолуш ву. Нохчийн ин-теллигенцин векалша чІогІа лоруш а, сий деш а ву боху иза. Нохчийн йолахой Россе ца бигийта, гІалара белха-лой Хортаевн дІадолорца гІевттина хилар а гучудаьлла. Тамашийна хІ ума дай хІара-м. Шина вешех цхьаъ - Іеда-лехьа, важа - дуьхьал. Оццу Гати-Юьртара ву Манчжу-рехь нохчийн, гІебартойн дошлойн ши бІо тІамна дуь-хьал гІаттийначарах шиъ а. Ткъа хІокху тІ аьххьарчу бат-тахь Зеламхин гІеранах дІаккетта ши гатиюьртахо.

ХІара Галаев саннaчу кхечарна шура йоккху етт бу Нохчийчоь. Амма цуьнан декъаза кхаж баьлла. Массо а зуламийн хьоста ду цуьнан округ. Кхузахь бу обаргийн бен а. Цхьана агІор, Зеламхех кхоьруш, кІожан пха а бе-габо цуьнан. Зеламхас шозза кехат даийтина цуьнга, на-гахь санна и хьайн къизалла ахь ца сацаяхь, ахь цхьа стаг Сибрех вахийтахь, цхьана стеган цІий Іанадахь, ша Добровольскийна тІаьхьа жоьжахата вохуьйтур ву хьо аьлла. Цо дийр ма ду иза. Зеламхас цкъа а эрна бага ца етта. Цо шен дош кхочушдо. Цунна масал ду Доброволь-ский а, Къеди-Юьртан разъездехь цо динарг а. Кхин маса ду уьш...

«ХІаъ, кхузахь лерг сема, бІаьрг сирла хила веза, -ойла йо Галаевс. - Ас корта а биттина, халла суна гІоьн-на баийтина гІалгІазкхийн пхи бІо хІара гІуллакх чекх ма-деллинехь дІабуьгур бу. ТІаккха округехь юкъара мя-теж йолалахь, сахьт далале хІаллакйийр ю сан жима гарнизон.

Ирсе бу гIалгIазкхийн отделийн начальникаш. Правительствос лучу тIеман ницкъал совнаха, виллина дIа церан лаамехь ву цергашна тIекхаччалц герзаца кеч-вина масийтта эзар гIалгIазкхи. Шайга шок ма-тоьххи-нехь нохчийн ярташна тIехаккавала массо хенахь кийч-ча. ТIехула тIе, дукха хан йоццуш, инарла-губернаторан Колюбакинан дехарца, Кавказски эскарийн Коьртачу штабо Георгиевски тIеман складера итт эзар берданка а, масех миллион патарма а белла еккъа цхьана Сунжен-ски отделана. Герз делла а Iай ткъа! ГIалгIазкхий герза-ца кечбеш комаьрша харж йо правительствос. Ткъа сан округехь арахьарчу гIоьне догдохийла-м муххале а яца-ра, атталла законехь суна хьакъ долу гIо а ца до...».

4

Гати-Юьртана тIе кхераме киртиг хIоьттинера. Окру-ган начальнико хьалха елла ультиматум кхочуш ца йинера гатиюьртахоша. Пачхьалкхан декхарех цхьа кепек дIа а ца еллера, цхьа герз а ца деллера, Iедало шен кара дIа-боьхучу нахах цхьа стаг дIа а ца веллера. Делан къинхе-там хилла, хIетахь таIзарза йисира церан юрт. Амма сел-хана, якккийчу тоьпашца салтийн а, гIалгI азкхийн а бок-кха бIо а балош, Яьссел дехьа сецначу полконака и шен хьалхалера омра кхочушдан кхо де хан елира царна. Ша аьлларг моттаргIина доцийла хоуьйтуш, юьртана тIехула а, йистошка а ткъозза йоккхатоп а тоьхна, дIавахара. Йоккхатоп етташ кхерабеллачу зударша а, бераша а I адий-на маьхьарий хьийкхира. Даьхний Iоьхура. Кхерамазечу меттигашка дIа а левчкъина, угIура жIаьлеш.

Тахана Iуьйранна юьртан майдана гулбелла пхийтта шарал лакхара берриг а боьрша нах, делкъан ламазана цхьана сохьтана дIаса а бахана, юха а цига дIагулбели-ра. Масех тобане бекъабелла уьш, ва Дела аьлла, цхьана барте ца боьрзура. Цхьаберш сацам боллуш дуьхьал бара полконакан омра кхочушдан. Иза ца дан летта лийр ду вай бохура цара. Шайн зударийн а, берийн а, мискачу бахамийн а ойла еш болчу шолгIачарна, пачхьалкхан цхьадолу декхарш дIа а текхна, хIара гI уллакх машаре дерзо лаьара. Юьртан хьолахошна а лаьара иза машаре дерзо. Пачхьалкхан декхарш дIа а таккий, герз дIа а лой, Iедало дIабоьху нах шайн лаамехь цунна тIе а гIой, дIа-дерзаде бохура цара а. Юьртан бала болуш бацара и тIаьх-хьарниш. Цкъа-делахь, Iедална хьалха диканиш хила гIертара. ШолгIа-делахь, юьртана тIе якккий тоьпаш ет-тахь, шайн цIенош дохорна а, салтий, гIалгIазкхий чу багIахь, цара шайн бахамаш талорна а кхоьрура.

Хьалхарчара бохург а дина, дуьхьало яр эрна дара. Иштта дуьхьало йинчу ЧIебарлгарчу масех юьртара цIе-нош дагийнера, салташа а, гIалгIазкхаша а бахархой талийнера, дуккха а нах лецнера. Изза дийр ду полкона-ка кхузахь а. Ткъа пачхьалкхан налогаш а, кхиболу те-ккамаш а бан нехан ахча а, дIадала герз а дац. Iедало дIабоьху нах дIа а белла, юьртана иэхь дойла янне а яц.

Делкъал тIаьхье а дIаяхара, нехан барт ца хуьлуш. Ахьмада лерина ладоьгIура массаьрга а. Цунна шена а ца хаьара, хIун дича бакъахьа хир ду. Ткъа баттахь кху-захь лаьттича а, оцу нехан цхьабарт хир бацара. Къуьй-сура, оьгIазъоьхура, чуьчча гIертара. Iелех дагавала са-цам бира Ахьмада.

- И гIовгIанаш совцаяй, цкъа ладогIал, нах! - мохь туьйхира цо, хьала а гIаьттина. - Iуьйрре дуьйна хIара гIовгIанаш еш, хIокху шелехь лаьтта вай. Амма, ва Дела аьлла, барт хуьлуш бац. Баттахь лаьттича а, хир бу ала меттиг а бац. Шу хIора а шен-шен дош тIехула дилла гIер-та. Тахана вайн юьртана тIехIоьттинарг хала, кхераме киртиг ю. Цунах кIелхьарадовла шуна некъ ца карабо. Аш массара а бертахь, массо а реза волуш, юьртан дола дан хаьржина тхо пхи стаг ву. Доша воцург, важа виъ кхузахь ву. Нагахь санна шу реза делахь, тхо виъ: Аьрса-мирза, Лорса, Солта, со а - дика ойла а йина, вала везача-рах дага а ваьлла, Делан къинхетамца, Делан гI оьнца, хIа-ра гIуллакх юьртана сингаттам ца хуьлуьйтуш дIадерзо хьожур ву. Оха йинчу кхиэлана реза хир дуй шу?

Жимма гIовгIанаш йинчул тIаьхьа, цхьа а дуьхьал воцуш, массо а резахилира.

МаьркIажан ламаз а дина, дог ца догIуш кхачанах а кхетта, шен кхаа накъостаца Iелех дагавала вахара Ахь-мад. ХIоьттинчу хьолах юрт кIелхьараяккха цхьаъ бен боцу некъ гайтира царна Iелас. Цуьнан хьехамца Гала-евна жоп яздира Лорсас. ШолгIачу дийнахь Iуьйранна, туркх а вахийтина, СаьIад, Хьуьси, Iабди юьртден кан-целяри кхайкхира Ахьмада.

Тхов тIе оьрсийн гераг а йиллина, ши цIа а, лекха уче а, дика неI-кор а долу хIара канцелярин гIишло ша юьрт-да волуш шен ахчанах совдегара ХортIас яйтинера. Юьрт-дена а, писарна а леринчу цхьана чохь аннех йина стол а, ши жIай-гIант а, чубаьккинчу нахана охьаховша пе-нийн дохалла хIоттийна аннех дина деха ши гIант а дара, дуккха а шерашкахь нах тIе охьахийшина шарделла, лак хьаькхча санна, къегаш. НеIарехьа товха яра, кIуь-рзо Iаржйина. Уллора цIа шатайпа европахойн куьцехь, хаза кечдина дара. Бустамаш дохуш кечдина когаш а долуш, тIе I аьржа лак а хьаькхна, шуьйра, еха стол а, иштта, хаза дина, тIе баьццара бархат тоьхна, лекха гIовланаш йолуш кIеда диъ кресло а, даима еса лаьтта книгаш чу хIитто йоккха шкаф а. Стоьла тIехула пенах кхозуш паччахьан доккха сурт а, цIенкъа тесна хаза, кIеда куз а. ХIокху цIа чуьра товха а яра, бустамаш до-хуш, еттинчу кибарчигех йина. И цIа белхан гIуллакха-на ца кечдинера ХортIас. Юьрта баьхкина хьаькамаш оцу цIа чу буьгура цо, ткъа хIора дийнахь беш болчу балхана лерина важа цIа дара. Ткъе итт шарахь сов юьрт-да лаьттина ХортIа дIаккелхича, цуьнан метта хIоттий-начу СаьIада а ца талхийра ХортIин низам. Ткъа дукха хан йоццуш юьрто хаьржинчу Ахьмада а, цуьнан накъосташа а оцу цIийнан неI ца йиллинера цкъа а. Уьш вук-ху белхан цIа чу гуллора.

Аьрсамирза, Лорса, Солта Іуьйранна хьалхxе веъне-ра канцеляре. Цхьацца вогІуш, схьавеара СаьІ ад, Хьуь-си, Іабди. Шина дийнахь цІе ца латийначу цІа чохь шийла яра. Хьал-де хоьттуш эрна хан а ца йойуш, хьийзораш ца еш, къамел долийра Ахьмада.

- Хьуьса, тахана вайн юьртана тІекхозабелла кхе-рам массарначул а дика го шу кхаанна. Іедалца дерг а, юьртарчу нахера хьал а хаьа шуна. Оцу полконака шоз-лагІа а хан елла вайна пачхьалкхан налогаш, гІуданаш, герз дІадала, юьртара виъ стаг Іедале дІавала. Шен омра кхочуш ца дахь, хІара юрт йохийна, лаьттаца шарийир ю ша а аьлла цо. Шуна ма-хаъара, налогаш, гІ уданаш та-кха а ницкъ бац нехан, дІадала герз а дац. Цо дІавоьху виъ стаг Іедале дІа а велла, юьртана иэхь дечул, вайна делла дІадовлар гІоли ю. Полконака тоьхна хан кхана суьйранна чеккхйолу. Вайн ворхІе дай а, вай а хІокху юьртахь дина а, кхиъна а ду. Вайн дай кхузахь белла, лаьттах боьхкина, изза хила деза вайх а. Цхьана цІий-нах, я ненахошкахула, я захалшкахула вовшащца цхьа гергарло доцуш цхьа а доьзал бац хІокху юьртахь. Цхьан-на хиллачу бохаман лазам массо а доьзалх кхета. Ваьш даллалц хІокху юьртахь цхьаьна даха а деза вай, вел-ларг массара а цхьаьна дІаволла а веза. Оцу дерригенан а ойла йина, вовшех дага а девлла, хІара юрт бохамах кІелхьараяккха цхьа некъ карор бацара те аьлла, схьа-кхайкхина шу. Хьуьса, хьо І еламстаг ву, ткъа СаьІадана а, Іабдина а Іедалан болх, гІуллакхаш, хьаькамаш а бев-за. Шуна х Іун хета, аш хІун олу, вай хІун де те?

Хьуьсера хьалхе а яькхина, СаьІад вистхилира:

- Ахьмад, бусалба дин а, шариІат а, Іедал а, хьаька-маш а бевзаш долу тхо дІа а даьхна, тхол хьекъале, теша-ме, доьналле ду аьлла, юьрто шен коьрте хаьржина шу. Ткъа хІинца, юьртана тІе кхерам гІоьртича, тхо дагадаьх-кина шуна. Юьртан дола дан дезарш а, юьртах жоп дала дезарш а шу ду. Юрт кхерамах, бохамах кІелхьараяккха некъ а шуна каро беза. Ткъа тхуна хетарг шуна хаа ла-ахь, Іодало бохург кхочушдан деза юьрто. Кхин некъ ца хаьа тхуна.

- Амма юьртана хІара бохам бинарш шу ду, СаьІад. Юьртпн коьртсхь шу долуш тоьхна и налогаш а, гІуданаш а, кхиерш а! - са а ца тохаделла, юкъавуьйлира Солта.

СаьІад цунна тІевирзира:

- Аш схьа мел ваьллачо иза ма олу? Іедало налог, гІуда тоьхча а, тхо бехке до. Юьртара стаг лаьцча а, оха лацийтина олу. ХІинца хІара шаьш кегийна худар а тхан коча тоьтту. Наха шаьш юьртан урхалле хьалхатоттучу хенахь хІунда ца олура аш цаьрга, юьртан дола дан а, юьртах жоп дала а тхоьгахь хьекъал а дац, тхуна оьр-сийн мотт-йоза а ца хаьа, тхуна Іедал а, хьаькамаш а ца бевза? Шаьш кегийна худар хІинца шаьш даа!

- ХІай-хІай! - цунна тІетайра Іабди. - ХІинца и сал-тий а вай балийна боху. Ерриг а Нохчмахкарчу ярташна налогаш, гІуданаш тохийтинарш а, схьадоьхуьйтурш а, салтий балийнарш а вай ду ала а иэхь хетар дац! Шайн-чул совнаха, яа сискал ерг ца веза нохчашна...

Хьуьсас, вист ца хуьлуш, резахилла корта теІабора.

- Туьха тесна пхьид санна, ирах стенна лелха шуь-шиъ, - човхийра и шиъ Солтас. - Оьрсийн мотт-йоза а хууш, Іедал а, хьаькамаш а бевзаш долчу аш хІун дика болх, хІун аьтто бина юьртана? Юьртана-м хьовха, аттал-ла цхьана стагана а? Ирах а ца лелхаш, шайга дуьйцу-луьнга цкъа ладог Іа!

Аьрсамирзин хьаьжа юккъе, кІез-кІезиг гуллуш, шад гулбелира, месала, хьаьрса цІоцкъамаш, кондарш санна, дусаделира.

- Шаыл бехке дац боху аш? - царна тІекъевкъира иза. - ХІокху юьртана мел хиллачу бохамашна бехке шун дай а, шу а ду! Дац алал? Іабди, хьан да ХортІа а, воккхахволу ваша Асхьад а хІокху Іедалан ялхой, ай-кхаш ца хилла? Іаьлбаг-Хьаьжин гІаттам болабелча оьр-сийн эскар долчу, Гезлойн-гІопе ведда ца ваханера и шиъ? Салташа хІокху юьртара цІенош дагош, царна хьалха-ваьлла лелаш ца вийнера Асхьад? Хьуьса, хьан да Тов-солта-Хьаьжа, СаьІад, хьан да Вора-Хьаьжа, хІокху юьрта богІучу оьрсийн хьаькамашна хьесталуш, церан цІогана кІел мотт хьоькхуш, царна Деле гІо доьхуш доІанат деш ца лелла? ХІокху юьртан ах мохк шу иттех стоган до-лахь бу. Шун дайша хьун хьоккхуш баькккипа иза? Цхьа кол ца хадийна цара! ТІамо тІера дай байина, я Іедало Сибрех бахийтина, шайн кхаш дуьйш-дерзош лело ницкъ боцуш, яа сискал йоцуш бисиачу жоьра-зударшкара, бе-рашкара гирда хьаьжкІаш луш, шун дайша шайи дола даьхна латтанаш ду уьш. И доьзалш йолах шун дайша а бацийра, церан тІаьхьенаш яцош шу а ду. Сан кІант а, Мохьмад а, хІ ара Солта а яионца тІаме бахийтинарш шу дац? Мудар Россе хьажийнарш шу дац? Шайн кІентий хІ унда ца бахийтира аш? Шун дай а хилла юьртана ямарт, хІинца шу а ду!

- Оха ца бахийтина уьш, ахчано бигина! - цавашаре велакъежира СаьІад. - Ахчанах бохкабелла бахана.

Аьрсамирза цІий сиха, дера стаг вара. ХІумма а цул тІаьхьависина Солта а вацара. Амма СаьІад а, ша молла велахь а, Хьуьси а вацара кІиллочарах. Іабди-м цхьога-лан амалш йолуш вара. ХІ оккхеран дов гена а даьлла, вовшашна тохарна кхеравеллачу Ахьмада совцийра уьш.

- Хьуьса, хьо Іеламстаг хиларна, ткъех шарахь юьр-тан молла а, къеда а латтарна, сайн къамел гІиллакхехь хьалха хьан цІе яькхина долийра ас. Ткъа хьо, вист ца хуьлуш, хьайн шина накъосто дуьйцург къобалдеш, корта а теІош, хиъна Іа. Ткъа шу виъ а гІиллакхах, оьздангал-лех

ма воха, собаре хила. Аьрсамирзас оьгIазвахана аьл-ларг а, ерриг юьртана а хууш, бакъдерг ду. Делахь а дIадевлларш дуьйцур дац вай. Ткъа хIокху тхан кочахь долчу даржах лаьцна аьлча, хIара оха лехна а, дехна а ца деъна тхан коча, оха тIелаьцнарг юьртан лаам бу. ХIо-кху хьаькамаллех хIумма а даккхийдеш Iаш а дац. Ткъа шу, СаьIад, наха юьртда а, къаной а хоржучу хе-нахь шайн бартахошца цхьаьна гуламера дIадахара. Иза дина а ца Iийра. Къайлах пурстопаца барт а бина, юьр-тарчу куьйган бакъо йолчу пхи бIе гергга стагах ах бIе шайн бартахой а гулбина, цаьрга кхаж а тасийтина, юьрто хьо юьртда, ткъа хIара ХьуьсагIар къаной хаьржина аьл-ла, дIа а кхайккхийна, хIокху чу охьахевшина. Аш хIун-да ца элира укурган началнике, тхан юьртахь наха юьрт-да а, къаной а хаьржина, и хаьржинарш Iадда бита, шаьш юкъа а ца Iуьттуш? Аш юьртана ямартло ма йина, СаьIад. Аш хIара юрт мостагIаллин шина тобане ма екъ-на. ХIинца юьрто хаьржина тхо Iедало къобал ца до, ткъа Iедало ямартлонца, харцонца хIиттийна шу юьрто къобал ца до. Тахана юьртана тIехIоьттина хIара кхера-ме хьал машарца дерзо тIедахча, Iедало тхо тергал дийр дац. Цундела Iедало хIоттийначу шу пхеамма дерзо деза хIара гIуллакх.

- Шен омра кхочуш ца дича, полконака къамел а дийр дац тхоьца!

- ХIета ага кхочушдан деза полконакан омра а.

- Юьрто пачхьалкхан налогаш, гIуданаш дIа ца текх-ча, герз дIа ца делча, тхоьга кхочушдалур дац полковни-кан омра.

- Аш, хьолахоша, дIатакха пачхьалкхо юьртана тIе-тоьхна налогаш а, гIуданаш а. Герз а дIало.

СаьIадгIар, цецбевлла, багош гIаттийна бисира.

- Оха хIунда токку юьртана тIера налог а, гIуда а? Иза а, важа а юьртарчу хIора кIуьран цI арах нийсса екъ-на, тхаьшна кхочург оха токкур ю, шайна кхочург наха а такха еза.

- И харцо хIинццалц лелла. ХIинца тоьар ду, нехан собар кхачийна. Шун долахь юьртан ах мохк бу, даьх-ний, туьканаш, хьераш, пайтонаш, гIудалкхаш, шортта ахча а ду. И дерриг а шайн дайшкара охьа хьарамчу некъаш-ца, харцонашца, ямартлонашца гулдина аш. Цул совна-ха, Iедало юьртана тоьхна, тIаккха дIабаьхна текхамаш, иза нахана ца хоуьйтуш, цаьргара ахчанаш а дохуш, шайн кисанашка аш дерзийна меттигаш а гучуевлла тху-на. Шу ямарт нах ду, СаьIад. Шайна лаахь, Iедало дIа-йоьху налогаш, гIуданаш, герз шаьш дIало. Шайна ла-ахь, оцу полконакца юкъара мотт а карабай, юрт кIел-хьараяккха. Иза шун шайн гIуллакх ду. Амма оха хьалххе цхьаъ дIахоуьйту шуьга. Нагахь санна оцу пол-конака хIокху юьртара цхьа цIа дохадайтахь, салташа цхьана кертара котам галъяккхахь, юьртара цхьа стаг лаьцна вигахь, цхьана стагана бохам баккхахь, шу ит-тех стеган цIенойх а, бахамех а оха чим бийриг хилар. Доцца аьлча, шайна а, шайн тI аьхьенашна а хIокху юьр-тахь даха лаахь, хIара гIуллакх юьртана сингаттам а, бохам а боцуш, д Iадерзаде. Оха ца элира ала дац шуна. ХIан, хIара тхан лаам полконаке дIа а кхачабе, - шаьш яздина кехат царна хьалха теттира Ахьмада. - Цо хIит-тийна хьаькамаш ма ду шу. Иза а, шу а ахчанах йохка-луш, эцалуш хIуманаш ю. КхидIа къамелаш ца дер вай. Iодика йойла шун!

Чохь висначу кхаамма йоцца кхеташо йира. Церан барт хилира, вукху хьолахойх дага а бевлла, I едалца дерг шайн ницкъашца, шайн харжашца дIадерзо...

5

Ткъа Саьмби-КIотарарчу юьртден хIусаме воьссина полковнник, букъа тIсхьа ши куьг а лаьциа, оцу шен син-гаттамечу ойланаша дIа а ца хоьцуш, жимачу цIа чуху-ла цкъа дIасаволалуш, тIаккха корехь а соций, ара бIаьрг тухуш, гнтвелла хьийзара. Иза валлал дохковаьллера ша, ойла ца еш, гатиюьртахошна и ультиматум яларх. Кхаа дийнахь-м хьовха, кхаа баттахь а и декхарш дIатакха церан ницкъ боцийла а, схьадала оццул герз доцийла а, и юрт сийначу цIарах ягийча а, ша схьавоьху виъ стаг цара шега схьалур воцийла а шера хаьара цунна. Ткъа и ультиматум цара кхаа дийнахь кхочуш ца яхь, юрт йохо дош ма делла цо. Цигара цхьа цIа дохадахь, юрт гIоттур ю. Цунах дIаккхетар ю лулараярташ а. ТIаккха и ун, шеко йоцуш, ерриг а округе даьржар ду. Бахархошкара налогаш схьаяха, герз схьадаккха аьлла, лакхара охьа омра делахь а, округехь мятеж хилахь, хIара бехке вийр ву. Хьуна халкъаца бийца машаре мотт карийнехьара, хьо къиза ца хиллехьара, халкъ Iедална дуьхьал гIоттур дацара аьлла. Кхин дуккха а бахьанаш карор ду шайн бехк хIокхуьнан коча баийта, хIара бехван, даржах вохо. Ткъа гатиюьртахошна хIокхо делла дош кхочуш ца дахь, царна а, кхечу ярташна а хьалха хIокхуьнан сий довр ду. Юьртана гIуда шеггара тоьхна цо. Иза дIадаккха а тарло. Схьадала дезачу герзан барам а шеггара хIоттий-на цо. Цара цхьа масех топ, тур-шаьлта, цхьа кIеззиг патармаш схьаделча, цунна а реза хир вара иза. Амма налог цо тухуш яц, иза цуьнан дIасахьийзо бакъо йо-цуш, пачхьалкхан гIуллакх ду. Ерриг ца лахь а, цкъа-чунна ах мукъана а схьалахьара. ТIаккха халкъана хьал-ха хIокхуьнан сий а ца лахлуш, дов а доцуш, Iедална а, бахархошна а хьалха хIара бехке а ца хуьлуш, машаре дI адоьрзур дара хIара гIуллакх. Олуш ма-хиллара, уьс-тагIий дийна а дуьсуш, берзалой юьзна а йолуш... НеI херийна, пурба а дехна, чуваара хехь льатта эпсар.

- Господин полковник, Гати-Юьртара векалш баьх-кина хIара дехар дохьуш. Шаьш тIеэцар доьху цара, -цуьнга кехат дIаккховдийра эпсаро.

Кехат дIа а эцна, даржийра Галаевс.

- ХIара-м Iаьрбийн йозанца яздина ма ду. Подпору-чике Сейталиевга гочдайтий, чехкка схьада. Маса стаг ву уьш?

- Кхоъ.

- Муьлш бу хаьий хьуна?

- Вай Гати-Юьрта дахча, цигахь вайна хьошалла ди-нарш бу. Юьртда а, массарна вевзаш волу хьолахо Хор-таев а. Важа юьртан къеда вуй те моьтту суна.

Галаевн хьаьжа юккъе шад гулбелира. Уьш бацара цо бахкаре сатуьйсурш. Акхболатов коьртехь мятежни-каш бара.

- Цкъа оцу кехата тIехь яздинарг хIун ду хьожур ву со. Цхьана сохьтехь латтабай, чубаххкийта.

Ша гочдина кехат схьадохьуш чувеара Сейталиев.

- Ас дан дезаш кхин гIуллакх дуй, хьан оьздалла? -вулавелла дIахIоьттира подпоручик.

- Дац. ПаргIат хила.

Полковник деша вуьйлира гатиюьртахойн дехар:

ВЕДАНА ОКРУГАН НАЧАЛЬНИКЕ ПОЛКОВНИКЕ ГАЛАЕВГА

Гати-Юьртан бахархоша шайн гуламехь шозлагIа а дийцаре дира хьан омра. Гати-Юьртарчу нехан, дика ойла а йина, хьоьга а, хьол лакхарчу а хьаькамашка шайн сацам дIакхачо барт хилла.

Тхо къен-миска адамаш ду. Тхайн доларчу ардашна тIера даьллачу ялтица Iаьнера а ца довлало тхо. Юьртан хьаьрам яц тхан. Мехкан цани тIера яьккхина докъар цхьа-ши бежана Iаьнах даккха а ца тоьа тхуна. Бераш ду тхан, тIедуха а, когадуха а доцуш, дерзина. Тхо, дак-кхийниш, тхаьш а ду тIелхигаш кхозийна лелаш. Хьал-ха, оьрсийн пачхаьхан Iедал тIедале, хIора шарахь юьр-тан мохк боькъура оха кIуьран цIарах. КIентий кхиъча, цара зударий балийча, царна кха тардора, хьун а хьо-кхий. ХIинца иза дан а таро яц тхан. Оханин латта а, цанаш а Iедало хIора кIуьрана тIечIагIъярца дIадаьк-кхина мохк юхабекъар. Iедало хьун а пачхьалкхан дола яьккхина, тхан бакъо яц ирзош даха-м хьовха, атталла даго дечиг даккха а. Тхан юьртан нийсса ах мохк Iеда-лан гIоьнца шайн дола баьккхина кхузарчу масех стага. Къелло бIарзбина цхьаболу нах хIинццалц Теркайис-те а боьлхий, цигахь цхьана ханна лело мехах латта а оьций, я гIалгIазакхийн хьолахошна йолах болх беш а, шайн доьзалшна сискал таръян гIертара. ХIинца цига боьду некъ а Iедало биххкина тхуна.

Хьалха хьайн омрица тхан юьртана итт де хан елира ахь 5104 сом пачхьалкхан налог, гIуданаш такхар а, 100 топ, 2000 патарма, 100 тур-шаьлта дIадалар а, я гер-зан меттана 11500 сом такхар а тIедожош. ТIаьхьа юьр-тара виъ стаг Iедале дIавалар а тIедожийна ахь. Ши де хьалха, Гати-Юьртана улло а веъна, юьртана тIехула ткъозза йоккхатоп а тоьхна, и хьайн омра кхочушдан тхуна кхо де хан елла, дIавахана хьо. И ахь тоьхна хан тахана суьйранна чеккхйолу. Iедална дI адала а, я тхаьш-на дита а тхан герз доцийла хаьа хьуна. Доцчу герзана дуьхьал такха тхан ахча а дац, иза хилча а, оха токкхур а дацара. Цхьа а бехк-гуьнахь доцуш юьртана тоьхна гIу-данаш а оха токкхур дац. Ахь дIавоьху виъ стаг Iедале дIавалар тхан ницкъ болуш а, бакъо йолуш а дац. Абу-бакаран Iела цомгаш, къена стаг ву, Сибрехь ткъе бер-хIитта шо хан а яьккхина, дукха хан йоццуш цIа веана. Иза юьртан а, Iедалан а гIуллаккхашна юкъа а ца гIер-таш, хан токкхуш ву. ХортIин Овхьад наггахь бен тхан юьрта вогIуш вац. Ткъа Сулимин Хьомсуркъа а, Султа -хьаьжин Доша а юьртара араваьлла Зеламхин тобанах дIакхетта.

Юьртана бохам ца баккхархьама, хIуъа таро йина а, 1120 сом пачхьалкхан налог дIатакха хьовсур ду тхо, тхешан аьттоне а хьаьвсина. Оха къобал а дина тIелоцур дац аш ямартлонца хаьржина юьртан Iедал. Оха хаьр-жина нах бита юьртан коьртехь. Нагахь санна хIокху тхан сацамна хьо реза вацахь, тхан юрт а йохае, зударий, бераш а дайа, амма тхо дийна а долуш, хьан салташа юьрта ког буьллур бац...

Оцу кехата тIехь коьртаниг гатиюьртахой пачхьал-кхан налог схьаяла реза хилар дара. Важа дисинарш ли-ста хала хир дац. Гира беза мохь охьабиллича санна, дог паргIатделира полковникан. Амма гатиюьртахой чубаь-хкича, цо къайладаьккхира царах шен вокххавер. Хьаь-рсачу, нилхачу мекхех бай хьажо пIелг а хьаькхна, хьаь-жаюкъ а хабийна, царна тIевогIавелира иза.

- ХIара дохьуш даьхкина шу? Массо а юьрто сан омра кхочушдина, ткъа аш... ХIара хьенан бехк бу? -гатиюьртахойн кехат СаьIадан мера кIел оьхьура цо. -Юьртан бертаза ас юьртан коьрте хI иттийча, аш бина дика болх хIара бу? Сан омра кхочушдечу меттана, цунна дуьхьал оцу мезийн тI уьйлигийн ультиматум йохьуш даь-хкина шу? Кхин ницкъ боцуш ду шу? Я кIилло ду? Я цаьрца бертахь ду? Сан омрин цхьа хьаьрк аш кхочуш ца еш йитахь, ас шун юрт а ягор ю, юьртан коьртехь волу шу пхи стаг Сибрех а вохуьйтур ву!

Галаев, шеко йоцуш, къиза а, бекхаме а стаг вара. Амма хьеший, дуьхьал дош ца олуш, шекбоцуш хIиттина лаьт-тара. Царна дика евзара полковникан буьрса амалш. Уьш хийца дарба а, цуьнан мела меттигаш а хаьара. Цуьнца гIуллакх тахана дуьххьара ма ца Iоттаделлера церан. Цундела, шен дог Iаббалц иза бага етта а витина, тIак-кха вистхилира оцу кхааннах уггар мекара, дипломатан корматалла йолу совдегар Iабди:

- Хьан оьздалла, боккъал а аьлча, гатиюьртахойн ницкъ бац хьан омра дуьззина кхочушдан. Хьайн омри тIехь ахь тIедожийна ахча вовшахтохалур дац юьртана, иза кхузза йоьккхича а. Цхьа масех мокхазан топ а, ит-тех тур а доцург, кхин герз дац юьртахь. Шаьлта-м хIо-ра боьршачу стагехь ю. Ахь дIавоьхучу веа стагах лаьц-на цара яздинарг а бакъ ду...

- Хьайн ваша царна юкъахь хиларна тIетайна хьо?

- Ца тайна. Шаьш дуьненахь болуш сан да а, вежа-рий а реза ца хилла Овхьада юьхьарлаьцначу некъана. ХIинца со а вац. Тхойша ши мостагIа санна хан токхуш ву. Коьртаниг кхин ду. Тхойшиннан дахаран некъаш тайп-тайпана ду. Иза политик ву, со - совдегар. Наггахь юьрта вогI ий, дукха хьолахь суна ца гуш дIавоьду иза. Хьан оьздалла, тахана Гати-Юьртахь хIоьттина хьал кхе-раме ду ерриг округана а. Нагахь санна отрядаца хьо юьрта гIортахь, цигарчу наха луьра дуьхьало йийр ю...

- Ой! ХIинцца ву-кх хьо, цаьргахь масех мокхазан топ йоцург, кхин герз дац бохуш. Сан отрядана дуьхьало стенца ян бохку уьш?

- Тоьпаш цахиларх, дуьхьало ян кхин герз карор ду царна. Масала, шаьлтанаш, шаданаш, дагарш, белаш, хьокхий. Тхуна хиъна, нагахь санна Гати-Юрт гIаттахь, цунна гIоьнна гIовтта луларчу яртийн барт хилар. ТIак-кха и ун ерриг а округе даьржар ду. Цуьнан шеко яц. Цул совнаха, тхоьга къайлах хаам кхаьчна, Зеламхин гIеранах дIаккхетта тхан юьртара Сулиманов Хьомсуркъа а, Султахьаьжиев Доша аярташна таIзарш деш лелачу хьан салташна тIелата обаргийн а, кхечу зуламхойн а йоккха гIера вовшахтухуш ву бохуш...

Полковник цавашаре велавелира.

- Со кхеро гIерта хьо? Оцу сагIадоьхургех кхеравал-лал кIилло а вац со!

- ХIокху Нохчийчохь массарна а хаьа хьо кIилло воцийла. Кхерамах а, зуламах а ларвалар кI иллолла яц. ХIокху деношкахь ЧIебарларчу ярташна тIехь ахь дин-чу луьрачу таIзарша а карзахбаьхна нохчмахкахой. Хьуна нийсса дерг ала лаахь, хIара ахь куьйгалла до округ мол-ханах дуьзначу шелигах таръелла. Цхьамма тIе суй кхос-сахь, эккха кийчча долчу. И суй Гати-Юрт хиларна кхоь-ру тхо. Нагахь санна хIокху округехь мятеж хилахь, хьуна бохам хиларна а кхоьру. Гатиюьртахойн ультима-тум йохьуш ца даьккхина тхо. ХIоьттина хьал ма-дарра хьуна довзийта а, хьо зенах-зуламах ларван а, хьох да-гадовла а даьккхина. Пачхьалкхан налог шаьш дI атокку боху гатиюьртахоша. ГIуданаш шайна тIе шайн бехк-гуьнахь а доцуш тоьхна, уьш такха реза дац шаьш боху. Юьртахь долу герз шадерг дIадала реза бу нах. Ткъа ахь дIавоьху виъ стаг и юрт сийначу цIарах ягийча а, шаьш дийна а долуш ахь дIавуьгур вац а боху цара. Ахь мел дукха кхерамаш тийсарх, мел луьра таIзарш дарах, шайн карахь долчул совнаха герз схьадала ницкъ бац нехан. Цундела и айхьа юьртана тоьхна гIуда дIадаккххахьара, юьртахь долу герз дI аделча, ахь тоам а бахьара, и виъ стаг Iедале дIа а ма вехахьара, хIара гIуллакх бохаме ца доккхуш дIа а дерзадахьара ахь аьлла, дехаре даьккхина тхо.

Полковникан дагахь дерг доьшуш санна дуьйцура Iабдис. ХIара гIуллакх иштта машаре дерзо шена мел чIогIа лаахь а, сихха резахилла, царна тIеверза а ца лаь-ара цунна.

- Налог схьа маца ло шун наха?

- Кхана делкъале Ведана округан казне охьаюьллур ю. Ша долу герз а цига дIадохьур ду оха.

- И шун дош кхочушдийр дуй ткъа юьртахоша?

- Цхьа а тайпа шеко йоцуш. Цара и дош делча а бен, схьа ма ца даьккхина тхо.

- Дика ду. Нагахь санна хIокху бартах шу дохахь, кхана делкъале шайн дош аш кхочуш ца дахь...

- Дийца а ца оьшу, хьан оьздалла, тхо кхеташ ду. Баркалла хьуна!

- Дала дукха вахавойла хьо! - тIетуьйхира Хьуьсас. Цара ца дийцира полковнике налог а, герз а шаьш

иттех стага шайн кисанашкарчу ахчанах токхуш хилар а, гатиюьртахоша шаьш кхерор а.

Полковнике куьйгаш а делла, шаьш арадовлуш, Iаб-ди тIаьхьа сецира.

- ХIокху сингаттамо хьал-де хатта меттиг а ца ба-лийти. Доьзал муха бу, могаш буй?

- Далла бу хастам, дика Iа уьш.

- Суна-м цкъа бен ца гина хьан хIусамнана. Iаламат чIогIа гIиллаккхехь, оьзда адам ду иза. Цо сайна дина хьошалла ца дицло суна. Соьгара маршалла а ло цуьнга. Дукха хан йоццуш Петарбухе вахча, цунна лерина хIара дашо мидал эцнера ас, - кисанара схьадаьккхина, жима бархатан гI утакх дIакховдийра Iабдис. - Ткъа хIокху ха-лачу заманахь доьзална оьшург алсам хуьлу. ХIара сов-гIат хьайна дIаэцар а доьху хьоьга...

Полковникан кисана, юкъахь ахча а долуш, йовла-кхан шад таIийра Iабдис.

- ХIун до ахь, Iабди! Зудчунна совгIат ша ду, ткъа хIара кхаъ эцар ма ду!

- Уьш вайна юкъа ца догIу, хьан оьздалла. Уьш дий-цича, вайн доттагIаллина юкъа херо йогIу. Баркалла хьу-на, хьан оьздалла. Дала зенах-зуламах ларвойла хьо! Iоди-ка йойла хьан!

Iабди араваьлча, йовлакхан шад а баьстина, ахча да-гардира цо. Иза цкъа а шалха а кагдаза, ши эзар сом дара...

* * *

ТЕРКАН ОБЛАСТЕРЧУ КЪАЬМНИЙН ДЕПУТАТА
ЭЛЬДАРХАНОВ ТАЬШТАМАРА 1906 ШЕРАН
23 ИЮНЕХЬ ПАЧХЬАЛКХАН ДУМЕХЬ
ДИНА КЪАМЕЛ

Шодмаш, тоьпаш етташ, ахархойн кхетам артбан, бен гIертачу маршонехьа кхузаманан боламан чаьлтачийн цIерашна уллохь дуьххьара яха йолийна Теркан облас-тан ламаройн цIераш. Церан къеллех, бIаьрзаллех пай-да а эцна, Iедало Iехийна, йолах помещикийн бахамаш ларбан, эшамца а , бакъонаш яхарца а, бохамехь а ци-гарчу шайн вежаршна, къечу ахархошна тIехь суд а, таIзарш а дан Россе бигина нохчий а, хIирий а. Мотта тарло, цара хазахеташ цIий Iенадо, церан халкъийн цIий-га сутаралла а ю. И хабарш а, мотт-эладитанаш а харц-дарца Пачхьалкхан Думе оха дIахьедо Кавказан ламаро-ша машаречу, маьршачу дахаре даима дIа сатуьйсуш хилар а, къайлах а , даррехь а церан цхьана а къомаца мостагIалла а, атталла хьагI-гамо а цахилар а, шайн кхетам бацарна чаьлтачийн, черносотенцийн и иэхье деккарш кхочушдечу оцу цхьа кIеззигчу шайн кIенташ-ца маршо езачу ламаройн юкъара хIумма а цахилар а. Оха доьху шуьга, оха тIедожадо шуна ламарой оцу иэхье-чу гIуллакхка юкъаийзор сацор а, цига дIабигна декъаза нохчий а, хIирий а шаьш бинчу ярташка бухаберзор а...

***

БИСМИЛЛАХШР-РОХЬМАНИР-РОХЬИЙМИ! ПОЛКОВНИКЕ ГАЛАЕВГА

Нагахь санна паччахьан законашна хIуъу дан мега хьуна моттахь, хьан коьртан хье чуьра хьано кхачийна. Бехк-гуьнахь доцу адамаш хьийзо иэхь ца хета хьуна? ХIун бехк бу ахь хьийзочу зударийн, берийн? Дерриг халкъана а, хьуна а хаьа Веданахь хиллачунна бехке хьо цхьаъ хилар.

ХIай, хьаькамаш, суьдахой! Аш кхиэл нийса ца йо. Бехк-гуьнахь доцу зударий, бераш набахтехь латтадо, Сиб-рех хьийсадо. Стигла довла тIемаш дац шун, лаьттах дола мIараш яц шун! Я даима гIопан пенаш тIехьа левчкъина Iен ойла ю шун? Сан бекхамна кIелхьарадевлла даха мет-тиг ма бац шун!

Со Зеламха ву, халкъ лардеш, халкъан цIарах бе-кхам оьцуш. Бехкениш бойуш, бехке боцурш дийна буь-туш. Законаш цаталхор доьху ас шуьга, законаш цатал-хор лоьху ас шуьгара. Ткъа аш, харц тоьналлаш гулдеш, талхадо уьш. И харцонаш лелорна цкъа дохкодевр ду шу.

Стигла хьалахьаьвсича хуур ду шуна, иза ницкъ бол-чу Делан карахь хилар. Аш а боху Дела ницкъ болуш ву. Амма и ницкь болу Дела соьгахьа ву. Цо гIо до суна бакъонца бекхам бан, ас мел дийриг Цуьнан лаамца ду. Ша реза верг дан дагадеъча, суна гIо до Цо. Ша реза воцург дан суна дагадеъча, со дохковоккху Цо. Ас мел дийриг АллахIан дуьхьа ду, АллахI, пайхамар, шариIат доцург, цхьа а паччахь, Iедал, закон къобал ца до ас. Пачхьалкхан хазнера дерриг ахчанах эскарш а гулдина, тIаьхьа довлархь, со карор ма вац шуна! Шуна гергахь ву моьттучу хенахь генахь хир ву со, генахь ву моьттучу хенахь уллохь хир ву.

ХIей, хьаькамаш! Шу адамаш ма дац, боьха йовссарш ма ю шу! Сан мостагIалла шуьца ма ду. Машаречу оьр-сашна зулам ца до ас, бохам ца бо ас. Адамалла дац шуьгахь, акхаройл къиза, стешха, ямарт ду шу.

ХIай, полковник! Вай кхоьллинчу Делан дуьхьа, хьо вазвинчу Делан дуьхьа, суна а, халкъана а юккъехь мос-тагIалла кхолла ма гIертахьа! Зударий, бераш ма делха-дехьа! Айхьа царна дечу таIзарна, церан бохамашна, ба-ланашна царна хьалха со бехке во ахь, ткъа цара: «Дала хIаллаквойла иза!» - бохуш, сардамашца суна неIалт кхайкхадо. Уьш бехке ма бац. Хьуна дика ма хаьа, со бехке веш айхьа муьлхха а стаг лаьцна, набахте кхоьссича, Сибрех вахийтича а, цуьнан наха соьца мостагIал-ла лелор дуйла. Тхо хIинццалц машаре, бертахь даьхне-ра: сайна динчу диканна дуьхьал дика а деш, вонна дуь-хьал изза а деш.

АллахI къинхетаме ву, цо ларвойла хIара кехат доь-шург!

ПОЛКОВНИК ГАЛАЕВ!

Хьоьга тIаьххьарчу хIокху сайн кехата тIехь яздий-риг АллахIан гIоьнца кестта ас кхочушдийриг хиларан цхьа а тайпа шеко яц.

Хьо санна полковник хиллачу Добровольскийна ас динарг дика хаьа хьуна. Ас бехке во хьо:

1. Ахь законаш талхош, адамашна ницкъ барна а;

2. Со бахьана а лоьцуш, ахь данне а бехк-гуьнахь доцу адамаш Сибрех хьийсорна а.

Ас юха а боху хьоьга, цхьа а тайпа бехк-гуьнахь до-цуш айхьа лецна, чубоьхкина нах маршабаха. Ахь уьш марша ца бахахь, гаур, сан бекхамах кIелхьаравер вац хьо. ХIарра къамел шега дича, Добровольский ца кхий-тира сох, хIинца хьо а ца кхета. Амма ас кхетор ву хьо, гаур. Сан цI арах бехк-гуьнахь доцу адамаш хьоьга дой-уьйтур дац ас, гаур. Хьуна ма хаьа ас эрна дош ца олий. Ас кхочушдо сайн дош.
Нагахь санна со, ГушмацIин Зеламха, дийна висахь, хьайн зудчунна уллора аравала ца ваьхьаш, ц Iа чохь хьатI оьхуьйтур ду хьан, жIаьла! Хьо кIиллоне, кхахьпане шар-бал чохь хьатI оьхуьйтур ду ас, тIаккха жIаьла санна вуьйр ву.

Хьуна со Туркойн махка дIагIур ву моьтту, боху. ХIан-хIа, кхахьпа, иза хир дац. Шу чангI алкхех ведда, Туркойн махка а вахана, сайна и иэхь дийр дац ас. ГIахь а, хьо вийна бен гIур вац. Ахь лелориг дерриг хууш а, гуш а ву со. Хьо полковник ма вац, хьо нахаца лела кхахьпа ма ду.

Айхьа лецна бехк-гуьнахь доцу нах маршабаха, тIак-кха ас дийна а, маьрша а вуьтур ву хьо. Амма ахь иза ца дахь, йийсаре вигина, къиза вуьйр ву хьо.